1

ӀУАЩХЬЭМАХУЭ

2026

# ӀУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ЯНВАРЬ • 2026 • ФЕВРАЛЬ

1



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2026

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ*
*ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 80 ирокъу*


**НэщIэпыджэ Замирэ.** «Iуэху цIыкIу щыIэкъым, псом хуэмыдэу ар лъэпкъым и зыужьыныгъэм щехьэлIам деж»............. 3
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд теухуа тхыгъэхэр.................................................... 14


## Прозэ


**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан. *Повесть*................................................................ 41
**Тхьэщыгъуей Жаннэ.** ЗэкъуэшитI. КIэртофыщIэ. Нартыху гуа Iэбжьыб. *Новеллэхэр*................................ 60
**Къудей Фаридэ.** Гуащэ. *Рассказ*.............................................................. 73


## Драматургие


**Тэтрокъуэ Астемыр.** Мазэм къикIа мэлыхъуэ. *Пьесэ*.......................... 95


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Балъкъыпс ефа усакIуэ псэ пIащIэ............... 134


## Усыгъэ


**Шэру Хьэсэн.** *Усэхэр*................................................................................ 147


## Культурэ


**ЗэрамыщIэ Заретэ.** Гъуазджэм къыхуигъэщIа Бахъуэ БетIал........... 153
**Бахъуэ БетIал.** *Уэрэдхэр*........................................................................ 158


## Усэным дихьэххэр


**Къаскъул Галинэ.** *Усэхэр*......................................................................162
**Iэпщэ Анзор.** *Усэхэр*.............................................................................. 167


## «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ


**БищIо Борис.** Адыгэ псэлъафэхэр............................................................ 173

*ТхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ*
*ХъэфIыцIэ Мухъэмэд илъэс 80 ирокъу*





## «Iуэху цIыкIу щыIэкъым, псом хуэмыдэу ар лъэпкъым и зыужьыныгъэм щехьэлIам деж»

*Лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, абы и зыужьыныгъэм хуэлажьэ, и къэкIуэнур зыубзыху, и лъапIэныгъэхэр зыIэт зэгухьэныгъэщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр. Абы и нэIэ щIэт Iуэхухэр зэхьэлIар республикэм исхэм я закъуэкъым, атIэ хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм жыджэру ядолажьэ, хамэ къэралхэм щикъухьа шэрджэсхэм я Iуэху зытет зэрегъащIэ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2025 гъэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэм, дяпэкIэ къыпэщылъ къалэнхэм, махуэ къэс иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, ЩIДАА-м и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХъэфIыцIэ Мухъэмэд Мусэбий и къуэм.*

**– Мухъэмэд, илъэсым и кIэм деж зэфIагъэкIахэр къапщытэжу хабзэщ. 2025 гъэр дауэ екIуэкIа Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дежкIэ, сыт хуэдэ Iуэху щхьэпэхэр хуилэжьа лъэпкъым?**

– 2025 гъэр къызэрыгуэкI илъэстэкъым ди дежкIэ. Мы гъэм лIэщIыгъуэ плIанэ ирокъу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу сызэрылажьэрэ, апхуэдизи мэхъу ноби ехъулIэныгъэхэр иIэу КъБР-м

щекIуэкI, дэ къызэдгъэпэща «Си бзэ – си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэр. Абы къыхэкIыу, зы илъэс дриплъэж мыхъуу, зи гугъу сщIа пIалъэм зэфIэдгъэкIахэр къыдопщытэж. Фигу къэзгъэкIыжынщи, республикэ зэпеуэр илъэс 24-кIэ зи редактор нэхъыщхьэу сылэжьа «Адыгэ псалъэ» газетымрэ КъАХ-мрэ 1999 гъэм къыхалъхьэри, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэр ди гъусэу едгъэкIуэкIыу щытащ. Иджыблагъэ Псынабэ къуажэм драгъэблагъэри, дыхэтащ ехъулIэныгъэхэр иIэу екIуэкI фестиваль-зэпеуэм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, министерствэм и IуэхущIапIэу егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм и фIагъым щыхагъахъуэ центрым и унафэщI Къэжэр Артур, Аруан районым унафэр щызезыхьэхэр, КъБКъУ-м и лIыкIуэхэр, егъэджакIуэ лъэрызехьэхэр хэтащ абы, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм нэмыщI, Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затий нэгъунэ здэтшащ а зэхыхьэм. Теувэ Иринэ зи унафэщI Псынабэ школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ, ди хабзэм, IуэрыIуатэм, щэнхабзэм теухуа щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ цIыкIухэм зэрыщратыр нэрылъагъу тщащIащ а махуэм. Апхуэдэу дахэу зэпеуэр мы гъэм щекIуэкIащ Къэрэгъэш, Аушыджэр, Сэрмакъ, Налшык дэт курыт еджапIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Дэ къетхьэжьа Iуэхум ноби нэхъри зиубгъуауэ къызэрыпащэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Мы Iуэхум гуащIэ ин хэзылъхьа, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ и нэIэ щIэту щылэжьа, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ и жэрдэмкIэ, «Си бзэ – си псэ, си дуней» фестивалыр къызэрыунэхурэ илъэс 25-рэ зэрырикъур шыщхьэуIум Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм щыдгъэлъэпIащ мы гъэм. 

**– Фестивалыр зы Iуэху дахэу лъэпкъ, республикэ гъащIэм хыхьа хъуащ. Апхуэдэ дыдэу КъАХ-м къыхилъхьауэ, лъэпкъыр гуфIэгъуэкIэ щIызэхыхьэ щхьэусыгъуэхэр диIэ хъуащ.**

– Узэкъуэтмэ, улъэщщ жиIащ адыгэм. Ди гуфIэгъуэхэр зэдэтIэту, ди гукъеуэхэр зэдэдгуэшу дыкъызэдекIуэкIмэщ, ди Iуэхухэр ипэкIэ щыкIуэтэнур. Абы ипкъ иткIэ, мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъ махуэшхуэхэм. Апхуэдэхэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ КъАХ-м къыхилъхьэурэ лъэпкъыым и махуэшхуэ зыбжанэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и УнафэщIым зэрагъэувар. Ахэр мыращ: «Адыгэ ныпым и махуэр» (2010), «Адыгэ фащэм и махуэр» (2013), «Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр» (2014), «Адыгэшым и махуэр» (2015), «Нарт эпосым и махуэр» (2018). А псори хуолажьэ ди хэкур, лъэпкъыр ефIэкIуэным, зи тхыдэр, хабзэр, къызыхэкIар зыщIэж щIэблэ узыншэ адыгэм къытщIэхъуэным.

**– КъАХ-м махуэ къэс иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщу сыт хуэдэхэр къыхэбгъэщынт?**

– Зы махуи къанэркъым дэ лэжьыгъэ гуэрым иужь димыту, республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм дыхэмыту. Iуэху цIыкIу

щыIэкъым, псом хуэмыдэу ар лъэпкъым и зыужьыныгъэм щехьэлIам деж. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэм я юбилейхэр блэдгъэкIыркъым. Апхуэдэу мы гъэм дгъэлъэпIащ, щIэныгъэлIхэу БакIуу Хъанджэрийрэ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ я юбилейхэр. Дэ дыхэтащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ Зеикъуэ щекIуэкIа дауэдапщэхэм, Адыгэ Iуэрытхым, Адыгэбзэм и махуэу Кэнжэ къыщызэрагъэпэщам, егъэджакIуэ 47-м пщIэ яхуэтщIащ. Апхуэдэуи мы гъэм Зеикъуэ къуажэр илъэс 410-рэ мэхъури, абы и тхыдэм теухуа тхыгъэхэр журналхэм, газетхэм къытрыдогъадзэ. Мы гъэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къудамэщIэ щиухуащ Лашынкъей къуажэм.

КъАХ-м къызэригъэпэща Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу хэтхащ Къэзан Сетхьэлий, ЩIалэгъуалэ къудамэ къызэдгъэпэщри, Хъыжьрокъуэ Азэмэт и унафэщIу дгъэуващ.

Ди хъуэпсапIэщ Адыгейм къыщыдагъэкIа, Адыгэ Хабзэр курыт школым зэрыщрагъэдж тхылъхэм хуэдэ дэри ди республикэм къыщыдагъэкIыну. АбыкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутии, нэгъуэщI къэрал къулыкъущIэхэми захуэдгъэзащ. КъищынэмыщIауэ, коллекционер цIэрыIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес жыгыцIэхэр, къэкIыгъэцIэхэр, мывэцIэхэр иту сабийхэм папщIэ къыдигъэкIа тхылъ 30-м щIигъур щигъэхьэзырым дыдэIэпыкъуащ.

Мы Хасэм и IуэхущIапIэм куэд къыщIохьэ лъэIукIэ зыкъытхуагъазэу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми дызэрыдэIэпыкъуным яужь дитщ, сыт хуэдизу я Iуэхур гугъуу щымытми. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэсхэм къриубыдэу ди лъэпкъэгъуу хамэ къэралхэм щылIауэ цIыхуитI къедгъэшэжащ. Фэри фощIэ ар Iуэху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, ахъшэшхуи зэрытекIуадэр. Унагъуэхэм яхузэфIэмыкIыр ди къуэшхэм къыхалъхьэу, ди республикэм и унафэщIхэри хамэ къэралхэм щыIэ хасэхэм я тхьэмадэхэри къызэщIэдгъэуIуэурэ зэфIэдгъэкIащ ахэр.

**– Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр къыщыдгъэлъагъуэкIэ, иджыри зэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу бзэм ирилажьэхэм къытхуэпщIа гулъытэм папщIэ.**

– Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дыщэ, дыжьын медалхэр иIэщ лъэпкъым хуэлажьэхэр иригъэпажэу. КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэу анэдэлъхубзэкIэ лажьэхэм куэд елъытащ бзэр хъума хъунымкIэ, зиужьынымкIэ. Сэ апхуэдиз илъэскIэ сызиунафэщIу щыта «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм я къалэмыр зэрагъабзэм иджыри сыкIэлъоплъ, газетым и ехъулIэныгъэхэм сыщогуфIыкI. Мызыгъуэгум дгъэпэжащ ЖьэкIэмыхъу Маринэ, Истэпан Залинэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Къарей Элинэ, газетым щылэжьа, иджы «1 КъБР» телеканалым щыIэ Жылокъуэ Люсанэ сымэ, коллекционер цIэрыIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ

щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ сымэ. Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьэ нэгъуэщI куэдми гу ялъыттэну дяпэкIи ди мурадщ.

**– Мухьэмэд, адыгэм бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр щыхъума тхылъ куэд къыдэбгъэкIащ. Иджыри тхылъыщIэхэр уи пащхьэ илъу солъагъу.**

– Мы томиплIыр ЗэрамыщIэ Заретэ ейуэ къыдэдгъэкIащ, етхуанэри хьэзыр хъуащ. Мыбы уэрэдхэм я закъуэкъым итыр, атIэ абыхэм я нотэхэри къигъуэтыжащ, зытхахэм я биографиехэр зэхуихьэсыжащ, хуабжьу лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ Заретэ мы Iуэхум. Мыр лъэпкъым дежкIэ хъугъуэфIыгъуэ мыкIуэдыжынщ. Абы къищынэмыщIауэ, сэ нэхъ сызэлIэлIар хамэ къэралхэм къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу уэрэдусхэращ. Къущхьэ Догъэни, АфэщIыж Амини, ЦIывынэ Хьэмиди, нэгъуэщI куэдми я IэдакъэщIэкIхэр итщ. Догъэн и закъуэ ейуэ уэрэд щэ ныкъуэм нэс ихуащ тхылъым. АбыкIэ хуабжьу арэзы сыхъуащ. Заретэ хуэдэу мы Iуэхум зи гур, зы лыр хуэуз димыIамэ, мыпхуэдэу зэрыIыгъыу, мыхэр ди пащхьэ илъынутэкъым.

Абы къищынэмыщIауэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и IэдакъэщIэкI зыкъом къэбэрдеибзэкIэ зэдзэкIауэ къыдэдгъэкIащ, иджыри Къармэ Iэсият зэридзэкIа Къэнжал зауэм теухуа романымрэ НэщIэпыджэ Замирэ зэридзэкIа «Уафэнэ» романымрэ зэман гъунэгъум къыдэдгъэкIыну ди мурадщ. Абы къищынэмыщIауэ, адыгэм къыхэкIауэ Тыркум яIэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель саугъэтыр зыхуагъэфэща Памук Орхьэн и роману Ныбэжь Таисэ зэридзэкIар дунейм къытедгъэхьэну иужь дитщ.

**– Уэ адыгэ Iуэхум хэплъхьэ гуащIэм и зы Iыхьэщ тхылъу уи Iэдакъэ къыщIэкIар. Псом хуэмыдэу цIыхухэм ягу ирохь «Черкесика» сериер, и цIэр зэрыдахэм ещхьу зытеухуахэри гъуэзэджэу тхылъ зыкъом уиIэщ, абыхэм къыпыпщэну иджыри?**

– Тхылъ къыдэгъэкIыным теухуауэ проект нэхъ ину диIэщ «Черкесика» сериер. «Черкесика» щIыфIэсщар, урысхэм – «Руссика», инджылызхэм «Британика» жиIэу яIэти, сэри ар екIуу къэслъытащ ди лъэпкъым иIэну. Илъэси 10-м нэблагъэ и ныбжьщ абы. А пIалъэм къриубыдэу тхылъ куэд дунейм къытехьащ. Япэ томыр ДАХ-м и япэ тхьэмадэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэлI Къалмыкъ Юрэ теухуащ. ЕтIуанэм итщ Лермонтов Михаил Кавказым, шэрджэсхэм ятриухуа поэми 9-р. Адыгэбзэм ахэр къригъэзэгъащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ Ацкъан Руслан. Ещанэ томыр хухахащ абхъаз тхакIуэ ШинкIубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романымрэ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестымрэ. УрысыбзэкIэщ къызэрыдэкIар Вэрокъуэ Владимир и «Амыщ къуажэ» романыр, еплIанэ тхылъым ихуар. Етхуанэ къыдэкIыгъуэр лъысащ дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин). Абы и новеллэ 34-р адыгэбзэм къригъэзэгъащ зэдзэкIакIуэ Iэзэ Къэрмокъуэ Хьэмид. Къаныкъуэ Анфисэ и «Хьэтхэр» тхыдэ романым хухэтхащ «Черкесика»-м и еханэ

томыр. Ебланэ тхылъым итщ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) и «Уафэгъуагъуэ макъыр» адыгэбзэкIэ. Ари зи фIыщIэр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.

Дунейм къытехьахэм ящыщщ «Наши знаменитости» сериеm хиубыда тхылъ зыбжани: адыгэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Шемякин (Къардэн) Михаил, МэшбащIэ Исхьэкъ, Темыркъан Юрий, КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

**– Илъэс зыкъомкIэ къыдэбгъэкIа стIолыщхьэ махуэгъэпсри гъуэзэджэт. Зымахуэ зыгуэрхэм яIыгъыу слъэгъуащ, иджыри къыдагъэкIам арат жаIэу.**

– 2005 гъэм щегъэжьауэ къыдэкI Адыгэ махуэгъэпсщIэнгъуазэращ зи гугъу пщIыр. Ар лъапIэ зыщIыр ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр зэрыдигъэцIыхурщ, ахэр къыщалъхуа махуэхэр зэригъэбелджылырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Шапсыгъым, Москва, Санкт-Петербург, хамэ къэралхэм щыщ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа ди къуэшхэм, шыпхъухэм я цIэхэм ущрохьэлIэ мы махуэгъэпсым. Дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхухэм адыгэхэм щхьэкIэ жаIахэм, хэхэс шэрджэсхэм ящыщу зи цIэр жыжьэ Iуахэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэта хэкурысхэм ятеухуауэ абы ит тхыгъэ кIэщIхэм ар нэхъри купщIафIэ, зыми емыщхь ящI. Аращ махуэгъэпсым щIэнгъуазэкIэ щIеджэри. 2021 гъэм ар адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIащ иужьрейуэ. ИтIанэ зэпыуащ. Сэ си проектхэр фейдэ къегъэщIыным пыщIакъым, зыгуэр къыдэзгъэкIмэ, згуэшу аращ. Абы къыхэкIыу, мылъку хэплъхьэн е хэзылъхьэн къыкъуэкIын хуейщ. А махуэгъэпсри егъэджакIуэхэми нэгъуэщI куэдми къызэрагъэсэбэпыр сощIэ, ауэ зэкIэ КъАХ-м мылъкукIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъун къэдмыгъуэтауэ, тхузэфIэкIынукъым.

**– ТхакIуэхэмрэ абыхэм я фэеплъыр псэунымрэ гулъытэшхуэ хуещI Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум теухуа пшыхьым ухэтащ иджыблагъэ. Уи гуащIэшхуэ хэплъхьащ Къандур Мухьэдин и фэеплъу Сочэ къалэ щекIуэкIа зэхуэсышхуэми.**

– Иму, дахэу ди республикэм щагъэлъэпIащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зы ЩоджэнцIыкIу Алий и махуэр. Апхуэдэу Къандур Мухьэдин и щхьэгъусэ Любэ кърихьэжьэри, ди лъэпкъэгъу щэджащэм и литературэ, гъуазджэ, щэнхабзэ щIэиныр иджыри зэ утыку къиихьэныр, ар хэкум къэхьыжыныр и лъабжьэу Iуэху дахэ екIуэкIащ. Абы япэу щагъэлъэгъуащ Мухьэдин къыщIидзэу Любэ нигъэсыжа «Династия: истоки и венец» тхылъри. ТхылъыщIэр си стIолыщхьэм телъщ. Идар Гуащэнэ теухуауэ тхыгъэ мыфэмыц куэд ятхащ, фIыуэ тетхыхьаи щыIэщ, ауэ сигу къеуэрт абы и образыр нэсу къыщыгъэлъэгъуауэ зы тхылъ купщIафIэ зэрыщымыIэр. Мы тхылъыщIэр гъэщIэгъуэн дыдэщ, нэгъуэщI тхакIуэхэм дэ ды-

щымыгъуазэу ятхахэри хэтщ. Сэ сызэреплъымкIэ, мыр адыгэбзэкIи хьэрыпыбзэкIи зэрегъэдзэкIауэ къыдэгъэкIын хуейщ. Шэч къытезмыхьэу жысIэфынущ къэбэрдей прозэм мыпхуэдэ тхылъ иджыри къэс къызэрыхэмыхуар.

Сочэ щекIуэкIа зэхуэсышхуэм нэхъыщхьэу хэлъар «Тхылъ къызэIуха» и фIэщыгъэу Любэ иригъэкIуэкIа дунейпсо литературэ зэпеуэрщ. КъАХ-м и лIыкIуэу зэхуэсым згъэкIуащ Хъыжьрокъуэ Азэмэт. Сэ Эксперт гупми, КъэпщытакIуэ гупми я нэхъыщхьэу сыщытащ. Лэжьыгъэ 70-м щIигъу къытIэрыхьащ, абыхэм яхэтт тхакIуэ нэхъ Iэзэхэри, тхэн щIэзыдзагъащIэхэри, а Iуэхум дихьэххэри. Мыбы зэкъуигъэуващ литературэм зигу хузэIухахэр, адыгэбзэкIэ тхэхэр, адыгэхэм папщIэ литературэ IэдакъэщIэкI зиIэ тхакIуэхэр, усакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр, драматургхэр, публицистхэр. Израилым, Тыркум, Краснодар крайм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн Республикэм щыщхэм кърагъэхьат я усэхэмрэ тхыгъэхэмрэ. Сэ си гъусэу къэпщытакIуэхэм яхэтащ урысей литератор цIэрыIуэхэр, АР-м, КъШР-м щыщ тхакIуэхэр, редакторхэр. Псори дызэчэнджэщу нэхъыфIу къэтлъытахэр Сочэ щагъэлъэпIащ. Си гуапэ хъуащ ди республикэм щыщ цIыху зыхыбл текIуахэм зэрахэхуар, ди газетым и лэжьакIуищым увыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэрахьар, тхакIуэ ныбжьыщIэхэр къызэрытщIэхъуэм и щыхьэту ПщыукI Латмир ипхъу Дисанэ цIыкIур лауреат зэрыхъуар. А пщащэр Хасэм щыдгъэлъэпIащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъ еттащ зэпеуэм и дипломант хъуа, дзэ Iуэху хэхам щыIэ джылахъстэней щIалэ Умар Анзор. Димылъэпкъэгъухэм ди лъэпкъым теухуауэ я Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр, Iуэтэжхэр, поэмэхэр гъэщIэгъуэнт. Ахэри дяпэкIэ къытехуэнущ Москва урысыбзэкIэ къыщыдэкI журналхэм, альманаххэм.



**– Мухьэмэд, 2026 гъэр уи юбилейщ, илъэс 80 уохъу, мурадхэр уи куэдщ. Укъыддэгуэшэн?**

– Абы ирихьэлIэу тхылъышхуэу тIу къыдэзгъэкIыну си мурадщ. Зыр тхыгъэу напэкIуэцI 900 хъунущ, сурэту 1350-рэ итынущ. ЕтIуанэр, сэ стеухуауэ тхылъищ-плIы къыдэкIащ, иджыри тхылъитI хуэдиз хьэзырщи, а псоми тхыгъэ нэхъыфIу итхэр къыхэсхынурэ, абы тезухуэнущ.

Сэ нэхъ сызыщIэхъуэпсу згъэхьэзырыр хамэ къэралхэм щыпсэу усакIуэхэм, тхакIуэхэм, публицистхэмрэ драматургхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъищырщ. Ахэр псоми къагурыIуэн хуэдэу урысыбзэкIэ къыдэзгъэкIынущ. Илъэс минищрэ щитхурэ ипэкIэ хьэтхэм ятха усэхэр, мамлюк сулътIанхэм, синдхэм, мэуэтхэм ятхахэр сиIэщ сэ. Ахэр Iэмал имыIэу дунейм къытегъэхьэн хуейщ.

Урысейм хуэлэжьа адыгэ нэхъ цIэрыIуэу 30 иту плакатхэр тIэу къыдэзгъэкIауэ щытащ сэ, иджы 100 хъууэ согъэхьэзыр адыгэм и цIэр зыгъэIуа щIэныгъэлIхэр, сурэтыщIхэр, зауэлIхэр

хэту, ди лъэхъэнэгъухэу Къумахуэ Мурадин, Нэхущ Iэдэм, Щэумэн Хьэзрэт, Къанокъуэ Арсен, Хьэмыз Руслан сымэхуэдэхэм деж щиухыжу.

2026 гъэм и пэщIэдзэм Абхъаз щэнхабзэ центрымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ дызэщIыгъуу Налшык щедгъэкIуэкIыну ди мурадщ Тыркум къыщалъхуа хеттолог цIэрыIуэ, хуабжьу хэкум къэкIуэжрейуэ щыта ди ныбжэгъуфI Чурей Алий теухуахэр, езым итхахэр иту ипхъу Дыжьын къыдигъэкIа тхылъым и презентацэ. Ар мы мазэм и пэм Тыркум къыщыдэкIащ.

Апхуэдэ дыдэу си ныбжьэгъушхуэу щыта КхъуэIуфэ Хьэчим и «Вечные странники» тхылъыр къыдэзгъэкIыжыну согъэхьэзыр. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа тхылъ нэхъыфI дыдэр арауэ жысIэфынущ. Мыр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щилъэгъуахэм триухуащ, Тыркум зэгъусэу дыщыIа нэужь, абыхэм ятриухуа тхыгъэри, архивым щIэлъщи, ари къеIысхыу, сыхэплъэжу къыдэзгъэкIыжыну си мурадщ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ КъАХ-м къыбгъэдэкIыу Тэрч район библиотекэм тхылъ 3000 зэрестар, Зеикъуэ сэ сыщеджа школми 1500-рэ езгъэшащ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэми тхылъ 500 хуэдиз Iэрыдгъэхьащ.

Къардэн Хьэсэн зи унафэщI «Акрополь» центрым пэш щхьэхуэхэр щысхухихащ сэ. Абы си цIэкIэ ищIа библиотекэм тхылъ 1500-рэ езгъэшащ, иджыри 2500-рэ хуэдиз щIэслъхьэну согъэхьэзыр. Сэ 1970 гъэ лъандэрэ зэхуэсхьэсауэ тхылъ, архив, тхыгъэ, дэфтэр, фэеплъ хьэпшып ирехъу – псори зэхэту мин 20-м щIигъу экспонат сиIэщ. Дэфтэрхэм къаIуатэ адыгэ лъэпкъым и къежьапIэм къыщыщIэдзауэ нобэм нэс и щэнхабзэр, тхыдэр, псэукIэр зыхуэдэр, цIыху пажэхэм я сурэтхэри куэду сиIэщ.

Си юбилейм ирихьэлIэу «Акрополь»-м и ещанэ къатым гъэлъэгъуэныгъэ ин, псори къыщызэщIэкъуэжауэ, щезгъэкIуэкIыну си мурадщ. Фэ фощIэж – «Адыгэ хэхэсхэр», «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зыбжанэрэ щезгъэкIуэкIащ, Черкесск я лъэпкъ музейм зэ щыдгъэлъэгъуащ. Иджы ахэр псори зэхуэхьэсауэ, къызэщIэкъуауэ илъэс 80-м ирихьэлIэу утыку къисхьэнущ.

**– Упсэу, Мухьэмэд. Уи мурадхэр Тхьэм къыпхузэпищэ!**

*Епсэлъар КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**



**МэшбащӀэ Исхьэкъ деж щохьэщӀэ.** *Мейкъуапэ, 2003*





**ТхакӀуэ Лохвицкий Михаилрэ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэдрэ.** *1986*



**Абхъазым и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и хьэщӀэщ. Мухьэмэд къыщхьэщытыр Шинкубэ Бэгъратщ.** *1991*





**КӀыщокъуэ Алим и гъусэу.** *ПсыкӀэху, 1981*



**Темыркъан Юрэрэ Мухьэмэдрэ зытепсэлъыхьын яIэщ.** *Налшык парк, 1991*





**Дагъыстэным и цIыхубэ тхакIуэ Алиевэ Фазу** *(яку дэтырщ)*, **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, и щхьэгъусэ Дол Розэ сымэ Токио зыщаплъыхь.** *Япония, 1990*




**IутIыж Борисрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ.** *1966*



**КъБКъУ-м и литературэ хасэм хэтхэу** *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Джэрыджэ Арсен, Тхьэбысым Сэмихь, ЯфIэунэ Абдул, Сыжажэ Маруз, Сонэ Абдулчэрим** *(щысхэщ),* **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Гъэунэ Борис, Семэн Руслан** *(щытхэщ)* **сымэ.** *1966*

# ХьэфIыцIэ Мухьэмэд теухуа тхыгъэхэр

## АПХУЭДЭР ЗЫРЫЗЩ

Ди нэхъыжьыфI, тхьэмадэ Iумахуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сэ къыщысцIыхуар ди студентыгъуэ илъэсхэращ. Сэ КъБКъУ-м сыщыщIэтIысхьам, Мухьэмэд илъэс зыбжанэ хъуауэ абы щеджэу, «Университетская жизнь» газетыр къыдигъэкIыу апхуэдэт. Щапхъэ тетхыу, апхуэдэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр дгъэщIагъуэу, дехъуапсэу зэрыщытар сигу къинэжащ. Ар щIалэгъуэм щыщ Iыхьэти блэкIащ...

ГъащIэм и хабзэр аращи, цIыхухэр зэми нэхъ гъунэгъуу зэбгъэдишэу, зэми нэхъ пэIэщIэ ищIурэ къокIуэкI. Зэман дэкIыу Мухьэмэдрэ сэрэ нэхъ гъунэгъу дыщызэхуэхъужар КъБР-м и Правительствэм лэжьэн щыщIэздза нэужьщ. 1990 гъэхэм щегъэжьауэ дызэпэмыжыжьэурэ дызэдэлэжьащ.

ГъащIэм и IэфIи и дыджи ди нэгу зэдыщIэкIащ, лъэпкъ Iуэхуи, къэрал Iуэхуи зетхьащ, лъэпощхьэпо мымащIи зэгъусэу къызэднэкIауэ жыпIэ хъунущ.

Мухьэмэд пщIэшхуэ зыхуащI, зи псалъэр ялъытэ, зи чэнджэщ щIэдэIу цIыхущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэлI куэд зы лъэпкъым иIэкъым, махуэ къэси къалъхуркъым. Адыгэм и къуэ пэжу къыщIэкIащ ар, хэкупсэ нэсу дунейм тетщ. Мухьэмэд балигъ зэрыхъурэ ди лъэпкъым, къэралым, адэжь щIыналъэм яхуолажьэ. Абыи къыщымынэу, и лъагъуэ хамэ щIыналъэхэми щыпхишащ – Кавказ зауэжьым зэбгрипхъа ди лъэпкъэгъухэр къызэщIигъэуIуэжу адыгэхэр щыпсэу къэралхэм и лъэ теуващ. Абыхэм япэу якIэлъыкIуэн щIэзыдзахэм, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпызыщIэжахэм ящыщщ ХьэфIыцIэр икIи а Iуэхум и къару куэд хилъхьащ.

Зигурэ зи щхьэрэ зэтелъу дунейм тет цIыхущ Мухьэмэд. Абы щыхьэт тохъуэ и IэщIагъэри и зэфIэкIри, и къэухьри и зэчийри, и хъуэпсапIэхэри и мурадхэри зэтехуэу, зы лъэныкъуэм хуэунэтIауэ иджыри къыздэсым къызэрыгъуэгурыкIуэр. И щIалэгъуэм хиша лъагъуэр нобэ гъуэгу бгъуфIэ хъуащ. Апхуэдизу гууз-лыуз хуиIэу зи ужь ит Iуэхумрэ илъэс куэд щIауэ и пщэ дэлъ къулыкъумрэ зэтохуэри, лъэпкъым ехьэлIауэ абы хузэфIэкIам уасэ хуэщIыгъуейщ. Ар зи редактор нэхъыщхьэу илъэс 24-кIэ щыта «Адыгэ псалъэр» къащти, газетым и мыхьэнэр хуэдипщIкIэ игъэбэгъуэфащ. АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетым республикэм, къэралым, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ятеухуа хъыбархэр зэбгригъэх, бзэр игъэлажьэ къудейкъым, атIэ лъэпкъым и щIэнгъуазэ пэлъытэ ар ищIыну Мухьэмэд хузэфIэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди хэку цIыкIум щытрадзэу арами, дуней псор зэлъегъэIэсыф «Адыгэ псалъэм», дэнэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми я хъыбар къытохуэ, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр, псэукIэр, IуэрыIуатэр, литературэр, нэгъуэщI куэди ди пащхьэ кърелъхьэф, нэхъыщхьэращи, дифI дигъэлъагъужрэ ди ныкъусаныгъэхэми гу лъыдигъэтэжыфу апхуэдэщ.

Къызыхуэтыншэу зэрехьэ абы илъэс 25-м щIигъуауэ зи тхьэмадэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри. Ар нэхъапэм зэрыщытамрэ Мухьэмэд тхьэмадэу трагъэувa нэужь зэрыхъуамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Гъэхэр кIуэурэ и ныбжьым хэхъуэми, зэманым зыдэзыхъуэж гъащIэм тыншу хэзэгъэф нэхъыжьыфIщ ХьэфIыцIэр. Абы къыхэкIыу, ихъу-илъ хэмыту, мыдалъэу, властым дэгъуэгурыкIуэфу, зэпIэзэрыту мэлажьэ.

Сыт щыгъуэ зэмани тыншу щытакъым лъэпкъым ухуэлэжьэныр. Мыр щIэныгъи, акъыли, шыIэныгъи, Iэмали зыхэлъхьэн хуей Iуэхущ, цIыхубэр зыхуейр бгъэкIуэтэн, лъэпкъым зебгъэужьын хуейщ, ауэ щыхъукIи къэрал хабзэхэр къызэпумыуду, властым и жьауэм ущIэмыкIыу Iуэху зэфIэпхыныр гугъущ. Мис а псори зэзыгъэкIуф цIыхущ Мухьэмэд, и акъылыр пэлъэщу, и зэфIэкI псори хилъхьэу.

КъызыхэкIа и лъэпкъым, Iурылъ и анэдэлъхубзэм, къыщалъхуа и хэкум щхьэкIэ ХьэфIыцIэм хузэфIэмыкIын дунейм темыту къыпщохъу, апхуэдизкIэ и гур хуитхьэщIыкIауэ хуолажьэри. Уеблэмэ, езым и Iэр здынэсым деж къыщыувыIэркъым абы и зэфIэкIыр, атIэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм, зэпеуэхэм щытекIуэ сабийхэм, зэфIэкI гуэр зы щIыпIэ щызыгъэлъэгъуа ди щIэблэм е нэхъыжьхэм я деж зи фIыщIэ псалъэмрэ зи гулъытэ жумартымрэ псом япэ нэсхэм ящыщщ Мухьэмэд. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, нэгъуэщI IуэхущIапIэ зыбжанэм я гъусэу къызэрагъэпэщурэ екIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэм егъэджакIуэ дапщэ утыку ириша, ныбжьыщIэ дапщэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр ягу къыщигъэуша, адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм ехьэлIа Iуэхугъуэ дапщэ къыщыдахыжа! А псори зыдэслъагъур ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Илъэс 90 лъандэрэ ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужу, ди гуфIэгъуэр иIэту, ди цIэр хамэ къэралхэм щыжригъэIэу диIэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс зыбжанэ и пэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм фIищащ «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр. Ар зи фIыщIэр, Iуэху дахэр япэу зигу къэкIар, къыхэзылъхьар ХьэфIыцIэращ.

Мухьэмэд и цIэр щыжаIэр ди къэралым, республикэм я закъуэкъым, атIэ хамэ къэралхэми фIы дыдэу къыщацIыху икIи къыщалъагъу. И щхьэ закъуэу зыщIидза Iуэхум – адыгэхэр зэрыгъэцIыхужыным, зэгъэуIуным – Дунейпсо Адыгэ Хасэм щыпищащ ди шынэхъыжьым. И гуащIэ куэд хилъхьащ а зэгухьэныгъэр екIурэещхьу зэфIэувэнми. Абы лъэпкъым хуищIам хуэдиз зыхузэфIэкIа зыри къызэрытхэмытыр хэти жиIэфынущ, дзыи хуащIыфынукъым. ГазетхэмкIэ, журналхэмкIэ, и Iэдакъэ къыщIэкI тхылъхэмкIэ, радиокIэ, телевиденэкIэ ноби дегъэцIыхуж хамэ къэрал щыщу, адыгэм къыхэкIауэ зэфIэкI инхэр зыгъэхъа цIыху щэджащэхэмрэ зэрыадыгэм иригушхуэу, я Iуэху ефIакIуэу хамэ щIыналъэхэм нобэ ис ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ. Абыхэм зыбжанэрэ щахэмыхьэ, щатемытхыхь зы илъэси блигъэкIыртэкъым Мухьэмэд. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я псэукIэр зыхуэдэмрэ абыхэм я зэфIэкIыр здынэсымрэ абы хуэдэу щыгъуазэ диIэкъым.

Лъэпкъ Iуэху зетхуэу Тыркум, Иорданием, Израилым 2015 гъэм и гъэмахуэм дыщыIащ ДАХ-м и лIыкIуэхэр. Гъуэгу ущытетым дежщ нэхъыфIыжу цIыхур къыщыпцIыхур. ХьэфIыцIэм хуэдэ гъусэ пэжрэ тыншрэ уигъэлъыхъуэнщ. Гъуэгум и кIыхьагъыр напIэдэхьеигъуэу фIэкIа къыпщагъэхъунукъым абы и хъыбархэм, гушыIэкIэм, тхыдэм куууэ зэрыхищIыкIым. НыбжькIэ щIалэхэм яхыумыбжэнуми, и жыджэрагъымрэ псынщIагъымкIэ ялъэщIыхьэнущ. А къэралхэр къыщызэхэткIухьа махуэхэм сэ слъэгъуащ Мухьэмэд къыхуащI пщIэр зэрыгъунэншэр, езым абыхэм яхищIыкIыр зэрымымащIэр, цIыхугъэрэ ныбжьэгъурэ зэрыщикуэдыр, лъэпкъ Iуэхум зэрыхуэмыщхьэхыр. ДАХ-м и тхьэмадэу сызэрылажьэ илъэс 13-м къуэш пэлъытэу, чэнджэщэгъуфIу, нэхъыжь Iумахуэу къызбгъэдэтщ ХьэфIыцIэр. Апхуэдэ хьэл зыхэлъымрэ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъымрэ пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

А псом къищынэмыщIауэ, лъэпкъым ехьэлIа мылъкушхуэ, фIыгъуэшхуэ зэригъэпэщащ абы. Зэи зыщIыпIи ущримыхьэлIэнрэ щумылъагъунрэ хэлъщ Мухьэмэд и гъэтIылъыгъэхэм. Ахэр дэ щытлъэгъуащ ХьэфIыцIэм къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъиблым, зэIущIэхэм. Сэ согугъэ (ар езыми зэрихъуэпсапIэр сощIэ) а хъугъуэфIыгъуэ псори щызэхуэхьэса зы музей къызэIуихыну. Дэри абыкIэ дыдэIэпыкъуну ди мурадщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд езыр цIыху къызэрыгуэкIкъым. И хьэлщэнкIи, и дуней тетыкIэкIи. Псоми гу лъатащ абы и гур зэIухауэ дунейм зэрытетым – цIыхум дилъагъу фIыри егъэдахэфри, зыгуэрым хуэIэзэр егъэгушхуэф. Апхуэдэ дыдэуи ехьэкI-къехьэкI хэмылъу хэт и никъусанри иригъэлъагъужыфынущ, мыхъумыщIагъэрэ гъэпцIагъэрэ хэзэгъэххэнукъым. Апхуэдэу зэрыщытым и зэран къыщекIи щыIэ хъунщ, къыхуэмыарэзы гуэрхэми зыкърагъащIэ къыщIэкIынщ, къыхуэпсалъи къахэкIынщ. Ауэ Мухьэмэд абыхэм щхьэкIэ къикIуэтынукъым, апхуэдэ псалъэмакъ, къаугъэ жыгъейхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэщ абы и цIэри и щхьэри.

«ЛIыку» жыхуаIэ ныбжьым нэсащ ХьэфIыцIэр. Иджыри куэдрэ тхуэлэжьэну, адыгэ лъэпкъым теухуауэ зэхуихьэса псор щигъэлъэгъуэн музейр щIэх къызэIуихыну, и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэм иджыри къахэхъуэну, адыгэ Iуэхум и джакIуэу ди япэ итыну аращ сэ Мухьэмэд сызэрыхуэхъуапсэр. Абы зэрыпэлъэщын узыншагъэ, гукъыдэж, къару Тхьэм кърит!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,*
*экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор*



## АДЫГЭХЭР ЕГЪЭЛЪАПIЭ

Хэхэсхэми хэкурысхэми я деж, нобэрей адыгэ дунейкIэ дызэджэм, щынэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ар уэрэджыIакIуэ

Iэзэу е артист зэчиифIэу щымытми. Мухьэмэд апхуэдэуи фIы дыдэу къащIэ нэгъуэщI лъэпкъхэу Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм щыпсэухэм. Псоми зэхуэдэу ар фIыуэ ялъагъуу щымытынкIэ мэхъу, ауэ абы и цIэр адыгэ куэдым зэрыжаIэм, тепсэлъыхьыр зэрымымащIэм, зэхэзекIуэу иIэм къегъэлъагъуэ а лIым ди лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхушхуэхэр зэрызэрихьэр. Хэт уи цIэр фIыкIэ жиIэн, Iуэху гуэр упымылъмэ, ар екIуу зэфIумыгъэкIмэ? Ауэ зепхьэр лъэпкъ Iуэхумэ, уи гупсысэхэр, еплъыкIэхэр псоми зэхуэдэу къыбдащтэнкIэ Iэмал иIэкъым. ХьэфIыцIэм сыт щыгъуи и Iуэху еплъыкIэ иIэжщ, и дуней тетыкIэри езым ейуэ щытщ, и акъыл къихьщ зэрыпсэури, и адэ Мусэбийрэ адрей нэхъыжьыфIхэмрэ зэрагъэсаращ щэн-хьэлу, хабзэу Мухьэмэд зэрихьэр.

Инджылыз тхакIуэ Олдридж Джеймс «Каир» зыфIища и тхылъым илъэс мин ирикъуа къалэм и тхыдэр къыщыщигъэлъагъуэм деж, Мысырым пащтыхьу щыIа шэрджэс мамлюкхэм ятеухуауэ етх: «Сэ адыгэхэр фIыуэ слъагъуущэркъым, я ткIиягъэм къыхэкIкIэ, итIани сэ абыхэм пщIэ яхуэзмыщIын слъэкIыркъым, дуней псом и пащхьэм фIыщIагъэу щабгъэдэлъым, лъэужь дахэу къагъэнам папщIэ». АдэкIэ Олдридж кърэбжэкI шэрджэсхэм дунейм фIыуэ щалэжьар, къегъэлъагъуэ цIыху гъэпщылIыныр псом япэ абыхэм зэрызыханар. ТхакIуэм етх, дэтхэнэ я цIыху къызэрыгуэкIми адыгэхэм гулъытэ зэрыхуащIым къыхэкIкIэ, я къуажэхэм тхьэмыщкIэ, дэхуэха зэрамыIар, Мысырым тетыгъуэр щызыIыгъа шэрджэс пащтыхьхэм я зэманым (1382–1517 гъгъ.) мэжджыту е унэ сэреишхуэу дащIыхьахэм я гъэпсыкIэм (архитектурэм) и дахагъыр нобэр къыздэсым цIыхухэм зэрагъэщIагъуэр. НэгъуэщI фIагъ-дахагъэу адыгэхэм ябгъэдэлъхэри кърэбжэкI: адыгэ пщащэр дахагъэкIэ дунейм цIэрыIуэ зэрыщыхъуари, адыгэлIым лIыгъэ-хахуагъэу хэлъри.

Аращ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и Iуэхури зытетыр: ар фIыуэ умылъагъункIи, уи гупсысэр абы ейм темыхуэнкIи хъунущ, ауэ, дауэ ухущымытми, адыгэ лъэпкъым и пащхьэ абы фIыщIэу щиIэмрэ езым хэлъ цIыхугъэмрэ щыпщIэкIэ, Мухьэмэд пщIэ хуумыщIыныр Iэмал зимыIэщ.

Лъэпкъхэр мамыру зэдэпсэуным, я зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным еш имыщIэу зэрыхуэлажьэм, илъэс куэд лъандэрэ лъэпкъ журналистикэм хуищI хэлъхьэныгъэфIым папщIэ ХьэфIыцIэм къыфIащащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр. Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпызыщIэжа, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм япэ дыдэу я гугъу къытхуэзыщIа Мухьэмэд нэхъыби хуэфащэу къызолъытэ. 1960 – 1970 гъэхэм щIэныгъэрылажьэ, тхакIуэ, журналист куэдым шынагъуэу къалъытэрт хэхэсхэм ятетхыхьыныр, ятепсэлъыхьыныр, абыхэм я Iуэхур, я щхьэ кърикIуар Урыс-Кавказ зауэм зэрепхам щхьэкIэ властым, КГБ-м фIэлIыкIхэрт. ЖыпIэнурамэ, ар темэ «зэхуэщIат».

Абы къыхэкIкIэ хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я тхыдэм зыгуэр хэзыщIыкIми абыхэм я хъыбар тегушхуауэ икIи зэIухауэ хуэтхыртэкъым. НэгъуэщI къэралхэм кIуэгъуейт, ар пхузэфIэкIами, гупым кIэлъыплъакIуэ, бзэгузехьэ щэхуу гъусэ къыхуащIынурэ, уи лъэпкъэгъу хэхэсхэм фIырыфIкIэ уIуагъэщIэнутэкъым. Плъэгъуа мащIэри къытедзэгъуейт. Аращ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и япэрей тхыгъэхэр нэхъ щIэлъапIэри, мыхьэнэшхуэ щIаIэри, журналистым лIыгъэу зэрихьам и инагъыр къэзыгъэлъагъуэри.

Зи гугъу сщIа шэрджэс мамлюкхэм я деж къыщыщIэдзауэ иджырей хэхэсхэм я деж щыщIэкIыжу ХьэфIыцIэм нобэр къыздэсым къытхуеIуатэ хамэ щIыгу щыпсэу адыгэхэм я тхыдэ, я хъыбар, ар езым итхыжауэ е зи унафэщIу щыта газетым и журналистхэр игъакIуэрэ абыхэм я псэукIэм тепсэлъыхьауэ щрети, икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ дызэпещIэ хэкурысхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щыIэхэмрэ.

Урысей Федерацэм и щIыналъэ щхьэхуэхэм щыпсэу хэкурыс адыгэхэми нэхъ япыщIари абыхэм нэхъыбэрэ якIэлъыкIуэри ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Лъэпкъым хуэлажьэкIэрэ, дэнэ лъэныкъуэкIи щыIэ адыгэхэм ялъэIэсыныр, абыхэм гулъытэ яхуэщIыныр, зэрыхузэфIэкIкIэ ядэIэпыкъуныр и псэм къызэрыбгъэдэкIыр си дежкIэ нэрылъагъущ. Ставрополь крайм хыхьэ Курской щIыналъэм, Осетие Ищхъэрэм щыIэ Мэздэгу къалэмрэ районымрэ щыпсэу ди къуэш-ди шыпхъухэм я деж къыщыщIэдзауэ хы ФIыцIэ Iуфэр зи лъахэ шапсыгъхэм я деж щыщIэкIыжу УФ-м и щIыналъи 6-м щыпсэу адыгэхэр Мухьэмэд зэпещIэ, яхохьэ, я гуфIэгъуэ ядеIэт, гукъеуэ зиIэхэм ядоIэпыкъу, хузэфIэкIымкIэ защIегъакъуэ. Апхуэдэ дыдэуи ар япыщIащ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу шэрджэсхэми. Ауэ щыхъукIи, мэздэгу адыгэхэм я деж кIуэми, Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, США-м щыпсэухэм я деж лъатэми, ХьэфIыцIэм гъусэу здещтэ артист цIэрыIуэхэр, ди лъэпкъэгъухэр щэнхабзэкIэ зэпищIэн мурадкIэ, адэжь Хэкум и дахагъэр, и IэфIагъыр хэхэсхэм захригъэщIэн папщIэ.

Мухьэмэд гъуэгу жыжьэми, гъуэгу гъунэгъуми ущыдызекIуэныр тыншщ. Уи щхьэ фIыуэ уегъэлъагъуж, гъусэм гулъытэ хуещI, гушыIэр къыбдещтэ, гъуэгум сыт хуэдиз и кIыхьагъми, «пкIэлъей иредзри», нэхъ псынщIэ ещI. Сэ мызэ-мытIэу гъуэгуанэ сыдытехьащ Мухьэмэд: Сирием, Иорданием, Тыркум зэгъусэу дыщыIащ, Мэздэгу лъэныкъуэкIи, хы ФIыцIэ IуфэмкIи, Адыгейми, Ермэлыхьэбли (Армавир) дыздэкIуащ лъэпкъ IуэхукIи ныбжьэгъугъэкIи. ИкIи сызэрыдежьам сыхущIегъуэжын дэнэ къэна, адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ, гулъытэ лъагэр я гъусэу, сыт щыгъуи дэслъэгъуащ.

Апхуэдэу си гум къинэжащ Мэздэгу къалэм и махуэшхуэр щагъэлъапIэм, «ди къуэшхэм пщIэ яхуэтщIынщ, я щхьэр лъагэу едгъэлъагъужынщ, зы лъэпкъыу дызэрыщытыр, зы анэм дыкъызэрилъхуар ахэр зыхэсхэм къедгъэщIэнщ, ди зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ тщIынщ», – жиIэу, ХьэфIыцIэм гуп дахэ къызэригъэпэщу, Осетие Ищхъэрэм дыкIуауэ зэрыщытар. Мухьэмэд а зекIуэ гупым къыхи-

шар «Адыгэ псалъэм» и журналистхэм я закъуэтэкъым, атIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и къэрал телевидением и адыгэ редакцэм и унафэщI ЩакIуэ Мусалийрэ «Хэкужь» фондым и тхьэмадэ Адэмокъуэ Альбертрэ (Черкесск) кърӣгъэблэгъат. Абы щыгъуэ Мэздэгу Адыгэ Хасэм хэтхэри, щIыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я нэхъыжьхэри кърихьэлIэу зэIущIэ дахэ зэрыригъэкIуэкIар иджыри си нэгум щIэтщ.

Апхуэдэу си гум къинэжащ Истамбыл дэс щIэныгъэрылажьэ, хьэтхэм ятеухуауэ тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкIа тхыдэдж Чурей Алий и ныбжьыр илъэс блыщI щрикъум ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэригъэпэща гупыр дызэщIыгъуу, адыгэлI щыпкъэр дгъэлъэпIэну, дгъэгуфIэну хъуэхъуакIуэ Тыркум дыкIуауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэми цIыху гъэщIэгъуэнхэр гупым къыхишат Мухьэмэд: профессор ЦIыпIынэ Аслъэн, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд, «Бум-Банк»-м и унафэщI Ажахъуэ Къанщобий, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий сымэ. Мыбдежи гу лъыттащ ХьэфIыцIэм хэгъэрейхэм къыхуащIа пщIэм. Истамбыл дызэрыщыIэр къыщищIэм, километр щиплIым щIигъу гъуэгуанэ къызэпичри, дыкъилъагъуну ди деж къэкIуат уэчыл, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ Хъуажь Фахъри. Апхуэдэуи ХьэфIыцIэ Мухьэмэд я пашэу гуп Истамбыл къызэрыкIуар къыщащIэм, ди хьэщIэщым къеблэгъауэ щытащ уэрэджыIакIуэ икIи жылагъуэ лэжьакIуэ Къущхьэ Догъан, Истамбыл щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу Тумэ Рэхьми, Хеймащэ Орхьан, хьэрычэтыщIхэу Чурейхэ Мухьэрэмрэ Ибрэхьимрэ, Хьэткъуэ Нэжэт, дохутыр Iэзэ, профессор Шурдым Гюнсел, нэгъуэщIхэри.

Хэхэс-хэкурыс адыгэхэм пщIэ зэрыхуащIым и щыхьэту апхуэдэ куэд дэслъэгъуащ Мухьэмэд. СощIэж, Сириемрэ Иорданиемрэ щыпсэу шэрджэсхэм я деж дыкIуэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу абы щыгъуэ щыта Нэхущ Заурбий, ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупым хэтхэу Къуэдзокъуэ Анатолэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд дызэгъусэу хэхэсхэм я Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэм дадэлэжьауэ зэрыщытар. Нэхъыбэу ар зытеухуар адэжь хэкум къэзыгъэзэжыну хуейхэр арат. Сирием щыIэ Хасэм и тхьэмадэ Абазэ Шэрэфи, абы и гъусэхэри, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри гурэ псэкIэ къыщыгуфIыкIырт ХьэфIыцIэм. Абы щыгъуэми нэрылъагъут Мухьэмэд пщIэуэ къыхуащIыр езым и гукъабзагъэм къызэрыпэкIуэжыр.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд гулъытэ хэха яхуещI диаспорэм: макIуэри зрегъэлъагъу, зрегъащIэ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху зытетыр. Шэрджэсхэр жылагъуэшхуэу щыпсэууэ ар здэщымыIа зы къэрали бгъуэтынукъым: Франджы, Германие, Америкэ, Тырку, Израиль, хьэрып къэралхэр, уеблэмэ Япониеми Китайми нэсащ. Хабзэ зэрыхуэхъуам тетщи, адыгэхэм ятеухуа хъыбару къыздихьыжхэм хэкурысхэр щыгъуазэ ещI, газетхэмрэ журналхэмрэ тхыгъэу къытрырегъадзэ, телевидениемрэ радиомкIэ къеIуэтэж.

Тхылъ къыдэгъэкIыным и гугъу пщIыми, адыгэ хэкурысхэм папщIэ урысыбзэрэ адыгэбзэкIэ, хэхэсхэм щхьэкIэ хьэрыпыбзэрэ тыркубзэкIэ тхыгъэ куэд лъэпкъым и пащхьэ кърилъхьащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ахэри е езым и IэдакъэщIэкIщ, е нэгъуэщI тхакIуэхэм я тхыгъэхэр зэхуэхьэсыжауэ, зэдзэкIауэ къыдигъэкIащ. Ахэр псори зэгъунэгъу зыщIыр адыгэхэм зэратеухуарщ: лъэпкъым и цIыху пажэхэр, усакIуэ, тхакIуэ Iэзэхэр, композитор е дирижёр цIэрыIуэхэр, зэфIэкI зиIэ сурэтыщIхэр къыдегъэцIыху, я зэчийм и лъагагъым дыщегъэгъуазэ, я дунейм дыхешэ. ЖыпIэнуракъэ, адыгэм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ къызэщIаубыдэ Мухьэмэд и тхылъхэм. «Мухьэмэд адыгэм и дежкIэ фIыщIэу бгъэдэлъыр лъагэщ икIи бжыгъэншэщ», – щыжысIэкIэ, си псалъэм и щыхьэтщ абы и IэдакъэщIэкIхэр. ХьэфIыцIэм зыгуэр хужыпIэну щытмэ, япэщIыкIэ абы и тхылъхэм нэIуасэ захуэпщIын хуейщ.

Адыгэ цIэрыIуэхэм я сурэт куэд иту, гъэщIэрэщIауэ, щIэнгъуазэ къыдигъэкIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, еджапIэхэм, щIэблэр щагъасэ IуэхущIапIэхэм къахуэсэбэпын, ныбжьыщIэхэр нэIуасэ хуащIын папщIэ. Альбомыр адыгэ щыпсэу зэкъуэш республикищым я мызакъуэу, Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щызэбгрыкIащ, а лэжьыгъэм и щхьэпагъыр ди мылъэпкъэгъухэми зэхащIыкIащ.

Гуапэ къудейуэ къэмынэжу, гуфIэгъуэшхуэу къысщыхъуащ адыгэ усакIуэ телъыджэ Къэшэж Иннэ теухуауэ, абы и усэхэр иту Мухьэмэд 2009 гъэм тхылъ къызэрыдигъэкIар. Къэшэжым и усэхэр япэу щызэхэсхам, сэ сыстудентт, Москва сыщеджэрт. Къалащхьэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэт адыгэ щIалэгъуалэм нэхъыжьу къытхэт ГъукIэлI Исуф Иннэ и гугъу куэдрэ къытхуищIырт, и усэхэми къытхуеджэрт. Абы лъандэрэ си гум илът Къэшэж Иннэ и усэхэр, ауэ зэи дызэрихьэлIатэкъыми, езыр сцIыхуртэкъым. Абы дэлэжьахэм, ар зи нэIуасэу щытахэм я гукъэкIыжхэм «къыхэщIыкIа» сурэткIэщ Иннэ си нэгу зэрыщIэтыр. Къэшэжым и псэм и къэбзагъыр зи гугъу сщIы тхылъым нэхъри нэхъ дахэжу къыспкъригъэхьащ. Хуабжьу гъэщIэгъуэнщ Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Бицу Анатолэ, Хьэх Сэфарбий сымэ, нэгъуэщI усакIуэ цIэрыIуэхэм я гукъэкIыжу а тхылъым итхэр. Ар икъукIэ лэжьыгъэшхуэщ, щIэблэр ирибгъэсэну щапхъэфIщ, цIыху дахэм, къабзэм, къызыхэкIа лъэпкъым лъагъуныгъэ ин хузиIа адыгэ бзылъхугъэм, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа тхакIуэм и фэеплъщ.

Зи гугъу сщIыхэр щапхъэ къудейуэ аращ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд дыдэ къыдигъэкIащ ХьэфIыцIэм, адыгэ тхакIуэхэу, щIэныгъэлIхэу, узэщIакIуэхэу, гъуазджэм и лэжьакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, МэшбащIэ Исхьэкъ, Темыркъан Юрэ, Къалмыкъ Юрэ, Шемякин (Къардэн) Михаил сымэ, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ.

Архив щхьэхуэу Мухьэмэд зэхуихьэса, «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыдоджэ» зыфIища гъэлъэгъуэныгъэр гъэщIэгъуэныщэщ. Ар КъШР-м и Лъэпкъ музейм япэу къыщишам, ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм

ятеухуа куэд республикэм щыпсэухэм къащIат. Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIа нэхъыжьхэми псори я щIэщыгъуэт, ауэ нэхъ щхьэпэу сэ къэслъытэр къыдэкIуэтей щIэблэр абы нэIуасэ зэрыхуащIаращ. ХьэфIыцIэм игъэлъагъуэ сурэтхэм, хьэпшыпхэм, тхылъхэм я купщIэр, мыхьэнэр, лъапIагъыр къагурыIуэу, егъэджакIуэхэм музейм ныбжьыщIэ куэд яшащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ еджакIуэхэр адыгэ тхыдэм нэIуасэ хуащIащ. Ар зылъэгъуа сабийхэм я дежкIэ гукъинэжщ икIи икъукIэ щхьэпэщ шэрджэс хэхэсхэм ятеухуауэ нэхъыбэ хэкурысхэм къащIэнымкIэ, лъэныкъуитIри нэхъ щIэхыу зэрыцIыхужынымкIэ.

Зыпэрыт сыт хуэдэ лэжьыгъэми ХьэфIыцIэр фIыуэ йохъулIэ. КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI «Адыгэ псалъэ» газетым (1997 – 2021 гъгъ.), Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я «Нарт», «Хасэ», «Черкесское зарубежье» газетхэм я редактор нэхъыщхьэу щыткIэрэ, Мухьэмэд тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, хъыбар купщIафIэхэр цIыхубэм ялъегъэIэс. «Адыгэ псалъэм» къыщцыдэлажьэу щыта гупыр цIыху къабзэ защIэу, я IэщIагъэр фIыуэ ялъагъуу икIи нэсу хащIыкIыу зэригъэпэщащ ХьэфIыцIэм. «Дэтхэнэ гупми хуэфэщэн тхьэмадэ Тхьэм къарет», – жаIэ адыгэхэм. Мыбдежми арауэ согугъэ зэрыщытар – гупымрэ тхьэмадэмрэ зэхуэфащэт. ЦIыху дахэщ ХьэфIыцIэм къыдэлэжьахэр, икIи газетыр къыдэгъэкIынымкIэ, абы и купщIэр къэIэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI а гупым щыщ дэтхэнэ нэрыбгэми.



ЛэжьакIуэ гупым я Iэзагъырщ «Адыгэ псалъэ» газетыр нобэ Урысейм щынэхъыфI дыдэхэм ящыщу къыщIалъытэр, и теплъэкIи и купщIэкIи куэдым ягу щIрихьыр. Зэкъуэш республикищым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм мазищ къэс зэ къыдэкIыгъуэ зэхэт щагъэхьэзырым дежи, пIалъэ пыухыкIам къриубыдэу ахэр щыщIаплъыкIыжкIи, «Адыгэ макъымрэ» «Черкес хэкумрэ» зэдэарэзыуэ «Адыгэ псалъэм» япэ увыпIэр сыт щыгъуи хуагъэфащэ.

«Адыгэ псалъэр» лъэпкъ щIэнгъуазэу (энциклопедиеу) плъытэ хъунущ, апхуэдизкIэ кууэ, убгъуауэ, гъэщIэгъуэну адыгэхэм я дунейр къызэщIеубыдэри. Сыт хуэдэ IуэхугъуэкIэ зыхуэбгъазэми, абы къуитынущ уи упщIэхэм я жэуап. Зэм адыгэ цIэрыIуэхэм я сурэтхэр зытет махуэгъэпс къытридзэнщ, зэм псалъэзэблэдзыр зы цIыху пажэ гуэрым триухуэнщи, редактор нэхъыщхьэм зэхуихьэса сурэт гъэтIылъыгъэ куэдыкIейм щыщ дыщIигъунщ.

Журналист Iэзэхэр щолажьэ «Адыгэ псалъэм», фIыщIэ яхуэпщIурэ зи цIэр къеббжэкI хъун защIэу. Ауэ зэкIэ си тхыгъэр зытеухуар ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ абы лъэпкъым и пащхьэ щилэжь IуэхуфIхэмрэщи, ар зи унафэщIу щыта газетым и журналистхэм, «Адыгэ псалъэр» къыдэгъэкIыным нобэ елэжьхэм я Iуэху зехьэкIэр наIуэ къэзыщI щапхъэфI зыбжанэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейуэ арат. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и фIыщIэщ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналистхэу Ширдий Маринэ, Ныбэжь Таисэ, Чэрим Марианнэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Щомахуэ Залинэ, Гугъуэт Заремэ, Багъэ-

тыр Луизэ, сурэттех Къарей Элинэ сымэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж илъэс зэхуэмыдэхэм кIуэуэ, абыхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщагъэгъуазэу, тхыгъэ убгъуахэр, сурэт екIухэр «Адыгэ псалъэ» газетым къызэрытрадзэжар. Я нэгу щIэкIахэр гъэщIэгъуэну къытхуаIуэтэжащ бзэ дахэкIэ ятхыжа тхыгъэхэмкIэ, къищынэмыщIауэ, сурэт куэдкIэ дагъэлъэгъуащ Тыркум, Иорданием, Израилым щыпсэу адыгэхэр, дыщагъэгъуэзащ хэхэсхэм я гупсысэхэм. Апхуэдэ тхыгъэхэм нэхъ зэпэгъунэгъу дащI, лъэпкъыр дызэрагъэубыдыж.

А псом къыдэкIуэу «Адыгэ псалъэм» Интернетри фIы дыдэу къегъэсэбэп. Нобэ дэтхэнэ зы адыгэми: «Мы газетым и къыдэкIыгъуэ сеплъащэрэт, седжащэрэт», – жиIэмэ, дэнэ щыпсэуми лъоIэс «Адыгэ псалъэр». Газетым и сайтыр дахэу, тыншу урилэжьэфу гъэпсащ.

Мыри къыхэзгъэщынут. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и унэр хьэщIэ кIуапIэщ. Дунейм и щIыпIэ куэдым щыпсэу адыгэхэм уащыпыщIакIэ, хьэщIэхэри дэнэ лъэныкъуэкIи къокI. «ХьэщIэ щIалэ щыIэкъым», – жеIэ адыгэм. Ар хамэ къэрал къикIауэ щытми, хэкурысми, хабзэ лъагэм сыт щыгъуи тетщ Мухьэмэд. Абы и унэгуащэр Розэщи, гуфIэгъуэр и нэгум къищу, и псэм хуабагъэр къыбгъэдэкIыу, и псалъэр дахэрэ Iэсэу, и Iэнэгур гъэпсарэ шыгъупIастэ хьэлэлкIэ дэтхэнэми яIуощIэ бзылъхугъэр, хьэщIэр егъэлъапIэ.



ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, илъэс куэд хъуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм жану хуэлажьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жылагъуэ Iуэхуу зэрихьэ къомым утепсэлъыхьыну, а псори зэуIуу къэбгъэлъэгъуэну гугъущ. Ауэ псалъэ лей умылъыхъуэуи наIуэр зыщ: ДАХ-м зиужьын, дунейм щикъухьа лъэпкъыр дызэрыцIыхужын, зыкъэтщIэжу дызэкIэлъыкIуэдызэрылъагъу дыхъужын папщIэ, Мухьэмэд и гуащIэ щысхьыркъым, дэнэ щыIэ Адыгэ Хасэри зэдэлэжьэным и гупсыси и къаруи хилъхьэ зэпытщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым зэрыхыхьэрэ, ХьэфIыцIэм пщэрылъ къыщащIым сыт щыгъуи хуэжыджэрщ, нэгъэсауэ фIэкIаи игъэзэщIэнукъым. ГукъэкI нэхъыбэ дыдэ ДАХ-м и лэжьыгъэм хэзылъхьэри аращ. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ, япэрауэ, Мухьэмэд къэрал Iуэху зехьэкIэм зэрыщыгъуазэр, етIуанэрауэ, журналистикэм зэрыхуэIэзэр, ещанэрауэ, хамэ хэкухэм щыпсэу адыгэхэм я деж кIуэ лъагъуэр япэ пхызышахэм зэращыщыр икIи абыкIэ пыщIэныгъэ быдэхэр зэриIэм фIагъ куэд къызэрыпэкIуэр. Ахэр псори лъэпкъым къыхуигъэсэбэпу нобэ къэса хэкулIщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президенту щыткIэрэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд а IэнатIэми лэжьыгъэшхуэ щызэфIегъэкI. ЩIДАА-м и зы зэхуэс блигъэкIыныр щыгъэтауэ, ар зэIущIэхэм я къызэгъэпэщакIуэщ. Ар дэнэ щемыкIуэкIми, Iуэху зехьэкIэ зыщIэ къызэгъэпэщакIуэ гурыхуэм и лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэфIех, абы и щIыIужкIи зэIущIэм и хъыбар газетхэм къытредзэжри, цIыхухэр екIуэкIам щегъэгъуазэ.

Анэдэлъхубзэр хъумэным теухуауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэлэжьыр «Адыгэ псалъэ» газетым «адыгэбзэ къабзэ Iурылъыным» и деж щиухыркъым. Абы и жэрдэмщ илъэс 25-м щIигъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр. Апхуэдэ зэпеуэ КъШР-м щедгъэкIуэкIынымкIи ар дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ.

ЩIыналъэм щыщ хэгъэрейми, жыжьэ къикIа хьэщIэ гуэрми Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм деж цIыху куэд Iуэхук Iэ щIохьэ, лъагъунлъагъу къыхуэкIуэхэри мащIэкъым. Мухьэмэд абыхэм гуапэу къапожьэ, къызытекIухьам йодаIуэ, чэнджэщ къарет, хузэфIэкIымкIэ ядоIэпыкъу, хьэщIагъэ ярех, ауэ езым Iуэху куэд дыдэ къыпэщылъуи, зэманыр къемэщIэкIыуи зыми закъригъащIэркъым. Сыт щыгъуи Iуэху щхьэпэ, фIы зыпылъ гуэрым яужь зэритыр сощIэри, сэ сыхуосакъ Мухьэмэд и зэманыр лейуэ къызэрытезмыхыным икIи апхуэдиз лэжьыгъэ купщIафIэ емызэшу абы зэриIэтыфыр зэпымыууэ согъэщIагъуэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд псалъэ гуапэ куэд хужыпIэным хуэныкъуэуи, щытхъум нэхъ пагэ ищIынуи щыткъым. Къеижхэмрэ къыхуэшхыдэхэмрэ захуэзыгъэгусэ цIыху жьгъейхэми ящыщкъым ар, лэжьыгъэу зэрихьэми апхуэдэ щIыкIэкIи зэран ухуэхъуфынукъым.



«Уэс тесэ щхьэкIэ, Iуащхьэмахуэ нэхъ ин хъуркъым!» – жаIэ. Абы къикIыращ: Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ къуршым тесэ уэсыракъым ар уардэ зыщIыр. А уэсыр темысэми, бгы псоми я нэхъ лъагэу щытынущ Iуащхьэмахуэ. Апхуэдэщ Мухьэмэди. Абы ущытхъукIэ, нэхъ лъаги, нэхъ паги хъунукъым, ауэ цIыхум IуэхуфIу игъахъэм сытепсэлъыхьмэ, ар нэхъри хуэбэгъуэну солъытэ.

**УЭХЪУТЭ Александр,**
*Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм*
*я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ,*
*ЩIДАА-м и академик*

## ЛЪЭМЫЖЫР НОБИ ЩIЕГЪЭБЫДЭ

Си ныбжьэгъу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд илъэс 80 щрикъум хуэзэу зы тхыгъэ згъэхьэзырыну иужь сихьащи, «Ущымытхъущэ – бубыжыфынкъым, умыубыщэ – ущытхъужыфынкъым» жыхуиIэ псалъэжьыр си гъуазэу стхыну иужь ситынщ.

Мухьэмэд и илъэс бжыгъэ дахэм къыдэкIуэу, абырэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэри илъэс 55-рэ ирокъу. 1971 гъэм и мэлыжьыхь мазэм «Хэку» зэгухьэныгъэм и фIыгъэкIэ ар Тыркум нэкIуат. Истамбыл дыщызэрыцIыхури, ныбжьэгъу игъащIэкIэ дызэхуэхъуащ. Дыщыпсэу къэралхэр зэрызэпэIэщIэм къыхэкIыу, куэд зэдэдгъэхъауэ схужыIэнукъым. Ауэ абы лъандэрэ ди зэныбжьэгъугъэр зэи зэпычакъым, дыщыхуейм деж дызэрыщIащ, дызэлъэIэсащ, дызэрыгъуэтащ.

ХьэфIыцIэр Тыркум япэу ныщыкIуам щыгъуэ къэралитIым я зэхущытыкIэр Iей дыдэт. «ГъущI IупхъуэкIэ» дызэпычауэ ябжу щыщыта зэманым коммунист къэралхэм щыщ ухуагъазэртэкъым. Уеблэмэ, коммунизм уз зэрыцIалэмкIэ дыкъацIэлэным дыщихъумэну хэтт Тыркур. Армырами дыадыгэу дыкъадэртэкъым, ди бзэкIэ дытхэну-деджэну дыхуейуэ жытIэмэ, къэралыр ткъутэну, зэхэдгъэщэщэну иужь дихьауэ къащыхъурт. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ, къызыфIэдмыгъэIуэхуурэ, дызэрыадыгэр, тыркубзэм къищынэмыщIауэ анэдэлъхубзэ, Хэку дызэриIэр, ди бзэмкIэ дытхэну, деджэну хуитыныгъэ диIэн зэрыхуейр, дуней псор абы зэрыхуэкIуэр, адэжь щIыналъэм дыIэпхъуэжыну дызэрихъуэпсапIэр яфIыжытIэрт...

А лъэхъэнэм Совет Союзым къикI туристхэм декIуалIэу ядэртэкъым. Ауэ щэхуурэ захуэдгъазэрти, адыгэ яхэтмэ, жылэм яхэтшэну, Хэкум иджыри ди лъэпкъэгъу зэрисыр, абыхэм адыгэбзэ зэращIэр, адыгагъэ зэрахэлъыр IупщIу ядгъэлъагъуну дыхущIэкъурт. Апхуэдэу япэ дыдэ (1969 гъэм) нытхыхьар Борей Рауфт, ауэ ар цIыхубэм яхуэдгъэзэну тхузэфIэкIакъым, кхъухь тедзапIэми фIагъэкIакъым. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КхъуэIуфэ Хьэчим, Щомахуэ СулътIан сымэ турист гупым къахэтшыну, адыгэ унагъуэ щIэтшэну, хасэм едгъэлъагъуну къыдэхъулIат. Гусэр Уасфи, Абазэ Ибрэхьим я унагъуэхэм, Думэныщ Хьейри и лэжьапIэм дыщыхьэщIэну дыхунэсат абы щыгъуэм.

Мухьэмэд абы лъандэрэ сэ зэрысцIыхум и гугъу пщIымэ, жысIэнур мыращ: псом япэрауэ, цIыху Iущщ, гурыубыдэшхуэ иIэщ, зэ зэхихар щыгъупщэркъым. И гурыубыдэм щихъумэф гушыIэ хъыбархэм я куэдагъым фIэкI хэмытми урикъунщ. ИтIанэ ар лэжьакIуэшхуэщ, цIыху жанщ. Абы зы жэщ-зы махуэм иригъэзэгъэф Iуэхур жэщитI-махуитIкIи зыхузэфIэмыкIын еджагъэшхуэ куэд щыIэщ.

МыдэкIэ дыкъэIэбэнщи, ХьэфIыцIэр зэрылъэпкъыпсэр шэч къызытумыхьэн Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Абы и щыхьэтщ и сабиигъуэм и адэ Мусэбий зыщIигъэтIысхьа урыс классым къыщIэкIыжу адыгэ классым зэрыкIуэжар.

Мухьэмэд апхуэдизкIэ лъэпкъыпсэщи, дунейм фIыгъуэу тетыр адыгэхэм яхуигъэщхьэпэну хущIокъу. Уеблэмэ, цIэрыIуэ гуэрым и анэшхуэм и анэшхуэр шэрджэс пхъурылъхуу щытауэ и тхьэкIумэм псалъэмакъ гуэр къицырхъамэ, ар адыгэ дыдэу къыщIрегъэдзыф. Хамэ къэрал кIуэну Iэмал иIэмэ, здиунэтIынур адыгэ щыпсэу къэралхэрщ. Ахэр мызэ-мытIэу къызэхикIухьащ абы. ХьэфIыцIэр япэ лъагъуэхэшхэм, хэхэсхэм нэхъыбэрэ ятетхыхьахэм, абыхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зыцIыхухэм, пыщIэныгъэ яхузиIэхэм, адэжь щIыналъэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ я кум лъэмыж щытезылъхьахэм, а лъэмыжыр ноби щIэзыгъэбыдэхэм ящыщщ. Дэтхэнэ къэралми щыпсэу ди лъэпкъэгъу гуэрым ухуеин щыхъукIэ, занщIэу ар къэзыгъуэтыфынур Мухьэмэдщ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм я цIэр, телефонхэр зэрыт и дэтхалъэр къапщтэмэ, «дзыгъуэм и шыр хигъэкIуадэмэ, къыщигъуэтыжыфынкъым» жыхуаIэм хуэдэщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэбзэр игъэкъэбзэн, абы зригъэужьын папщIэ имыщIэ къигъанэркъым. Абы и щыхьэтыфI дыдэхэм ящыщщ «Си бзэ – си псэ, си дуней» жыхуиIэ хъугъуэфIыгъуэ телъыджэу Мухьэмэд илъэс 25 ипэкIэ къригъэжьауэ иджыри Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щрагъэкIуэкI зэпеуэр. «Адыгэ псалъэ» газетым зэрызригъэужьар-щэ?!

Хэт сыт хуэдэ IуэхукIэ ХьэфIыцIэм зыхуигъазэми, абы зэи зыри игъэщIэхъунукъым. Гуныкъуэгъуэ зиIэм зыщIигъэкъуэнущ, гугъуехь къызылъыкъуэкIами ар щхьэщихын папщIэ лъэкI къигъэнэнукъым.

Хэкуми, лъэпкъми, къэралми и гур яхузэIухащ Мухьэмэд. Сыт хуэдэ къалэн и пщэм кърралъхьами, сыт хуэдэ Iуэху, IэнатIэ кърата-ми, ар нэхъыфI дыдэу зэригъэзэщIэным хущIэкъуу къогъуэгурыкIуэ икIи ар фIы дыдэу къохъулIэ. Абы къыгуроIуэ уи лъэпкъым зыгуэр хуэпщIэнуми, къэралым къыбдимыIыгъауэ ар къызэрыбдэмыхъунур, уи лъэр щIым тету уземыкIуэфмэ, узэрымылъэтэфыххэнур... Аращи, Iэмал зэриIэкIэ, лъэпкъ Iуэхумрэ къэрал Iуэхумрэ зэдегъакIуэ.

ФIыкIи IейкIи ХьэфIыцIэ Мухьэмэд нэхъыбэ зыхужаIарэ зыхужаIэрэ ди лъэпкъым къыхэкIауэ къыщIэкIынкъым. Къапщтэмэ, абы и гъащIэм, и лэжьыгъэм тхылъ щхьэхуэ, диссертацэ тептхыхь хъунущ. АтIэ, «куэд зыщIэр куэдрэ щоуэ» зэрыжаIэм ещхьу, куэд зыщIэми куэд хужаIэ. ХьэфIыцIэм а хузэфIэкIа къомым иужь имыту и адэжь и пщIантIэм, Зеикъуэ, дэсыжауэ щытамэ, зыми зыри хужиIэнутэкъым. Ауэ уи гурылъ уи гъуазэу, уи лъэпкъым хуэпщIэмэ нэхъыфIу къэплъытэхэр бгъэзэщIэну иужь ущихьэкIэ, ар зи гуапэ хъухэм хуэдэу зыфIэмыфIи къахокI. Абы уи жэрэгъуи, уи жагъуэгъуи нэхъыбэ ещI. Ар Мухьэмэд куэд щIауэ фIы дыдэу къыгурыIуащи, псалъэмакъ купщIэншэхэр зыфIигъэIуэхуркъым, ауэ чэнджэщри хозагъэри, яубу щытмэ, абыи зыхуигъэнэфыркъым икIи зыхуигъэдэгуркъым.

Дауэ щымытми, сыт хуэдэ IэнатIэ пIыгъми, лъагапIэ утетми, мылъку пкъуэлъми, уи лъэпкъым хуэпщIэфынум и нэхъыфIыр зэфIэбгъэкIмэ, лъэпкъым и гум уригъэхунукъым, и псэм хэлъу уигъэпсэунущ.

Сыхуейщ Мухьэмэд псэукIэ дахэ иIэу, и зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

**ХЪУАЖЬ Фахъри,**
*публицист, зэдзэкIакIуэ.*
*Анкара*



## КЪУЭПСХЭР ЗЭПЕЩIЭЖ

«Хэти ищIэнуращи, лъэпкъым хурелажьэ», – жиIэгъауэ щытащ адыгэ усакIуэ, IуэрыIуатэдж Кубэ Шэбан. Дэтхэнэми абы хуищIэфынур зэхуэдэкъым, ар зэлъытари Тхьэр къызэрыхуэупсарщ. Лъэпкъым нэхъыбэ хуилэжьыфыну зэчий зыбгъэдилъхьахэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ЩIэныгъэ IэнатIэм ещхьу, зы пщалъэ гуэрым

тету, лъэпкъым хуащIэмрэ хуалэжьымрэ къапщытэу щытамэ, куэд щIат Мухьэмэд профессор цIэр къызэрихьрэ.

Лъэныкъуэ куэдкIэ и сэбэп ирегъэкI Мухьэмэд къызыхэкIа лъэпкъым. ХамэщI щыпсэу адыгэхэмрэ хэкужьым исхэмрэ зэгуэр зэпычыгъа я къуэпсхэр зэпыщIэжыным хуэунэтIауэ абы зэфIигъэкIхэм нэмыщI хэмытми, Мухьэмэд и цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнэну къилэжьащ. Ар ящыщщ япэ дыдэу хэхэс адыгэхэм я псэукIэр, ахэр зыгъэгуфIэ, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я щэнхабзэр зыхуэдэр къэхутэным яужь ихьахэм. ЖыпIэ хъунущ а Iуэху щхьэпэм ХьэфIыцIэм лъэпкъ щIэныгъэри иришэлIауэ.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 – 70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэу щIедзэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ КхъуэIуфэ Хьэчимрэ я гъуэгуанэ тхыгъэхэр, КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Азие Гупэмрэ щыIэ къэралхэм ди лъэпкъэгъухэр зэрыщыпсэум теухуахэр. ИужькIэ абыхэм къакIэлъыкIуащ хэхэс адыгэхэм къахэкIа дзэзешэ, къэрал унафэщI цIэрыIуэхэм, тхакIуэ, сурэтыщI, уэрэдус Iэзэхэм, спортсмен лъэрызехьэхэм ятеухуа очеркхэр.

Щапхъэхэм къадэкIуэу жыIэн хуейщ лъэпкъым и художественнэ дуней еплъыкIэр зэрахъумар, абы зэрызрагъэужьар, ар и лъабжьэу литературэ къызэрызэрагъэпэщар хэхэс адыгэхэм я ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр. Мы дуней щIэщыгъуэм, гъэщIэгъуэным и бжэр япэу къызэIузыхари ХьэфIыцIэрщ. ТхакIуэ-публицистым ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыналъэхэр къызэхикIухьурэ зэхуихьэсыжащ адыгэ бынхэу хьэрып, тырку литературэхэм гуащIафIэу хуэлэжьахэм я IэдакъэщIэкIхэр. А тхакIуэхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр а зэманым итхащ. Ахэр лъабжьэ хуэхъуащ «Адыгэ мамлюкхэр» тхылъым (1994). Мыр адыгэбзэкIэ тхэуэ хамэщIым щыпсэу ди лъэпкъэгъу усакIуэ гупышхуэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ япэу дунейм къытехьа тхылъщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, хэхэс адыгэхэм я жылагъуэ-политикэ псэукIэр, щIэныгъэм, щэнхабзэм я IэнатIэхэм щаIэ ехъулIэныгъэхэр къэхутэным хуэунэтIауэ ХьэфIыцIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм хыхьащ лъэпкъ щIэныгъэри. Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-БалъкъэрымрэАдыгеймрэ я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм я деж щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуащ хэхэс адыгэхэм ятеухуа тхылъ зыбжанэ.

Мыбдежым къыщыхэзгъэщыну сыхуейт сэри мы IэнатIэм къэхутэныгъэхэр щезгъэкIуэкIыну Мухьэмэд сызэрытригъэгушхуар. Абы и чэнджэщхэр хуабжьу къысхуэщхьэпащ «Хэхэс адыгэ литературэ: къызэрежьам, и зыужьыкIам ехьэлIа Iуэхугъуэхэр», «Хэхэс дуней», «Адыгэ диаспорэм и литературэм и поэтикэмрэ хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ» тхылъхэм сыщелэжьым щыгъуэ.

ХьэфIыцIэм иришажьэу щIэныгъэм игъэкъабыла хэхэс адыгэ литературэр нобэ лъэпкъ литературэшхуэм (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс литературэхэр къызэщIэзыубыдэм) и зы Iыхьэу къыхэувэжащ,

хамэщI къихъухьа ди лъэпкъэгъухэм я художественнэ дуней лъагъукIэ хьэлэмэтыр къыздихьыжри.

Сэ мы тхыгъэм кIэщIу зи гугъу щысщIар Мухьэмэд и лэжьыгъэ купщIафIэм и зы Iыхьэ закъуэщ. Мыбы хэткъым адыгэ лъэпкъ щIэныгъэм, гъуазджэм я вагъуэхэм, Израилым ис адыгэхэм ятеухуауэ къыдигъэкIа тхылъхэр, нэгъуэщI тхыгъэшхуэхэр.

Мухьэмэд-журналистыр, редакторыр, Мухьэмэд-цIыхубэ лэжьакIуэр, Мухьэмэд-лъэпкъ узэщIакIуэр иджыри къэхутэн хуейуэ щIэныгъэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм къапэщыт къалэнщ. Ауэ сыт хуэдэ IэмалхэмкIэ абы и лэжьыгъэ плъыфэбэр къэпхутэну яужь уимыхьэми, и лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэшхуэмрэ пэжыныгъэ быдэмрэ ухуашэнущ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

## ЗИ ПАШЭР ХЪУПХЪЭМ И IУЭХУ ЙОФIАКIУЭ

Лъэпкъ цIыхур, хэкупсэр – ар зи лъахэм папщIэ IуэхугъуэфI куэд зэфIэзых, къалэнышхуэхэр зи пащхьэ изыгъэувэжурэ ахэр екIуу зэфIэзыгъэкI, зи анэдэлъхубзэр зыгъафIэ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр хъумэным, егъэфIэкIуэным хущIэкъу, и лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр дуней псом къригъэцIыхуным и къару емыблэжу хуэлажьэрщ. Апхуэдэущ сэ зэрысцIыхур ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.



1999 гъэм къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIырт, дэнэкIи щызэрыхьзэрийт, зылъэкIхэм IуэхущIапIэхэр щызэрапхъуэ зэмант. ЩIэблэр щхьэуназэ мыхъун щхьэкIэ, абыхэм я акъылым лъэпкъ лъапIэныгъэхэр щахъумэн папщIэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ щIадзэ «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ псоми щрагъэкIуэкIырт. Мыбы къыхашэрт гъэсапIэхэмрэ еджапIэхэмрэ, сабийхэр, ныбжьыщIэхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр, нанэ Iумахуэхэр, дадэ жьакIэхухэр, къэрал унафэщIхэр.

Адыгэхэм ятеухуа щIэныгъэхэм щIэблэр дихьэхын папщIэ, бзэр, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр, гъуазджэр зэхэухуэнауэ зэрегъэджыпхъэ Iэмалхэр япэу утыку къизыхьар зи гугъу сщIы Iуэху дахэрщ – «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэрщ.

Зэпеуэм егъэджакIуэхэм Iэмал яритащ я IэщIагъэм и щэхухэмкIэ зэхъуэжэну, къуажэ, къалэ, щIыналъэ унафэщIхэми яригъэлъэгъуащ абыхэм я гулъытэм лъэпкъ Iуэхур кIуэтэнуми, къызэтеувыIэнуми зэрелъытар. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ ялъэкIащ цIыхухэр лэжьыгъэ щхьэпэм драгъэхьэхын. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, абыкIэ фIыщIэр псом япэ зейр ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ.

Сэ КъБР-м ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министерствэм сыщылажьэрти, зэпеуэр илъэс 11-кIэ Мухьэмэдрэ сэрэ зэдедгъэкIуэкIащ. А зэма-

ным къриубыдэу ар къыддаIыгъащ IуэхущIапIэ куэдым. ХьэфIыцIэр ноби яужь итщ IуэхугъуэфI крихьэжьам зэрыпищэным. Уеблэмэ, ар КъБР-м ирихри, Къэрэшей-Шэрджэсым яхихьауэ, абыхэми илъэс къэс адыгэ еджапIэхэр зэхагъэплъэж.

Дэтхэнэ сабийми егъэджакIуэми гулъытэ яхуищIыну фIэфIщ Мухьэмэд, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр газетым тридзэрт, я щхьэр лъагэу яригъэлъагъужырт, Iуэху щхьэпэхэм тригъэгушхуэрт. Аращ адыгэбзэ езыгъэджхэм я зэпеуэм щытекIуахэм ящыщ зыкъомым урысейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэ къыщIыщагъэлъагъуэр. Ахэри зэи гулъытэншэу къагъанэркъым «Адыгэ псалъэми», Къэбэрдей Адыгэ Хасэми, Дунейпсо Адыгэ Хасэми.

Мухьэмэд гумызагъэщ. Абы щыхьэт техъуэ зы Iуэхугъуэ ноби сигу къокIыж.

Урысей зэпеуэм дыхэтыну дежьэн хуейуэ щэкIуэгъуэ мазэр ди пIалъэт. ЕгъэджакIуэри, абы и гъусэу Мэзкуу кIуэн хуей сэри, ди IуэхущIапIэм и пресс-IэнатIэм щылажьэ пщащэри дызэрежьэн ахъшэр а пIалъэм ирихьэлIэу министерствэм къыдитыфыртэкъым. Зэпеуэм хэтыну Нэхущ Залинэ и адэ Адэлбий и ахъшэкIэ дригъэжьэну мурад зэрищIар ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыщищIэм, езым и улахуэр къыдитри, гъуэгу дытригъэуващ щытащ. ИужькIэ, гъуэгупщIэр Мухьэмэд щыхуэтхыжым, ди жып къитхауэ еттыж фIэкIа умыщIэну, зэрыукIытауэ щытари си нэгу щIэтщ.



Сэ министерствэм сыщыIэжкъым, ауэ нобэр къыздэсым ХьэфIыцIэм сыт хуэдэ Iуэхури къыздиIыгъщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм ущIыхьамэ, и япэ упщIэхэм уи гукъыдэжыр къаIэт: «СыткIэ сэбэп сыхъуну? Сыт щIэн хуейр?»

ЦIыхухъур жьыщхьэ махуэ ныбжьым щытеувэ гъуэгуанэу адыгэхэм ябж илъэс бжыгъэм нэса къудейуэ ращ Мухьэмэд. Си гуапэщ щIэгушхуэ и пхъурылъхухэм я насып илъагъуну! «Дадэ» псалъэм егъэгумащIэри, «дадэшхуэ» жаIэу и хъуреягъыр зыуфэбгъун щIэблэ узыншэ Тхьэм къыщIигъахъуэ.

«Зи пашэр хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ» – жиIэгъащ ПащIэ Бэчмырзэ. Сыт хуэдэ адыгэ IуэхуфIми урипашэщи, Тхьэм уригъэфIакIуэ, Мухьэмэд.

**БАЛЭ Людмилэ,**
*Кенжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм*
*и гуащэм и къуэдзэ*

## ЛЪЭПКЪЫЛI

Си къуэш Мухьэмэд! Сэ уэ птеухуауэ куэд зэрыжысIэфынур ущIэ. Сыту жыпIэмэ, уи гъащIэ гъуэгуанэм, уи творчествэм сыщыгъуазэщ. Сыщыгъуазэщ, зы анэ дыкъимылъхуами, илъэс хыщIым щIигъуауэ дызэкъуэшщи. Ауэ иджыпсту сэ абы и гугъу сщIынкъым. Иджыпсту сызыхуейр игъащIэкIэ дымыгъуэтыжыну ди щIалэгъуэмрэ

а щIалэгъуэм дигъэщIа мурад дахэхэмрэ уигу къэзгъэкIыжу, зи плъапIэм зи лъэр езыхулIауэ къэслъытэ уэ илъэс 80 узэрыхъуамкIэ сынохъуэхъуну арщ.

ПщIэжрэ, 1965 гъэм, университетым дыщIэтIысхьа къудейуэ, дыщызэрыцIыхуар? Ди мурадхэр зыт абы щыгъуэми – адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлэжьэнырт, лъэпкъым и щIыхьыр хъумэнырт, къэIэтынырт.

НтIэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъури, дэ тхуэдэ щIалэ зыбжани ди гъусэу тхьэ зэхуэтIуат ди гугъапIэхэр нахуапIэ зэрытщIыным яужь дитыну, дызэрыгъэпэжуи дунейм дытетыну. Хьэуэ, Хьэрэмэ Iуащхьэ дыдэкIатэкъым абы щхьэкIэ, ауэ зыкъомкIэ ар ещхьт Герцен зи гугъу ищIауэ щыта щIалэ гупым я псалъэ тыкIэм.

Уи къуажэ Зеикъуэ сыпшэри, уи адэ Мусэбий жепIат: «Мыр си ныбжьэгъущ». Си къуажэ Аушыджэр усшэри, си адэ Мурат жесIат: «Мыр си ныбжьэгъущ». Ахэр сытым хуэдэу гуфIат! Сыт хуэдэ псалъэ хьэлэмэтхэр къыджаIат: «ФызэрыIыгъ, фызэкъуэт, зым адрейм зыщIэвгъакъуэ, гъащIэм лъэпощхьэпор и куэдщ, ныбжьэгъуфIыр къуэшым хуэдэщ, фи псалъэр вгъэпэж...».

Фи Хьэрэкхъуэрэ бгы лъагэм дыдэкIат. Ди Аушыджэрыщхьэ дытетат. Жыжьэ дыплъэрт. Куэдым дегупсысырт, ауэ тхьэ зэхуэтIуэртэкъым. Тхьэ зэраIуэр зэщ – адэкIэ гъэзэщIэн хуейуэ аращ.



Нобэ схужыIэнущ а ди мурадахэм ящыщ Iэджэм дызэрылъэIэсар.

Уи тхылъхэм къытезгъэзэжурэ сыкъоджэри, жызоIэ: «Сыту куэд хузэфIэкIа! Сэ сыхуэмыхущ». Уэри апхуэдэу щыжыпIэ къэхъу къыщIэкIынщ.

КъэдгъэщIами тщIэфами я гугъу сщIыну сыхэмытами, сызоплъыжри, си щIалэгъуэр хьэрэкъуакIэ зэрыдыхьэжар нэрылъагъущ. Уэри уи пащIэри набдзэри тхъуащ... ИтIани дыщIалэщ! Зы Iуащхьэкъым иджыри дызыдэкIынур, зы къуршыбгкъым дызыщхьэпрыкIынур! Пэжу, уэ узыщхьэпрымыкIар укIуэдыж. Ущызмыгъуэтыж къохъу Iэджэрэ. Зэм Амман, зэм Токио, зэм Истамбыл, зэм Бейрут, зэм Тель-Авив, зэм Пекин, зэм Сан-Францискэ, зэм Париж – уэ укъыщыщIимыдза щыIэкъым. КъепхуэкIри сощIэ. Адыгэ и мэ зыщыуа плIанэпэ мы щIым къытумынэну ухэтщ унэмысу. Адыгэхэр зэпшэлIэжыну уи хъуэпсапIэщ, тхыдэр къыботIэщIыж, дызищIысыр къыдыбогъэщIэж.

Илъэс хыщI хъуауэ дызэкъуэшщи, зы илъэс закъуэ фIэкIа къэнакъым укъыщалъхуа махуэм уи унагъуэ дыщызэбгъэдэмысу. А зэми сынакIуэри сынохъуэхъуащ, уэ ущIэмысу. Америкэм укIуауэ адыгэ жылэхэр къэплъыхъуэжырт...

Мухьэмэд, мыращ сынызэрохъуэхъур: уи псэр зэбгъэшхыну ухьэзыр адыгэ лъэпкъым Тхьэм куэдрэ ухуигъэпсэу; уи бынхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ куэд улъагъу; уи щхьэгъусэ Рози, уи шыпхъуитхури, уи Iыхьлыи, уи лыджани, уи ныбжьэгъуи, уи цIыхугъи – уэ пщIэ Iуэху

дахэхэм утезыгъэгушхуэ псори – пхуреузыншэ! ЛъэпкъылIкIэ зэджэр уэ пхуэдэращи, лъэпкъылIу уи гъащIэр ухь! Мы усэри уэ пхуэстхахэм ящыщщи, мыри си хъуэхъум пызогъэувэж:

*Зыгуэрхэм дэ фIы дыдэу дыкъальагъур,*
*Къэдмылэжьа щытхъу инхэр къытлъагъэс.*
*Щыпхыдагъэшри щIыгум бгъуфIэу лъагъуэ,*
*Вагъуэ щылыдхэм уафэм дынагъэс.*

*Егъэлеяуэ дифI зыIэтхэм ещхъу,*
*Ди Iейр тхуэзыгъэбатэри мэхъу куэд.*
*Абыхэм жаIэм тетщIыхьмэ, дыхущхьэу*
*Дохь ди гъащIэр, пщIэншэу зэман догъэкIуэд.*

*Дащыщкъым щытхъум зи щхъэр игъэуназэм,*
*Дащыщкъым жагъуэгъу псалъэм дэгулэзым,*
*Ижынур ди шым тщIэжу дытетщ гъуэгу,*
*Къытхуеуэу, гуфIэу, ди ныбжьэгъухэр Iэгу,*
*Къиплъэн укIытэу адрейхэр ди нэгу!*

**БИЦУ Анатолэ,**
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*



## ТХЬЭР ЩЫХЬЭТЩ

*ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хузотх*

*Мы гъащIэм уэ къыщыбдекIуэкIхэм*
*Зигу Iеи фIыи илъ яхэтщ,*
*Зигу илъхэм Iей уащIэмынакIэ,*
*Зигу илъхэм фIы я Iуэху дэIэт.*
*УзыхэзыщIэр къыбдогуфIэ.*
*Адыгэ лъэпкъ зэбгрыдзам,*
*Уи кIэзет напэкIуэцIхэр бгъуфIэу*
*Берычэт Iэнэу хуэузэдащ.*
*Уэ зыхыбощIэ хамэ щIыпIэм*
*Щалъхуа адыгэм и дунейр,*
*И хэкум щептыжыну и пIэр*
*Зы лIыфI гупцIанэу уопIейтей.*
*ЩIэтхъуар уи щхьэцыр уимыIуэхукъым,*
*Уэ псэкIэ бгъэвыр хэт ищIэн,*
*Уэ нобэ уигукIэ зэбгъэзахуэр*
*Я нэхъ тхылъышхуэм имыхуэн.*
*А псоми ещIыр уи щхьэр лъапIэ,*
*АдэфIым хуэдэу укъытхэтщ,*

*АдыгэкІэ иджыри зэджэу,*
*ХамэщІым ипІхэм. Тхъэр щыхъэтщ.*

**БЭЛАГЪЫ-КЪАНДУР** **Любэ.**
*Инджылыз, Лондон. 2016*

## УЭРАЩ ХЭХЭСХЭР КЪЭЗЫГЪЭУШАР

Си ныбжьэгъуфІ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд теухуа си псалъэр Хэкужьым исхэм зэхахыну си гуапэщ. Сэ ар щІэрыщІэу фэзгъэцІыхужыну аракъым. Сыщыгъуазэщ, си нэкІэ слъэгъуащ адыгэ щІыналъэхэм абы пщІэшхуэ къызэрыщыхуащІри, фІыуэ къызэрыщалъагъури, ауэ абы хуэарэзы цІыхубэм сэри сазэрыщыщыр, адыгэ куэдым псэупІэ тхуэхъуа къэралхэми щІыхь къызэрыщыхуащІыр къэзмыІуэтэн слъэкІынукъым.

Истамбыл щыІэ адыгэ хасэхэм екІуалІэхэм «Хэт ХьэфІыцІэ Мухьэмэдыр?» – жыпІэу уахэупщІыхьмэ, ар къэзымыцІыху, и ІуэхущІафэхэм щымыгъуазэ зыри бгъуэтынукъым. Ар сэ згъэщІагъуэркъым – Тырку къэралым зы адыгэ жылагъуи, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу зы щІыпІи ибгъуэтэнукъым абы и лъэ зытемыува, зи псалъэ гуапэ щызэхамыха.

Си къуэш лъапІэ! Лъэпкъыр зэрыІыгъыу и хэку щисым деж «зэкъуэшыгъэ, зэкъуэтыныгъэ, адэжь лъахэ» псалъэхэм хуэдэхэм я мыхьэнэр нэхъ елъэхъшэх хуэдэу щытщ, абы и пщІэр къыщалъытэркъым, ауэ хэхэсу ущыпсэу щІыналъэм уи бзэкІэ зыгуэр къыщопсэлъэныр, лъэпкъ уардэм щыщ Іыхьэу узэрыщытыр къуагъэщІэжыныр икъукІэ лъапІэщ. Ар дэ зыхыдэзыгъэщІар уэращ, Мухьэмэд. Уэращ хэхэсхэр дыкъэзыгъэушар, Хэкум дыпызыщІэжар.

«Зэман лъахъэм» лъандэрэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ илъэс тхущІрэ зырэ хъуауэ узоцІыхури, бдызолъагъу ЦІыхугъэ, Хабзэ, ФІыщІагъэ, Гу къабзагъэ, Лъагъуныгъэ, Губзыгъагъэ. Абы и закъуэкъым. ИгъащІэм унэти, жьэгути, ахъшэти, щытхъути жыпІакъым, уи щхьэ Іуэху зэи япэ ибгъэщакъым. Жэщ-махуэ уимыІэу лъэпкъым ухуэлэжьащ, иджыри ухуолажьэ. Тхьэшхуэм фІыщІэ хузощІ укъызэрызишэлІам, ныбжьэгъугъэ пэжым и ІэфІыр зэрызыхызигъэщІам папщІэ. Сроин уэ къуэшым хуэдэу укъызэрысхущытым. Мы псалъэхэм щытхъу хэлъкъым – бдэслъэгъуа дахагъэхэр дауэ сыбзыщІын?! Уи лъахэгъу минипщІхэу хамэщІ къинахэм псалъэ гуапэу къыпхужаІэр куэдыкІейщ. Тхьэм уригъэфІакІуэ!

**ПщІэшхуэ къыпхуэзыщІ** **ЧУРЕЙ Алий.**
*Истамбыл къалэ, 2022*



## ЩХЬЭУСЫГЪУЭМ ЗЫКЪУИГЪАПЩКІУЭРКЪЫМ

Демократиер щытепщэу жыхуаІэ мы зэманми зи лъэпкъыр Іумпэм зыщІхэм яІэщ щхьэусыгъуэ: дунейр зэхэтхъуащ, коммунистхэм щы-

гъуэ хуэдэу лъэпкъ политикэ зэхэщIыкIыгъуэ щыIэжккъым, цIыхухэм я щхьэр зэрапIыжыфщ. Ауэ щыIэщ совет властым и лъэхъэнэми, иджырей зэман зэхэтхъуами игурэ и псэрэ етауэ, жиIэр мащIэрэ ищIэр куэду псэу лъэпкъ цIыху. Зы щхьэусыгъуэми зыкъуимыгъапщкIуэу. ЗэрыжаIэщи, Iуэху зыщIэну хуейм къилъыхъуэр щхьэусыгъуэкъым, атIэ хэкIыпIэщ.

Апхуэдэщ лъэпкъым и пщэдей махуэр пшагъуэ мыхъун папщIэ сыт хуэдэ Iуэху зэхэзэрыхьами хэкIыпIэ кIуэрабгъу къыхуэзылъыхъуэ икIи къэзыгъуэт, нэхъыщIэхэр гъуэгу захуэм хуэзыунэтI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

Мухьэмэд ящыщкъым «рекламэ» узыр зыпкърытхэми, пабжьэр ягъэхъеймэ, емынэр ягъэхьауэ зыгъэIуну пылъхэми, зэштегъэууэ зэзэмызэ лъэпкъ Iуэхум зыхэзышытIэу псалъэ дыгъэл изыпхъхэми. Хьэуа къабзэ зыжьэдимышэу, псы къабзэ емыфэу псэ зыIутыр дунейм зэрытемытыфынум ещхьу, ХьэфIыцIэр псэуфынукъым адыгэ Iуэху зэримыхуэу, лъэпкъым и къэкIуэнум папщIэ гугъу зримыгъэхьу.

Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ Мухьэмэд иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм щыгъуазэщ куэд-мащIэми лъэпкъымкIэ гудзакъэ зиIэ дэтхэнэри. ИригъэкIуэкI лъэпкъ-жылагъуэ лэжьыгъэми, зи пашэу щыта «Адыгэ псалъэ» газетми ящIилъхьэфа къарум утепсэлъыхьми, кIэ имыIэу яхужыпIэн бгъуэтынущ. А псоми я гущIыIужкIэ, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я адыгэ газетхэм я номер зэхэтхэр къыдэгъэкIыным, ахэр гъэхьэзырыным ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къарууэ хилъхьэр къэIуэтэгъуейщ. Ар хунос хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм яIущIэни, абыхэм ятетхыхьыжыни, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр иунэтIыни, тхылъ купщIафIэ зэхуэмыдэхэр къыдигъэкIыни, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием жыджэру хэлэжьыхьыни, нэхъыщIэхэр чэнджэщ дахэкIэ иущиини, адыгэ щыпсэу республикищым сыт хуэдэ лъэпкъ Iуэху къыщрахьэжьэми абыхэми нэсыни...

ХущIохьэ, къегъуэт зэман, кIуэцIылъщи адыгэгу, иIэщи лъэпкъ гъуазэ пщIы хъун акъыл.

И хьэл-щэныр, и дуней тетыкIэр, лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр, хэлъ шыIэныгъэр, жьабзэ Iурылъыр, блэкIари, нобэри, къэкIуэнури зэрызэрипхыфыр, и къарур Iуэхушхуэ куэдым зэрытригуэшэфыр – а псори зэхэплъхьэжмэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къелэжь хужыпIэну – адыгэлI нэсщ. СызэреплъымкIэ, абы хуэдэ нэхъыжьхэращ нэхъыщIэхэм щапхъэ яхуэхъун хуейр.

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ,**
*усакIуэ.*
*Черкесск къалэ*

## КЪАЛЭН НЭХЪЫЩХЬЭ

ЦIыхушхуэм гушхуэ кIуэцIылъщ, жаIэ адыгэхэм. А гушхуэр зы IэпкълъэпкЪ гъэпсэуным и мызакъуэу, цIыху минхэм щахуэщхьэпэм,

щахуэсакъым деж ар фIыгъуэ мылъытэкъэ?! Апхуэдэ лъэпкъылIщ адыгэ хэкухэм я мызакъуэу, хамэ къэрал щыпсэу ди къуэш-шыпхъухэми куэд щIауэ фIыуэ яцIыху, пщIэшхуэ зыхуащI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр.

Сыт хуэдэ псалъэ хэIэтыкIа хужыпIэми, егъэлея мыхъуну, гурэ псэкIэ лъэпкъым хуэлажьэ, абы и блэкIа гугъум ноби игъэпIейтей, илъэси 162-рэ ипэкIэ адыгэхэм ягъэва гузэвэгъуэм хуэдэм дяпэкIэ щыхъумэным, абы зиужьыжыным зи гъащIэр тезыухуа цIыхущ ар. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъум пэрыувэнми Мухьэмэд тезыгъэгушхуар апхуэдэ гурыщIэ пщтырхэрщ.

Илъэс 24-кIэ а IэнатIэ гугъум пэрытащ нэхъыжьыфIыр, пкъыщIэ иригъэгъуэтащ, абы къыдекIуэкIа хабзэфIхэм езым и гуращэ дахэхэр хигъэзэгъащ. АнэдэлъхубзэкIэ къыдэкI «Адыгэ псалъэм» лъэпкъ Iуэху зэрихуэу, щIэджыкIакIуэхэм я псэм дыхьэу, гъэсакIуэу, ущиякIуэу щытын хуейуэ ХьэфIыцIэм къалэн нэхъыщхьэу игъэувати, зы махуи а гъуэгум текIакъым ар.

Лъэпкъ газетыр унэтIыныр къалэн гугъущ. Ди хабзэхэм, гупсысэкIэхэм, дуней тетыкIэм япэщIэуэ тхыгъэхэр абы къытебдзэну къезэгъыркъым. А псори зэпишачэрт Мухьэмэд, гъащIэм зыхуигъэIущахэр Iэзэу и лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпырт. Абы зэи зыщигъэгъупщэртэкъым зи унафэ ищI гупым Iэщэу щыIэм я нэхъ жаныр, я нэхъ лъэщыр – Псалъэр – зэраIэщIэлъыр. Топышэхэм яхуэмыгъэшынар псалъэм зэрыригъэкIуэтыфынур, зы псалъэм мафIэ къикIынкIэ, адрейм лыгъейр игъэупщIыIункIэ зэрыхъунур езыми фIыуэ къыгурыIуэрт, къыдэлажьэхэри абы тетт.



ЦIыхум яжриIэн зи куэд, и гупсысэхэр шэщIауэ утыку изыхьэф жылагъуэ лэжьакIуэшхуэщ Мухьэмэд. И псалъэм пщIэ зэриIэр, нэгъуэщIхэм жаIэми зэредэIуэфыр, бэр зэрызэщIигъэуIуэфыр къалъытауэ къыщIэкIынщ, редактор нэхъыщхьэ къулыкъум и мызакъуэу, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадагъэри дзыхь къыщыхуащIым.

Дауэ хузэдэхьрэ, сыт хуэдэу ехъулIэрэ IэнатIитIым ХьэфIыцIэр, жызыIэхэри щыIащ. А упщIэхэми жэуап хьарзынэ яIэт: фIыщIэ къыхуащIу, и лэжьыгъэр зэхащIыкIрэ къехъуэхъуу газетым тхыгъэ куэд къыIэрыхьэрт, апхуэдэ псалъэхэр щIэх-щIэхыурэ щызэхэпхырт радио, теленэтынхэми.

ЦIыху щэ ныкъуэм щIигъу гупыр зэгурыбгъаIуэу зэдэбгъэлэжьэныр къалэн цIыкIукъыми, ари фIы дыдэу къехъулIэрт редактор нэхъыщхьэм. «ЦIыху вэгъэзэгъщ» жыхуаIэхэм хуэдэщ Мухьэмэд, ауэ и гум хутемыгъахуэхэри щыIэщ – ар лэжьыгъэм зыщIезыгъэххэмрэ лъэпкъ Iуэхум хуэгунэфхэмрэщ.

Абы хуэдэу гуащIафIэ цIыхуи гъуэтыгъуафIэтэкъым. «Адыгэ псалъэм» и зы къыдэкIыгъуи дунейм къытехьэртэкъым напэкIуэцI къэс езыр кIэлъымыплъыжу, тхыгъэхэм, псалъащхьэхэм, сурэтхэм етIуанэу, ещанэу темыIэзэщIыхьыжу. Номер ягъэхьэзырам Iэ щытри-

3 Заказ №206

дзэм дежи мытэмэм гуэрхэм гу лъитэжырт. «Мухьэмэд IэщIэкIынти ар!» – щэхуу хужытIэрт абы и лэжьэгъухэм.

Хабзэм къигъэув махуитхум и закъуэтэкъым икIи сыхьэтий къудейкIэтэкъым ди унафэщIыр редакцэм зэрыщыIэр. Зыгъэпсэхугъуэ махуэ куэд къыхэхуэртэкъым ар и лэжьапIэ IэнатIэм щыпэрымыс.

ХьэфIыцIэм и къулеягъэ нэхъыщхьэу къилъытэхэм ящыщщ и ныбжьэгъуфIхэр, зэхуихьэса и тхылъхэмрэ сурэтхэмрэ. Абы тхылъу иIэм хуэдиз зыщIэмылъ библиотекэ куэд щыIэщ.

*«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм я цIэкIэ*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист*

## ГУР МАПЛЪЭ, НЭР ЛЪАГЪУЭМ ИРОКIУЭ

КъызыхэкIа лъэпкъым и гуныкъуэгъуэм егъэгумэщI, игу щIэузым иропIейтей, ар гузэвэгъуэ хэхуамэ, зыгуэркIэ зэрызыщIигъэкъуэным хуопабгъэ. Лъэпкъым зы гупсэхугъуэ иIэн папщIэ, щIыIэ хъумэ, дыгъэ нэбзийхэр тригъэпсэнт, хуабащэ хъумэ, жыг жьауэм щIишэнт, и гъащIэр зэрыщыту хуигъэпсынти, хуей хъуми – щIитынт. Апхуэдэу зыхужысIэр журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ.



Гъуэгу тетым и гъуэгу щызэпаупщIи, щытрагъэкIуэти къохъу. Пэрыуэгъу куэд и лъагъуэ къытехьэми, лIыгъэ зыхэлъыр къикIуэтыркъым, мэкIуатэ и гухэлъ емыпцIыжу, и лъэпкъым хуищIэм игъэгушхуэу и мурадым хуокIуэ. Зым уи псалъэм цы къыхех, адрейм уиубын фIэкIа Iуэху иIэкъым. МащIэ дыдэщ цIыхум къахэкIыр уи IэдакъэщIэкIым уасэ тэрэз хуищIыну, гугъу узыдехьыр къыгурыIуэну. Мухьэмэд зэи щытхъу пэплъакъым, ноби пэплъэркъым. Абы фIыуэ ещIэ Тхьэр псоми зэрыщыгъуазэр, гумрэ псэмрэ я къабзагъэр арщ зэхэзыгъэкIыфынур.

Гур маплъэ, нэр лъагъуэм ирокIуэ. Хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэр зэрызэрыубыдыжынур, зэрызаужьыжынур, адыгэ мелуан бжыгъэм сыт хуэдэ хьэзаб яшэчами ягу ягъэкIуэд зэрымыхъунур зыхезыгъэщIахэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Хамэ щIыпIэхэр къызэхикIухьурэ абы щикъухьа адыгэхэр зэрипхыжу Совет Союзым и лъэхъэнэ лъандэрэ а Iуэхум ар иужь зэритым дыщыгъуазэщ. НэгъуэщI къэралхэм къикIыж унагъуэхэм сэбэп яхуохъу хэкужьым щекIуэкI гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ, псэукIэщIэм зыдрагъэкIуфынымкIэ.

Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщцыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу 1997 – 2021 гъэхэм лэжьащ. Лъэпкъ журналистикэм зегъэужьыным, ныбжьыщIэхэр а Iуэху гъэщIэгъуэным дегъэхьэхыным, хэгъэгъуэзэным ехьэлIауэ ищIар мащIэкъым, нобэр къыздэсми абы пэрытщ. Адыгэм узэрыгушхуэ

хъунухэр дызэрибэм и щыхьэту, ди лъэпкъым и цIыху пажэхэр газет напэкIуэцIхэм къытридзэрт. «Апхуэдэ къалэн щыIэщ – хэкур хъумэн» зэрыжаIэр Мухьэмэд епхьэлIэмэ, «Апхуэдэ къалэн щыIэщ – лъэпкъым хуэлэжьэн» жыпIэн плъэкIынущ. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, нобэ и щыIэкIэ-псэукIэм, и дуней тетыкIэм теухуа тхыгъэхэмкIэ «Адыгэ псалъэр» бейщ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и пкъынэ-лъынэм, и лъынхуэм ирикIуэ лъым хэтщ и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр, аращ газет купщIафIэ къыдэгъэкIынри апхуэдэу дэгъуэу къыщIехъулIари. Журналистым, тхакIуэм, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэм и гъащIэр зэрыщыту абы хуигъэпсат.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я лъэпкъ газетищым – «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» – зэгъусэу илъэс 36-рэ хъуауэ къыдагъэкI номер зэхэтхэр зытеухуауэ щытынур нэхъыбэм зыубзыхур Мухьэмэдщ. Адыгэбзэм зегъэужьыным, Кавказ зауэм, хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм хэкужьым къагъэзэжыным икIи ди псэукIэм къыхэгъэзэгъэжыным ятеухуахэр, адыгэ хабзэм, ныпым, фащэм, лъэпкъым къыдекIуэкI куэдым ехьэлIауэ дгъэхьэзыра номер зэхэтхэм зи фIыщIэ хэлъыр ХьэфIыцIэращ. Зы Iуэхугъуэм теухуа ди номерхэр къыдэдгъэкIа нэужь, Налшык, Черкесск е Мейкъуапэ дыщызэIущIэрти, ди лэжьыгъэр зэпкърытхырт, газетхэм я ныкъусаныгъэхэми къыдэхъулIахэми дытепсэлъыхьыжырт.



2007 гъэм япэу сыIущIауэ арат хуабжьу зи гугъу ящIу зэхэсх адыгэлIым – ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Налшык щекIуэкI зэIущIэм сыхэтыну сыкIуати, згъэщIэгъуащ илъэс куэдкIэ сэ нэхърэ нэхъыжь редактор нэхъыщхьэр дахэу къызэрыспежьар, хьэщIагъэ къызэрызихар. А лъэхъэнэм япэу дэслъэгъуа фIагъыр иужькIэ куэдри згъэунэхуащ. Мухьэмэд акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхущ, куэд зылъэгъуащ, гушыIэ дахэ зиIэщ. ЦIыхум игу химыгъэщIу дилъэгъуа емыкIур жриIэфынущ, ауэ къепцIыжам хуигъэгъунукъым.

Журналистикэм ехьэлIа зэIущIэхэм, фестивалхэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъусэу сыхэтыну куэдрэ къысхуихуащ. Газет лэжьыгъэм щыпэрытхэм деж и мызакъуэу, абы сытым щыгъуи хузэфIэкI елэжь, зэпэщхьэхуэу дыпсэуми, адыгэхэр зы лъэпкъыу дызэрыщытыным, ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъри быдэ щIыным ехьэлIауэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэ лъэпкъым и лъагъуэр къэзыгъэнэху вагъуэм хуэдэу щытыныр гукIэ къыхихащ, абы пэжынагъ хэлъуи толажьэ.

Гъатхэпэ мазэм и кIэм, Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 80 щрикъум, си щхьэкIи, си лэжьэгъухэм я цIэкIи сохъуэхъу и узыншагъэмрэ жыджэрагъымрэ хэмыщIу илъэси 100-м нэсыну!

**ДЭРБЭ Тимур,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# И ПСАЛЪЭР ЖЬЫМ ИХЬЫРКЪЫМ

Ныбжьэгъу пэжу, къуэш пэлъытэу илъэс куэд щIауэ къыздекIуэкI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и цIэр щызэхамыха къэралрэ и IуэхущIафэ щхьэпэр щамыцIыху щIыпIэрэ щыIэкъым жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ар цIэрыIуэ зыщIар, дауи, и щIалэгъуэм щегъэжьауэ адыгэм я Iуэху зэрыдигъэкIыным, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр иIэтыным, хамэ къэралхэм ис ди къуэшхэр зэрыгъэгъуэтыжыным нобэр къыздэсым зэрыхуэлажьэрщ.

Дэ, Осетие Ищхъэрэ – Аланиемрэ Ставрополь краймрэ ис адыгэхэм, фIы дыдэу дгъэунэхуащ Мухьэмэд и адыгагъэр здынэсри, и къарум къихьри. ХьэфIыцIэр къытхыхьэн ипэ, мэздэгу адыгэхэм ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хэгъэгухэм хуаIа пыщIэныгъэр махэ дыдэу щытащ, уеблэмэ, зэрымыщIэхэр нэхъыбэт. Къэбэрдей-Балъкъэрым ди щхьэ IуэхукIэ дыкIуэ-дыкъэкIуэж мыхъумэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэ ди зэхуаку дэлътэкъым.

Дызэрыс щIыпIэкIэ дызэпэмыжыжьэми, хамэ хэгъэгу дыщыхэхэсти, адэжь щIыналъэм депщIыхьу дыпсэурт. Мис а ди пщIыхьыр нахуапIэ тхуищIащ ХьэфIыцIэм. Дуней псом адыгэу исыр зэрыгъэщIэным хущIэкъуу, абыхэм я хъыбар тхылъхэмрэ газетхэмкIэ дыщигъэгъуазэу къытхэт Мухьэмэд и фIыгъэкIэ ди хэкужь епхыжа дыхъуащ. Аращ мэздэгу адыгэхэм я деж къакIуэ лъагъуэр пхызышар. Iуэху дахэ куэдкIэ къытхуеблэгъащ, ар ди дэIэпыкъуэгъуу, чэнджэщэгъуу адыгэ щэнхабзэм, тхыдэм, бзэм ехьэлIа зэхуэсхэр едгъэкIуэкIащ, щэнхабзэ фестивалхэр къызэдгъэпэщащ. Мухьэмэд щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу мэздэгу сабийхэр гъэмахуэм Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм гъэкIуэнымкIэ, ди щIалэгъуалэр КъБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэгъэтIысхьэнымкIэ. Ди лъахэхэр зэпищIэжу гъуэгу тхухишам и закъуэкъым ХьэфIыцIэм, атIэ дэ тщыщу апхуэдизкIэ куэд ецIыхури, дэтхэнэми и псэукIэр, зыгъэпIейтейр имыщIэу си фIэщ хъуркъым.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Мэздэгу Адыгэ Хасэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм кърикIуа Iуэху щхьэпэхэр мащIэкъым. 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ щэнхабзэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм хуабжьу заужьащ, иджыри зэредгъэфIэкIуэным дыхущIэкъуу апхуэдэщ. Мухьэмэд и щхьэ, и лъэпкъ зэригъэфIыным и закъуэкъым зиужь итыр, атIэ къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрми ди зэхуэдэ хэку Урысейми я зыужьыныгъэм, мамырыгъэм хузэфIэкI хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Ар жыджэру пылъщ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным. Абыхэм я хэкIыпIэр дэтхэнэми и хабзэ, щэнхабзэ, IэпщIэлъапщIагъэ, тхыдэ къэгъэлъэгъуэныр, зы лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр адрейм егъэцIыхуныр аращи, концертхэр, фестивалхэр, махуэшхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ куэдрэ щыхуэхъу щыIэщ ди шынэхъыжьыр.

ХьэфIыцIэм жылагъуэ Iуэхухэм щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм я закъуэкъым и пщIэр зыIэтыр. АтIэ езыр гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ цIыхущ. Ар зи псалъэр жьым имыхь ныбжьэгъу пэжщ, зи жыджэрагъым хэмыщI лэжьакIуэшхуэщ, жыжьэ плъэ лIы акъылыфIэщ. И узыншагъэми, къаруми, гукъыдэжми хэмыщIу иджыри куэдрэ ди япэ итыну Тхьэм жиIэ!

**ДЕРБИТ (МУДАР) Валерий,**
*Мэздэгу Адыгэ Хасэм пщIэ зиIэ и тхьэмадэ.*

## ЗИ БЗЭР ЗИ ПСЭ

ФIыщIэ зыхуэфащэр абы щымыгугъыу Iуэху зэфIэзыхращ. Ауэ а Iуэхур лъэпкъ псом и гъащIэм епхамэ, абы и зыужьыныгъэм хуэунэтIамэ, ар зи Iэрыкl цIыхум и фIыщIэр лъытэгъуейуэ инщ.

КъызыхэкIа лъэпкъым и Iуэху гъэкIуэтэныр, и анэдэлъхубзэр егъэфIэкIуэныр, и хабзэр зехьэныр, лъэпкъ гупсысэкIэр узэщIыныр – ахэращ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къикIуа гъуэгуанэм къалэн нэхъыщхьэу щиIар. Зыпэрыт IэнатIэхэм щилэжь псоми къадэкIуэу, къыдэкIуэтей щIэблэм адыгэгу якIуэцIылъу, адыгэбзэр дахэу ягъэшэрыуэу къэгъэхъуным хуэнэхъуеиншэ Мухьэмэд иужьрей илъэс 25-м республикэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм зэрызащIигъэкъуам, я Iуэхухэр зэрадиIыгъам, мурадыфIхэм зэрытригъэгушхуам егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я деж и пщIэр щиIэтащ, и адыгагъэр здынэсыр гъунэншэ ищIащ.



«Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэ-фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм, абы и къэпщытакIуэхэм, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм къабгъэдэкIыу дохъуэхъу хьэлыфIу хэлъ псори зи фIыщIэ и анэм, и зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ къыхэзылъхьа и адэм я псэхэр къыхуэарэзыуэ, бын насыпым иригушхуэу, лъэпкъ ехъулIэныгъэхэм дэбжьыфIэу, и уафэр къащхъуэрэ и щIылъэр щхъуантIэу, гуфIэгъуэр и Iэпэгъуу, и фIыщIэр мыкIуэду иджыри куэдрэ ди япэ итыну!

*«Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекIуахэу*
**БЕКЪАН Масирэт, МЭШЫКЪУЭ Iэсият,**
**НЭХУЩ Залинэ, ХУР Мадинэ сымэ.**

## ФIЫУЭ УДОЛЪАГЪУ

Адэжь щIыналъэм пэIэщIэу псэухэм ди гум щыщIэмрэ ди насыпыншагъэмрэ къыбгурыIуэу, ди хэкужьым пыщIэжа дыхъужын папщIэ уемышу епхьэкI лэжьыгъэхэм щхьэкIэ дэ, хэхэс адыгэхэм, ди гущIэм лъагъуныгъэ лей щыпхудохъумэ.

Сынохъуэхъу адыгэ лъэпкъым ди гъуэгур бгъэнэхун папщIэ еш умыщIэу епхьэкIа илъэс 80-м хуэдиз уи гъащIэм къыпищэну.

Сынохъуэхъу лъагъуэ дахэ хэпшу гъащӀэм къыщыпкӀуа гъуэгуанэм насыпымрэ гуфӀэгъуэмрэ уи дамэгъуу иджыри куэдрэ утетыну.

Сынохъуэхъу уи гур здэплъэм уи Ӏэр нэсу, уи дыгъэр нэхуу къепсрэ уи гъащӀэр бзэпсу куэдрэ утхуэпсэуну.

ФӀыуэ удолъагъу, мэд!

**Уи къуэш КЪУЩХЬЭ Догъан.**
*Тырку Республикэ, Истамбыл къалэ*

## УАДЫГЭУ УПСЭУНЫР ТЫНШКЪЫМ

ГъащӀэ. Сыт ар зищӀысыр? Тхыдэм и зы напэкӀуэцӀ, хьэмэ зыми емыпхауэ Тхьэшхуэм цӀыхум къытхуиутӀыпща зэман? Гугъущ, хуабжьу гугъущ мы упщӀэхэм я жэуапыр кӀэщӀу къэпӀуэтэну.

Пасэрей цӀыхушхуэ гуэрым жиӀэгъауэ щытат: «ЦӀыхур дунейм къыщӀытехьэр лӀэныгъэм зыхуигъэхьэзырын хуейуэ аращ». Тобэ, уегупсысмэ, сыту акъыл куукӀэ гъэнщӀа мы псалъэхэр! Шэч хэлъкъым цӀыху гъащӀэр тхыдэм и зы напэкӀуэцӀу зэрыщытым, езы цӀыху щхьэхуэм Тхьэшхуэм къыхуиутӀыпща зэманымкӀэ къэухъуреихьауэ. ЩыапхуэдэкӀэ, а зэманыр ӀуэхугъуэфӀкӀэ гъэнщӀауэ, укъызыхэкӀа лъэпкъым уигу хуэныкъуэрэ хуэнэхуу, абы ухуэлажьэу къэбгъэщӀэныр аращ насыпым и насыпыжыр. Арагъэнщ «ЛъэужьыфӀэ ухъу!» адыгэжьым щӀыжиӀэгъар...

Мы гупсысэхэр си гум къыщызыгъэушар адыгэлӀ щэджащэ, зи лъэпкъым зигу хуитхьэщӀыкӀа, зи гъащӀэр лъэпкъ тхыдэм къыкӀэрыпх мыхъуну зыхь тхакӀуэ, публицист, журналист, жылагъуэ лэжьакӀуэ цӀэрыӀуэ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэм хуэгъэзауэ си псалъэ згъэӀуну си насып къызэрихьаращ.

«Уадыгэу упсэуныр гугъущ», – жеӀэ шэрджэс усакӀуэ Бемырзэ Мухьэдин. Абы къикӀыр нэрылъагъу къытхуещӀ зи гугъу тщӀы лӀы губзыгъэм и гъащӀэм. ЩӀалэ дыдэу щӀидзауэ Мухьэмэд фӀэщхъуныгъэ иӀэу лъэпкъ Ӏуэху зэрехуэ. УкъызыхэкӀа лъэпкъым гу хуабагъ мащӀэ дыдэ нэхъ мыхъуми хууиӀэжу щытмэ, уимыгъэпӀейтейуэ къанэркъым ХьэфӀыцӀэм и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа тхылъхэу «Адыгэ мамлюкхэр», «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», «ХамэщӀым вагъуэхэр щоужьых» жыхуиӀэхэм ущеджэкӀэ. Нэрылъагъущ ахэр зи ӀэдакъэщӀэкӀым и гур и лъэпкъым къызэрыхуитхьэщӀыкӀам къыщымынэу, лӀыгъэшхуи зэрыхэлъыр. Пэжыр жызыӀэфыр гу зыкӀуэцӀылъырщ, цӀыху къабзэу дунейм тетырщ.

ХьэфӀыцӀэм и тхыгъэхэм ящыщ куэд урысыбзэкӀэ, инджылызыбзэкӀэ, нэмыцэбзэкӀэ, хьэрыпыбзэкӀэ, тыркубзэкӀэ Урысейм, Америкэм, Германием, Тыркум, Иорданием, нэгъуэщӀ къэралхэм къыщыдэкӀащ. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, ди лъэпкъ тхыдэ уардэм зигу къыхуэплъхэм, абы нэгъуэщӀынэкӀэ езыгъэплъыжахэм, ар дунейпсо утыкум изыхьахэм ящыщщ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд. Дауэ атӀэ апхуэдэ цӀыхум фӀыщӀэ зэрыхуумыщӀынур?!

«Адыгэ псалъэ» газетым ХьэфIыцIэм тригъэкIуадэ зэманым хуэдиз зи гуащIэ къихьын куэд урихьэлIэнукъым. Ауэ абы нэмыщIыжу, Мухьэмэд гуащIэшхуэ хелъхьэ «Черкесское зарубежье», «Нарт», «Хасэ» газетхэр гъэхьэзырынми. Абыи уфIэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я лъэпкъ газетхэр зэщIыгъуу дунейм къытехьэ зэрыхъуар зи жэрдэмхэм ящыщщ ХьэфIыцIэр. Мы Iуэхум адыгэхэм я дежкIэ пщIэуэ иIэм уасэ хуэщIыгъуейщ. Адыгэ лъахэхэм щыпсэу зэлъэпкъэгъухэм я нобэрей гъащIэр, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр IупщIу къызэрагъэлъагъуэм къыщымынауэ, къыдэкIыгъуэ зэхэтхэр лъэпкъыр зы щIыжыным хуолажьэ. Арагъэнщ Мухьэмэд щIызэрихьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд «сыадыгэщ» щыжиIэкIэ, щIэIэнкунын лъэпкъ дэслъагъуркъым, и лъэпкъ напэр и къурIэну, адыгэлI нэгъэсауэ дунейм тетщи.

**ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ,**
*тхакIуэ.*
*Черкесск къалэ, 2015*



## ГУПСЫСЭМ И ПСЫ ЖАПIЭ

ЦIыху къэс и Iэпкълъэпкъым хэпщащ къэзылъхуа лъэпкъым и псэр. Дэ фIыуэ долъагъур ди бынхэри, ди Iыхьлыхэри, ауэ «Лъахэ» псалъэм хуэтщI пщIэр гъунапкъэншэщ. Адэжь лъахэр гущIагъщIэлъу зехьэныр ди лъэпкъым и щэн-хьэл нэхъыщхьэу щытщ. Хэкум худиIэ фIылъагъуныгъэм и щыхьэт наIуэщ и тхыди, и хабзи-бзыпхъи щIэныр, ар пхэлъыныр, зепхьэныр. «Хамэ хэку ущыхъан нэхърэ, уи хэкужь щыIэхъуэ» жызыIэфа адыгэм и гъащIэ гъуэгу гъуэмылэр Кавказырщ. Адыгэм хуэябгэу къыщIэкIа XIX лIэщIыгъуэм хэкукъутэр къытхуихьыным къыщымынэу, атIэ, джэшыдзым и IэмыщIэм къилъэлъа хуэдэ, дуней хъурейм адыгэр трипхъащ.

Адыгэм и хэхэс гъащIэ дыджым тетхыхьыну япэу тегушхуахэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Абы щIалэ дыдэу и гупсысэм и псы жапIэр наIуэ къищIыфащ, хамэщIыр хэхэс шэрджэсхэм хэку яхуэхъунукъым, Кавказым и щIыдэхъу лъэпкъщ адыгэхэри, абыхэм адэжь щIыналъэм къагъэзэжын хуейщ, жиIэу егупсысри.

Урысей пащтыхьым къригъажьэу иужькIэ Совет властым зэтриIулIа тхыдэ пхъуантэжьу адыгэм къылъыса гуауэшхуэр зыщыгъэпщкIуауэ нобэр къыздэсым екIуэлIапIэ зимыIэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд кIуэрабгъу къыхуигъуэтыфащ. Мухьэмэд фIыуэ ищIэу къысщохъу дыщэлъыхъуэм пшахъуэр Iэгум щыщIигъэкIкIэ, зылъыхъуэ цIугъэнэр налъэ-налъэурэ къызэрилъэсым и Iэмалхэр. Сыту жыпIэмэ ар мащIэ-мащIэурэ, нэрыгъыу, ерыщу адыгэ Iуэхум щIэроIэф.

Ену сщыгъупщэкъым 1967 гъэм, Алма-Ата дэт къэрал университетым сыщеджэу, Налшык къыщыдэкI щIалэгъуалэ газетыр нызэрысхуагъэхьар, «ХамэщIым вагъуэхэр щоужьых» фIэщыгъэр зиIэ тхыгъэ щIэщыгъуэ дыдэу Тыркум и ныпым щIэту дунейпсо утыкум батэ щызыгъэшыфа адыгэ пелуанхэу Догу (ГъукIэ) Яшар, Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид, Аталай (Нагъуэ) Мыхьмуд сымэ яхуэгъэзам сыщеджэм, пхужыIэжынукъым а сэ къэзгуфIауэ щытар.

Сэ сызэреплъымкIэ, адыгэ хэхэсхэм ятеухуауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къилъыхъуэфамрэ къитIэщIамрэкIэ, абыхэм я гъащIэм ехьэлIауэ хэкужьым щыпсэухэм я гупсысэм хипщэфамкIэ, абы къыпэхъун нобэкIэ диIэкъым.

ЗыхапIыкIа лъэпкъым къыщыщIа гуауэм зи акъылыр, зи гупсысэр ирихужьа къэхутакIуэм и тхыгъэхэм щызэщIотаджэ Мысырыр, Тыркур, Щамыр, Иорданиер, Израилыр, Ливаныр, Франджыр, нэгъуэщI къэралхэри зэрыгушхуэу а щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я гъащIэ гъуэгур.

Адыгэ дунейр къызэщIэкъуэжыным и псэр хуэзыгъэтIылъ цIыхущ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. «Емызэш шэрыуэ» жыхуаIэщи, ди къуэш нэхъыжьыр лъэпкъ Iуэхум Iэрыхуэ хуэхъупащ.

ЗэрыжаIэщи, цIыху къэс къыпоплъэ зыдэкIын хуей езым и Iуащхьэ. Собж сэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд иджыри и Iуащхьэм и щыгум имыуvауэ, атIэ докI, докI и аранэм, икIи абы нобэ сыхуоупсэ и гъащIэ Iуащхьэм дэкIыным тригъэкIуэда зэманым хуэдизкIи къехыжыфыну. Уи гурыщIэм ухунэсыну, утеIэбэфыну, Тхьэм къыуипэс, си къуэш Мухьэмэд.

**ЩАКIУЭ Мусалий,**
*Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*
*Черкесск къалэ, 2021*

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ

# ЗИ НЭХЭМ УАФЭХЪУЭПСКI КЪЫЩIИХ СУЛЪТIАН*

*Повесть*

## Шыщхьэр пIэщIэкIмэ, шыкIэм укIэлъымыIэбэж

1

1394 гъэм и гъатхэрт. Шэджагъуэм ирихьэлIэу къешха уэшх кIэщIым сабэр зытрилъэщIыкIа уафэм дыгъэр нэхъри пщтыр хъуауэ къыщыщIэкIыжат. Абы къиIэта бахъэр Iуву Багъдад щхьэщытт, уэлбанэм къигъэуцIыныжа сахуэм къыхиху мэ дыджымкIэ кудауэ. Алэрыбгъу удзыфэм текIута налмэс щыгъэу щыта къалэ щIэращIэр фэрэкIым ириха нэкIум хуэдэу фаджэт. Гуп-гупурэ уэрам зэвхэм къыщызыущыхь тэтэр зауэлIхэм яIумыуэн щхьэкIэ, къалэм къыдэнэжа закъуэтIакъуэхэри дунейм къытехьэхэртэкъым. Нэм къыфIэнэн къыдамынэу, Багъдад ягъэкъэбзат, псори Сэмэркъанд ягъэIэпхъуат, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ зиIи къамыгъанэу, щхьэхуимыту абы яшат. Хьэрып лъэпкъ таурыхъхэм я гупсэ Багъдад псэншэт. Иджыри гъащIэ абы щыIэу къозыгъащIэр мафIэм имылыпщIу къэна кIарц гъэгъахэм къапих мэ гурыхьырт. Хы толъкъуным ещхьу хьэуа Iувыр зы мардэм тету щIэзыупскIэ жьыбгъэ мащIэм пIалъэпIалъэкIэрэ сырымэр щхьэщихырти, гум псэхугъуэ езыт мэ IэфIыр, Iэпкълъэпкъ псом зызыщимыгъэнщIыр, къыпIурыуэрт. Темырлан гущIэгъуншэу къалэм иридза мафIэми, и зауэлIхэм я залымыгъэми къызэтригъэувыIэфатэкъым гъащIэр. И чэзур къэсу, КъэгъэщIакIуэ Иным и IэмыркIэ къэуша дунейр цIыху къарур зыпэмылъэщынт, ар сыт хуэдизу ерууэ щымытми. Ауэ абы мащIэт зэригъэпIейтейр Тимур ябгэ. И мурадыр къехъулIати, ар егупсысырт адэкIэ здигьэзэну лъэныкъуэм.

Гъатхэ дыгъэм и бзийхэр яхущIэхъумэртэкъым балиифэ щхьэгъубжэ Iупхъуэ Iувхэм. Абыхэм къапхыпс нурыр, тхьэмбылыфэ жьауэу, пэш кIуэцIым къыщIидзэрт, лъым ириIауэ фIэкIа умыщIэну. Багъдад игъуэта теплъэмрэ Iэуес хъаным и зыгъэпсэхупIэ пэшымрэ зэбгъапщэ закъуэмэ, куэд уи гум къигъэкIырт зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гущIэгъумрэ залымыгъэмрэ теухуауэ. Ауэ а зэщхьэщыкIыныгъэшхуэхэми Темырлан мыхьэнэуэ ирит щыIэтэкъым, есэжат апхуэдэхэм. Къэдабэ удзыфэ зытебза шэнтиуэ лъахъшэм ису, ар епсалъэрт и эмирхэм. И пащхьэ къит китай Iэнэ плIимэм тет пиалэм ит фом, дыщэ бжэмыщх цIыкIунитIэкIэ къыхихыурэ, зэзэмызи ебзейрт. Абы и ужькIэ, IэфIым ирисых Iур зэщыщхъу ирищIыжу, псынщIэу шей удзыфафэм еIубыжырт. Апхуэдэу щищIыр и дзэзешэхэм я Iуэху

* КIэухыр. ПэщIэдзэр 2025 гъэм и етхуанэ, еханэ номерхэм итщ.

еплъыкIэр зригъэщIэну псалъэ щарит дакъикъэхэрт. Кагъаным (хъанхэм я хъаныжым) нэхъ тригъащIэрт гъэмахуэр къэмыс щIыкIэ мы щIыпIэр къэгъэнауэ ищхъэрэ щIыналъэхэмкIэ унэтIын зэрыхуейм. Хуабэр къутэмэ, абы и мурадт мыбы къигъэзэжу Хышхуэ Iуфэм Iус хьэрып къалэ къулейхэм «щыхьэщIэну».

Абы ирихьэлIэу, бжэм адэкIэ Iэуэлъауэ макъ къыщыIуащ. ХъумакIуэ нэхъыжьыр хэкъузауэ зыгуэрым епсалъэрт, адрейри ерыщу къыщIэкIынти, хуикIуэтыртэкъым. Темырлан и тхьэкIумэм зэрэтIэурэ Исмэхьил-бей и цIэр къиIуащ.

Мамлюкхэм яубыда АтIлэмыш къаригъэутIыпщыжу, апхуэдэ лей къезыхахэм тезыр ятрыригъэлъхьэн мурадкIэ Диябакыр игъэкIуа и дзэзешэ пажэм и цIэр щызэхихым, зыгуэр къызэрыхъуар къыгуры-Iуауэ, кагъаным и щхьэр къиIэтащ. Пэшым зыри къыщыщIэмыхьэм, къэхъуар зригъэщIэну, Темырлан зыхуигъэзащ къэжэр алэрыбгъу щабэм и кIапэм тес и дзэзешэ нэхъ щIалэхэм ящыщ зым. ЩIалэр тIэу пкIэгъуэкIэ бжэм адэкIэ къыщыхутащ. Асыхьэтуи къыщIыхьэжащ, Исмэхьил-бей къыбгъэдэкI хъыбарыр зэрыт тхылъыр иIыгъыу...

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Чингизхъан и къэрал гъэпсыкIэу, и Iуэху зехьэкIэу щытам щыщ куэд къигъэсэбэпырт Темырлани. Абы зэрыжиIэмкIэ, иужькIэ тырку хъужа барлас монгол лъэпкъым, Чингизхъан зыщыщым, къыхэкIат езыри. Хъанхэм я хъаныж Чингизхъан деж къыщежьэ и лIакъуэм сэмэркъанд эмирыр хуабжьу иригушхуэрт. ИпэжыпIэкIэ, адэшхуэм хуэфащэт и щIэблэри. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ», – жаIакъэ адыгэхэм!

НтIэ, мис а Чингизхъан и пощт зегъэкIуэкIэу щытар зэтриублэжат Темырлан. Иубыда щIыналъэхэм я гъуэгу нэхъыщхьэхэм абы тригъэувэрт пощт унэхэр, шэщхэр. Абыхэм сыт щыгъуи хьэзыру щыIэт кагъаным и унафэхэр зыIэрыхьэн хуейм псынщIэу нэзыгъэсыну ямхэр («ямщик» урыс псалъэр абы къытекIащ). Гъуэгуанэ трагъэувэ шыхэм пщIэхалъхьэ IэпслъэпсхэмIудэ баринэ цIыкIухэр кIэращIэрт, адрейхэм къыхрагъэщхьэхукIыну. Хабзэм ипкъ иткIэ, пощтыр зыхьхэм яшхэр занщIэу хузэрахъуэкIыу, гъуэгу трагъэувэжын хуейт. ЦIыху щхьэхуэхэм, сатуущIэхэм ахэр къагъэсэбэпыну хуит ящIыртэкъым. Пощтыр нэхъыбэу зыхуэлажьэр эмир нэхъыщхьэрт, абы и унафэхэмрэ дзэзешэхэм къалэн ящищIхэмрэ зэбграхыу. Ар къагъэсэбэпырт къэрал лIыкIуэхэми, щIыналъэхэм я унафэр ящIыну Темырлан игъакIуэхэми. Пощт IуэхущIапIэхэр зыхуей хуагъэзэну я къалэнт щIыналъэхэм я тетхэм. Абы щхьэкIэ апхуэдэхэм щхьэщахырт ятын хуей мылъкум ящыщ гуэрхэр. Исмэхьил-бей къыбгъэдэкIа хъыбарыр Темырлан деж къэзыхьари ямхэм ящыщ зыт.

... КъыщIыхьэжа дзэзешэм кагъаным щхьэщэ хуищIри, Исмэхьилбей и мыхъурыр зытегъэуа тхыгъэр иритащ. Темырлан мыхъурым еплъри, «къеджэ» жыхуиIэу, и тхакIуэм ар хуишиижащ. Исмэхьилбей къитхырт Сэмэркъанд и эмир иным и лIыкIуэхэр мамлюк ерухэм зэраукIар икIи къелъэIурт джаурхэм ар яхуимыгъэгъуну. Те-

мырлан и нэкIур зэIуущ, и пэбгым къыщыщIидзэу и натIэм хыхьэ лэдэхитIыр зэхуэкIуэжащ. И губжьыр зэрырикъухын гуэр лъыхъуэу, абы псынщIэу зиплъыхьащ, итIанэ шей зэрыт пиалэмкIэ пхъуащ. Ауэ и Iэпхъуамбэ кIыхьхэм ар яIэщIэцIэфтри, Iэнэ цIыкIум еджэрэзэхащ. Щхьэхъумэхэр занщIэу абыкIэ пхъуат, пиалэр хузэрахъуэкIын мурад яIэу. Ауэ абыи хунимыгъэсу, Темырлан къупщхьэ кхъуэщын цIыкIур къипхъуатэри, шейм пIащIэу зыбжанэрэ еIубащ. Кхъуэщыныр къыщишиижым, щхьэхъумэр пхъуэри къыIихыжащ икIи хуэсакъыпэурэ Iэнэм тригъэувэжащ. Темырлан и хьэлъагь псомкIи шэнтиуэм и джабэм зрикъузылIэу и тхыр иукъуэдийри, зыкъомрэ щысащ щыму.

– Уафэр зэтезыIыгъэ къару! – къригъэжьащ Темырлан, и щхьэр къиIэтри. – Уэращ зэхэзыгъэкIыр къуаншэри захуэри, лей зезыхьэми хуэбгъэгъуркъым. Мамлюк удэфахэм яхуэфащэр зэрагъуэтыжынури хьэкъщ!

ИтIанэ ямым къихьа хъыбарым нэхърэ кагъаным и гур зэрыхэщIыр телъыджэ зыщыхъуа дзэзешэхэм захуигъэзащ:

– Зэхэфхакъэ, пщIэ зыхуэсщI си зауэлI хахуэхэ, мысыр сулътIаным къыдипэсхэр?! Си дзыхь зэзгъэз Джэхьэн зи пашэ лIыкIуэхэр щхьэпылъэ ищIащ джаурым. Абы и закъуэ?! Мамлюк хьэщэхурыпхъуэхэм бэлэрыгъауэ япэщIэхуа АтIлэмыш хьэпсым щаIыгъщ. МамлюкхэмхьэIуцыдзым хуэдэу зыщахущыхь Щам бгъуэщIым. Сыт хуэдиз си зауэлIу абыхэм яIэщIэкIуэдар? Иджы жыфIэ: куэдрэ тедгъэхуэну дигу апхуэдэ икIагъэхэр? – губжьат хъаныр.

Темырлан и псалъэм къызэщIигъэплъа дзэзешэхэм зыжьэу къызэдыжаIащ:

– Зауэ! Джаурхэм – ажал! Дышэ, зиусхьэн, абыхэм я лъахэм!

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** 996 гъэм фатIимидхэм (Мухьэмэд бегъымбарым и пхъум и цIэм къытокI. Муслъымэн диным и шиит къудамэрщ зи гугъу ищIыр) я хъалиф МуIиз и дзэм, генерал Гаухар я пашэу, Египетыр яубыдауэ щытащ. Абы щегъэжьауэ, 1169 гъэ пщIондэ, Салах ад-Дин (Сэлэдин) Египетым и визирышхуэ хъуху, шиитхэм я гупсысэмрэ я Iуэху еплъыкIэмрэщ мэжджытхэм щIэлъар. Сэлэдин абы кIэ иритащ, суннитхэр тепщэ ищIри. Ауэ иужькIи лIэщIыгъуэкIэрэ Мысырым къыщыхачыфакъым фатIимидхэм я лъабжьэр. Арат Азие Курытым къикIа муслъымэнхэр Мысырымрэ Щамымрэ щыпсэухэм «джаурхIэ», «цIыху гъуэщакIэ» щIеджэр.

– А лъахэр гъэнщIащ къалэ къулейхэмкIэ, – пищащ и псалъэм кагъаным. – Абыхэм щызэхохьэ-щызэхокI дунеитIыр – къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ – зэпызыщIэ чэруан бжыгъэншэхэр. МыкIуэщIыжынщ я сату щIыпIэхэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэр.

– Яхуэфащэкъым Тхьэм и тыгъэ лъапIэхэр нэмысыншэхэм, цIыху мыгъасэхэм! – къыхэIукIырт дзэзешэхэм я сатырым макъхэр.

– Абыхэм я лъахэм щIымахуэ къыщыхъуркъым, псыкIэ къулейхэщи, зы илъэсым гъавэ тIэу-щэ щIым къытрах, – жиIащ Темырлан, Мысырым фIыуэ зэрыщыгъуазэр къигъэлъагъуэу. – Я уэх щхъуантIэхэр Iэщ гъэшхахэм яуфэбгъу, яшхэм хуэдэ уигъэлъыхъуэнщ...

– Дыгъэлъагъу, ди гъуазэ нур, джаурхэм я лъахэм ухуэзышэ гъуэгур. Тхьэр ди щыхьэтщ ди маисэдзэхэр джаурхэм я пщэм къыIуедгъэгуэнкIэ, ди шабзэшэхэм я фий макъым Iимансызхэр дэдгъэгулэзынкIэ! – яфIэщт эмирхэм.

Темырлан и Iэ ижьыр къиIэтащ, дзэзешэхэр игъэсабырыжыну. Iэуэлъауэр тIэкIу зэрыужьыхыу, и тхакIуэр зыбгъэдишащ.

– И чэзур къэса си гугъэщ зыри зытемыкIуэжыну ди дзэр къухьэпIэмкIэ унэтIын щыхуей зэманыр, – жиIащ кагъаным, – ауэ абы ипэ къыихуэу Мысырым и султIан щыкIам ирырещIэ нэхъ гурыIуэгъуэуи дызыхуейр зэрыжетIэфынур.

ТхакIуэри хьэзырт. Дауи, ищыпэтх хъунтэкъым апхуэдэ тхыгъэхэр. Сэмэркъанд дзэзешэр зыхуейр псынщIэу тхылъымпIэм кърыгъэхутащ псалъэм и къарумрэ и дахагъымрэ фIыуэ щыгъуазэ тхакIуэм. Иджы ар Бэрыкъуэ хуигъэкIуа япэ лIыкIуэм иIыгъа тхылъым хуэдэжтэкъым. Бегъымбарым и лIыкIуэу зызылъытэж Темырлан игу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым къыздикIари къызыхэкIари зымыщIэж Бэрыкъуэ хуэдэ султIан жьгъейхэм я гушыIэкIэр. Тхыгъэм «мафIэ къыпылъэлъырт». Мис ар:

*«Тхъэуэ уафэри щIылъэри къэзыгъэщIа, щыIэри щымыIэри зыщIэ, цIыхубэр зыузэщIым и цIэкIэ!*

*ЗэгъащIэ, Бэрыкъуэ и къуэ, дэ Тхьэм дридзэщ, и губжь тхэльщи, ди ней зыщыхуэм тыдокъутэ. ДыгущIэгъуншэщ: щIыр догъэс, цIыхур догъэбзэх. Дигухэр бгым хуэдэщ, ди бжыгъэр пшахъуэщIщ. Дишхэр пэрытщ, ди шабзэхэр мэфий.*

*Ди щIыналъэр гъунапкъэншэщ, ди гъунэгъухэми лей ялъыдгъэсыркъым. ФыдижыIэдаIуэмэ, дыдейр – фыфейщ, ди фIыр – фифIщ. ФыдимыжыIэдаIуэрэ – дыкъуаншэкъым, фэ езым зывгъэкъуэншэж.*

*БыдапIэ щхъэкIэ дыгузавэркъым, дзэи къытпэувыфыркъым, фи Тхьэ лъэIуи къытлъэIэсынукъым, сыт щхъэкIэ жыпIэмэ, фыхьэрэмышхщи... фыгупгъэкIуэдщи. Къыфпэплъэр шынагъуэщ, гууз бзаджэщ.*

*Фэ жывоIэ дэ дыджауру. Дэ жытIэр фэ фыджаурущ.*

*Фи куэдыр ди мащIэщ, фи пщыр ди пщылIщ, дыгъэ къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ я зэхуакур дищIщ.*

*Мы тхылъыр ныфхудогъэхь, и пэгъуэкIыр псынщIэу къытлъэвгъэIэсыж. КъытлъэвмыгъэIэсыжрэ – фыщыIэжкъым. Ди псалъэ налкъутналмэсыр зыгурывгъаIуэ!»*

ТхыгъэмкIэ игу зэгъати, Темырлан и мыхъурыр къригъэхьащ. Ар тхылъым зэрытригъауэу, ямыр кърaджэри гъуэгу трагъэувэжащ, сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу Исмэхьил-бей и деж нигъэсын щхьэкIэ. АдэкIэ Исмэхьил-бей ар хуригъэхьын хуейт Хьэлэб и тетым, мысыр султIаным Iэригъэхьэжын хуэдэу.

А зэIущIэм и ужькIэ, махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, Темырлан и дзэм Багъдад ибгынэу хуежьащ. ЯпэщIыкIэ къалэм дэкIащ Ахъмэт-бей зи пашэ мин плIыщIыр. Абы псышхуитIым яку дэлъ тIуащIэр зэпиупщIри, Евфрат нэсащ икIи, абы и ауз щхъуантIэхэм дэту,

ипщэкIэ дригъэзеящ. Ар зэрызэфIэкIыу, Темырлан дзэ нэхъыщхьэр зыщIигъури, къыздикIа лъэныкъуэмкIэ ежьэжащ. Къалэ къулеймрэ Iуэхуншагъэмрэ дзэр зэрызэкIэщIигъэлэжьыкIыр зылъагъу дзэзешэ хьилэшым адэкIэ зиIэжьэ зэрымыхъужынур къыгурыIуат. Ар ныкъуэкъуэгъу лъыхъуэрт. Езым хуэфащэу къилъытэр мамлюк шуудзэрти, абы хуэпIащIэрт...

2

Накъыгъэ мазэм и дахагъ псомкIи зыкъыщызэIуихат Нил псыхъуэм. Муккатам IуащхьэмкIэ къыщежьэрэ, мывэ зэмыфэгъу куэдыщэм къыхэщIыкIа дэкIуеипIэм ещхьу, зи унэхэр данэпс гъуатIафэу зызыукъуэдия псым еуалIэ Къахир дахащэт. Сахарэ къумымкIэ къриху пщэдджыжь жьыбгъэм псыхъуэм дэт чэруан-сэрейхэм къыщипхъуатэрт пасэу хъу хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я мэ IэфIыр икIи къалэ уэрамхэм дэз ищIырт. СулътIан къэсрэным пэмыжыжьэу къыщыт Хъалил Iэл-Джаркаси и сату щIыпIэм къыдихыурэ щхьэгъубжэ IухамкIэ пэшым къыщIихьэ гъатхэмэ гуапэм зыщимыгъэнщIу, Бэрыкъуэ щыст, къэхьэуэ ефэу. Ар ежьэрт и дзэпщ Чымшыбгъэ, мысырыдзэр Щам лъахэм зэрагъэIэпхъуэну щIыкIэмкIэ ечэнджэщыну къригъэблэгъам. Гъатхэ зыкъизыхым хуэдэу гукъыдэжыфI иIэт езы сулътIанми: абы Александрей къикIыу къыIэрыхьа къудейт Диамисрэ Фэрэджрэ ятеухуа хъыбарыфI.

Къахир хуэдэ жэнэт щIыпIэм, дауи, бийр къэбгъэс хъунутэкъым. Ауэ Бэрыкъуэ игу хуэныкъуэт быдапIэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм, кIэнауэм декIуэкIым, дахэ-дахэу гъэбыда мыхъуам. Мы Iуэхур дапщэрэ кърimыхьэжьами, тригъэкIуэдэн мылъкур къемэщIэкIыурэ щигъэтыжат. Муккатам бгым мывэ къипшыным мылъкушхуи къаруушхуи текIуадэрт. Бэрыкъуэ хуейтэкъым, Сэлэдин зэрищIам хуэдэу, фирхьэун пирамидэр иригъэкъутэу, быдапIэ блыныр абыкIэ дрищIеину. Фостат-Мисрэ къалэжьымкIэ гъэза блынри лъахъшэIуэт, ари мывэ зыбжанэкIэ иджыри къэIэтыжын хуейт. Къалэр ищхъэрэкIэ къикI биймм ирищахъумэну, Муккатам бгым и лъапэм нэсу яукъуэдия блынри жорзехьэхэм зэхакъутати, абы и зэгъэпэщыжынри кIыхьлIыхь хъуат. Щхьэусыгъуэр къахирдэсхэм я псэупIэхэр а блыным адэкIэ щаухуэу зэрыщIадзарт. Блыныр дэпщIеижкIи иджы мыхьэнэ иIэжынутэкъым, къалэм къыхыхьэжати. Ар адэкIэ гъэIэпхъуэн хуейт.

Абы нэхъей, мызыгъуэгуми къедэIуакъым мажусий щыкIахэр. Илъэс дапщэ хъуауэ яжриIэрэ Наурыз махуэшхуэр щагъэлъапIэкIэ дэнэ и деж къапэщIэхуэми мафIэ щамыщIыну. Дапщэрэ мафIэс къагъэхъурэ, цIыху дапщэ екIуэлIапIэншэу, ерыскъыншэу къагъанэрэ? Зэ къалэ псо – Фостат-Мисрэ – ягъэсащ. ИтIани, Iущ хъухэркъым. Мы гъатхэми ищхъэрэ хьэблэшхуэм фIыцIагъэ фIэкIа къыхэнакъым.

Наурызыр гъэлъэпIэныр Мысырым и цIыхухэм тыншу зэрызыхыумыгъэнэфынури хабзэр лъэхъэнэ жыжьэм къызэрыщежьэ-

ри фIыуэ ищIэрт Бэрыкъуэ. КIыфIыгъэр тригъэкIуэту, псоми псэ къаIузыгъэкIэж Дыгъэм – Тхьэм – къыщигъэзэж махуэмрэ жэщым я кIыхьагъымрэ зэхуэдэ щыхъужым епха гуфIэгъуэр цIыхухэр мажусий диным щита пасэ зэманым къыщежьат. Муслъымэн динри лIэщIыгъуийкIэ абыхэм ебэна щхьэкIэ, а пасэрей хабзэхэр цIыхухэм IэщIыб яригъэщIыфатэкъым. Ауэ апхуэдэуи къэбгъанэ хъунутэкъым: нобэ зы хьэблэ ягъэсамэ, пщэдей Къахир дахащэм и пIэ жьым зэрихьэу яжьэ къихутэнкIэ хъунут.

Бэрыкъуэ дзэм къригъэувыхьащ мажусийхэр нэхъ щыета хьэблэхэр икIи зэманыжьым и щIэин Iейр зыханэну яхуигъэуващ. Ар ямыдэу зыкъэзыIэтхэр къригъэубыдурэ, хьэпсым щIригъэдзащ. АбыкIи IумпIафIэ мыхъухэр бетIалхэр здигъэкIуа къалэхэм яригъэшащ, илъэс бжыгъэ пыухыкIакIэ Къахир къыдыхьэжыну хуимыту. Апхуэдэ унафэм и ужькIэ муслъымэнхэм «уэху» жаIэжащ.

... Къахир мысырыдзэр пIалъэкIэ къыщыувыIэ, зыщигъэпсэху быдапIэут ухуэн къызэрырагъэжьар. 996 гъэм шыщхьэуIу мазэм и 5-м МуIиз хъалифым и дзэзешэ Гаухар Египетыр иубыда нэужь мурад ищIат, хъанхэмрэ хъалифхэмрэ зэрахабзэу, къалэ зэгъэпэща гуэр щыхьэр имыщIыну. Ар щхьэусыгъуэншэтэкъым. Гугъуехьым щIапIыкIа, куэд зи нэгу щIэкIа дзэзешэм (Гаухар езыр пщылIу щытащ) къыгурыIуэрт зы псэукIэ зиIэ, зы унафэм едаIуэу еса къалэдэсхэр тыншу узыхуейм къызэрыпхутемышэнур. Абы къыхэкIыу, Гаухар мурад ищIат Фостатым ипщэIуэкIэ, Муккатам бгы лъапэм и деж, къизэуа щIыналъэм и щыхьэрыщIэ щиухуэну. А щIыпIэ дыдэрт абы и дзэр жэщым зыщигъэпсэхуну къыщыувыIар.

АдэкIэ быдапIэм и лъабжьэр Гаухар зэригъэтIылъыгъа щIыкIэм и хъыбарыр хьэрып IуэрыIуатэм хыхьэжащ. Ар зэтемыхуэу, лIэужьыгъуэ куэду, Александрей къалэм ехьэлIауи къаIуэтэж, ауэ псоми я купщIэр зыщ. Макризи зэритхыжымкIэ, езы Гаухарт быдапIэм и плIанэпиплIыр къэзыгъэлъагъуэ къазыкъхэр хэзыукIар. Ахэр кIапсэкIэ зэрагъэубыдыжри, быдапIэм и инагъ хъунур ягъэбелджылащ. Абы арэзы щытехъуэм, зауэлI минхэр ирагъэувэлIащ, белхэр IэщIалъхьэри. КIапсэми уэзджынэ цIыкIухэр кIэращIащ. Ахэр зэрызууэ, дэпкъыр зыдагъэувэну кIэнауэр лэжьакIуэхэм датIыкIыу щIадзэн хуейт. Иджы псори зэжьэр вагъуэхэр, угъурлы нэщэнэу, уафэм щызэблэувыкIыну дакъикъэхэрт. Абы кIэлъыплъырт вагъуаплъэ нэхъ Iэзэ дыдэхэр. Ауэ псори зэхигъэзэрыхьыжащ кIапсэм къытетIысхьа къуанщIэ фIыцIэжьым. Уэзджынэхэр зууащ, асыхьэтуи зауэлI минхэр зэдэууэ лажьэу щIадзащ. Вагъуаплъэхэр гужьеяуэ зэрыгъэкIиящ:

– Iэл-Къахирэ (Марс) къыщIокI!

Зауэм и нэщэнэу ялъытэ Марс и къыщIэкIыгъуэм къалэр ухуэныр зэрыщIадзам вагъуаплъэхэр игъэшынащ. А нэщэнэ мыщхьэпэм абыхэм ирапхат тыркухэр къатеуэу къалэр яубыдыну. Вагъуаплъэхэр

зэрыщыуар илъэс бжыгъэрт. Пэж дыдэу, 1517 гъэм щIышылэ мазэм и 22-м тырку сулътIан Селим Къахир иубыдынут икIи иужьрей адыгэ пащтыхь Тумэнбей щыпилъэнут Баб-аз-Зувейлэ куэбжэшхуэм и деж. ИужькIэ Гаухаррэ вагъуаплъэхэмрэ сыт хуэдизрэ хущIэмыкъуами, «Iэл-Мансурие» (ТекIуэныгъэ къэзыхь) цIэр яхупхыгъэкIыжакъым, цIыхухэр Iэл-КъахиркIэ еджэ хъуащ быдапIэм. Хъалиф МуIиз къалэм къэIэпхъуэжа нэужь, «Iэл-Къахирэ» псалъэм и кIэух макъыр пригъэхащ. И мыхьэнэкIэ «Iэл-мансуриер» абы иризэпхъуэкI хъурт: «Iэл-къахир» псалъэми къикIырт «текIуа», «псоми япэлъэщ». Хьэрыпыбзэ зыщIэхэм къагуроIуэ а бзэм хэт псалъэм и зы макъ пхъуэжмэ, занщIэу нэгъуэщI мыхьэнэ иIэ зэрыхъур.

Къахир цIыху къызэрыгуэкIхэратэкъым щIаухуар. Псом япэу абы щыпсэун хуейр хъалифымрэ абы и IуэхутхьэбзащIэ бжыгъэншэхэмрэт, дзэрт. МуIиз и пащтыхьыгъуэм быдапIэм дэст – IуэхутхьэбзащIэми, зауэлIми, унэIутми – цIыху мин 30-м нэблагъэ. Къалэм къекIуэкI блыныр зэригъэувыну щIыкIэр къызэрыгуэкI дыдэу къыхихат Гаухар. Ар зэпэплIимэт: метр 1500-рэ и кIыхьагъыу, метр 1100-рэ и бгъуагъыу. Блыныр апхуэдизкIэ Iувти, абы и щыгум хуиту шууеитIым зэбгъурыту къыщакIухьыфырт. Блыныр щаухуэ дыдэм къыщIадзащ хъалифым и уардэунэмрэ аз-Азхар мэжджыт цIэрыIуэмрэ ящIынри.

Илъэс щитIым нэблагъэкIэ къалэ-быдапIэр зэхуэщIауэ щытащ. Уеблэмэ, хамэ хэгъэгу лIыкIуэхэри абы дашэрэ къыдашыжу фIэкIа, хэщIапIэ къыщратыртэкъым. Ауэ Фостат-Мисрэм щыпсэухэм зыкъаIэтри, апхуэдэ щытыкIэм кIэ иратащ.

Бэрыкъуэ и зэманым, дауи, япэрей Къахирым къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжат. Къалэм псынщIэу зиубгъуурэ, Нил псыхъуэм нэсат. Фостат-Мисрэ къалэжьри мафIэм исри, Къахир къыпыхужыпат. Бэрыкъуи къалэ ухуэныгъэм и нэIэ тригъэт зэпытт. Абы и жэрдэмкIэ псы Iуфэ шэдылъэхэр ягъэгъущри, чэруан-сэрейхэр, сату щIыпIэхэр, кхъухь екIуэлIапIэщIэхэр яухуат. Бэрыкъуэ и цIэм ирапхырт пщIантIэ, зыгъэпсэхупIэ зиIэ мэжджытхэр, мыдрисэхэр, сымаджэщхэр, топ джэгупIэхэр Къахир къыдэхутэу зэрыхуежьар. Абы шэрджэсхэр щыпсэу хьэблэ псо къызэригъэпэщат, и мурадхэри нэхъыбэжт. Ауэ иджыкIэ а псор зэтезыкъутэнкIэ хъуну зауэр къэхьэхун хуейт. АбыкIэ хасэр акъылэгъу къищIат, дзэм мылъкукIэ дэIэпыкъун зэрыхуейри цIыхухэм яригъэдат. Иджы къэнэжыр текIуэныгъэр мысырыдзэм къихьынырт. СулътIаным и Iэзагъым – дзэм унафэ зэрыхуищIыфым, бийм и тIасхъэхэр къызэригъэсэбэпыфым – псори елъытат. Арат куэдрэ зэгупсысу иубзыхуа IуэхумкIэ иджыри зэ и дзэпщ нэхъыщхьэм ечэнджэщыжыну мурад щIищIар.

Чымшыбгъэ къэсри етIысэха къудейуэ, Саирбей пэшым къыщIыхьащ икIи Бэрыкъуэ къритащ Хьэлэб и тетым къыбгъэдэкI тхыгъэр. Абы щIыгъут Темырлан и «тхыгъэри». Iэн-Насир Хьэмид къыхуитхырт сулътIаным Сэмэркъанд эмирым къыбгъэдэкIыу зи

щIыхьыр иным и цIэкIэ къыIэрыхьа тхыгъэр къызэрыхуригъэхыжыр. Бэрыкъуэ ибн Хъалдун къриджэри, Темырлан и мыхъурышхуэр зытелъ тхылъымпIэр хуишияц. Ибн Хъалдун макъкIэ тхыгъэм къеджэри, ар сулътIаным къритыжащ икIи, щхьэщэ хуищIри, адэкIэ унафэ къыхуищIыным ежьэу, лъэныкъуэкIэ IукIуэтыжащ. Тхыгъэм езы Бэрыкъуи зэ еджэжри, зыпэплъа гуэр къызэрехъулIамкIэ зыхуэарэзыжу икIи хьилэшагъ хэлъу, къыпыгуфIыкIащ.

– Дэгъуэщ, дэгъуэ дыдэщ, дызэрыхуеяуэ Iуэхур хъуащ, – жиIащ абы, Чымшыбгъэ дежкIэ зыкъигъазэри. – Езыхэм къазэрыщыхъужым хуэдэу, ягухэр бгым ещхькъым абыхэм, уеблэмэ езы Темырлан дыди. Къэдзыхащ икIи къэгубжьащ Iиблис. Зы Iэмал закъуэкIэ цIыху минипщIхэм я гъащIэр пхуэхъумэнущ, Чымшыбгъэ! Бийр щыхагъащIэр зэуапIэ губгъуэм и закъуэкъым! ЦIыху къэгубжьар бэлэрыгъыгъуафIэщ, бэлэрыгъар кIуэдащ!

СулътIанымрэ Чымшыбгъэрэ зэгурыIуауэ ялэжьа Iуэхур езыхэр зэрыхуейуэ зэриухам щыгуфIыкIырт Мысырым и дзэпщри.

– Иджы етIуанэ лъэбакъуэр чын хуейщ. Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ, жаIэ. Темырлан къыгурыIуащ лъэгуажьэмыщхьэу дызэрыхуэмытIысынур. Аращ шейтIаныр и пIэм къизышар. ДагъэкIэзызыну къытхуитхахэм ящыщу дгъэзэщIэнур иужь дыдэ Iыхьэрщ: еттыжынщ я псалъэ налкъутналмэсхэм пэгъуэкIи.

Ибн Хъалдун хьэзырыххэт сулътIаным жиIэхэр итхыну. Псалъэр гъэшэрыуэнымкIэ Темырлан и тхакIуэм нэхърэ нэхъ лъэрымыхьтэкъым ибн Хъалдун. Сэмэркъанд эмирым и тхыгъэм и жэуапыр ягъэгувакъым. Абы итт:

*«Зыхуэфащэмрэ зыхуэмыфащэмрэ зэхэзыгъэкI, лъапIэмрэ пудымрэ зылъытэ, псори зи Iэрылъ Тхьэ лъапIэм и цIэкIэ къыщIыдодзэ!*

*Фи тхылъыр къытIэрыхьащ, «Тхьэм дридзэщ, и губжь тхэлъщ, ди ней зыщыхуэм тыдокъутэ, дыгущIэгъуншэщ» псалъэ емыкIухэр зэрытыр. Фэ, езыхэр, щыхьэт фытохъуэж фызэрыцIыху гущIэгъуншэм, фызэрыцIыху икIэм, фызэрыджаурым. Тхьэм и ней зыщыхуэнхэ!*

*Дэ гурыщхъуэ зыхуэтщIыжыркъым дызэрымуслъымэнымкIэ, жэнэтыр ди пIалъэу, фэ мафIэр къызэрыфпэплъэмкIэ. ГъэщIэгъуэнщ – хьэм аслъэныр щыщтэу хэт зылъэгъуар? Башрэ джатэрэ зэпэхъурэ?!*

*Дишхэр хьэрыпышщ, дигухэр жанщ, ди шабзауэхэр шэрыуэщ, цIэрыIуэщ, фызыIэщIэкIуэдэнщ. Дэ дыфIэщIэкIуадэрэ – жэнэтырщ ди пIалъэр. Фи мыгугъэ Тхьэм и цIэкIэ зауэхэр лIэуэ, ахэр псэууэ Алыхьым и пащхьэм къохутэжхэр.*

*«Дигухэр бгыщ, ди бжыгъэр пшахъуэщIщ», жывоIэ. ЗэвгъащIэ, хьэрыпхэм яIэщ псалъэжь: «Мэл фIэгъэжыныр зи IэщIагъэм фIэкуэдкъым бжыгъэр». МафIэр пхъэ хуэльэщ, дэп кIанэми Iэмбатэ егъэс. Дапщэрэ къэхъуа Алыхь IэмыркIэ гупышхуэм гуп цIыкIур текIуэу...*

*ЛIэныгъэм дыщышынэркъым: дыпсэурэ – фIыщ, дылIэрэ – дынапэ хужьщ. Тхьэм и гъусэхэрщ текIуэр. ДывижыIэдэIуэну фыхуейщ. ЗанщIэу*

*вжыдоIэ: ар мыхъун Iуэхущ. Фи псальэ налкъутналмэсым и пэгъуэкIми фыкъыщIоупщIэ. ЖефIэж фи тхакIуэм и бзэр зэрызэкIэльымыкIуэр, къызэрытщыхъуари бжэ кIыргъ макъыущ, бадзэ ву макъыущ.*

*НывжыдоIэ: ди деж щывгъуэтынур джатэщ, Тхьэм и губжь хэльу».*

А илъэсыр икIыху Щам кIуэ лъэсырыкIуэдзэр Къахир дэкIын иухакъым. Бэрыкъуэрэ Чымшыбгъэрэ зэрызэгурыIуам тету, хы зауэлIхэм АлександрейкIэ яунэтIырт. Абыхэм я пашэт езы Чымшыбгъэ. Ахэр зэрызауэ кхъухьхэмкIэ Александрей деж Хышхуэм щытехьэрти, Щам и тенджыз Iуфэм, ТIэрабулусрэ Сайдэрэ я зэхуакум, есылIэрт. Езы сулътIаныр зи пашэ шуудзэмрэ лъэсырыкIуэдзэмрэ я япэ гупыр, эмир IитIмыш и унафэм щIэту, кIэнауэмкIэ тенджыз Плъыжьым нэс ягъэIэпхъуэу хуежьащ. Дзэ нэхъыщхьэр Чермнэ псыдыхьэм зэпрыкIыу, Син бгъуэщIым зэуIу щыхъужын хуейт. АдэкIэ абы иунэтIынут Къудис (Иерусалим) къалэмкIэ. Бэрыкъуэрэ Чымшыбгъэрэ зэгурыIуат бийм хуэкIуэ дзэр ягъэлъагъуэкIэрэ цIыху гужьеяхэм ягухэр ягъэмамырыжыну, фIэщхъуныгъэ халъхьэжыну. Абы къыдэкIуэу, мысыр сулътIаныр щыгугъырт Палестинэмрэ Щамымрэ зи псэупIэ лъэпкъхэм я хьэкъкIэ и дзэм иджыри зауэлI мин тIощIтIощIрэ тхурэ хуэдиз къыхигъэхъуэну.



Бэрыкъуэ унафэ яхуищIам ипкъ иткIэ, Хьэлэбрэ Дамаскрэ яку дэлъ щIыналъэм зауэлIхэм зыщагъэбыдэрт. ЕужьэрэкIыу щIытIхэр датIыкIырти, къэрэкъурэрэ чыцэхэмкIэ щIахъумэжырт, бийм и шуудзэр къызэтригъэувыIэн хуэдэу. БыдапIэщIэхэр, чэщанэхэр яухуэрт, мывэрэ пшахъуэкIэ Iуащхьэжьхэр зэтратхъуэрт, абыхэм я щхьэхэм шабзауэхэр зэрытесынум хуагъэпсырт. ЛъэсырыкIуэдзэр щызэуэну щIыпIэр къыхахырт джабэ егъэзыхыгъуэу. Бийм и шуудзэр ягъэбэлэрыгъыу зытрашэну мывэ-лъэрыжэ бгъуэщIхэр ягъэхьэзырырт.

Мысыр сулътIаным къыгурыIуэрт Темырлан хуэдэ дзэзешэ хьилэшым и дзэр Щам къумым къришэу Iисраф зэримыщIынур. Ар тIууэ гуэшауэ хуэмурэ Тигррэ Евфратрэ бгъурыту ищхъэрэкIэ дэкIуеинурэ, а пситIыр нэхъ гъунэгъуу щызэкIуалIэ щIыпIэм деж щызэхыхьэжынут. ИтIанэт Темырлан ябгэм и удын нэхъыщхьэр зридзынур наIуэ щыхъунур. Къурсэибэ къалэжь бгынэжам деж, абы ищхьэкIэ щыIэ шэдылъэм нэмысу, тэтэрыдзэр Евфрат къызэпрыкIыну Бэрыкъуэ хуигъэфащэрт. Абы къыхэкIыу, Ракъкъэ, аз-Зор быдапIэжьхэм щыIэ зауэлIхэр зэуIу ищIри, шу мин тIощIым нэсу, Iэл-Тыныбгъэ иритащ икIи Къусаибэ деж бийр псым къыщызэпримыгъэкIыу щызэтриIыгъэну унафэ хуищIащ, «дзэ нэхъыщхьэр зэмыпэщу, Темырлан къэс хъужыкъуэмэ», жиIэри.

3

Хьэлэбрэ Дамаскрэ я зэхуакум щызэригъэуIуа дзэр мин щэ ныкъуэм щынэблагъэм, езыми абы и ныкъуэм хуэдиз щIыгъуу, Мысырым и япэ адыгэ сулътIан аз-Захир Сайфэддин Бэрыкъуэ Дамаск иунэтIащ.

4 Заказ №206

Бэрыкъуэ и дарэгъу икIи и ныбжьэгъу тыркумэныпщ Къарэ Исыф, Сиуас къалэм и къады Бырхъан Iэл-Дин, уэсмэнхэм я хъан Байзэд сымэ я зауэлI хэплъыхьахэр сулътIаным къыхуагъэкIуэну, Iуэдыщэм и хъан Тохъутэмыщи къыдэIэпыкъуну щыгугъырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1395 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу, мысыр сулътIаным муслъымэныдзэ абрагъуэ зэуIу щищIат Щам лъахэм. Куэдрэ Дамаск зыщимыIэжьэу, абы Хьэлэб иунэтIащ. Мысырыдзэр хьэзырт бийм зэрыIущIэным.

1394 гъэр икIыху Бэрыкъуэ къыIэрыхьащ тэтэрыдзэм и зекIуэм теухуа хъыбар зэхуэмыдэхэр. Темырлан и дзэм щыщ пакIэхэм мызэ-мытIэу яIууэурэ, лъыгъажэ зауэ кIэщIхэр ядригъэкIуэкIащ Iэл-Тыныбгъи. Иужьым зэуэ тэтэрыдзэр бзэхащ. Зы тхьэмахуэкIи, тхьэмахуитIкIи дзэзешэр ежьащ зэщIэгъэуIуауэ Темырлан и дзэм и пэрыт Iыхьэхэр псы Iуфэм къыщыIухьэным. Iэл-Тыныбгъэ и гугъащ тэтэрхэм заущэхуауэ ебгъэрыкIуэныгъэм зыхуагъэхьэзыру. Иужьым, Iэл-Тыныбгъэ гурыщхъуэ ищIауэ, тIасхъэщIэххэр Евфрат зэпригъэкIащ. Махуэ зыбжанэкIэ тIуащIэм къыщызыкIухьа зауэлIхэм тэтэрхэр ягъуэтыжакъым. Абыхэм ягъэса къуажэхэм къыдэна цIыху закIуэтIакъуэхэмрэ губгъуэрыс бедуинхэмрэ къыжраIэжащ дыщэ топышхуэ зыщхьэщыт Темырлан и шэтырыр Евфрат и нэпкъхэм зэрыщамылъэгъуар. Абы къикIырт кагъаныр тIуащIэм къызэрыдэмыхьар. Арат зэрыщытри. Темырлан и дзэ нэхъыщхьэр Тигр псым бгъурыту Масул кIуэри, адэкIэ Мэрахьэрэ ТавризкIэрэ иунэтIат. ПситI зэхуакум щызеуэу щытар дзэм и хъумакIуэхэрт. 

ТIасхъэщIэххэм къахьа хъыбарыр Iэл-Тыныбгъэ и гуапэ хъуакъым. Абы къыщыхъуат Темырлан къебзэджэкIауэ. Iуэхур зыIутыр пIалъэ къыхимыгъэкIыу Iэригъэхьэжащ Дамаск къэса сулътIаным. Ауэ Бэрыкъуэ ар и фIэщ хъуакъым. Пэж дыдэу, фIэщщIыгъуейт мысырыдзэ лъэщым хуэдэ и щIыб къыдинэу, Темырлан нэгъуэщIыпIэкIэ иунэтIыну. Тэтэрыдзэр Щам щIыналъэм ищхьэкIэ къыщыпикIухьу къытеуэнкIэ зэрыхъунур къилъытэри, Дамаск куэдрэ зыщимыIэжьэу, Бэрыкъуэ Хьэлэб Iэпхъуэжащ.

Абы щыгъуэ Темырлан и дзэм и пэрыт гупхэм Ширван хъаныгъуэр зэрапхъуауэ, Къэзэр хы Iуфэм Iуту, Дербент быдапIэм хуэкIуэрт. Байзэт и зауэлIхэм хьэрып шуудзэм щыщу мин зыбжанэ ядыщIигъури, Бэрыкъуэ кIэлъигъэпхъэращ икIуэтыж биидзэм. Ауэ ермэлыхэмрэ куржыхэмрэ я лъахэм изэрыгуа тэтэрыдзэм и ужь къина гуп щхьэхуэ фIэкIа ягъуэтыжакъым. Ар ТIэрабулусрэ Эрзерумрэ я зэхуакум деж щызэхакъутэри къагъэзэжащ.

Мысыр сулътIан губзыгъэр щыуатэкъым: зэрыжыхуиIа дыдэм хуэдэу Iуэхур хъуат, зэхъуэкIыныгъэ мащIэ къыхэхуами. И къуэш нэхъыщIэ Iэнсокъуэ Кавказым, къыпчакъхэм я ипщэ щыхьэр Маджар щигъакIуэм щыгъуэ, абы къищIат Темырлан хьилэшым и мурадхэр. Дунейм и Iыхьэ ебланэм хуэкIуэ гъуэгу нэхъ жыжьэр, ауэ нэхъ тыншырт Мавераннахрым и эмирым къыхихар... Пасэрей къалэжьхэмрэ быдапIэхэмрэ щыкуэд мысыр щIыналъэмрэ тырку бейлыкъ-

хэмрэ упхрыкIыныр, дауи, нэхъ гугъут. Гугъу къудей мыхъуу, икIи шынагъуэт. Темырлан фIыуэ щыгъуазэт мысыр сулътIанхэм монголтэтэрыдзэхэр зыбжанэрэ Щам щIыналъэм зэрыщызэхакъутам. Кавказым абы къыщыпэувыфынкIэ хъунур Тохъутэмыщт. Къыпчакъхэм я зэуэкIэр фIыуэ ищIэрт, итIанэ тIэунейрэ ахэр щIигъэIати, щыгугъырт иджыри гугъущэ ядемыхьу, гъуэгур хузэIуахыну. КIэщIу жыпIэмэ, зэ бгъэунэхуам къытебгъэзэжыныр нэхъ тыншт, узыхуишэнкIэ хъунур мыгурыIуэгъуэ лъагъуэ мыцIыхум утеувэ нэхърэ. Ар къызыгурымыIуэхэм яхуэдэтэкъым Темырлан. Е хэт ищIэрэ, мамлюкыдзэр псыIэрышэ цIыкIуу къызыхэж псынащхьэхэр, езы эмирми зэрыжиIауэ, шэрджэс лъахэм щигъэгъущыну мурад ищIат, хьэмэрэ Мысырым и дарэгъу Iуэдыщэм япэщIыкIэ кIэ ириту, итIанэ IэфI тешхыхьыжу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и къалэ къулейхэр къигъэнат, сытми Темырлан Багъдад щищIа и унафэр икъутэжри, и дзэр ищхъэрэкIэ дришеящ.

Iуэхур пэж щыхъум, Бэрыкъуэ ТIэрабулус быдапIэм щиIыгъ дзэм и унафэщI, лъэпкъкIэ тырку МуслъимбеЙ лIыкIуэ гупым я пашэу Кавказым иутIыпщащ. Ахэр Маджар сэрейм нэсу, Тохъутэмыщ хъаным IущIэн, апхуэдэуи Iэнсокъуэ и хъыбар къахьу къагъэзэжын хуейт. Абы кIэщIу и ужь иту нэгъуэщI зы гупи Константинополь игъэкIуащ, и хэкуэгъухэм ядигъэIэпыкъун щхьэкIэ, мысыр кхъухьхэр Босфор псыдэжым дигъэкIыу, хы ФIыцIэм тригъэхьэну Византием и императорым елъэIуну. Константинополь кIуахэм нэхъ псынщIэу къагъэзэжащ, хъыбар мыщхьэпэ къахьри. Византием и пащтыхьым идакъым Мысырым зэрызауэ и кхъухьхэр Мрамор тенджызым тригъэхьэн. А зэманым Мысырымрэ Византиемрэ Кипрус хытIыгур зэпаубыдати, зэфIхэтэкъым. Бэрыкъуэ ар хуабжьу и жагъуэ хъуащ икIи мурад ищIащ, жьыIурыхьэгъуэ зэригъуэту, и сатуущI кхъухьхэм къытеуэурэ куэдрэ зыхъунщIэ, хышхуэм и Iуфэм Iут мысыр къалэхэр бэлыхь хэзыгъэт Кипрус пащтыхьыгъуэм кIэ иритыну.

1395 гъэм и гъэмахуэр икIыху, Хьэлэб дэсу, Бэрыкъуэ ежьащ Кавказым игъэкIуа и лIыкIуэхэм. Бжьыхьэку хъуауэщ Муслъимбей къыщысыжар. Ауэ абыи хъыбарыфI къыздихьатэкъым. Гъуэгуанэ гугъусыгъур зэпачу адыгэхэм я деж нэсыху, Темырлан и зауэлIхэм зэрапхъуакIэт Кавказ Ищхъэрэр. Муслъимбей къихьа хъыбарым къыхэщырт игъащIэм цIыхум илъагъун дэнэ къэна, яIуатэуи зэхимыха зауэшхуэ Тэрч Iуфэ деж къызэрыщыхъуар. Темырлан Тохъутэмыщ и дзэм ириутIыпщат зауэлI мин щитIым щIигъу. Iуэдыщэм и хъаным и дзэри нэхъ мащIэтэкъым. Абы хэтт хъаным дэзауэ адыгэ шуудзэри. Лъэпкъ куэдым я зауэлIхэу зэхэдза Тохъутэмыщ и дзэри зэуIу хуэмыщIурэ, абы кIуэрыкIуэм тету ебгъэрыкIуащ сэмэркъэнд эмирым и шуудзэр. Зауэр зи нэгу щIэкIахэм къызэраIуэтэжамкIэ, щIыпIэшхуэм абы апхуэдизкIэ зыщиубгъуати, хэт дэнэ лъэныкъуэкIэ щебгъэрыкIуэми къыпхуэщIэжыртэкъым, щIылъэр дэзджызджырт зэпыу имыIэу зэхэуэм хыхьэ шу бжыгъэншэхэм я лъэ макъым. Тэр-

чыпс фIыцIэжьыр цIыхулъым ириIат, псы Iуфэр хьэдэкIэ сеят. ЩтапIэ ихьэжауэ, къуршым зыщызыгъэпщкIу адыгэхэм Муслъимбей къыхуаIуэтэжат, псым хуэмыгъэкIэрэхъуэжу, зауэлI хьэдэ бжыгъэншэхэр архъуанэхэм щызэтрихьауэ зэралъэгъуар. Теплъэгъуэ шынагъуэт Муслъимбей Бэрыкъуэ къыхуиIуэтэжар.

Тохъутэмыщ и дзэр иджы ещанэу зэхакъутат. ЗауэлI мин Iэджэм я хьэдэр Тэрч бгъуэщIым къринэри, ар щIэпхъуэжащ икIи Индыл Iуфэ Iут и щыхьэрым дэтIысхьэжащ. Темырлан Джулат быдапIэр зэтрикъутэщ, Маджар къалэ къулейр иубыдри, ТэнкIэ (Дон) иунэтIащ. Пщы залымым зи щхьэр хуэзыгъэщхъын зымыда бгырысхэм къурш ауз куухэм зыщагъэбыдащ. Темырлан абыхэм яриутIыпщат и дзыхь нэхъ зригъэз и дзэзешэ Ахъмэтбей, зауэлI мин 40-м щIигъу иритри. Темырлан и дзыхь нэхъ лейуэ Ахъмэтбей щIригъэзым щхьэусыгъуэ иIэт. Иджыри Багъдад дэсу, Темырлан иукIыну и гугъэу абы дежкIэ зызыдза хьэрыпыр Ахъмэтбей зэ уэгъуэкIэ тIууэ ээгуиупщIыкIат. Иджы абы гущIэгъуншэу зэтригъасхьэрт бгырысхэм я къуажэхэр, зэтриукIэрт цIыхухэр. Кавказ къурш лъапэхэр цIыхуншэ хъуат. Жэщ хъуамэ, жылэ ябгынэжахэм къыдэIукIыр хьэкъугъ макът. ХъунщIакIуэхэр гуп-гупурэ дэнэкIи щызеуэрт. Губгъуэхэм утIыпщауэ къина Iэщым ягъэудэфа хьэIуцыдзхэр етат, цIыхухэми ящымышынэжу.



Iэнсокъуэ сыт хуэдизрэ къамылъыхъуами, и лъэужь техьэфахэкъым. Мапэ (Анапэ) хы Iуфэ къалэжь цIыкIум Муслъимбей къыщыжраIащ Iэнсокъуэ и гупыр абы махуэ зыбжанэкIэ зэрыдэсар, итIанэ Маджар зэраунэтIар. Муслъимбей и лIыкIуэхэр щэхуу абазэхэхэми, бжьэдыгъухэми, беслъэнейхэми я деж щыщIэупщIащ мысыр сулътIаным и къуэшым и Iуэхум. Ауэ зрихьэлIахэм гугъэзагъэу жэуап къыпахыфакъым: зыгуэр зыхузэфIэкIыу лъахэм ису хъуам Iэщэ къащтэри бгым ихьэжат, бийм езэуэн щхьэкIэ.

– Хэт ищIэрэ, абыхэм яхэтынкIи хъунущ Iэнсокъуи, – жиIащ сулътIаным, Муслъимбей къиxьа хъыбарым гупсэхуу едэIуа нэужь. – Апхуэдэщ абы и хьэлыр, текIуэныгъэр къызэрахьыр Iэщэ къудейкIэу и гугъэщ...

## Псыхъуэжь и псы жапIэ егъуэтыж

1

Темырлан ищхъэрэкIэ зэриунэтIар хьэкъ щыхъуа нэужь, Бэрыкъуэ куэдрэ зимыIэжьэу, Багъдад и хъаныр иригъэжьэжащ, зауэлI минипщIым щIигъу гъусэ хуищIри. Къусанбэ къыщыщIэдзауэ Багъдад нэсу гъуэгур хъаным къыхузэIуихыну Iэл-Тыныбгъи унафэ лъигъэIэсащ.

Гъэмахуэ хуабэр икIри, бжьыхьэр къэсащ. Дунейми щэрэ мину зызэрихъуэкIырт. Зы махуэм ХышхуэмкIэ кърихy жьы псыIэм уэшх

къихьынти, уридэкIуеиным хуэдэу къешхынт, адрей махуэм ищхъэрэжь жьы щIыIэр, щIыфэм зэпхидзу, къепщэнт. Хьэлэб и Iэшэлъашэм дзэр афIэкIа щIыпIыгъ хъужынутэкъым. Илъэс псокIэ хуабапIэ, тыншыпIэ зымылъэгъуа зауэлIхэр езэшат, уз зэрыцIалэ къахыхьэу лъэрыщIыкI ищIынкIи шынагъуэт. Ибн Iэуес Багъдад хъаныгъуэр иубыдыжа нэужь, Бэрыкъуэ тыркумэныпщхэу Байзэдрэ Къарэ Исуфрэ я зауэлIхэр хуит ищIыжащ, куэд дэмыкIыу езыми и дзэр къришэжьэжащ. СулътIаным Дамаски зыщиIэжьэжакъым. Жьапщэ шынагъуэхэр Син къумым къыщызыIэт щIымахуэр къэмыс щIыкIэ, ар зэпиупщIын мурад иIэу, Къудыс хуэкIуэу ежьэжащ. Мысырым и кхъухьхэми АлександрейкIэ яунэтIыжащ.

Мысырым ищIэжыртэкъым, зы зауэлIи хэмыкIуадэу, Бэрыкъуэ хуэдэу текIуэныгъэ къэзыхьыфа. Ар къызыгурыIуа цIыхубэм адыгэ сулътIаным уэрэдхэр хузэхалъхьэрт, усакIуэхэм я къалэмыр хуагъэлажьэрт хьэрып дунейр къезыгъэла Бэрыкъуэ пащтыхь щэджащэм. Иджы абы и цIэм пагъэувэ хъуат «жылэхьыж» псалъэр, зауэм Iуишэу, текIуэныгъэр къихьарэ хэмыщIIауэ жылэр къахуэзышэжа кърагъэкIыу. Бэрыкъуэ къызэрыкIуэжыр щызэхихым, Къахир и тет Айтмэш унафэ ищIащ къалэр ягъэщIэрэщIэну, мэжджытхэм сулътIаным Тхьэ щыхуелъэIуну, мыдрисэхэм и цIэр щагъэIуну. Айтмэш мурад ищIат 1303 гъэм ан-Насир монголыдзэр зэтрикъутауэ къыщигъэзэжам къахирдэсхэр зэрыIущIам хуэдэу, Бэрыкъуи кригъэблэгъэжыну. Абы щыгъуэ ан-Насир къызэрыкIуэж гъуэгум шатыр минхэр трагъэуват, щыхуейм деж къыщыувыIэу, сулътIаным зыщигъэпсэхун щхьэкIэ. Къахир шылэ щэкI лъапIэхэмкIэ ягъэщIэрэщIат, ан-Насиррэ и зауэлIхэмрэ зрикIуэну уэрамхэр алэрыбгъухэм щIагъанэрт. СулътIаныр къызэрырагъэблэгъэжым еплъыну Мысырым и дэнэ щIыпIэкIи къикIа цIыхухэр къалэм дэхуэжтэкъым. Абыхэм лъапсейуэ бэджэнду унэхэр Къахир щаубыдырт.

Пэж дыдэу, телъыджэт икIи егъэлеят ан-Насир и зекIуэр. Мысырыдзэм и ужь итт монгол зауэлI гъэру щибл, абыхэм я пщэм кIапсэкIэ фIэдзат нэгъуэщI монгол зауэлIхэм я щхьэ пыупщIахэр. Мы сатыр шынагъуэр иухырт мысыр зауэлI минымкIэ, монгол-тэтэр зауэлIхэм я щхьэхэр зыпыIуа бжыкIхэр зыIыгъхэмкIэ. Къалэм ефэ-ешхэр кIыхь щыхъуащ. ЗауэлI зэрегъэфа-зэрыгъэудэфахэр уэрамым къыдэужьгъащ, унэ-унэкIэрэ щIэуэу, цIыхубзхэм лей ирахыу. Абы зауэ къикIыжри, текIуэныгъэ къэзыхьахэр езыр-езыру къызэреупщIэтэхыжыгъащ.

Къахирдэсхэм зыкъыщащIэжар щIыр хьейуэ, къулейсызыгъэ ин къахуихьа нэужьщ. А илъэс дыдэм гъаблэ къэхъури, цIыху минхэр ихьауэ щытащ. Ар Тхьэм и нэлату къатехуауэ ябжу куэдрэ екIуэкIащ. Дауи, илъэс бгъущI ипэкIэ къэхъуа Iуэхум иджыпсту щыгъуэзэжыр тхыдэтххэр, щIэныгъэлIхэр, Бэрыкъуэ хуэдэ унафэщIхэрт. Аращ Айтмэш и мурадыр щызэхихым, Бэрыкъуэ щIыхуимыдар. СулътIаным

Къахир и тетым хъыбар Іэригъэхьэжащ егъэлеиныгъэ лъэпкъ щыІэну зэрыфІэмыфІым теухуауэ.

СулътІаныр Къахир нэсыжыныр махуэ зыбжанэкІэ зэтриІыгъащ тенджыз Плъыжьым и псы ижыжыгъуэм ирихьэлІэри: кІэнауэм кхъухькІэ утехьэ мыхъуу къыщІэкІащ. Бэрыкъуэ щыгъуазэт муслъымэн диным епха хъыбархэм ящыщ зым лъабжьэ хуэхъуа Іуэхугъуэм. Тенджыз Плъыжьыр ижыжу хуежьа нэужь, зикІ умышынэу, Чермнэ псыдыхьэм утехьэ хъурт, абы и кууагъыр уи бгым къыфІэкІыртэкъым, уеблэмэ уи лъэгуажьэм псыр къыщымыс щІыпІэхэри иІэт. Ауэ псыр къыщилъэдэжам деж, абы шы-уанэ зэтеткІи укъыщІэщынутэкъым, кхъухькІэ фІэкІа уикІыфынутэкъым. Муса бегъымбарым и дыщэ башымкІэ псыр зэгуихуу и цІыхухэр тенджызым ириша нэужь, ар зэгуэуэжу, фирхьэуныдзэр итхьэлауэ къеІуэтэж хъыбарым. Муса фІыуэ шыгъуазэу къыщІэкІынт хым и щытыкІэм. Дауи, бегъымбарым и гъусагъэнущ Мазэр из щыхъум, МазэщІэ къэунэхугъуэм, хым, дунейм и нэгъуэщІ щэхухэм кІэлъыплъхэр. Бэрыкъуи ищІэрт, мызэмытІэуи хурагъэджат а щэхухэм. И гъусэ вагъуаплъэхэми къыжраІащ куэд дэмыкІыу хыр из зэрыхъужынур. ЩІэныгъэлІхэр щыуатэкъым. МахуитІ фІэкІа дэмыкІыу, сулътІаным и зауэлІхэр зэрыс кхъухьхэр Чермнэ псыдыхьэм зэпрыкІри кІэнауэм техьащ икІи етІуанэ пщэдджыжьым Къахир быдапІэм нэсыжащ.

Бэрыкъуэ имыдами, къалэдэсхэр къыпежьэри, хуабжьу Іэтауэ ар ирагъэблэгъэжащ. ТекІуэныгъэм и куэбжэшхуэмкІэ дзэр дашэжри, Баб аз-Зувейлэм нэс кІуэцІрашащ. А гъуэгуанэр иухыху къахирдэсхэмрэ хамэ сатуущІэхэмрэ зауэлІхэм дыщэ, дыжьын ахъшэхэр кърапхъыхащ. Шэджагъуэ нэужьым хэкур зыхъума мысыр сулътІаным и цІэкІэ шыгъажэшхуэ ящІащ, абы щытекІуахам саугъэт лъапІэхэр иратащ. Махуэшхуэм хэт цІыхубэм сулътІаным и унафэм къахуеджащ. Абы ипкъ иткІэ мэкъумэшыщІэхэм, сатуущІэхэм тралъхьауэ щыта хьэкъулэхьхэр трахыжырт. Апхуэдэ унафэм игъэгуфІа цІыхухэм, я пащтыхьыр куэдрэ яхуигъэпсэуну Тхьэм елъэІуу, я жумэхьэ нэмэзыр мэжджытхэм щащІащ.

«Къарурэ ІэщэкІэрэ нэмыщІ абы нэгъуэщІкІэ текІуэныгъэ къахьу ищІэркъым» псалъэхэр ауэ сытми и къуэш Іэнсокъуэ хужиІатэкъым Бэрыкъуэ. Езым ищІэу къыщІэкІащ, и зы зауэлІи имыгъэхутыкъуэу, ар зэрызыІэрагъэхьэф Іэмал. Къарурэ лІыгъэкІэ зи лъагъуэр пхрызышу щыта адыгэ щІалэм и пІэм къиуват хэку псор гъэпсэуныр, хъумэныр, абы зегъэужьыныр хэт нэхъри нэхъыфІу къызэзыгъэпащыф пащтыхь Іущ, дипломат Іэзэ, лъэпкъылІ щэджащэ. Мысыр сулътІаным унафэ къыхуащІу, уеблэмэ ар езы Темырлан дыдэми къыбгъэдэкІыу щрырети, зэримыдэнур быдэу жызыІа Бэрыкъуэ и псалъэм къигъэдзыхащ зыри зытемыкІуэжыну ялъытэу щыта Сэмэркъанд и эмирыр. Япэ адыгэ сулътІаным кърригъэлат зэхэщэщэжыпэным нэса хъалифатыр. Бэрыкъуэ и пщэ дилъхьэжат хъалиф нэхъыщхьэм и ІуэхущІапІэхэр

зыхуей хуэгъэзэныр икIи, езым имыщIэу е фIэмыфIу, зы Iимами, муфтии, къадыи муслъымэн хэкухэм щигъэувыртэкъым.

Бэрыкъуэ сулътIану щыщыта иужьрей илъэсхэр Мысырым хуэугъурлащ. Темырлан и дзэм Кърымымрэ хы ФIыцIэ Iуфэмрэ иубыду генуэзхэмрэ венецианхэмрэ я гъуэгур зэхуэщIа щыхъум, абыхэм я сату кхъухьхэм къаунэтIащ МысырымкIэ. Къалэхэм я чэруан сэрейхэр, касариехэр, кхъухь тедзапIэхэр хьэпшыпымрэ мылъкумрэ къакъутэрт. Дыщэ, дыжьын ахъшэхэр увыIэгъуэ имыIэу къищащэрт къэрал кIадэм. СулътIаным ахэр тригъэкIуадэрт псэупIэ унэхэр, лъэмыжхэр, мэжджытхэр ухуэным; тхьэмыщкIэхэм яхуэжумартт.

А зэманым аз-Азхарыр дуней псом и еджапIэ нэхъ ин дыдэ хъуат. Диным къыдэкIуэу, мыбы щыхурагъаджэрт дохутыр, ухуакIуэ IэщIагъэхэм, есэпым, дунейм и щэхухэм, IэпщIэлъапщIагъэ зэхуэмыдэхэм. Къалэхэм сымаджэщхэр къыщызэIуахат, абыхэм пщIэншэу щеIэзэрт тхьэмыщкIэхэм. Къабзагъэр ягъэнэхъапэрт, шэч хэмылъу, ар адыгэ хьэлщ. Хьэмэмхэр къызэIуахат, тхьэщIэпс, ебзыпс хуэдэхэр кIэнауэм хакIэу, пхъэнкIий Нил хакIутэу ядэртэкъым. Апхуэдэ егугъуныгъэхэм Европэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ я цIыху мелуанхэр зыхьа уз зэрыцIалэ Iейхэр Мысырым щхьэщахащ. Ахэри адыгэ сулътIаным и егугъуныгъэт, и зэфIэкIт.



Псом хуэмыдэу, Бэрыкъуэ и пащтыхьыгъуэ лъэхъэнэм Мысырым зыщиужьат ухуэныгъэм. Ноби мымащIэу абыхэм уащрохьэлIэ Къахири, Дамаски, Хьэлэби, Александреи, Кэрэки, адрей пасэрей къалэжьхэми. ЦIыху акъылым къимытIасэу хъэрэмэхъищэу зэхэша тхыпхъэщIыпхъэ телъыджэхэмкIэ гъэщIэрэщIа азэн джапIэхэр, мывэ упса плъыфэ зэхуэмыдэхэмкIэ, удз гъэгъа Iэрамэм хуэдэу, къищIыкIа мэжджыт пщIантIэхэр, мыдрисэхэр, кхъэлэгъунэхэр, псыутх хьэлэмэтхэр, сулътIан сэрейхэр... Лъэхъэнэ хъыжьэм и фэеплъу лIэщIыгъуэхэм ныбжь зытрамыдзэфахэм нобэ къыджаIар зыщ: адыгэ сулътIаным къызэрымыгуэкI Iущагъ, мыкIуэщIыж къару, зихуэдэ щымыIэ зэфIэкI зэриIарщ.

ЯпэкIи иужькIи хьэрып тхыдэтххэр Бэрыкъуэ хуэдэу зыхуэIумахуэ яхэтакъым сулътIанхэм, Бэрыкъуэ хуэдэу цIыхубэм ягъэлъэпIаи щыIакъым.

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Бэрыкъуэ лъэпкъхэр къигъэсэбэпырт ахэр нэхъ дэзыхьэх, нэхъ зытегъэпсыхьа елъытакIэ. Къэрал Iуэхухэр зехьэныр зи пщэ ирилъхьэу щытахэм уащеплъкIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым адыгэ сулътIаныр Мысырым щыпсэу лъэпкъхэм я гупсысэкIэм, я Iуэху зехьэкIэм фIыуэ щыгъуазэу зэрыщытар. Ухуэныгъэ гуэр кърихьэжьамэ, абы кърхигъэблагъэрт алыдж IэщIагъэлIхэр, абыхэм я гъэщIэрэщIэным бгъэдигъэувэрт урым сурэтыщIхэмрэ скульпторхэмрэ. Сату Iуэхур зезыхьэнухэр кърыригъэшырт ермэлыхэмрэ къэжэрхэмрэ я деж, ахъшэр зегъэкIуэныр, къэрал кIадэм кIуэнур къыхэхыныр къалэн зыщищIыр журт лъэпкъым щыщхэрт. Диныр зехьэныр, цIыхухэр егъэджэныр, щIэныгъэм зегъэужьыныр

дзыхь нэхъ зыхуищIыр хьэрып еджагъэшхуэхэрт. Ауэ зэуэн, лъахэр хъумэн, дзэр зыхуей хуэгъэзэн Iуэхухэм пашэ яхуищIыр адыгэхэрт. ПщIы тетым къыщыщIэдзауэ сулътIаным нэс дзэм и пашэр Iэмал имыIэу шэрджэсу щытын хуейт.

Мыбы уризэдауи, уеблэмэ уригушыIи хъунущ. Абы лъандэрэ, зэрыжаIэу, псы Iэджэ ежэхащ, ауэ адыгэ сулътIаным гу зылъита нэщэнэхэр кIуэдыжауэ пIэрэ?.. Дапхуэдэу щымытами, XIV лIэщIыгъуэм и кIэхэм ирихьэлIэу Мысырым хыхьэ щIыналъэ псоми я пщыхэр адыгэ защIэ ищIат, зы къали, быдапIи щыIэтэкъым абыхэм дэс дзэхэм я пашэу ди хэкуэгъухэр имыгъэуvауэ.

Шэрджэс къэралыгъуэ ухуэныр и хуабжьыгъуэу екIуэкIырт.

НтIэ, адыгэ сулътIанхэм я хъыбарыр Бэрыкъуэ и деж щиухрэ? Хьэуэ, абы къыдыщIидзэ къудейуэ аращ. АдэкIэ-щэ?..

2

ХьиджрэмкIэ илъэсыщIэр къызэрихьэрэ Бэрыкъуэ гукъыдэжыншэт, и гур зикI къиутIыпщыртэкъым, икъуз зэпытт, и Iэпкълъэпкъри зэщIэIулIат. Абы къыхэкIыу, цIыхухэм куэдрэ яхыхьэртэкъым, хамэ хэгъэгу къикIа хьэщIэхэр къызэрыригъэблагъэри иджы нэхъ мащIэрэт. СулътIаныр зэрысымаджэр абы и гъунэгъу дыдэхэм фIэкIа кърагъащIэртэкъым. Уеблэмэ IуэхутхьэбзащIэхэм я бжыгъэри ягъэмэщIат. Ауэ щIыпIэ жыжьэхэм кърашурэ Бэрыкъуэ кърагъэIэзэ дохутырхэр зылъагъухэм гурыщхъуэ ямыщIу къэнэнт?! Къэнакъым, атIэ пащтыхь къэсэрэныр «зэхъуцэцэным» зэщIищтащ. Ари куэдрэ екIуэкIакъым, зыми и гугъу зэрамыщIыр щалъагъум, гуп-гупкIэрэ загъэхьэзыру хуежьащ, сулътIаным зыгуэр къыщыщI хъужыкъуэмэ жыхуаIэу. Псом хуэмыдэу пащтыхь чор зэрыгъэплъащ, Бэрыкъуэ и унафэкIэ Александрей кърашыжу Къахир Диамисрэ Фэрэджрэ къашэжа нэужь.

Бэрыкъуи къыгурымыIуэу щыттэкъым и ныкъуэкъуэгъухэр жей куум хилъэфауэ зэрыщымытыр. ЕмыпIэщIэкIмэ, бжьыпэр IэщIахынкIэ хъунут. Тегушхуауэ зыми къыжримыIэфми, къраIуэкI хъуат сулътIаныр псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэм кIуэуэ зыщригъэIэзэн, езым и пIэкIэ хасэм хэтхэм ящыщу дзыхь нэхъ зыхуищI гуэр къигъэнэн зэрыхуейр. Ауэ, махуэ къэс и къарум зэрыхэщIыр зыхищIэми, абы зиIыгът – сулътIаныр зыгуэрым ежьэрт.

1399 гъэм и рэмэзан мазэр гъэмахуэку дыдэм хуэзащ. Къахир нэщI хъуат. Пщэдджыжьыпэ тIэкIум тыкуэнхэмрэ сату щIыпIэхэмрэ къызэIуахырти, зыщэнум ищэнур псынщIэу ищэрт, къэзыщэхунуми къищэхурти, зэхуащIыжырт. НэщI ис цIыхухэр махуэ псом дунейм къытехьэртэкъым, нэхъри хуабэр егъэлеят. Бэрыкъуи тхьэмахуэм щIигъуауэ къэтэджатэкъым, езыр апхуэдизкIэ жэщIати, кърипцIыхужыну къыхэнэжар уафэ бзыгъэу нэкIу фагъуэм къытещ и нитIырт.

Нышэдибэ къыхущIахьа ерыскъым ар хэIэбакъым, фирхьэун шейм зэ-тIэу еIубри, абыкIэ и пщэдджыжьышхэр зэфIигъэкIащ. Iэнэр зэрыIуахыжу, абы пащтыхь фащэмрэ пыIэмрэ къригъэхьащ. Ар сулътIаным щатIэгъэну IуэхутхьэбзащIэхэр Iэба щхьэкIэ, Бэрыкъуэ идакъым. Фащэмрэ пыIэмрэ лъэныкъуэкIэ ирыригъэтIылъэкIри, езым къызэрыгуэкIыу зригъэхуэпащ икIи, щхьэнтэхэр и плIэм къыщIэдзауэ, пIэм гъуэлъыжащ. Абы хэту, пэшым къыщIыхьащ ибн Хъалдун, дзэпщ Iэл-Тыныбгъэ, Айтмэш, къады Умар Iэл-Балъкъыни, Чымшыбгъэ, Iэл-Насир Хьэмид, Саирбей сымэ.

Iуэхум нэхъапэIуэкIи тепсэлъыхьауэ къыщIэкIынти, псалъэмакъ лейрэ упщIэрэ щыIакъым. Хьэлъэу бауэ сулътIаным жиIа къудейщ:

– Алыхьым иужькIэ фэращ сызыщыгугъыр. СыниволъэIу, зилъэфыхь, зэпэщIэуэ къыхэмыкIыу, Iуэхур зэфIэвгъэкIыну. Фэращ Мысырыр гъэпсэуныр зи пщэ къыдэхуэр. ЩIэвдзэ, Тхьэр фи дэIэпыкъуэгъущ!

Гупым хэтхэм щхьэж и къалэныр ищIэжырти, псынщIэу зэбгрыкIыжащ. Куэд дэмыкIыу, КъуэкIыпIэ Уардэунэ иным деж къыщыщIидзэрэ Къафурэ жыг хадэр зэпызыупщI кIэнауэм нэсрэ къигъэшыжу, бырджы зауэлIхэр утыкум щиувыкIащ. БыдапIэм и дыхьэпIэхэр зэхуащIри, дзэм кърагъэувыхьыжащ. А пщэдджыжьым къэсэрэным щекIуэкI Iуэхум къахирдэсхэм ящыщу гу лъызытар мащIэщ. Арагьэнт Бэрыкъуи зыхуеяр.



А зэман дыдэм дерсым зыхуэзыгъэхьэзыр и къуэм бгъэдэст Диамиси, хьэрып къэхьэуэ ирифу. ЩIалэм и гурыхуагъым дихьэхауэ едаIуэу здэщысым, абы къызэхихащ пэIущIэ пэшымкIэ къиIукI Iэуэлъауэр. Ар лъэ макъми, IуэхутхьэбзащIэхэр теуIуэу арами зэхигъэкIыну хунэмыс щIыкIэ, щIыхьэпIэм деж къыIухутащ къадымрэ Iэл-Тыныбгъэрэ, зауэлI зыбжанэ я гъусэу. Къащтэу къыщылъэта бзылъхугъэр пэшым щIэмысыххэ нэхъей, абы блэкIри, Умар Iэл-Балъкъыни Фэрэдж и пащхьэ иуващ. ИтIанэ абы лъахъшэу зыхуигъэщхъри:

– НакIуэ, си дыгъэ шыр, Алыхьым уэри дэри дыкъихъумэ, – жиIащ.

Абы къикIыр къызыгурыIуа анэм и къуэм дежкIэ зидзащ, арщхьэкIэ зауэлIитI пхъуэри ар яубыдащ. Диамис и къуэмкIэ и IитIыр шияуэ зэгуэуду гъыуэ утыкум къраньэри, зауэлIхэм Фэрэдж пэшым щIашащ. Фэрэдж зы псалъэ жиIакъым, гущIэгъу къыхуищIу и анэм къеплъа мыхъумэ. Куэдрэ и нэгу щIэкIа, зэсэжа Iуэхугъуэу фIэкIа къыщымыхъуу, къадымрэ дзэпщымрэ яку дэувэри ежьащ. Зыпэплъа гуэрым хуэкIуэу фIэкIа умыщIэну ежьа и къуэм и щытыкIэм къигъэуIэбжьауэ, Диамис бжэм ежэлIащ, ауэ щынэс дыдэм ари кърадзылIэжащ. Iуихыну еIэдэкъэуа щхьэкIэ къикIаи щыIэкъым. Щымыхъужым, къигъэзэжри утыкушхуэмкIэ гъэза щхьэгъубжэ бгъузэ лъагэм бгъэдыхьащ, и нэпсыр IэлъэщI кIапэмкIэ щIилъэщIыкIыурэ.

Фэрэдж бгъэдашащ сультIан сымаджэм. ПIэм хэлъ и адэм и нитIыр къытримыгъэкIыу, и пIэм ижыхьауэ щыт и къуэм и Iэр Бэрыкъуэ къэIэбэри иубыдащ. «Нэхъри гъунэгъуу къызбгъэдыхьэ» жыхуиIэ щIыкIэу, езым и дежкIэ мащIэу екъуащ Фэрэдж и Iэм. ЩIалэри зы лъэбакъуэкIэ япэкIэ бэкъуащ. Къыпщыхьунт абдежым сабийм занщIэу и адэм зэпщIэхидзэну, бынымрэ адэмрэ яку дэлъ IэфIагъ псори гущIыIу къэхъуну. Апхуэдэ теплъэгъуэу къыщIэкIынт пэшым щIэтхэри зэжьэр. Ауэ къэхъуакъым апхуэдэ лъэпкъ. Фэрэдж а зэрыщытт: сымаджэу зэи зэримылъэгъуам щхьэкIэ и адэр фIэпсэкIуэд хъуат, хьэмэрэ нэгъуэщIт, сытми, мыгурыIуэгъуэ гуэрым и тэмакъыр щичырт, псалъэ къыхудэмышейуэ. Бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну къэхъуа даущыншагъэр япэу къызэпызыудар Бэрыкъуэщ. ЩIалэм и щытыкIэр къыгурыIуауэ, псэ къызыхыхьэжа и нэкIу гъурым къытелыдыкI и нэ къащхъуэхэр Фэрэдж къытримыгъэкIыу къеплъурэ:

– Тхьэр уи дэIэпыкъуэгъущ, – псалъэхэр къыжьэдэкIащ. ИтIанэ Умар Iэл-БалъкъыникIэ еплъэкIри, «щIэвдзэ» жыхуиIэу, и щхьэр ищIащ.

Асыхьэтым къэхъуар къызыгурымыIуэща щIалэ цIыкIум и щыгъыным и щIыIу къытралъхьащ зи нэзыр дыщэ IуданэкIэ щимэ дахэу хэдыкIа пащтыхь плIэипхъуэ фIыцIэр, пыIэри къыщхьэратIэгъэжащ. Бэрыкъуэ арэзыуэ и къуэм еплъри, нетIэ хуэдэу и щхьэр ищIащ. Къадымрэ дзэпщымрэ яку Фэрэдж дагъэувэри ирашэжьащ. Пэшым щIэта псори абыхэм я ужь иуващ, ибн Хъалдунрэ Бэрыкъуэ и хъумакIуэ зыбжанэрэ фIэкIа къэмынэу.

Куэд дэмыкIыу, къэсрэн пщIантIэмкIэ къиIукIащ накъырапщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ къаIэта Iэуэлъауэ иныр. Сымаджэр къыхэскIыкIащ. Ибн Хъалдун Бэрыкъуэ зыгуэр хуейуэ къыщыхъури, абы бгъэдыхьащ. Дакъикъэ зыбжанэ ипэкIэ зи лъахэр гъунапкъэншэ, зи къарур мыкIуэщIыж, уей-уей жезыгъэIэ къэрал куэд къызыхущIэплъ Мысыр пащтыхьыгъуэ абрагъуэм и сультIану щытар иджы пIэм илът, мыхъейуэ, нэпсыр хуэфIу къызыщIэува и нитIыр унащхьэм тедияуэ. Ибн Хъалдун къэщтащ, ауэ, IуэхутхьэбзащIэхэмрэ сультIаным и щхьэхъумэхэмрэ гу залъримыгъатэу, Iэуэлъауэ макъыр къыздиIукI утыкумкIэ гъэза щхьэгъубжэшхуэм бгъэдыхьащ.

ДэкIуеипIэ дыдэм и деж кърашэлIауэ щаIыгът шытепхъуэ гъэщIэрэщIар къызэпхъуха пщIэгъуалэ псыгъуэр. КъуэкIыпIэ Уардэунэшхуэм хэлъ бжэр зэIужри, мрамор дэкIуеипIэм къытехьащ налмэсышхуэр зи пыIэ натIэм щыджэгу Фэрэджрэ и гъусэхэмрэ. Къадыр дэкIуеипIэм къытенэри, Iэл-Тыныбгъэрэ Айтмэшрэ щIалэр шым бгъэдашащ. Лъэрыгъыпсым иувэным хунамыгъэсу, асыхьэтым къабгъэдэлъэда зауэлIхэм япхъуатэри, Фэрэдж уанэгум къихутащ. ШхуэмылакIэр лъэныкъуэ зырызымкIэ Iэл-Тыныбгъэрэ Айтмэшрэ яубыдри, шур ирашэжьащ, шэжыпкъым хуэдэу иувыкIа зауэлIхэм бгъурыкIыу.

– Гъашэ Iэл-малик! Хьэмахыу Iэллахь! (ИугъащIэ сультIаным! Тхьэм къихъумэ ар!) – псалъэхэр Фэрэдж и щIыбагъымкIэ ину къыщыIуащ.

«Гъашэ Iэл-малик!» псалъэхэр утыку иным щиувыкIа бырджы зауэлIхэм зэдапхъуэтащ. Къахирдэсхэр зырыз-тIурытIурэ къэсрэным къекIуалIэрт, къэхъуам щымыгъуазэми, зыгуэр зэрыщыIэр я псэм ищIауэ.

Ибн Хъалдун щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIыжри, сымаджэм бгъэдыхьэжащ. Бэрыкъуэ бэуэжыртэкъым, ауэ и нитIыр зэтехат, и нэпсри къемыжэхауэ напIэм а зэритт. Ибн Хъалдун зэи къыIукIуэтыжыну къеIащ, итIани, къару мыгурыIуэгъуэ гуэрым тригъэгушхуэжри, пIэм хэлъым щхьэщыхьащ. ЗытэлайкIэ ар щытащ зи лъащIэм унэплъыс псынэпс къабзэм хуэдэу мыутхъуауэ нэпсым къыхэщ нэ кугъуитIым еплъу.

– Сыт телъыджэ! – игъэщIэгъуащ абы. ИтIанэ Iэбэри, Бэрыкъуэ и напIэхэр хуэсакъыпэурэ къырилъэщIэхащ.

Къэсрэн утыкумкIэ къиIукIырт бжьамияпщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ ягъэIу макъ Iэтар, пIалъэ-пIалъэкIэрэ зауэлI минхэм зэдаIэт «гъашэ Iэл-малик» псалъэхэр къызыхэIукIыр.



ЦIыхубзхэм я хэщIапIэу КъуэкIыпIэ Уардэунэшхуэр сенэ кIыхьымкIэ зыпыщIам и зы пэшым щыгуIэрт Диамис. Ар ящыщтэкъым пащтыхь тахътэм я быныр кърагъэхутэн щхьэкIэ, бзаджагъэу щыIэр зэрахьэу, лъы зыгъэжэну хьэзырхэм. Диамис щыгуфIыкIыртэкъым и къуэ закъуэр нобэ зытрашэ гъуэгуанэм. Ар щыгъуазэт, щыгъуазэ къудей мыхъуу фIыуи къыгурыIуэрт сультIан къэсрэным щекIуэкI гъащIэм. Абы и архъуанэм сабийуэ ирадзэ и щIалэр щэхуу игъеижырт. Диамис зыри лъэкIыжтэкъым, и макъми къикIыжIатэкъым. ЩIэгъэкъуэн папщIэу и нэкIур зыкIэрилъхьа щхьэгъубжэнэм лъагъуэ щищIат зи къуэр зыIэщIах анэм и нэпс шыугъэм.

XIV лIэщIыгъуэр иухырт, бжэщхьэIум къытеуват къэхутэныгъэ инхэмрэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэмкIэ дунейр къэзыгъэуIэбжьыну лъэхъэнэщIэр. Мысыр къэралыгъуэжьми зэманым и щызэблэкIыгъуэт. СультIаныщIэр утыку къихьэрт. Сыту пIэрэт вагъуаплъэхэм жаIэнур нобэрей махуэм теухуауэ: хуэугъурлыну ар Мысырым, хьэмэрэ?..

*Новеллэхэр*

ТХЬЭЩЫГЪУЕЙ Жаннэ

# ЗЭКЪУЭШИТІ



ЗэкъуэшитIыр, я щхьэр ехьэхауэ, щыму, щхьэщытт дунейм къытезыгъэхьа я анэм, е загъэхъеймэ, е зы псалъэ жаIэмэ, абы и псэр занщIэу хэкIын къафIэщIу. Хъарпшэру фIэкIа дунейр зымылъагъуж ныуэжь пIэм хэлъым и анэгумкIэ зыхищIэрт и щIалитIым я псэм гузэвэгъуэ гуэр зэрытелъыр. Ауэ... сыт и Iэмал?.. Куэд жимыIэу, и плъэкIэ къудеймкIэ зыхуейр и къуэхэм къезыгъащIэу щыта анэр иджыпсту зыкIи абыхэм ядэIэпыкъуфынутэкъым. Абы и бзэр иубыдат. «Сытуи и мычэзу Iейуэ сакъыхэджэла...» – жиIэурэ, егупсысырт ар, дуней зытетым и кIапэр и акъылым зэзэмызэ къыщиубыдыжкIэ.



Бердыкъуэрэ Наурызрэ – ахэрат гъащIэгъэдахэу анэм Тхьэшхуэм къритар. И щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжами, лъэпкъымрэ жылэ зыдэсымрэ ягъэкIуэдакъым щIалитIыр. ТIуми адыгэлI нэс къахэкIащ. Бердыкъуэ унагъуэ хъуауэ, и щхьэгъусэмрэ езымрэ, бын цIыкIуитIи зэдагъуэтауэ, зэнэзэпсэу зэдэпсэурт. Наурыз и закъуэт, и насып къэкIуэгъуэу ар хиубыдат зауэм и гуащIэгъуэм.

Анэм и Iэ мылым хуэдэу щIыIэр Бердыкъуэ и Iэгушхуэм иригъапщкIуэри, зытэлайкIэ иIыгъащ, «умыгузавэ нанэ», жиIэ щIыкIэу, иужькIэ и щхьэр и шынэхъыщIэм хуищIри, щIэкIащ.

Гъатхэм и IутIыжт, ауэ нэри псэри зыми игъэгуфIэртэкъым. ЩIалэщIэм и щытыкIэм зыкъыдищIу, пшапэр зэуэ зэхэуащ, хьэуари щIыри щIыIэтыIэ къищIу. Хьэблэхьэхэри япэм зэрыщытам ещхьыжкъым. «Ей, сызэхэфхрэ?.. МыбыкIэ фыкъэмыкIуэ... МыбыкIэ сэращ щытепщэр. Ауэ фыкъыIухьи феплъыт, фыкъызэлынкъым. Фэзгъэлъагъуни»... – жаIэу, я макъыр утIыпщауэ банэу щытамэ, иджы ахэр нэхъ умэзэхат. Абыхэми къагурыIуэу къыщIэкIынт мы лыгъей екIуэкIыр зыхуэдэр.

Наурыз унэм къыщIэкIри, хэгупсысыхьауэ хадэмкIэ плъэуэ щыт и къуэшым бгъэдыхьащ, абы зыгуэр жиIэным пэплъэу. Зыкъомрэ щытащ Бердыкъуэ щыму, абы ищIэрт, япэ зыкърригъэщу, и шынэхъыщIэм зы псалъи зэрыжимыIэнур. Илъэс къудейт Бердыкъуэ зэрынэхъыжьыр, ауэ, итIанэми, а илъэсми Наурыз хуит ищIыртэкъым и къуэш нэхъыжьым ипэ къихуэу псалъэмакъыр кърригъэжьэну.

– НтIэ, шынэхъыщIэ, пщэдей тедухуэрэ? Унэм щIэсым дызыхуеину хъуар игъэхьэзыращ, лейуэ зыри къыздэтщтэнкъым. Нанэ зытелъынур нэхъ щабэу выгум идубгъуэнщи... аращ. Сыт жыпIэн?

Наурыз зы гупсысэ гуэрым зыкъом щIауэ иIыгът, къригажьэу и къуэшым зэрыжриIэнур къыхуэмыщIэу. Ауэ мис иджы игъуэ дыдэ хъуат.

– Къысхуэгъэгъу, Берд, унэхъыжьщ, унэхъыфIщ, унафэри зейр уэращ, уи зы псалъи игъащIэм тIу сщIакъым, ауэ мы зэм сынолъэIу укъызэдэIуэну.

Бердыкъуэ и щхьэр ирихьэхащ, «сынодаIуэ» жиIэ щIыкIэу.

– Берд, мобыхэм къызэрытхуагъэувамкIэ е тенджызым адэкIэ дыIэпхъуэн хуейщ, е, мыбы дыкъанэу, я хабзэм дыщIэувэн хуейщ. «Шэми сес, шхуми сес» жыхуаIэм хуэдэщ ди Iуэхур. Уэ дыIэпхъуэну тебухуащ, дауикI, узахуэу къыщIэкIынщ, ауэ... – адэкIэ къыкIэлъыкIуэну псалъэхэр и къурмакъейм фIэнауэ фIэлът Наурыз, къыхудэмышейуэ. – Уэри болъагъу ди анэр... зэрысымаджэри, гъуэгур зэрыхуэмыхьынури. Сэ абы и гъусэу сыкъэнэнщ, фэ фежьэ... Тенджызым адэкIэ дыIэпхъуэми, мыдэкIэ дыкъанэми, къытпэплъэр тщIэркъым. Е дылIэнщ, е дылIынщ. Адыгэ куэд, Iэпхъуауэ, Тыркум щыпсэууэ жаIэ. Фызэрыгъуэтынщ, фызэрыIыгъынщ. Сэ си гум зишхыхьыжырт: «Ди адэм и кхъащхьэ къэзгъанэу, дауэ сыдэкIыну къуажэм?» – жысIэу. СощIэ уэри абы узэрегупсысар. БжезмыIэфми, ди лъапсэжь сыкъинэжмэ нэхъ къасщтэрт... Ди анэм и Iуэхур мыпхуэдэу щымытамэ, зыри жызмыIэнкIи хъунт... Уэ уи бынитIым уегупсысын хуейщ....

ТIури зытэлайкIэ щытащ зыри жамыIэу.

– Дауэ?.. Мыпхуэдэу... уи закъуэу?.. – къыжьэдэкIыфа къудейщ Бердыкъуэ.

– Iау, дауэ си закъуэу? Мы ди хьэблэм унагъуищ къыдонэ, ипщэкIи ищхъэрэкIи зыгуэрхэр къанэу жаIэ. ДызэдэIэпыкъунщ, Тхьэм жиIэмэ, дызэтеувэжынщ хуэм-хуэмурэ.

Бердыкъуэ закъримыгъэщIами, а иджыпсту Наурыз жиIам ари егупсысырт. Езыми фIы дыдэу къыгурыIуэрт пIэхэнэу къэна и анэм гъуэгур зэрыхуэмыхьынур. Зы лъэныкъуэмкIэ – и бынитIыр, абыхэм я къэкIуэнур, мыдреймкIэ – и анэр, и къуэшыр....

Бердыкъуэ зыкъомрэ щытащ, и щхьэр ехьэхауэ, иужькIэ ину щатэри жиIащ:

– Узахуэщ... УнэхъыщIэми, а уэ жыпIаращ пэжыр.

Бердыкъуэ ерагъмыгъуейуэ къыдришейуэ арат. А иджыпсту жиIа псалъэхэм зэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу къызэдэхъуа зэкъуэшитIыр, къэгъазэ имыIэжу, щхьэж и гъуэгу зырыз тригъэувэрт. Мэзи, губгъуи, къурши дэнэ къэна, тенджыз псо я зэхуаку къыдигъэукIуриерт. ИгъащIэкIи зэрымылъагъужынкIэ хъунут.

– Уи дежкIи, си дежкIи гугъущ ар, ауэ сыт тщIэн, нэхъыфIым дыщыгугъынщ ... Ауэ, итIанэми, «афIэкIа дызэрымылъагъужмэ», жызоIэри...

– Берд, сыт а жыпIэр?.. Тхьэм жиIэмэ, мыр ди иужьрей зэхуэзэкъым, сэ иджыри зыкъомрэ сыпсэуну зызогъэхьэзыр, – къэдыхьэшхащ шынэхъыщIэр. – Уэри уи унагъуэми «Гъуэгу махуэ!» вжызоIэ. ФыздэIэпхъуэ щIыналъэр Тхьэм угъурлы фхуищI. ДызэфIэмыкIуэдын щхьэкIэ дызэгурыгъаIуэ... Мазэ къэс, Мазэр из хъуауэ уафэгум къыщихьэм деж, жэщыбг зэрыхъуу, дэнэ ущымыIами, уи пщIантIэм къыдэуви, дэплъеи еплъ. Сэри дэнэ сыщымыIэми сеплъынщ. Мазэм сеплъыху, уэри абы узэреплъыр сэ псэкIэ зыхэсщIэнущ. Уи нитIыр абы зэрытебубыдам сегупсысурэ уи гум и къеуэкIэр зэхэсхынущ. Аращи, Мазэ изым деплъыху дызэрыщIэнщ.

Абдежым зэкъуэшитIым IэплIэ зэхуащIыжри зэбгъэдэкIыжащ, ауэ а жэщым тIуми я напIэ зэтралъхьакъым.

Пщэдджыжь пшэкIэплъыр къызэпхидзу щIидза къудейуэ, Бердыкъуэ и хьэпшып тIэкIур выгум иригъэзагъэщ, и анэм деж я нэпсыр щIалъэщIыкIыу къыщIэкIыжа нысащIэмрэ и бынитIымрэ выгум иригъэтIысхьэри дигъэкIащ. Езы Бердыкъуэ и Iэщэ-фащэр зыкIэрилъхьэщ, хьэблэм къыдэна цIыхуитI-щым сэлам ярихыжщ, шым зридзри, выгум кIэлъыщIыхьэжащ. ТIэкIу дэкIри, Iэпхъуэшапхъуэу ежьауэ гъуэгум тетхэм ахэри яхэзэрыхьыжащ.

Бердыкъуэ Тырку щIыналъэми нэсащ, гугъуи ехьащ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми щымымэхъашэу, и IитIыр имыгъэувыIэу лэжьащ. И пщIэнтIэпскIэ къилэжьыжауи унэ-лъапсэ иухуащ, и унэгуащэми сыткIи зыкъыщIигъакъуэу. Ауэ мазэ къэс, Мазэр из хъуауэ уафэгум къыщихьэм деж, Бердыкъуэ пщантIэм дыхьэрти дэплъейуэ щытт. Мазэм еплъурэ, и гум илъхэр жиIэрт, къехъулIари къемыхъулIари – псори Мазэм хуиIуатэрт:

– Сигури си псэри здэщыIэ щIыналъэмкIэ щыIэ си анэкъилъху, сыт ухуэдэ? Жылэми хьэблэми сыт фи хъыбар? «Дэ дыфIщ», – жысIамэ нэхъ къэсщтэнут... ауэ нэхъ Iей Тхьэм димыщIкIэ. ЙокIуэкI хуэмурэ. ЕмыкIущ ар жысIэну, ауэ пщIэну сыхуейщ: дэ иджыри зы щIалэ Тхьэшхуэм къытхуигъэфэщащ. Уи цIэр фIэсщащ «щIалэжьым». УкъызэрыздэгуфIэнур сощIэри аращ щIыбжесIэр. Уэ уи Iуэхухэр сыт хуэдэ? Унагъуэ ухъуа, хьэмэрэ иджыри «сыкъызыкIэрыхур сыт?» жыпIэурэ хьэблэ хъыджэбзхэм я фэр ипхрэ? Сыт къызжепIэн?..

Дэнэ щищIэнт Бердыкъуэ къуажэм дэIэпхъукIа нэужь и анэр мазитI фIэкIа зэрымыпсэужар, абы и ужькIэ езы Наурызи и адэм къыщIэна и дыжьын къамэр офицер гуэрым игу ирихьауэ IэщIигъэкIыну щыхуежьэм, абыкIэ зэреуар икIи абдежым фочкIэ къеуэу зэрыщаукIар, къуажэм зы уни, зы хади, зы лъапси къэмынэу зэтрагъасхьэу, зы цIыхуи псэууэ къызэрыдамынар.

Бердыкъуэ жэщ уафэм дэплъейрт, Мазэ изым и нитIыр къытримыгъэкIыу еплъырт: «Къэбэрдейм щыIэ си шынэхъыщIэ, фIэхъус узох! Сыт къызжепIэн?» – жиIэурэ.

И ныбжьыр илъэс блыщIрэ тхурэ ирикъухукIэ епсэлъащ Мазэм Бердыкъуэ...

## КIЭРТIОФЫЩIЭ

Мэкъуауэгъуэ мазэм щIидза къудейт. Дыгъуасэ шэджагъуэ нэужьым къыпипIытIыкIыу къешха уэшхым и лъэужь гуэри къэнатэкъым. Дыгъэр «къодзакъэу» къепсырт.

Дыгъэм и гуащIагъыр зыуи къизымыдзэ зэшыпхъу цIыкIуитIыр набжэм къыбгъэдэт тутейм и жьауэм кIэщIэст, хъыдан гуащэ ягъэджэгуу. Цоцэ, апхуэдэут унагъуэм исхэр нэхъыжь цIыкIум зэреджэр, иIыгъ гуащэр къызыхэщIыкIар зи фэр зэрыщытар къыпхуэмыщIэу текIыжа, хъыбий дыдэ хъуа щэкI тIорысэт. И шыпхъу нэхъыщIэм и гуащэр нэхъ щIэт икIи нэхъ дахэт. Ленэ иджыри цIыкIут, илъэситху къудейт зэрыхъури, илъэсищкIэ нэхъыжь Цоцэ гуащэ нэхъ дахэр абы лъигъэсат, мыгъын щхьэкIэ. Сыт пщIэн унэхъыжьмэ?..



Зауэ нэужьщи, цIыхухэр егъэлеяуэ гугъу йохь. Сабийхэр къапщтэмэ, я нэхъыбэм хъыдан гуащи къызыхащIыкIын яIэкъым. Нобэ цIыхухэм къафIэIуэхур унагъуэр зэрапIын, я ныбэр нэщIу зэрыщамыгъэтынырщ. Зэманым и хьэлъагъыр псом хуэмыдэу зыхэзыщIэр цIыхухъу зыщхьэщымытыжхэрщ.

ХъыджэбзитIыр апхуэдизу джэгуным дихьэхати, гу лъатакъым я хадапхэм ис нанэ Дусэ пщIантIэм къызэрыдыхьам. И ныбжькIэ къапщтэмэ, Дусэ фызыжьтэкъым, ауэ хьэблэ сабийхэр псори абы зэреджэр нанэ Дусэт, зэрыцIыху щабэм, зэрыцIыхуфIым щхьэкIэ.

Нанэ Дусэ пхъуитI иIэти, унагъуэ исхэт, и къуэ закъуэр иджыри лIыпIэ иуватэкъым, ауэ къуажэ Iэхъуэу лажьэрт. Езы Дуси, зэрыгумызагъэм къыхэкIыу, къуажэм дэс и пхъум щIэх-щIэхыурэ кIэлъыкIуэрт, нэхъыжь зыщхьэщымытыжу къэна унагъуэм зэрылъэкIкIэ защIигъакъуэрт. Мис иджыпстуи гъуэлъхьэжыну зызыгъэхьэзыра джэдкъуртыр къариIыхауэ, чы матэм ису, я деж ихьырт. Аддэ уэрам дэкIым нэс къемыкIуэкIын щхьэкIэ, Быхухэ я хадапхэмкIэ кIуэцIрыкIыжыну къыдыхьат пщIантIэм.

Хъыджэбз цIыкIуитIым нанэр къызэралъагъуу, зэуэ къыщылъэтри, абы бгъэдэлъэдащ, гуапэу IэплIэ ирашэкIащ. Джэдкъурт макъыр яфIэхьэлэмэт хъури, чы матэм иплъэу щхьэщыувахэщ. ИтIанэ зыкъащIэжри, матэмкIэ пхъуащ: «Нанэ Дусэ, къащтэ, дэ дыбдэIэпыкъунщ, уэ уеша хъунщ», – жаIэу.

ЗэшыпхъуитIым, матэм икъу зырызыр яубыдри, нанэ Дусэ дэуэршэрурэ, хадэмкIэ кIуэцIрыкI лъагъуэмкIэ и унэм нэс яшэжащ.

– Ай, сыту фыхъыджэбзыфІыщэ тІури, сытуи ехъулІа фэ фызышэнухэр, – жиІэурэ, нанэр ящытхъурт абыхэм. – Гугъу фыкъыздехьащ, фыкъыздэІэпыкъуащ, тхьэ, апхуэдэу фызмыутІыпщыжын, тІэкІу фызмыгъэшхауэ. Фи анэр дэс?

– Хьэуэ, мамэрэ Къанщобийрэ къалэм кІуащ, – жаІащ абыхэм, зым адрейр зэпиудыжрэ, я макъ псыгъуэхэмкІэ ину драшейуэ.

– Ы-ы, нтІэ мыгъуэ, фымэжалІэу къыщІэкІынщ фэ цІыкІуитІыр, – жиІэурэ гуэщым щІэт хьэкум мафІэ ирищІэщ, пщэфІапІэм шыуан цІыкІу къыщІихри, хьэкум тригъэуващ. Зытэлай дэкІри, джэдгынымэ гуакІуэр гуэщым щІэз хъуащ.

– КІэртІоф шыпс ІэфІ дыдэу фэзгъэшхынкъэ иджыпсту. Нышэдибэ къэстІа кІэртІофыщІэм шатэкІэ щІа шыпс щІэзу щІэту, абы фІыуэ джэдгын хэудэжауэ... – ар жиІэурэ, нанэ Дусэ бахъэр къызыщхьэщих фалъэхэр къахутригъэуващ Іэнэ лъакъуищым бгъэдэс хъыджэбз цІыкІуитІым.

– М-м-м, мыр сыту ІэфІ, – жаІэурэ, пхъэ бжэмыш зырыз зыІыгъ хъыджэбзхэм яунэщІырт я тепщэчхэр.

– Фшхы, фшхы, тІасэхэ, фи хьэлэлщ. Зыри къэвмыгъанэ. Сабий мэжалІэ бгъэшхэн нэхърэ нэхъ псапэ сыт щыІэ?!

ЦІыкІухэм шхэн щаухым Іэнэр зэлъыІуахыжыну хуежьат, ауэ нанэ Дусэ къахуидакъым: «Хьэуэ, хьэуэ, сэ езым Іусхыжынщ... Фэ фи пщІантІэм зыри дэскъым, ар нэщІу щывмыгъэти нэхъыфІщ».



Хъыджэбзхэм нанэм ІэплІэ ирашэкІыжри, хадэмкІэ яунэтІащ.

– Сыту ІэфІу пщафІэрэ нанэ Дусэ, – жиІащ Ленэ, я хадэм къыщихьэжым.

– Ауэкъым. КІэртІофыщІэ сфІэфІщ сэ, гъэвауи, шыпс щІэтуи. Шыуан из схуэшхынущ... Дыдейхэр мэжалІэу дэт хъунщ къалэм, – жиІэурэ, Цоцэ фІыуэ дэкІея нартыхум блэкІри, тхьэмахуэ ипэ хаса кІэртІоф хьэсэмкІэ еплъэкІащ.

– Ленэ, тхьэмахуэ мэхъу кІэртІофыр зэрыхэтсэрэ... Хъуагъэнщ ар? Мес, нанэ Дусэ ейр къитІыжри, нобэ дигъэшхащ. Мыри хъуагъэнщ. Еуэ, къэдгъэтІыжи, дэри кІэртІоф шыпс тщІауэ, мамэрэ Къанщобийрэ къедгъэгъэблэгъэж.

– Цоцэ, уэ упщэфІыфыну кІэртІоф шыпс? Сэ ар зэращІым зыри хэсщІыкІыркъым.

– УэІ, ауэ сытми сыпщэфІыфыну. Сыт абы гугъуу хэлъыр? ТхьэщІ, шыуаным иупщІати, хьэкум тегъэувэ. Нанэ Дусэ ейм нэхърэ нэхъ ІэфІыжу спщэфІынщ. Еуэ, уэ пэгуныр къэхь, сэ белыр бом къыщІэсхынщ.

Арати, Ленэ, езым нэхърэ зытІэкІукІэ нэхъ цІыкІуу, пэгуныжь пщэфІапІэм къыщІилъэфри, чачэу хадэм ирилъэфащ. Абы хуэзэу, Цоцэ белыр бом къыщІихри, ари хадэмкІэ ихьащ.

Мо тхьэмахуэ ипэ кІэртІофыр здыхаса щІыр иджыри щабэти, гугъу демыхьу, къыщІахыжу хуежьащ. Ауэ кІэртІоф хасагъащІэр хъунт?! Зэрыжьгъейуэ, зэрыжылэу къыхахыжырт.

– Уарэ, мыр нанэ Дусэ ейм хуэдэу ин хъуакъым... Сыту пIэрэ? – жиIэрт Цоцэ, белкIэ щIыр къызэригъэдзэкIыху, кIэртIоф жылэр къыщыщIэкIкIэ.

– Цоцэ, ар апхуэдэу щыт хъунщ, кIэртIоф цIыкIуу, – жиIэрт Ленэ.

– Хьэуэ, абы ини къыщIэкIын хуейщ, дынэмысауэ аращ. Еуэ, иджыри зы напIэ-напIитI къэдгъэтI, – жиIэурэ, Цоцэ къитIырт, Ленэ къищыпырт.

Ауэ зэрыхадэу къатIыжами, абы кIэртIофыщIэ къызэрыщIэмыкIынур ямыщIэу, сатырхэм ирикIуэрт. Жылэ хасауэ хъуар зэрыщыту кърахьэлIэжыну къыщIэкIынт, езы тIур емышатэмэ. КъатIыжар пщэфIапIэ щIыхьэпIэм деж тIэкIу-тIэкIуу ялъэфурэ щракIутащ. Нэхъ ину хэлъхэр къыхащыпыкIщ, ятхьэщIщ, яупщIатэри, шыуаным иракIутащ, псы щIакIэжри, хьэкум трагъэуващ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, къалэм щыIа Быхурэ Къанщобийрэ, гъуэгум зэхиукIарэ еша-елIауэ, пщIантIэм къыдыхьэжащ.

ПщэфIапIэм деж Iуащхьэу щызэтелъ кIэртIофым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъыми, занщIэу къалъэгъуащ.

– Мыр сыт?! Мы кIэртIоф жылэр дэнэ къыздикIар?

Ленэ пщэфIапIэм къыщIэцIэфтщ, зыхуэзэша и анэм IэплIэ хуищIри:



– Мамэ, нобэ нанэ Дусэ Цоцэрэ сэрэ кIэртIоф шыпс IэфI дыдэ дигъэшхати, «мамэрэ Къанщобийрэ мэжалIэу къэкIуэжмэ, дэри кIэртIофыщIэ едгъэшхынщ», жытIэри, ди кIэртIофыр къэттIыжащ.

– Ы-ы-ы, а сэ сылIащэрэт...

Хьэкум мафIэ изыщIэ Цоцэ къэкIуэжахэм пежьэну хунэсакъым, ауэ и анэм и псалъэ къыщIэдзэкIэмкIэ занщIэу къыгурыIуащ кIэртIоф Iуэхум фIы зэрыхимыхынур. Игуми щIыIэ-щIыIэу «щIэпхъуэ Цоцэ» щыжиIэм, хьэкури, шыуанри, кIэртIофри къигъанэщ, шэ цIывауэ пщэфIапIэм къыщIэжщ, и анэм къимыубыдын щхьэкIэ зыIуидзри, лъэныкъуэкIэ къежэкIыурэ, хадэмкIэ «цIыцIыцI» илъэдащ.

– Къэгъазэт, къэгъазэт зо... Иджыпсту укъэзубыдынщи, цырыц узмыщIмэ.... А напэ зимыIэу напэншэ, а дыунэхъури дытIысыжакъэ, а сэ сылIэу сызэгъэжащэрэт, а щхьэ Iей, дыкъэбгъэсыжакъэ... – жиIэурэ, Быху хадэмкIэ илъэдащ, и пхъум игу тригъэзэгъэну.

– Мамэ... мамэ... – жиIэу, Лени абы и ужьым итт.

Гъы-бжэурэ, кIэртIоф хьэсэ зэхэтIыхьахэм деж къыщыувыIэри, бел хэлъыр къиIэтащ Быху.

– Ауэ мы пщIантIэм къыдыхьи еплъыт, напэншэ, мы белымкIэ уи лъэдий псыгъуэр зэпызудынщ, – и пхъур здэжа лъэныкъуэр имыщIэми, «сызэхихынщ» жыхуиIэу, кIийрт Быху... Ар кIийрт, Ленэ гъырт.

Абы хуэзэу, Быху и дэлъхур пщIантIэм къыдыхьати, и шыпхъум и кIий макъыр хадэмкIэ къиIукIыу щызэхихым, абыкIэ иунэтIащ.

– Мыр сыт, Iау, къуажэри хьэблэри къыбогъэпсалъэри. Сыт къыпщIэIуар? – зыхуигъэзащ и шыпхъум.

– Адыдыд Iей мыгъуэ, хамэм, хамэм къызищIамэ, къызгурыIуэнт... Си пхъум, къэслъхуа си пхъум къызищIам еплъ Тхьэм щхьэкIэ. Тхьэмахуэ хъуакъым жылэр зэрыхэссэрэ... къэрахьэлIэжащ... джаур лъакъуэ мастэ... – зихъунщIэрт Быху.

– Дэ нобэ нанэ Дусэ... кIэртIоф шыпс дигъэшхати... нышэдибэ къитIыжри, дигъэшхати... – и нэпс къежэхыр и Iэ фIейхэмкIэ ирилъэщIэкIыурэ гъырт Ленэ.

– Абы фигъэшхар кIэртIоф пасэщ, ар хъуащ... Дэ апхуэдэ диIэкъым, дэ хэтсар кIэртIоф кIасэщ... Мис, иджы ари диIэжкъым, – гуIэрт Быху.

– Мыхэр сабийщ, «кIасэ», «пасэ» жыхуэпIэр ящIэрэ? Мыпхуэдизуи зумыукIыж, Iау, сабийхэр бгъэщтащ... КIэртIоф щхьэкIэ фыдгъэлIэнкъым, зыгуэр къэдгупсысынщ... увыIэж иджы. ДаIэ Цоцэ?

– И цIэр зэхызумыгъэх... А Цоцэ жыхуэпIэм зыц къытезнэнкъым, зэ къысIэрыхьэмэ. Дэнэ щыIэми сщIэркъым, сщIэнуи сыхуейкъым. Мэзым хьэкIэкхъуэкIэ къыщIэпшу бгъасэмэ нэхъыфIщ мыхэр упI нэхърэ.

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат, къызэрыщIагъэIэрэ къуажэ жыг хадэм ит мыIэрысейхэм ящыщ зым теса Цоцэ и анэ дэлъхум къигъуэту къыщришэхыжам. Дапхуэдизрэ елъэIуа, дапхуэдизрэ епсэлъа, жыгым кIэщIэту...

– Уэлэхьи, уезмыгъэукIын, Iэпэ къыптрилъхьэу сымыдэн. Уи фIэщ мыхъумэ, мес, кIэртIоф къэп згъэхьэзыращи, зэгъусэу фи деж дыгъашэ, екIужыпщIэу. Хьэуэ жыпIэрэ, уэ къанэ, сэ сокIуэж. Жэщыбг хъуащи, мэзджэдуи хьэIуцыдзи къежьэнущ. Уей, сэ абыхэм сащошынэмэ, сахуэзэнуи сыхуэмей.

А иужь дыдэу жиIахэр нэхъ щыкIуэцIрыкIащ Цоцэ деж. Дауэ мыхъуми, хьэIуцыдзыр нэхъ шынагъуэт и анэм нэхъри, мо жыг щIагъым щIэт и анэ дэлъхум едаIуэри, жыгым щIыIэм трисхьа сабийр къехыжащ, унэм нэси зригъэшэжащ.

Абы лъандрэ Цоцэ кIэртIоф фIэфIкъым...

## НАРТЫХУ ГУА IЭБЖЬЫБ

Шэджагъуэ хъуа къудейт, етIуанэ классым щIэс цIыкIухэр къыщаутIыпщыжам. Ахэр зэныбжьтэкъым, – ещанэ, етIуанэ классхэм щIэсын хуейхэр зэгъусэу зэдеджэрт. Ар къызыхэкIар зауэр иуха къудейти, «еджапIэхэм лэжьэн щIадзэжа закъуэ», жаIэри, псори зэгъусэу ягъэкIуат, зэхэдз ямыщIу.

Иджы мис, джэдкъурт макъым къигъэбырсея джэджьей быну, «цIау-цIау» жаIэу, зым адрейр зэпиудыжу, зэрыгъэкIийуэ, хьэблэм къыдыхьэжхэрт. Ауэ, нэхъыжь зытIущ уэрамым тету къыщалъагъум, нэхъ щэху защIащ.

Хьэлимэт цIыкIу я унэ щынэсыжым дэлъейщ, набжэм щхьэпрыплъри къилъэгъуащ гуэщым щIэт Iэнэ кIыхьым бгъэдэс цIыхухэр. Ахэр дадэ дежщ къыздэкIуар. Дадэ къурIэн йоджэ, къурIэныбзэ ещIэри, ар зэзыгъэщIэну хуейхэр тхьэмахуэм и кIуэцIым тIэу-щэ къокIуэри, дадэ ирегъаджэ. Ирегъаджэ, «фIыщ», «псапэщ» жеIэри. Дадэ фIэфIщ Iэят лъапIэхэр зэпашу псоми щыжаIэм деж. Хьэлимэти фIэфIщ, абы щыщу зыри къыгурымыIуэ пэтми. Ауэ апхуэдизкIэ гурыхуэщи, гуэщым щIэсхэм щадежьу щыIэщ.

Ар пщIантIэм дыхьэжри, унэмкIэ иунэтIащ. Пырхъуэм узэрытехьэу шэнт щхьэгуэм тету щыт пэгуным и щхьэр трихщ, пхъэ фалъэ цIыкIукIэ псы кърихщ, ефэри, и щхьэр трипIэжащ. Бжэм фIэлъ гъущI хьэлъкъышхуэр имыгъэIэуэлъэуэн щхьэкIэ IэкIэ иубыдри, хуэсакъыпэурэ бжэр Iуихащ.

Шэджагъуэт, ауэ унэ кIуэцIыр кIыфIт, щхьэгъубжэIупIэр зэрешэлIам къыхэкIыу. Хьэлимэт зэрыщIыхьэжу, ижьымкIэ щыт гъуэлъыпIэм занщIэу хуеплъэкIащ. Ар дадэ езым и IэкIэ ищIа гъуэлъыпIэт. Унэм щIэту хъуар – шэнти, Iэни, хьэкъущыкъу тегъэувапIэри – псори дадэ езым и IэкIэ ищIыжат. ГъуэлъыпIэрат псом нэхърэ нэхъ дахэр – лъагэу, и натIэм тещIыхьа удз гъэгъар дахэу къыхэбзыкIарэ, ари лэч гъуэжь-морафэкIэ лэжауэ. Хьэлимэт цIыкIу фIэфIт, и анэм къыщыхуидэм деж, гъуэлъыпIэм дэпщейрэ и Iэпэ псыгъуэ цIыкIухэр иригъажэурэ абы и натIэм тещIыхьа удз гъэгъахэм ириджэгуну. Ауэ нобэ къыхуадэну къыщIэкIынкъым гъуэлъыпIэм щыджэгуну. Нанэ сымаджэщ. МахуиплI мэхъу зэрыхэлъэрэ. Сыт и лажьэми къахуэщIэркъым дохутырхэми. Унэ Iуэху ищIэми, хадэми пщIантIэми зыгуэрхэр щилэжьми, и мыхабзэу, псынщIэу ешырти, зигъэпсэхуну етIысэхырт, щыст-щысти, итIанэ ерагъыу зыкъиIэтыжырти, и Iуэху и ужь ихьэжырт. Апхуэдэу екIуэкIащ махуищкIэ, ауэ дыгъуасэрэ нобэрэ къэтэджыжыфыххэркъым.

Хьэлимэт гъуэлъыпIэм бгъэдыхьащ. ШхыIэнышхуитI зытепIа и анэр кIэкуакуэу хэлът, абы щыгъуэми, и натIэм пщIэнтIэпсыр къежэхрэ щхьэнтэ зытелъыр псыф ищIыжауэ. Пэшыр кIыфI пэтми, Хьэлимэт гу лъитащ и анэм и фэр шэхум хуэдэу зэрыпыкIам.

– Нанэ, нанэ... уэ иджыри усымаджэ? ЕджапIэм сыкъикIыжмэ, ухъужауэ сыкъыдэбгъэхьэжыну жыпIати. Нанэ... Мы унэри сыту кIыфI, щхьэгъубжэIупIэр Iусхын?

– Хьэуэ ЦIыкIу, Iуумых... си нэр егъэуз нэхум, – ерагъкIэ къипсэлъащ сымаджэм.

Унэм щIэсхэр псори ЦIыкIукIэт Хьэлимэт къызэреджэр. Пэж дыдэу, ар езыр цIыкIут, къищынэмыщIауэ, псом нэхърэ нэхъыщIэт, сабий кIасэти, арат а цIэ лейр щIыфIащар.

Хьэлимэт и шыпхъухэр унагъуэ ихьакIэт. Унагъуэ Iуэху пщIэфмэ, хадэ, губгъуэ уитыфмэ, уи ишэгъуэ хъуащи, удэгъасынутэкъым. Зауэ нэужьым псори лэжьакIуэ хуэныкъуэщ. Я дэлъху закъуэри къалэ еджапIэм щоджэ. Унагъуэм къинар ЦIыкIу и закъуэщ.

– КIуэ, тIасэ, уи ныбжьэгъухэм я гъусэу тIэкIу джэгу... нобэ хуабэщ, кIуэ.

И нэр къызэтрихыу, и пхъум еплъыну къару иIэтэкъым анэм, ауэ, итIанэми, ипхъу цIыкIур имыгъэгужьеин щхьэкIэ и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм я деж игъэкIуэну хэтт.

– Хьэуэ, нанэ! – къыхуидакъым и пхъум. – Укъэзгъанэу, дауэ сызэрыдэкIынур, ы-ы? Сэ сыщысымаджэхэм деж уэ сыбогъэхъужритIэ, сэри узгъэхъужынущ. Мис мыпхуэдэу шхыIэныр быдэу пкIэщIэзупщIэнщ, щIыIэм уимысын щхьэкIэ...

«Къызэшхыдэнущ» жиIэу шынапэурэ гъуэлъыпIэм дэпщейри, шхыIэныр адэкIи-мыдэкIи кIэщIиупщIащ. ИтIанэ гъунэгъупэ зыхуищIри:

– Нанэ, сыт нэхъ пшхынт, къызжеIэт нэхъ пфIэфIыр, нэхъ уигу къихьар сыт? Сэ пхуэспщэфIынщ. Ар пшхымэ, занщIэу ухъужынущ. ЖыIэт...

– Хьэуэ, ЦIыкIу, уэ упщэфIыфынукъым ар, – къиIущэщащ анэм.

– Сыт щхьэкIэ? Сэ сыинышхуэщ, сэ сытри сощIыф. Сэ слъэгъуакъэ уэ узэрыпщафIэр, си шыпхъу нэхъыжьхэр зэрыпщафIэри... Сэ схуэпщэфIынущ, нанэ.

– Хьэуэ, си псэ цIыкIу. Япэрауэ, дэ нартыху гуа диIэкъым, ар...



АфIэкIа зы псалъэ и анэм и жьэм къыжьэдимыгъэкIыу, Хьэлимэт гъуэлъыпIэм къелъыхри: «Зэ, иджыпсту», – жиIэри щIэжащ.

Унэм къыщIэлъэтри, хадэм ит думкIэ жащ, пщэфIапIэм зы фалъэ къыщипхъуатэри. Ар сыт щыгъуи шынэрт дум бгъэдыхьэну, дзыгъуэ щызекIуэти, ауэ иджыпсту жумэрэн ису къилъэгъуами, къикIуэтынутэкъым. НартыхушхуитI кърихщ, игъэлъалъэщ, итхьэщIыжри псы щIикIэжащ. ИримыкIутын щхьэкIэ, сакъыпэурэ нартыху зэрылъ фалъэр унэм щIихьащ.

«Сыту хъыджэбзыфIыщэ мы Хьэлимэт цIыкIу. Абы хузэфIэмыкIын щыIэ? Иджыпсту IэфI дыдэу пщэфIэнкъэ», – жиIэрт абы игукIэ.

– Нанэ, нанэ, еплъыт, нартыхур стхьэщIри псы щIэскIащ. Сыт адэкIэ щIэн хуейр?

Анэм и нэхэр къызэтрихри, ЦIыкIу дежкIэ еплъэкIащ. НэгъуэщI махуэу щытамэ, къыпыгуфIыкIынти, и пхъум и щхьэм Iэ дилъэнт, ауэ нобэкIэ и Iэр къиIэтын дэнэ къэна, къыхупыгуфIыкIынуи къару иIэтэкъым.

– Хьэуэ, си псэ, ар апхуэдэ нартыхукъым. Абы хуейр нартыху хужьщ, апхуэдэ дэ диIэкъым, мыр хъунукъым, тIасэ, – жиIэфа къудейщ.

Хьэлимэт, къызэфIэнауэ, фалъэр щIихыжри, щIэкIыжащ пэшым. Сыт иджы ищIэнур? Дунейм хэт мыгъуэм елъэIуну нартыху гуа Iэбжьыб щхьэкIэ?

Иджыпсту псоми я псэукIэр зэхуэдэщ. Зауэ нэужьым цIыхухэр иджыри зэтеувэжакъым. Пэжщ, хъудырыпс ирафу щыщыта зэманым хуэдэу тхьэмыщкIэжхэкъым, ауэ, итIани...

– ЦIыкIу, ЦIыкIу, – унэм къызэрыщIэкIыу, Хьэлимэт зэхихащ уэрамымкIэ къыщеджэ и ныбжьэгъу ШэIимэт и джэ макъыр. Плъэмэ, ШэIимэт и Iэр къищIу щытт.

– Сыт мыпхуэдизу узэгупсысыр? – къеупщIащ и ныбжьэгъур, пщIантIэм къызэрыдыхьэу.

– Нанэ нобэ къэтэджын си гугъат, ауэ иджыри сымаджэу хэлъщ. Нартыху гуа хьэнтхъупс игу къихьащи, – «Ар ишхмэ, хъужыну пIэрэ?» – жысIати, дэ нартыху хужь диIэкъым.

Хьэлимэт и жьэпкъ щIэкIэзызыхьыр ШэIимэт щилъагъум, къыгурыIуащ иджыпсту и ныбжьэгъур къызэрыщиудынур.

– Гъуэжь, хужь иIэ абы? Нартыхущи нартыхущ, бгумэ, аракъэ? Къащтэ мыдэ уи нартыхури, Iэлжанхэ деж дыгъакIуэ.

Хьэлимэт и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжри, щIэлъэдэжщ, нартыху гъэлъэлъар хъуржын цIыкIум ирикIутэри, пщIантIэм дэжащ хъыджэбз цIыкIуитIыр.

ЕджапIэм тепсэлъыхьу, еджэфхэмрэ емыджэфхэмрэ зэхадзу, а емыджэфхэм нэхъ еджэфынухэр къыхащыпыкIыжу здэкIуэм, гу лъамытэжурэ щхьэлым нэсыпат.

Къуажэ щхьэлыр зыгъэлажьэр Мухьэзыр лIыжьырт. ЦIыхухъуу дэсыр зауэм щыдашым: «Ар лIыжьщ, и нэ лъэныкъуэми сэкъат иIэщи, зыри илъагъуркъым», – жаIэри, и гугъу ящIакъым. Щхьэлым и тету къагъэнащ. Къилэжьышхуи щыIакъым а гъэхэм щхьэлым, ауэ кIэлъыплъащ, зыхуей хуигъэзащ. Мухьэзыр и тхыр зэзэмызэ къеузырти, абы щыгъуэм и щхьэгъусэ Iэлжант щхьэлыр зыгъэлажьэр. Ауэ къуажэдэсхэм нэхъ яфIэфIыр лIыжьыр щыщIэтым дежт. Ар кIий-гуотэкъым, итIанэ хъыбар гъэщIэгъуэнхэр жиIэж и хабзэт, я тхьэкIумэр тегъэхуауэ, псори едаIуэу.

Мухьэзырхэ я унэр лъэбакъуитI-щыкIэ пэжыжьэу арат щхьэлым. Арат хъыджэбз цIыкIуитIыр здэкIуэри. КъуажапщэмкIэ ахэрат гухъу щхьэл лажьэу зиIэр.

– Iэлжан, Iэлжан, – жаIэри джащ, ауэ унэм зыри къыщыщIэмыкIым, пщIантIэм дыхьахэщ. Хьэ яIэтэкъыми, мышынэу гуэщымкIэ яунэтIащ, арат гухъу щхьэлыр здыщIэтри.

– Ядэну пIэрэ? – Хьэлимэт къэгузэвэжри къэувыIащ, ауэ ШэIимэт, «накIуэ, накIуэ» жиIэурэ, и ныбжьэгъум и Iэблэр иубыдри, гуэщым щIилъэфащ.

– НакIуэ, умыукIытэу, Быбэрэ сэрэ дызэгъусэу дапщэрэ дыкъэкIуа, езыхэр щIэмысу. Зыри жаIакъым. Умышынэ, сэ сощIэ щIэн хуейр, слъэгъуащ.

Хъыджэбз цIыкIуитIыр гухъум бгъэдыхьэри, Хьэлимэт и хъуржыным илъ нартыхур гухъунэм иракIутащ.

– Иджы сэ гухъущхьэр згъэлэжьэнщ, уэ хъуарэ-мыхъуарэ уеплъурэ, къызжеIэ, – унафэ ищIащ ШэIимэт.

ПщIантIэм къыдыхьэжа Iэлжан гуэщымкIэ къыщIэIукI Iэуэлъауэр щызэхихым, абыкIэ иунэтIащ. Ар къызэралъагъуу, хъыджэбзитIыр щтэри, зыгуэр къэзыдыгъуам хуэдэу, я нэхэр къиціуукIыу зэщIэдиящ.

– Сыт фэ тIум мыбы щIэфщIыхьыр? Мы си гуэщым фIэкIа джэгупIэ фымыгъуэтауэ ара? ЗыщIевгъэхыт иджыпсту, – и макъым зригъэIэтри, къащIэкIиящ Iэлжан.

ШэIимэт занщIэу зыкъищIэжащ:

– Дэ, дэ нартыху тIэкIу дгуну арат. Хьэлимэт и анэ Хутэ сымаджэу хэлъщи, «нартыху гуа хьэнтхъупс тIэкIу Iухуэмэ, нэхъыфI къэхъужыну пIэрэ», жытIэри дыкъэкIуащ.

– Уэ Хутэ урипхъу? – Iэлжан и нэ фIыцIитIыр триубыдащ хъыджэбз цIыкIум.

– НтIэ, срипхъущ, – къиIущэщащ Хьэлимэт цIыкIу. – Нанэ сымаджэу... – жиIэу зыгуэр къыпищэну хэтащ ар, ауэ адэкIэ Iэлжан зы псалъэ жригъэIакъым.

– Иджыпсту, уи нартыхури уэри зызвмыгъэлъагъуу, фыдэкIыт мы пщIантIэм. Арат иджы къэнэжар, – фи нартыхур си гухъумкIэ вгуну...

– Дэ тIэкIунитIэ... – жиIэу кърагъэжьат ШэIимэти, Iэлжан и кIий макъым сабиитIыр игъащтэри, гухъунэм иракIута нартыху тIэкIур я Iэгу цIыкIухэмкIэ псынщIэу кърахыжу щIадзащ.

– Еплъыт абы нартыху жиIэу кърагъэхьам. Мыр нартыху гуа хъуну, мыбы нартыху хужьщ хуейр. Аркъудейр имыщIэу ара уи анэм?

– Хьэуэ, нанэ жиIат дызыхуейр нартыху хужьу, ауэ нартыху хужь диIэтэкъыми...

– ДиIэтэкъыми... фэ игъащIэм зыгуэр фиIа сытми? ЗыщIевгъэхыт псынщIэу, афIэкIаи зызвмыгъэлъагъу.

ДэкIыжыху зыгуэрурэ зиIыгъащ Хьэлимэт, ауэ пщIантIэм зэрыдэбэкъукIыу къыщиудри, зыхуэмыубыдыжу гъыуэ щIидзащ.

– Нанэ, уэ си нанэ дыщэ, сэ сытым хуэдэу сыхуейт хьэнтхъупс тIэкIу пIузгъэхуэну... Сыту сыщыгугърэт ар пшхымэ, занщIэу ухъужыну... Сыту сыхуейт... уэ нанэ... нанэ...

Хьэлимэт и нэпсыр кърат Iыхым хуэдэу къежэхырт и нэкIущхьитIым. Абы зэрыдэIэпыкъунури, ар зэрытригъэунури зымыщIэ ШэIимэти, къыщиудауэ, и ныбжьэгъум IэплIэ иришэкIауэ дэгъырт.

Ар къызыхэкIар мырат. Нартыху тIэкIу ихьэжыну Хутэ щхьэлым къыщыкIуэхэм деж Мухьэзыр щIэтмэ, нартыхур иригъэхьэжырт, хьэжыгъэ тIэкIуи хьэжыпщIэу къыхуигъанэрт. Мухьэзыр фIыщIэ хуищIырти, Хутэ кIуэжырт унэм. Ауэ Iэлжан щыхуэзэхэм деж бэлыхь хэхуэрт.

– Нартыху зэримылъыжыр умылъагъуу ара? Щхьэл мывэр зэрыбогъэшхри, пшахъуэр хьэжыгъэм хощащэ, мывэри трехъукI, – жиIэурэ шхыдэрт Iэлжан.

– АIей, а жыпIэр сыт, Iэлжан, моуэ иджыпсту дыдэ нартыху зэрискIутар умылъэгъуауэ ара? – жиIэрт Хутэ.

– Сыт нартыху? Сыт хуэдэ нартыху? ПщIыхьэпIэ плъэгъуауэ ара? Куэдщ ар, ирикъунщ. Хьэжыгъэр къэщтэжи, кIуэ аддэ, – жиIэурэ, тIэурэ-щэрэ къыфIэнащ Хутэм.

Iэлжан хьэрэмыгъэ зэришхыр псоми ящIэрт, ауэ сыт я Iэмалт?! «Зи гупкIэ уисым и уэрэд къыбош», жиIакъэ пасэрейм, зыри пхуещIэнутэкъым.

ШэIимэт тIэкIу нэхъ зэтебэяуэжати, зэщыджэу щыт и ныбжьэгъум и нэпсыр хузэпилъэщIыхьурэ жиIащ:

– НакIуэ, ЦIыкIу, Бybэ делъэIунщ, абы иIэххэмэ, зэи хьэуэ жиIэнукъым.

Быбэ жыхуиIэр икIи я благъэтэкъым, икIи я Iыхьлытэкъым, япэмыжыжьэу псэу ныуэжьт. Зы щIалэ закъуэ иIати, ари зауэм хэкIуэдауэ, иджы и закъуэу псэурт. Ар апхуэдизкIэ псоми фIыуэ къалъагъурти, и пщIантIэр зэи цIыхуншэ хъуртэкъым.

ЦIыкIуитIыр Быбэ деж щынэсам, ар нэмэзлыкъым къытекIыжа къудейуэ, нэмэз щыгъэр къищтауэ игъажэу щыст.

– Быбэ, Быбэ, зыгуэркIэ дынолъэIунущи, кхъыIэ, къытхуэщIэ. КхъыIэ, Быбэ, къытхуэщIэ, дынолъэIу, – къракIутащ ШэIимэт.

Быбэ нэмэз щыгъэр игъажэурэ и щхьэр ищIри, и набдзэ тхъуахэр дришеящ, – «жыIэ» жыхуиIэ щIыкIэу. ШэIимэт и ныбжьэгъум еIэдэкъэуащ.

– Быбэ, ди нанэ сымаджэщи, махуитI хъуауэ къэтэджыркъым икIи шхэркъым. «Сыт нэхъ пшхын?» – жысIэри сеупщIати, – «нартыху гуа хьэнхъупс» жиIащ. Дэ диIэкъым, ШэIимэтхи яIэкъым нартыху гуа. Зы Iэбжьыб закъуэ сиIатэмэ, хуэзгъэвэнти езгъэшхынт, – зыкъищIэжащ Хьэлимэти. – Сэ сощIэ, нанэ ар зэришхыу, занщIэу нэхъыфI къэхъужынущ.

Быбэ нэмэз щыгъэр зэпимыгъэууэ щысащ, и нэхэр зэтепIарэ хъыджэбзитIым жаIэм емыдаIуэ, зэхимых хуэдэу. ИтIанэ хуэмыбзэу игъэпэщащэ Iэ ижьым и Iэпхъуамбэхэр Iимамым зэрынэсу кьытеувыIэри, къэтэджащ. Пэшхьэкум бгъэдыхьэщ, абы бгъэдэт пхъуантэ цIыкIур къызэтрихщ, куэдрэ зэрызэрахьам къыхэкIыу зи фэр текIыжа хъуржын цIыкIу гуэр къыдихри, пхъуантэм и щхьэр трипIэжащ. Хьэлимэт дежкIэ зыкъигъазэри, хъуржыныр къыхуишиящ:

– Мэ, тIасэ, мыбы зы Iэбжьыб хуэдизщ илъыжри, къащтэ, си псэ закъуэ. Тхьэм хущхъуэ хуищI уи анэм.

Хьэлимэт аргуэру къэгъыну хьэзырт, ауэ ШэIимэт щыIуплъэм зызэтриубыдэжащ.

– Быбэ, сыту уцIыхуфIыщэ уэ, сытуи фIыщэу утлъагъурэ... Тхьэм утхуигъэпсэу, Быбэ, – жаIэурэ, нэхъыжьым зэрепсэлъэн хуей щIыкIэри гужьеяуэ зыщыгъупщэжа цIыкIуитIыр унэм жэрыжэкIэ щIэжыжащ.

«Сабий гумащIэхэщ», – жиIэу егупсысырт Быбэ, нэмэз щыгъэр гъэжэным пищэжарэ, щIэжыжа хъыджэбз цIыкIуитIым якIэлъыплъурэ.

ЖэрыгъэкIэ унэм щIэлъэдэжщ Хьэлимэти, нартыху къилъэIухуар итхьэщIащ, псы щIикIэри, игъэвэну тригъэуващ. «Нартыху гуар куэдрэ мавэ, ауэ ягъэ кIынкъым... Сэ згъэвэнщ ар, къысIэрыхьа закъуэмэ, згъэвэнщи, нанэ езгъэшхынщ. Сытым хуэдэу гуфIэну ар!.. Дади, дади езгъэшхынщ, мес, къокъуалъэ...»

Нартыхур ишхыфынутэкъым Хутэ, ауэ хьэнтхъупсыр иримыкIутын щхьэкIэ сакъыпэурэ бжэмышхыр къыхуэзыший ЦIыкIу еплъурэ тIэу-щэ еIубащ.

– Упсэу, си хъыджэбз цIыкIу, IэфI дыдэу упщэфIащ, Тхьэм и нэфI къыпщыхуэ, – жиIэурэ, щIыхубзэ хъуа и Iэр ерагъыу къиIэтри, ипхъу кIасэм и щхьэм Iэ дилъэну хэтащ, ауэ хуэмыIыгъыу ехуэхыжащ. И нэпсыр къыфIыщIэжри, щхьэнтэ зытелъым хэлъэдащ.

– Плъэгъуа, нанэ, хьэнтхъупсым щыщ уефэри укъэпсэлъэжащ. Дадэ къыщIыхьэжмэ, абыи хуэзгъэхуэбэжынщи, езгъэшхынщ, уэри уэзгъэшхынщ иджыри... – Iущащэрт ЦIыкIу, и анэм и Iэ къарууншэм ба хуищIурэ.

Хутэ и дауэдапщэр зэфIэкIыху, зы цIыхум къыфIэIуэхуакъым икIи зыми гу лъитакъым лъэныкъуэкIэ ирагъэувэкIауэ щыт нартыху гуа хьэнтхъупсыр зэрыт шыуан цIыкIум...

КЪУДЕЙ Фаридэ

# ГУАЩЭ

*Рассказ*



А пщэдджыжьри адрейхэм къазэрыщхьэщыкIышхуэ щыIэтэкъым. Унэм щIэсхэр зэрыщIэкIынум пIащIэу зыхуагъэхьэзырырт: хэт лэжьапIэ кIуэнут, хэти – еджапIэ, Аслъэнщи – Москва лъэтэнут нобэ.

Псори зыгуэр хуейщи, я анэм, Гуащэ, зыкъыхуагъазэ. Езыми жэуап яретыж.

– Мамэ, си джанэ хужьыр...

– НэгъуэщI щытIагъэ.

– Хъунукъым, нобэ хьэщIэшхуэ къокIуэ университетым.

– Иджыпсту пхуэзгъэхьэзырынщ.

– Мамэ, хэт еджапIэм сызышэнур?

– Нобэ папэщ узышэнур, Данэ.

Ар щызэхихым, Аслъэн жеIэ:

– Сэ сыхущIыхьэнукъым, уэ шэ.

– Хъунщ, сшэнщ. Хьэзырщ уи джанэр, Ислъам.

– СыщIокI сэ.

– Ушхакъым, Аслъэн.

– Iуэхукъым, лэжьапIэм къэхьэуэ сыщефэнщ.

– Данэ, уэ сыт уи гугъэр? Зумылъэфыхьу, шхэ.

– Сэри сымэжалIэркъым.

– СызыхуэпщэфIар хэт, язалыхь? «Пщэдджыжьышхэм унагъуэр зэхуешэс, зэкIэрешхэ», – жиIэрт нанэ мыгъуэм.

Гуащэ и псалъэхэр зыми зэхихыжакъым, унагъуэм щIэсхэр пIащIэу щIэкIыбжэмкIэ зэрыхьырт. Езы Гуащэ псоми я ужькIэщ щыщIэкIар. И хъыджэбзыр еджапIэм нигъэсри, лэжьапIэм кIуащ. Тыкуэныр зэIуихащи, зэIусапхъэри зэгъэзэхуэн хуейри фIыуэ ищIэу, мэIэбэ: цыджанэхэм, бостейхэм я уасэр якIэрелъхьэ, фIэдзапIэхэм фIегъэзагъэ. Зэсэжа лэжьыгъэр игъэзащIэ мыхъумэ, и псэр ешащи, зыхуэпабгъи, зыхуеи щыIэкъым: илъэсым щIигъуащ езым къыгурымыIуэ гурыщIэ гуэрым зэригъэпIейтейрэ. Апхуэдэ зыхэщIэныгъэ абы къезытыр зэса псэукIэм зэрызихъуэжарауэ къыщыхъурт: и щхьэгъусэр къалащхьэм кIуэрей хъуат, куэдрэ зыщиIэжьэрт, щыхуэныкъуэхэм и деж игъуэтыжыртэкъым. Бынми ягу къеуэу щытт адэр пщыхьэщхьэшхэ Iэнэм зэрыбгъэдэмысыр. Данэ абы апхуэдизкIэ гурэ псэкIэ пыщIати, ар куэдрэ къызэрытыр нэхъ зыхищIэрт. Гупсысэм иIыгъ Гуащэ Аслъэн и макъым къигъэщтащ, ар къызэрыщIыхьар зэхихатэкъыми:

– Гуащэ, сэ махуитI-щы нэхъыбэ сыкъэтыну къыщIэкIынкъым, быным хуэсакъ, къэхъуIамэ, занщIэу некIэпсауэ.

– ДэркIэ уигу умыгъэныкъуэ. УщIежьэ Iуэхур тэмэм зэрыхъунум егупсыс. Узыншэу Тхьэм укъытхуихьыж, Аслъэн.

«МахуитI-щы» жеIэр, ауэ, нэхъыбэри щыIэну къыщIэкIынщ, Тхьэм ещIэ къыщыкIуэжынур. Иужьрей зэманым мыр едапщанэ кIуэрэ къалащхьэ офисым...» – йогупсыс Гуащэ. Аслъэн кIыхьлIыхьу къыщытым деж, махуэхэр кIэншэу, хьэлъэу къыщохъу. Гурыщхъуэ гуэрхэр ищIми, итIани, и щхьэгъусэр зэригъэзэхуэн къыхуегъуэт: «Лэжьыгъэр лэжьыгъэщ, нэгъуэщIу хъуркъым, Iэмалыншэщ», – жери.

Аслъэнрэ Хьэсэнрэ зэрысабийрэ зэныбжьэгъущ, хьэрычэтыщIэхэщ, илъэсипщIым нэблэгъауэ зэдолажьэ: къалащхьэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэм Хьэсэн и унафэщIщ, хэкумкIэ щыIэм – Аслъэн. Япэ илъэсхэм щхьэгъусэр Москва щыкIуэхэм деж, ар махуэ къэс къепсалъэрт, кIыхьу къыдэуэршэрырт, иджы Гуащэ телефоным хуеплъэкIыу къэнащ, къыщеуэнум пэплъэу.

ЗэныбжьэгъуитIым я Iуэхур кIуатэурэ, лэжьыгъэм зиубгъуащи, аращ Аслъэн къалащхьэм кIуэрей щIэхъуар. Ар Гуащэ къыгурымыIуэу щыттэкъым, ауэ нэхъыбэрэ и закъуэу къызэрынэм и мызакъуэу, абы и къэпсэлъэныр нэхъ кIащхъэ зэрыхъуар игу къоуэ. ЦIыхубз щыгъын щищэ тыкуэн иIэщи, лэжьыгъэм щхьэщех и гупсысэ хьэлъэхэр. Зымахуэ и гъунэгъуу щыта Залинэ щэхуакIуэ къэкIуати, абы къыжриIар иджыри къэс зыхуихьынур ищIэркъым. «Гуащэ, Аслъэн хъыджэбз щIалэкIэ уихъуэжмэ, дауэ ухъуну?» – и нэхэр игъэджэгуу, къеупщIат ар.

Гуащэ и дэIэпыкъуэгъу Линэ цIыкIу дыгъуасэ хьэпшып къиишэри къэлъэтэжащи, ахэр зэгъусэу телъхьэпIэхэм трагъэзагъэ, ауэ тезыгъэууэ щыта лэжьыгъэри нобэ сэбэп къыхуэхъужыркъым. И гур зэхэзехуэн зыщIар сыт апхуэдизу? Дыгъуэпшыхь гувауэ Аслъэн къэпсалъэрти, занщIэу иришэхри щIэкIащ, пщIантIэм къикIукI-никIукIыурэ щыпсалъэри къыщIыхьэжащ. Зэхихар къызэрытехьэлъар и нэгум кърихырт, ауэ зыри жимыIэу, еша-ешауэ Линэ хуэгуфIэри, щылажьэ пэшым щIыхьэжащ, икIи абы нэху къыщекIащ.

Аслъэнрэ Гуащэрэ я щIалэ нэхъыжьыр университетым щоджэ, зы мазищкIэ бакалавр хъунущ, итIанэ и щIэныгъэм Москва щыпищэну и мурадщ. Зымахуэ Дани адэ-анэр игъэгуфIащ: хъыджэбзым еджапIэр къиухмэ, тыкуэныр езым игъэлажьэу, анэм зригъэгъэпсэхун гугъэхэр иIэщ. Ари менеджментым хуоджэ, ещанэ курсым щIэсщ. Бынхэр балигъыпIэ иуващи, Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, гуныкъуэгъуэ кърагтырыкъым.

«Язалыхь, нобэрей махуэм нэхъыкIэ думыщI. ФIыщIэр зейр уэращ. Сыпхуэарэзыщ, адэкIи уифI дыщумыгъащIэ», – а псалъэхэм Гуащэ и псэр егъэтыншыжри, лэжьыгъэм пещэж. Гуащэ и ныбжьым хуэдиз зыми къыхуигъэфащэртэкъым: цIыхубз зэкIэлъыкIуэщ, и щхьэцыгъуэ Iув толькъун щIыкIэу утIыпщар и плIэм дэлъщ, набдзэ фIыцIэ къурашэхэм ткIиифэ къытрагъауэ, ауэ и нэ кхъуэщыныфэ

дахэхэм къащIих хуабагъэм удехьэхыж. Нэм къыщIидзэ щыгъынкIэ ерыщкъым ар: лъэдакъэшхуэу щымыт вакъэ зэхуэщIамрэ и лъэгуажьэм фIэкIыу щыгъ кIэмрэ сытым дежи зы плъыфэщ. А и зыхуэпэкIэм зэрытемыкIымкIэ Гуащэ адрейхэм къахощ.

Гувами, щIалэр гъусэ ищIу, лэжьыгъэ нэужьым Тэрч мыкIуэжу хъунутэкъым нобэ: и гуащэ Данэху зэрыгукъыдэмыжыр нысэгъу курытым къыжриIат.

– Ислъам, нанэ тIэкIу зегъэсымаджэри, дыщIэмыупщIэу хъунукъым, уи адэм сыпэплъэмэ, сыгувэнущ.

– Мамэ, папэ и IуэхущIапIэр Москва ихьыжауэ ара? Иригъэлейуэ къыпщыхъуркъэ?.. – зехъунщIэ Ислъам.

– Хьэуэ, на-а, сыт а жыпIэр? Сытым щхьэкIэ ихьыжын? Папэрэ Хьэсэнрэ я Iуэхум зеужь, мэкIуатэ, апщIондэху нэхъыбэрэ абы кIуэн хуей мэхъу...

– Хьэсэн езыр пэмылъэщура?

– Полъэщ, си нэху, полъэщ, – щабэу и къуэм доуэршэр Гуащэ. – Ауэ Iуэхур я зэхуэдэщи, ар зэрекIуэкIым тIури кIэлъыплъын хуей мэхъу... Уэ къызэрыпщыгугъыр пщIэрэ уи адэр?

– СощIэ, емызэшу сыкъыздрешэкI. Псори къызгурегъаIуэ, япэм Москваи сыздишэу щытащ, ауэ илъэсым нэблэгъауэ сыздишэжыркъым.

– Уи жагъуэ умыщI, ар адэщ, зэрынэхъыфIым хуэдэу ещI. Уэ уимыгъэлъагъунрэ къыпхуимыгъэфэщэнрэ иIэ абы? ИIэкъым, си псэ. Уэращ абы и гугъапIэр.

Зэдэуэршэрурэ, гъуэгу дэдзыхыпIэм нэсащ зэанэзэкъуэр. Сыту фIыщэу илъагъурэ мы гъуэгу гъунэм Iут щихухэр Гуащэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс щэ никъуэм нэсауэ къыщIэкIынщ. Аслъэн и гъусэу къыщыкIуэж зэзэмызэм, мыбдеж къыщыувыIэхэрти, къэзыухъуреихь дуней дахэм кIэлъыплъхэрт...

... Щихухэм къапих цыр хуэмурэ щесырт хьэуам. «Мыбы дауэ ухэтыф, си Iур икудащ, дыхэгъэкIи, ди гъуэгум пыдгъэщэж», – жиIэрт Аслъэн. Машинэм итIысхьэжа нэужь, и щхьэцым хэзэрыхьа цыхэр щхьэгъусэм къыхухихыжырт, «сабийкIэ» къеджэурэ. Езыми зыкъыкIэримыгъэхуу дэгушыIэрт...

Зэнысэгъу нэхъыщIитIыр къыпежьащ Гуащэ. Ларисэ япэ зыкъригъэщри, хьилэшыгъэ хэлъу къриутIыпщащ: «Аслъэн фи гъусэ си гугъаи. Тхьэ, фэр дыдэм флъагъужу къыщIэмыкIын ар, дэ дыкъэгъэнауэ. Мамэ егъэлеяуэ игу къоуэ фызэрызэпыIукIуэтар».

АуанычI псалъэхэр и жагъуэ зэрыхъуам гу лъамытэмэ нэхъ къищтэу, Гуащэ къихьа бэзэр шхынхэр Iэнэм къытрилъхьэрт, щIыIалъэм дигъэзагъэрт.

... ЗэрызаIэжьа щымыIэу къежьэжахэщ. Данэху фIэфI хъуатэкъым Аслъэн зэрамыгъусэри, зэанэзэкъуэм къызэреплъа щыIэкъым. Армырми, къуэрылъхум лъагъуныгъэшхуэ къыхуиIэтэкъым нанэм. «ЩхьэзыфIэфI лъхуэри езым ещхь къилъхужащ», – жиIэ зэпытт, щIалэ цIыкIур анэм зэрещхьыр фIэмыфIу. Ахэр къыщыдэкIыжым,

гу зылъыуигъатэу, нысэр хадэмкIэ еплъэкIащ. Жыгхэр ухъуэнщIын хуейт...

Гуащэ игу къэкIыжащ нысащIэщIэу мы хадэм зэрелэжьауэ щытар. Зыри зэмыгугъу хадэр ежьужьымрэ къуацэ-чыцэмрэ зэщIащтат. ХьэгъуэлIыгъуэр иджыри зэфIэмыкIами, иувэри хадэр зэщIигъэкъэбзат. Аслъэн елъэIущ, щIыгулъ фIыцIэрэ а щIыпIэм нэхъыфIу къыщыкI жыгхэмрэ къригъашэри, щIыр хадэм тригуашэу зэбгритхъужа нэужь, жыгхэр хисащ. Хуэрэджейхэм хуабжьу щыгуфIыкIат и гуащэр. ПщIантIэри удз гъэгъам зэщIригъэщтат: апхуэдизкIэ куэд хъурти, узэплъынур къыпхуэщIэртэкъым. Ахэри Аслъэн кърригъэщэхуат.

Лъагъунлъагъу къыхуэкIуа и шыпхъу Лалинэ мыпхуэдэу къыжриIат: «Сатум ущIыхуеджар къызгурыIуэркъым, Гуащэ. А зы щытыкIэм утекIыркъым: ди лъапсэр удз гъэгъам ебгъэтхьэлат, хадэ зехьэнри зыми къытлъыбгъэсыртэкъым. Унэрати... ЗыкIэ пфIэфIти зебгъэлIэлIэну: пэш къэс зы теплъэ ептырт, етIысэх пщIэртэкъым. Алыхь, мы укъыздашам я пщIантIэм сыкъызэрыдэбакъуэу къызгурыIуамэ абы и теплъэ дахэр узэриIэдакъэщIэкIыр. ТыншыпIэ зэт тIэкIу, тIасэ. АIIей, укъызэрырагъэувэхыу, дауи пхуэщIа ди пщIантIэм ещхьыркъэпс!» Абы щыгъуэ Гуащэ и шыпхъум зришэкIри: «ЦIыхур зыгъэцIыхужыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкI хэлъщи аращ. Апхуэдэу щымытамэ, гъащIэр гъэщIэгъуэн тщыхъунт?!» – жриIат.



Нобэр къыздэсым Гуащэ щыгъуазэкъым анэм Аслъэн зыхигъэкIмэ нэхъ къыщIищтар, ауэ нэхъыжьыпщIэ хуещIри, лъапсэм толажьэ, нэхъ дахэ, нэхъ екIу ищIыну иужь итщ. Къэгубжьу, имыщIапхъэмрэ жимыIапхъэмрэ зыдригъэхьэхыу зи мыхьэл цIыхубзыр зэса щытыкIэм текIыркъым иджыри къыздэсым. СыткIэ ищIэнт абы Данэху Аслъэн къыжриIауэ щытар: «СынысащIэщ, жимыIэу, лъапсэр къэзыгъэщIэращIэу зи хьэгъуэлIыгъуэ и унафэ зыщIыжа Гуащэ уэ удэкIуэдынкъым, си къуэ, ауэ нысэ курыт псэукIэмыщIэм Муртаз дишмэ, хуэгъэпсэунукъым, дэунэхъунущ. Си нэIэ ятету, ахэр пщIантIэм дэзгъэсыжмэ нэхъ тэмэму къызолъытэ. Ар, дауи, дэ ди унагъуэ Iуэхущ. СызэреплъымкIэ, нысэхэм щIащIэн щыIэкъым ар ди зэхуэдэ унафэу зэрыщытыр. Уи жагъуэ умыщIыну сынолъэIу, Аслъэн».

... Унэм нэсыжа къудейт, телефоныр къыщызыуам. Гуащэ къыжраIар зэрыгущIыхьэр яфIэмащIэу, сурэти къыкIэлърагъэхьыжат...

Къэхъуар и фIэщ хуэмыщIу, Гуащэ и щхьэр фIиубыдыкIыжащ.. И къарур зэуэ кIуэщIати, стIолым зытригъащIэри, хуэмурэ етIысэхащ.

– Мамэ, зыгуэр къэхъуа? Папэ... Папэ зыгуэр къыщыщIа? – гужьеящ Данэ.

– Зыри къэхъуакъым, си Данэпс, умыгужьей. Узыншэщ уи адэри, си псэ.

– Зыри къэмыхъуамэ, сыт мыгъуэ апхуэдизу уи фэр пызыхуар?

– Си хущхъуэр къызэт, Ислъам, – анэм зыхуигъэзащ и къуэм.

Зэдэлъхузэшыпхъум анэр шэнтиуэм ирагъэтIысхьэри, хущхъуэ ирагъэфащ. Сыт хуэдэ хьэлъэ къытемыгуплIами, Гуащэ хуейтэкъым иужькIэ зыхущIегъуэжын иджыпсту илэжьыну. И пэшымкIэ щIыхьэжри зыкъомрэ щылъащ, зыIуува IэнатIэ дыджыр зэригъэзахуэу, ауэ пыухыкIауэ зыгуэрым къытеувыIэн хуейти, гузавэу къыщIыхьэ-щIэкIыж и бынитIыр зыбгъуригъэтIысхьащ, икIи, кIыхьлIыхь имыщIу, быным гузэвэгъуэ къакIэщIэзэрыхьар яжриIэну мурад ищIащ.

– Ислъам, Данэпс, мы сэ нывжесIэнур егъэлеяуэ жагъуэщ, хьэлъэщ, ауэ къэхъунур къэхъуащ, бзыщIыпIэ сиIэжкъым. Фи адэм щIасэ цIыхубз иIэщ, илъэсым нэблэгъауэ хъыджэбз цIыкIуи зэдапIу къыщIэкIащ.

ШыIэныгъэр сыт щыгъуи къызэмэщIэкI Данэ къыщылъэтащ: «Ар дауэ, папэ «пащтыхьыпхъукIэ» зэджэ нэгъуэщI пхъу иIэу ара? Сэ сыхуримыкъуу арат? Ар дауэ къызищIэфа? СыткIэ ар къызэрызлэжьар?»

Адэр зыпищI щымыIэу зылъагъу хъыджэбзым къэхъуам фIищынур къыхуэщIэртэкъым. ИтIанэ, гугъэм гукъыдэж къретыжри, и нэгум зехъуэж. «Догуэ, мамэ, догуэ, ар пцIыщ, – жи. – Дэ ди адэм дызэрихъуэжын дунейм теткъым. Ар пцIыщ, пцIыщ! Папэ ищIэнукъым апхуэдэ напэншагъэ. Къопсэлъар хэтми, ар щыуащ, пэжкъэ, мамэ? Уигъэунэхуу арагъэнщ. Аракъэ, Ислъам? ЖеIэт уэ мамэ, уэ жепIэр нэхъ и фIэщ хъунущ!»



Нобэр къыздэсым Гуащэ и гугъат Аслъэнрэ езымрэ унагъуэ нэс, унагъуэ быдэ яухуауэ, зэран къахуэхъуфыни щымыIэу. Иджы, мис, езыр мэгуIэ, бынитIыр хьэжэпхъажэ хъуащи, ящIэнур къахуэмыщIэу, япэ къажьэдыхьэр жаIэ.

ЦIыхубз тхьэмыщкIэм игу къегъэкIыж и анэм къыжриIауэ щыта псалъэхэр, абыкIэ и быным догуашэ: «ЩIыпIищ нэщIщ: псы здемыжэхыж псыхъуэ, къэкIыгъэ зэрымыт губгъуэ, лIы зыщхьэщымыт фыз. Мы дунейм зы Iэмал тету, дыщымкIэ укъемыплъэкI. Узыхуейр къыхэпхри удэкIуащ, къыбжаIэр зыгурыбгъэIуакъым. Бахъсэн куейм уикIри, укъыздамыцIыху Тэрч нэс укIуащ. Зигъэзагъэ, дэри аращ нэхъыжьхэм дызыщIагъэдэIуар, дызыщIапIыкIар. ЛIыр хъунуми мыхъунуми нэхъыбэу уэращ зэлъытар. Тхьэм къыпхуримыгъахуэ ар къыщыпщхьэщымытыжын махуэ. – Гуащэ ину хощэтыкIри, адэкIэ къыпещэ: – Нобэ хуэдэ зы махуэ хъунт си анэм жыхуиIар... Къытпэплъэ псор тщIэркъым, ауэ, дауэ мыхъуми, напэ къабзэрэ акъыл нэскIэрэ дапэщIэтынщ гъащIэм тхуигъэхьэзырахэм».

Данэ тепыIэркъым:

– Мамэ, а уэ жыпIэр псори псалъэ къудейщ. Сэ си адэр зыми естыну зызгъэхьэзыркъым. Ислъам иджыри йоджэ, зыри къытхуищIэну и къарукъым. Уэ уи тыкуэн закъуэращ дрипсэуну къытхуэнэр. Уи щэхуакIуэхэри папэ игъэлажьэ гупым я щхьэгъусэхэмрэ япхъухэмрэщ. Къэхъуам теухуауэ зы псалъэ я тхьэкIумэм къызэрицырхъэу, ахэри пфIэкIуэдынущ. Уи анэм ар къыщыбжиIам щыгъуэ, апхуэ-

дэ зэхэтыкIэт щыIэр, иджы зэманыр нэгъуэщIщ. Сыту сэ зыгуэрым дэзмыгуэшрэт си адэ дыщэр!.. Хьэмэрэ ар зэхэзыхым сэ сишэну? Е Ислъам хэт къыдэкIуэнур? Абы зыкъыкIэрызыщIар хущIезгъэгъуэжынщ сэ, иремыпIащIэ мыдэ! – и нэкIу хужь хъурейр къызэщIэплъат Данэ, и щхьэцыр зэ зэщIикъуэрт, зэми къиутIыпщыжырт, и нэщIыхупсым къытелъэда нэпсым ар фIыцIэу къыпфIигъэщIырт.

Ислъам зэгупсысыр нэгъуэщIу къыщIэкIащ:

– Арати иужьрей илъэсхэм Москва сыщIыздимышэжыр, къызгурыIуащ иджы. А уэ жыпIэращ, Данэ, мыхъуххэнур. Си анэм ар къезыщIар мы унэм къыщIэзгъэхьэн уи мыгугъэ. Сэ зыми фыщызгъэщIэнукъым. Мазищ иримыкъущ къысхуэнэжар, магистратурэм заочнэу сыщIэтIысхьэнурэ седжэнущ, иджыпстуи сыт хуэдэ программэми компьютеркIэ сролэжьэф.

Ислъами уIуплъэфыртэкъым: мо щIалэ лъагэ зэIэщIэлъ зэкIужым и дамэхэр къехуэхат, и Iупэ пIащIэр апхуэдизу зэтрикъузати, плъагъужыххэртэкъым, нэбжьыц Iувыр псыф къэхъуат.

Ислъам и макъыр жыжьэу къиIукIыут анэм зэрызэхихыр. Зытэлай дэкIри, Гуащэ и пэшымкIэ щIыхьэжащ, бжэри къыхуищIыжащ: зыри зэран къыхуэмыхъуу, гупсысэмэ нэхъ къищтэрт. Гъыуэ и гур игъэтIысами хъунут, ауэ абы хурикъун къару къыхуэнатэкъым, и псэр и пкъым зэрыхэту, жыхьэнмэ мафIэм илыпщIырти, нэпсми зыри къыхуищIэжынутэкъым.

Телефон къеуэр Гуащэ къищтащ, хэтми емыплъу. «Гуащэ, дауэ ущыт?» – Аслъэн и макъым къигъащтэри, занщIэу зэпиудат, ауэ Iуэхур апхуэдэкIэ зэрызэфIэмыкIынур къызыгурыIуэ цIыхубзыр псэлъэжащ:

– Зэпыудат... Сытыт, Аслъэн?

– СыфщIэупщIэну арат. Дауэ фыщыт?

– Сэ иджы укъысщIэмыупщIэжми хъунущ, уи быным я хъыбар зэгъащIэ. Уэрэ сэрэ дызэхамэу дызэхуэзат, хамэ дызэхуэхъужауи дызэбгъэдэкIыжынущи, быныр зэхэзедзэн умыщI, дэIэпыкъуэгъуншэу утыкум къыумынэ. Сэ зыкIи сыпщыгугъыркъым, – Аслъэн къыкIэлъызэрихьа лейр зэрищIэр къыхигъэщу, жэуап иритащ абы Гуащэ.

– Унэ къыфхуэсщэхунущ... – кърigъэжьат Аслъэни, Гуащэ зэуэ зэпиудащ.

– Унэкъэ мы дызыщIэсыр? Е мы унэми дыщIэпхуну мурад пщIауэ ара?

– Сэри си унэщ ар, пщIэжмэ.

– Дауэ сщыгъупщэн, Аслъэн, быдапIэу къэслъытэ унэр къызэрыгуэкI хьэуазащхьэ ятIэ унэу къызэрыщIидзыжар? Зы жьапщэр хурикъуащ ар къызэтещэхэным, уэ къытхукъуэбгъэуа жьапщэм. Ари дыбгынэнщ, уи унафэр арамэ, ауэ абы щIэпхуну уи гугъэ бынхэм уахуеижын Тхьэм имыщIкIэ. ИтIанэ мы зыри зэгъащIэ: сэ гукъанэ пхуэсщIыркъым, сынодэуэнуи зызгъэхьэзыркъым, ауэ быным хуэфэ-

щэн пщIэ яхуумыщIу здэнукъым. Ахэр зыхуей хуэгъази, адэкIэ фэ фи зэхущытыкIэм сэ сыныхэIэбэнукъым.

– ГъущIым укъыхэщIыкIа уэ? Уи унагъуэ къутэр умыгъейуэ, дауэ мылъкум утепсэлъыхьыфрэ? Зыуи сыкъибдзэкъым, ара?

– Ущоуэ, сэ си унагъуэр къутэркъым. ПщIэрэ сыт щхьэкIэми? Сэ си унагъуэр – си сабий дыгъитIырщ.

Гуащэ зыщхьэщихуну хуейщ уэшхышхуэу къэкъутэну пшэ фIыцIэм ещхь и гупсысэ зытхьэлэхэр, ауэ пэлъэщыркъым: «Сытыт, Аслъэн, апхуэдизу си фIэщ ущIэхъуар? УкъэзмыцIыхуу, иджыри къэс дауэ сыбдэпсэуа? Щапхъэу ялъытэрти ди унагъуэр. Уи пцIым зэпритхъыкIащ иджыри къэс къызэдэдгъэщIа гъащIэр: сэ укъызэпцIыжащ, уи быным уепцIыжащ. ИлъэситIым щIигъукIэ дыкъэбгъапцIэу упсэуащ. Къалащхьэм щызэбгъэпэща етIуанэ унагъуэмрэ дэрэ ди зэхуаку уитащ. Сибгъэплъэн плъэкIакъэ гъащIэм и щIэм?! Сибгъэхуакъэ мащэм?! ЦIыхубзым дежкIэ абы нэхъ мащэ куу щыIэ?!»

Радиом къит уэрэд гуузым едаIуэурэ, Гуащэ пщэдджыжьышхэ игъэхьэзыращ. Зыри къэмыхъуауэ фэ зытригъауэрт: мурад ищIат и гур игъэбыдэну. «Си анэ дыщэ, упсэужамэ, сытыт нобэ къызжепIэнур? Къысхуэбдэнут, Iэмал хэслъхьэу, унагъуэр зэтезмыIыгъэу, занщIэу сызэрикIуэтар? Ауэ симыкIуэту сытыт сщIэнур? Сызэуэну? Сыбэнэну? Аслъэн и ныбжьыр илъэс плIыщIым фIэкIауэ сиутIыпщащ, и гъащIэр ихъуэжыну мурад ищIати. Сыт сэ къэсхьынур абы сеныкъуэкъукIэ? Зы псалъэмакъи, зы зэныкъуэкъуи дыхэмытауэ, къэхъуа Iуэхущ. Арауэ къыщIэкIынт си натIэм кърихар, ара хъунт ди лъагъуныгъэм и гъуэгур здынэсыр. Мыухыж лъагъуныгъэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Я унагъуэбжэр хуаущIыж абы пэщIэщIэгъу къыхуэхъуам хуэдэ бын зыгъасэхэм. АфIэкIа ныбжь зимыIэр тегушхуащ унагъуэ зэтрикъутэну, я цIыхухъур яхишыну. Ар дауэ?! Илъэс пщыкIутхукIэ сэр нэхърэ нэхъыщIэу къысхуатхащ. НыбжькIэ езым къыпэхъун имыгъуэтауэ ара абы?..»

... Гуащэ телефоныр зы IэкIэ иIыгъыу, адреймкIэ Iэнэм тепщэчхэр трегъэувэ. Ислъамрэ Данэпсрэ яфIэфI шхыныгъуэхэр яхуипщэфIащ.

«Гуащэ, иджыпсту дызэхуэмызэу хъунукъым. Ухуеймэ, си деж къакIуэ, ухуеймэ, уи лэжьапIэм и гъунэгъу шхапIэм къекIуалIэ, – и ныбжьэгъу Масирэт и макъ пIейтейр телефоным къоIукI. – «Мыщэхупщ щыгъэм» къыIухьэ, сэри зызмыIэжьэу сыныдэкIынщ», – езым и насып зызыгъэзам сыт хуэдизу имыгъэнэщхъейми, Гуащэ хуэгъэщIэхъуакъым шыпхъу пэлъытэу иIэ цIыхубзыр.

Аслъэн и деж щылажьэрт Масирэт. Езыр цIыху тыншт, гуащIафэт. НэкIуплъу, гуфIэнэгуу щыт зи хабзэ Масирэт нобэ къыпхуэцIыхужынтэкъым: и фэр пыкIащ, и Iупэ ущхъуэнтIар мэкIэзыз, и Iэхэр здихьынур къыхуэмыщIэу, зэрехьэ. Сытми, къыщIидзащ псэлъэн:

– Гуащэ, быдэу уи фIэщ щIы мы къэхъуа Iуэхум сэ зыри зэрыхэзмыщIыкIар. СынолъэIу, Алыхьым щхьэкIэ, си деж щумылъагъу, – къыIурылъэлъырт абы.

Масирэт и деж хъыбарыр апхуэдэу псынщIэу зэрынэсар Гуащэ къыгурыIуэртэкъым.

– Догуэ, Масирэт, зэ къызэтеувыIэт. Зыри къызгурыIуэркъым. Уэ абы щхьэ ущыгъуазэ? Уи зэрани абы щIыхэлъын хуейр сыт? – къэуIэбжьауэ, еупщIащ абы Гуащэ.

– Аракъэ сэри жысIэр. Сабийр къызэралъхуамкIэ щыхьэт тхылъыр слъагъуухукIэ, мыр зи ерыскъы, – кърагъэщта шхыным теIэбэурэ, тхьэ иIуэрт Масирэт, – зы хъырц хэзмыщIыкIа. Делэ сымыхъуу фIыуэ сыкъелаи! Ауэ зы лъэмбытI къыщIезгъэчэнукъым си унэм, пхъууи сыхуейкъым. Арат иджы сэ къысхуэтыр, си ныбжьэгъу благъэр малъхъэ схуэхъужыну. Алыхьым жимыIэкIэ, Гуащэ, сэ уэ уи гуэныхь къэсхьыну. Дауи сIэщIэкIа? Дапщэщи гъусэ зэхуэхъуа Алыхьым и ней зыщыхуэнитIыр? Язалыхь, сыт мыгъуэ уэсщIат апхуэдэ напэтехкIэ укъысхуэупсэну? – нэпсым итхьэлэ Масирэт жиIэр шэ фIыцIэу зытехуа Гуащэ къэтэджыну къеIащ, ауэ и къарур къемэщIэкIри, етIысэхыжащ. И дунейр кIыфI къыщызыщIар и куэщIым ирипIыкIа хъыджэбзыжь цIыкIут. Ар удын тIуащIэт Гуащэ дежкIэ.

– Дауэ къызищIэфа? И щхьэми дауэ хуигъэфэща? Аслъэн и дежкIи напэ ар? КIуэ, хъунщ, Маринэ абы елъытауэ сабийщ, псори къыгурымыIуэнри хэлъщ. Илъэс плIыщIрэ плIым нэблэгъащ Аслъэн, ар щIалэж? Напэтехщ. Уэ сыт уи лажьэ, Масирэт. Уи сабийр зыгъэдела Аслъэнщ къуаншэр, уэракъым. СылIам нэхъыфIт, апхуэдэ зэхэсха нэхърэ.

– Сэри сыаращ, Гуащэ, кхъэм щIэлъым срагъэхъуэпсащ напэтехитIым. Ауэ уэ умелыIычщ, Гуащэ, умелыIычщ...

– Масирэт, къысхуэгъэгъу, сэ иджыпсту уэ сынызэропсэлъэн къару сиIэкъым, си псэр езэшащ, иригъэзэшащ мы зэхэсха мыхъумыщIэм.

Гуащэ и машинэр шхапIэм къыIуинэри, таксикIэ Налшыкыпс телъ лъэмыжым деж кIуащ. Абы Аслъэн зэреджэр лъагъуныгъэм и лъэмыжт, абдежым щызэрыцIыхуат ахэр. ЩызэблэкIым, тIуми я нэр зэхуэзат. Ар яхурикъуат я гум лъагъуныгъэм и мафIэр щызэщIэнэну. Псыежэхым и макъым Гуащэ едаIуэу щытащ куэдрэ. «Псым ехьыж илъэс бжыгъэ къызэдэдгъэщIар, Аслъэн, ди лъагъуныгъэр зыхэбдзэжа уэшхыпс къиуам», – зэми и гупсысэхэр гукIэ зэрегъэзахуэ, зэми и щхьэм хуопсэлъэж. ЗдэщыIэри щIыщыIэри щыIэщIэхупи къыхохуэ.

КIыфI хъупауэ зыкъещIэжри, ар къокIуэж унэм, зы унафэ пыухыкIаи и щхьэм хутемыщIыхьауэ.

... Масирэт игу ирилъхьат къалащхьэм дэс напэншитIым, арат и пхъумрэ Аслъэнрэ зэреджэр, я деж кIуэнуи, етIуанэ махуэм ямыщIэххэу ятеуащ. Хуейт Аслъэн жэуапым иришэлIэну.

– Масирэт... – а зы псалъэращ Аслъэн жиIэнуи зыхунэсар.

– Масирэтыкхъэм халъхьэн, къыбжьэдэлъэту а жыпIэ цIэр уигу къэкIыжакъэ, мо сабийм и гупэ угъуэлъын ипэкIэ? Алыхьым и ней зыщыхуэн, уэсщIар сытыт, апхуэдизу си унагъуэр бгъэпудыну? Илъэс пщыкIухым нэсауэ си закъуэу сопсэури, цIыху дэнэ къэна, Алыхьым илъэгъуакъым сэ сыздэмыуывыпхъэ сыщыуvауэ. Уэ хьэ-

быршыбырым уи пщэ къинат си напэ техын? – кIийуэ бгъэдэлъэдауэ, Аслъэным ефыщIауэрт, ауэ адрейм зы псалъэ къыпидзыжыртэкъым. Ар къызэтезыгъэувыIэн къару щыIэт иджыпсту? Масирэт зэрыIэмалыншэр, зэрыкъаруушэр къигъэлъагъуэрт и щытыкIэм.

– Уэ успIа нэхърэ, зы хьэ спIамэ нэхъыфIт. «Уи адэм и ныбжь пэщIэщIэгъу щIы, унагъуэ зэтекъутэ», – жысIэурэ узгъэсат сэ уэ? Арат узыщIэспIыкIар? Си щхьэр къыфIэпхащ, Алыхьым и ней зыщыхуэн. Сыт напэ сиIэу саIуплъэну сэ иджы цIыхухэм?»

Сабий жейр кIий макъым къигъэушри къэгъащ. Маринэрэ Аслъэнрэ зэуэ зрачри, гъы макъыр къызыщIэIукI пэшым щIэлъэдащ. Ар зылъэгъуа Масирэт диваным ерагъкIэ нэсри етIысэхащ. Зэкуэфауэу, гъыбзэ кърншу щыс анэм пхъур къыбгъэдэлъадэри къытрикIутащ:

– Уи гъын-бжэныр зэпыгъэу, сылIакъым сэ, лIы сыдэкIуауэ аращ. Дыщэнэ къэбгъэщтащ!

– Къащтэ уз Алыхьым къыуигъэфыкI, напэншэ. Дауи къыфхуигъэфэща а сабий дыгъэр фэ укIытэншэу къэнаитIым?

* * *



... Мазэ бжыгъэ дэкIащ. Гуащэ унэм къыщIэнащ и закъуэу. Къуэмрэ пхъумрэ Москва щIэныгъэм щыпащэну кIуащ. Хьэкъугъыр къизыш цIыхубз насыпыншэр зыми зэхихтэкъым, щхьэж и гъащIэ къагъэщIэжу ежьэжахэт.

ИлъэситI хъуат Гуащэ зэризакъуэрэ. И тыкуэн сатур екIакIуэрт, щэхуакIуэхэр мащIэ хъу зэпытти, ерагъыу сомыр зыхуигъакIуэурэ псэурт. Данэ адэм деж щыIэурэ еджэрт, езым нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъыжь щымыIэ анэнэпIэсым зы махуи езэгъыртэкъым, ауэ Дыщэнэ цIыкIу егъэлеяуэ фIыуэ илъэгъуати, къэкIуэжыхукIи, телефонкIэ къэпсэлъэхукIи и гугъу ищI зэпытт, Гуащи абы пэрыуэртэкъым. Езы Аслъэни, япэм ещхьу, зэ Налшык къэкIуэжырт, Данэ унагъуэ ихьэмэ, жиIэу къищэхуа фэтэрым щыпсэурт, зэми къалащхьэм игъэзэжырт. Гуащэ зыкъыхуигъэзэн мурад иIэу, ар зэ къэпсэлъати, цIыхубзым зыхигъэзэгъакъым. Данэ и адэр фIэпсэкIуэду тепсэлъыхь зэпытт, абы и теплъэм зихъуэжауэ жиIэрт:

– Мамэ, уэзгъэлъэгъуащэрэт ар. Зэуэ жьыфэ къытеуащ. Ислъам абы зыкIэ хуэткIийщи, езыращ жыпIэнщ адэр. ТIэкIу епсалъэ, кхъыIэ, мамэ, абы.

– Сыт си Iэмал, си хъыджэбз дахэ, езым къыхиха гъащIэщ... Уэ уриIэщ, Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, укIэлъыплъынщ.

Гуащэ, зыми зыкъримыгъащIэу, нэпс мащIэ щIигъэкIрэ, ауэ сыт хуэдизу фIыуэ и щхьэгъусэр имылъагъуми, мы дунейм теткъым ар абы зэрекIужын.

Зымахуэ Ислъам къэпсэлъат: «Мамэ, уи закъуэ сыт Налшык щыпщIэнур? Си гур нэхъ зэгъэнут, мыбы ущыIамэ, узигъусамэ, – лъаIуэрт ар. – Уи фIэщ хъумэ, уэрыншэу, си жьэм хуэсхь ерыскъыр IэфIыншэщ». Адэм къыхуищэхуа унэм и закъуэ щIэсын хуей хъуати,

зишхыхьыжырт мо цIыху уэрым есам, ауэ анэр къыхутегъэхьэртэкъым.

Гуащэ и гум щыщIэр къэзыIуэтэфынур жэщымрэ щхьэнтэмрэт. Къыхуэнар зыти, жэщым хуит ищIырт и нэпсыр. Ауэ Данэ и лъэIур ищIэжырти, щIалэм жриIащ адэм щабэу хущытыну: «Уи адэм нэгъуэщI унагъуэ зэриухуам уэ къыбгурымыIуэ гуэр хэлъу къыщIэкIынщ, Ислъам. Ар адэщ, уи зэхэщIыкIым хуэныкъуэщ, уемыныкъуэкъу, уемыщIыIэкI, си щIалэ».

Аслъэн зэрыадэфIым Гуащэ шэч къытрихьэртэкъым. ЗэбгъэдэкIыжа нэужь, зы махуэ IэщIыб тIури ищIакъым: и нэIэ ятету, Москва дигъэсхэщ, зыми хуигъэныкъуэркъым. Данэ иджыри йоджэ, Ислъам езым и деж щолажьэ. Губгъэн, зэгуэпыныгъэ, губжь гурыщIэхэр зытрагъакIуэу, псалъэ гуауэ зэжраIакъым езыхэми.

* * *

– УздэщыIэр дэнэ, Гуащэ? – зэгуэрым гузавэу къопсалъэ Масирэт. – ПщIэрэ къэхъуар? Мо гу хьэрэм Алыхьым зритаитIыр, Аслъэнрэ Маринэрэщ жыхуэсIэр, игъащIэкIэ я цIэр къизмыIуэжащэрэт, зэбгъэдэкIыжащ, сабийр Аслъэн къыхуэнэри. ЗэрызэхэсхамкIэ, а сипхъу напэншэр, лIам нэхъыфIт ар си дежкIэ, Дыщэнэ цIыкIум къыщIэмыупщIэжыну, щыхьэт тхылъи зэIэпахащ. Дауэ уеплърэ абы?

– Дауэ сеплъын мыгъуэ? Щхьэж и натIэ кърихтхар къипсэунущ. Арауэ къыщIэкIынт Тхьэшхуэм яхухиха зэманыр. Алыхьым и шыкурщ ахэр зэрызэбгъэдэкIыжам, Масирэт, сэ си зэран хэлъкъыми.

– «Си зэран хэлъкъым», – жи. Зыгуэрым зэран ухуэхъуфыну, Iей, уэ? Азалыхь, мызэ-мытIэу Тхьэшхуэм селъэIуамэ, тIури фIыкIэ зэбгъэдихыну, ауэ сабийр къигъэнэну си гущхьэ къэмыкIынт.

– Сабиищэщ, иджыри щIегъуэжынкIэ хъунщ, Масирэт. Хъыджэбз цIыкIу мыгъуэми сыт и лажьэ, езыхэр зэгурымыIуамэ.

– Уа, сэ згъэщIагъуэри?.. Уи бэшэчагъырщ. Уэ пхуэдэ щыIэкъым, Гуащэ, уцIыху хьэлэмэтщ. АпхуэдэпхъУ зэрыспIам щхьэкIэ цIыхум пу нэлат къызамыхыу сыбогъэпсэу. Зыми хуэпIуэтакъым уи гукъеуэр, зыкъебгъэщIакъым. Сыпхуэарэзыщ, дахэ, Алыхьыр арэзы къыпхухъу.

Абы хэту, Аслъэн и IункIыбзэмкIэ бжэр къыIуихри къыщIыхьэжащ унэм, сабийр иIыгъыу. Гуащэ зы псалъэ жыIэгъуэ иригъэхуакъым абы:

– ЗыкIэ сынолъэIунут... Узгъэпудын мурад сиIэу къэзгъэзакъым. Щхьэж лъысын хуейр лъос, сэри аращ. СынолъэIу, мы сабийр зэхэзедзэн мыхъуу схуупIыну, цIыхум жаIэнум уемыгупсысу. Данэ мыр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуащи, еджапIэр хыфIидзэу бгъэдэсыну жеIэ. Ар къэхъункIэ Iэмал зимыIэщ. Сэри сыпэлъэщкъым си закъуэ...

А махуэм щыщIэдзауэ, Гуащэ епI Дыщэнэ. Пщэдей хъыджэбз цIыкIур илъэсипщI хъунущ. Илъэсиблым нэблэгъащ Гуащэ зэрызришалIэри, зы илъэс дэмыкIыу къыщалъхуа махуэр хуегъэлъапIэ, егъэгушхуэ сабийр, егъафIэ. ГъэщIэгъуэнракъэ, хъы-

джэбз цIыкIур Гуащэ ЛацэкIэщ къызэреджэр. Къызыхихари къащIэ уэ. «Къэсэхыжын и анэр къыщыкъуэкIынур дапщэщу пIэрэ? – йогупсыс Гуащэ. – И ныбжь ирикъумэ, зыкърригъэщIэнщ... Апхуэдэу хъуми, сыIэмалыншэщ: анэр анэщ».

«Мамэ, мамэ, пщэдей дынэлъэтэжынущ папэрэ сэрэ. Уи пхъурылъхухэри плъагъунщ, ягу укъэкIащи, унэм щIэзэгъэжхэркъым», – къэпсэлъащ куэд щIауэ унагъуэ хъужауэ псэу Данэ.

Данэ, и бынитIым хуигъадэу, Дыщэнэ цIыкIу фIыуэ елъагъу. Iэмал зэригъуэту, къокIуэж, къэкIуэжыхукIэ и адэри и гъусэщ. Ауэ а зэман кIыхьым къриубыдэу Гуащэрэ Аслъэнрэ зэкIужын Iуэху зэрахуакъым.

Дыщэнэ гуфIэм зэщIиIыгъэщи, къыбгъэдэлъэдауэ Данэ и унагъуэм щIоупщIэ, езы Гуащи къогумащIэри, сабийр зрекъузылIэ, и щхьэм Iэ дилъэурэ игукIэ жеIэ: «Си псэ чэтхъам и тедыжэн щэкI кIапэу укъысхуагъэнащ, зыри къызэупщIакъым. Уэ сыкъебгъэлащ ажалым. Сабий тхьэмыщкIэ, сыт мыгъуэт уи лажьэр уэ? Щхьэншэм зыхищIакъым уи IэфIагъыр, мылъку лъыхъуэти, нэхъыбэ зиIэм дежкIэ еутэкIащ, уи адэмрэ уэрэ фыкъигъанэри».

– Дыщэнэ, урысыбзэмкIэ уи егъэджакIуэр нобэ къэпсэлъащ. Москва щекIуэкIыну зэпеуэм ухэтыну ухуей?

– Хьэуэ, сыхуейкъым зэпеуэм сыхэтыну. Сыхуейкъым уи закъуэу укъэзгъэнэну... Лацэ, нобэ си деж зы цIыхубз гуэр къэкIуат.

– Хэт къэкIуар? Сыт хуэдэ цIыхубз?

– Маринэ.

– Сытыт зыхуейр? – къэгузэващ Гуащэ.

– Хуейщ сызришэлIэжыну.

– Сыт-тIэ уэ пщIэнур?

– СщIэнури?.. Хъунумэ, уэ мамэкIэ сыноджэнут, Лацэ.

Гуащэ гуфIэщауэ Дыщэнэ IэплIэ хуещI, и щхьэм Iэ делъэ, быдэу зрекъузылIэ.

– Мамэ, мамэ, сыту уIэфIыщэ уэ, си мамэ дыщэ...

Махуэр щэбэту, Гуащэ и тыкуэным кърригъэблэгъат и цIыхугъэ цIыхубз гуп. Хьэпшыпышэ кIуэнути, нэхъапэIуэкIэ къиша щыгъыным и уасэр кIэригъэхуауэ ищэжырт. Шей Iэнэ зыхуигъэувa бзылъхугъэхэм усакIуэ Къардэхэ Хьэлимэт яхэтт. Ар зэзэмызэ и усэм къеджэрт, хьэщIэхэри абы едаIуэрт яфIэфIу, зэми шей ефэхэрт, зэми я гъащIэм тепсэлъыхьхэрт, Гуащэ къахуигъэтIылъа щыгъыным хуэмурэ щыхэплъи щыIэт. Абы хэту, Дыщэнэ къэпсэлъащ анэм деж:

– Лацэ, – кърригъэжьат абы зэресам тету, ауэ зэуэ зыкъищIэжри пищэжащ. – Мамэ, хьэщIэ диIэщ. Папэ къэкIуэжащ. Хъуну и гъусэу зыплъыхьакIуэ Долинск сыкIуэ?

– Хъуакъэ, си хъыджэбз, ахьей, укIуэн, ауэ фыкъекIуэлIэжа нэужь, хъыбар къэзгъащIэ, си гунэ-гупсэ цIыкIу.

ХьэщIэхэр зэрежьэжу, Гуащэ и пхъум деж псэлъащ:

– Тхьэ, Данэ, имычэзууэ узгъэпIейтейми сымыщIэ, ауэ уи адэр нобэ Налшык къэкIуэжати, си псэр зэхэзехуэн хъуащ. Сыхуейтэкъым

апхуэдэу кIэщI-кIэщIурэ къытригъэзэну. Дыщэнэ стрихыжынкIэ сошынэ. Армырауэ пIэрэ Москва щIыдэмызагъэр? А си псэ закъуэр здишэжрэ кIуэжмэ, итIанэ сэ дауэ сыпсэуну?

– Мамэ, папэ апхуэдэу гущIэгъуншэ? Езым зигъэлIэнущ, уэ уи жагъуэ имыщIын щхьэкIэ. Ар иджыри къэс къэпцIыхуакъым уэ. Щымыуэ щыIэкъым, ари щыуащ, ауэ зэрыхущIегъуэжам сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. Мамэ, папэ куэд щIакъым сымаджэщым къызэрыщIэкIыжрэ, гууз бгъэдэлъщ. КхъыIэ, сынолъэIу, абыкIэ щыIэху, хуэсакъ. Ауэ ухуэмеймэ... абы щыгъуэми укъызгурыIуэнущ. Апхуэдэу хъумэ, сэ сынэлъэтэжынщ, сабийхэр ди нысэм къыхуэзгъэнэнщи.

– Хьэуэ, укъэмыкIуэж. Дыщэнэ къыбжиIауэ къыщIэкIынщ нэхъ лейуэ сызыгъэгузавэр. Абы и анэр къыкъуэкIыжащ, псэкIэ спIа хъыджэбзыр стрихыжынкIэ сошынэ. Сэ иджыри зыкъысхуигъэзакъым, ауэ ари хузэфIэкIынущ абы. Уэ зэрыпщIэщи, куэд и напэм кърегъэзэгъ. Уи адэри къэкIуэжащ. Уэ къыпщыхъуркъэ, Данэ, ахэр зэрыщIэу?

– ЗэрыщIэркъым, мамэ, папэ япэм зэрыта щытыкIэм иувэжащ. Ар иджы а уэ укъэзыгъанэу ежьэжаракъым, зихъуэжащ. Абы щыгъуи, тыншу илэжьа Iуэхуу схужыIэнукъым а къэхъуар. Си нэгу щIэкIащ абы и гугъуехь куэд. Аращ псори щIыхуэзгъэгъуфар.

– Хъунщ, хъунщ, сыхуейкъым сэ а жыпIэ псом. Дыщэнэ си гъусэу къанэмэ, аращ. Укъэмылъэтэж абы щхьэкIэ, сабийхэри IэщIыб пщIыуэ гугъу иумыгъэхь.



Аслъэн къызэрыкIуэжрэ махуитI дэкIауэ, Гуащэ щхьэкIуэ къыхуэкIуащ: и нысэ нэхъыжьыр, и дэлъхум и щхьэгъусэр, дунейм зэрехыжамкIэ хъыбар къыхуихьащ. Иджыри къэс Аслъэн зыхуигъазэу емыпсэлъа цIыхубзыр Iэмалыншэм ирихулIэри елъэIуащ:

– Дыщэнэ нобэрэ пщэдейрэ уи анэмэтщ, сэ хьэдагъэ сымыкIуэжу хъунукъым къуажэм. ЗыгуэркIэ уи Iуэху хуэмыхъунумэ, Лалинэ и пхъум къыхуэзгъэнэнщ.

– Iэу, сэри сахуэгузэвэну къыстохуэ а унагъуэм. – жиIащ Аслъэн, гуауэ зиIэр хэтхэми къыщищIэм. – Уи закъуэ узгъэкIуэжынкъым, уи гъусэу сынэкIуэнщ, жыхуэпIам Дыщэнэ къыхуэдгъэнэнщи. Тхьэм жэнэткIэ игъэгуфIэ, цIыху пэжу дунейм тетащ тхьэмыщкIэр.

– Дыщэнэ сытогузэвыхь, дзыхьи сщIыщэркъым зыгуэрым къыхуэзгъэнэну. Маринэ Налшык къэкIуэжауэ щыIэщ, хъыджэбзым зыкъыхуигъазэри къепсэлъащ, зришэлIэжын и гугъэщ. Уэ зыгуэр хэпщIыкIрэ а Iуэхум? Е ар тIуми фи зэхуэдэ унафэ? Къыщысхуэбгъанэм, укъызэупщIакъым, иджы сабийр фикъызэмыупщIу стефхыжын фи гугъэу ара? Ара фи мурадыр?

– Гуащэ, сэ апхуэдэ лей пкIэлъызесхьэфынукъым. Зыри хэсщIыкIыркъым а жыхуэпIэм, ауэ Дыщэнэ хуэмеймэ, а зи гугъу пщIым зыри хуэщIэнукъым.

– А зи гугъу сщIым цIэ иIэщ. Маринэ ди гъащIэм къыхэзыгъэхьари уэращ. Абы и телефоныр пщIэмэ е къыщыувыIам ущыгъуазэмэ, епсалъи, зыкъытхуигъэзэну жеIэ. ДыуэщIым дыкъикIыжа нэужь де-

псэлъэнщ. Зы унафэ пыухыкIа диIэн хуейщ. Къэхъунум сигъэгузавэу сыпсэу нэхърэ нэхъыфIщ...

Гуащэрэ Аслъэнрэ зэрызэбгъэдэкIыжрэ иджы япэу ежьауэ арат зэгъусэу. Iыхьлым зыхуахьынур ямыщIэу, хуэму зэкIэщIэупщIэхэрт, зэкIужамэ къащIэну хуейхэт. Гуащэ пщIэшхуэ къыхуащIырт икIи фIыуэ къалъагъурт къыдалъхуахэми унэкъуэщхэми. И насыпыр зэтеувэжамэ, псори гуфIэнут...

* * *

БлэкIам къыхуоIукI Гуащэрэ Аслъэнрэ я зэхуэдэ ныбжьэгъум и макъ:

– Уарэ, сыту хьэлэмэт мы махуэр! – жи Дахэ, гъатхэ махуэм и дахагъыр игъэщIагъуэу.

Пэжу, ар дахащэт!

– Сэри гукъыдэж къызитащ абы, – жеIэ Гуащэ. – ПщIэрэ, нобэ Аслъэн къолъэтэж, зы тхьэмахуэкIэ сишэну жиIащ.

– Ар хъыбарыфIщ. Абы уэ фIыщэу укъелъагъу, насыпыфIэ удэхъунущ.

– Шэч къытесхьэркъым. Еплъыт, Дахэ, еплъыт, мо уэгум ит къыухэм. Ахэр сытым дежи апхуэдэу зэрыIыгъщ. Нобэ ещанэу гу ялъызотэ.

– Гуащэ, сыт абыхэм ящIэр?

– Къофэ, плъагъуркъэ...

Къыухэм я къафэр телъыджэт: зэ зыр адрейм и хъуреягъыр къифыхьырт, итIанэми, къызэтемыувыIэу лъатэрт, зэми ахэр зэбгъурыувэрт, итIанэ зыр адрейм и щыгум иувэрти, и дамэр иму ишэщIырт, ипэкIэ илъатэрти, гъуэгур хухишырт, и лъабжьэм зыщиукъуэдийрт, и сэмэгурабгъумкIэ къыщыхутэрти, зэтехуэу я дамэхэр яшэщIырт. Уафэ щIыхупс бзыгъэм мо къыу хужьышхуитIыр хащIыхьам ещхьт. Пшэ хужь хъар мащIэ уафэм ипхъыхьахэми хэгъуащэртэкъым.

– Гуащэ, а тIур зэщхьыр пщIэрэ? Уэрэ Аслъэнрэ...

Дахэ Гуащэ и гъусэу еджэрт. Ар Аслъэн и Iыхьлыт икIи зэгъунэгъухэт. Ар и гъусэу, лъэмыжым щызэпрыкIым Аслъэн хуэзат япэ дыдэу...

* * *

– Гуащэ, Масирэтщ ар, – псалъэхэр зэкIэлъигъэпIащIэу, къопсэлъыкI телефоным и ныбжьэгъур. – Маринэ мэлъаIуэ хъыджэбзым хуэвгъэзэну. Тхьэ, хуэвгъэзэнуми хуэвмыгъэзэнуми фэрамэ абы хуитыр, сэ абы сыныхэмыпсэлъыхьыну. Уэ жыпIэм сэ арэзы сытехъуэнущ, ауэ хуит пщIымэ, сэ саригъусэнущ, си нэIэ ятезгъэтынщ. Уэ умыгузавэ, сэ а сабийм лей къытезгъэхьэнкъым. Дауэ уеплърэ а бжесIам?

– Масирэт, уи жагъуэ умыщI, ауэ Аслъэн къэкIуэжауэ щыIэщи, абы и псалъэ хэмылъу, апхуэдэ унафэ сэ схуэщIынукъым. ИтIанэ,

Дыщэнэ-щэ? Езыр хуэзэну, илъагъуну хуеймэ, сэ ар пэзубыдыфынукъым. ТIуми яжесIэнщи, сынэпсэлъэжынщ.

Гуащэ лэжьапIэм къыщIэкIыжри, унэм зэрыкIуэж гъуэгум тевАщ. Жьы мащIэ къопщэ, лъы къэплъар игъэупщIыIуу, езыри мыпIащIэу макIуэ. Дуней гъагъэм зыщимыгъэнщIу зеплъыхь. Гъуэгур зэпиупщIыну зы лъэбакъуэ ичауэ арат, зыгуэр и Iэблэм къыщытеIэбам. КъызэплъэкIмэ – Маринэт. Блэ зэуам ещхьу, Гуащэ зиутхыпщIри, Маринэ и Iэр зытридзыжащ, лъэбакъуэр нэхъ щIигъэхуэбжьащ, ауэ зэпрыкIа нэужь къызэтеувыIэри зыкъыхуигъэзащ цIыхубзым.

– Ди унафэр уи анэм къыбжиIэнущ, уэрэ сэрэ дыщIызэпсэлъэн нэгъуэщI щхьэусыгъуэ диIэкъым. Ежьэ хъыбарым, – егъэджакIуэ ткIийм хуэдэу, иридзри, Гуащэ ежьэжащ.

– Къысхуэгъэгъу... ауэ диIэмэ-щэ? – къыкIэлъыкIиящ Маринэ.

Гуащэ абы и макъым щIэлъ гузэвэгъуэм къызэтригъэувыIащ. АдэкIэ зы псалъи жызымыIэфу зэщыджэу гъы цIыхубзыр абдеж таксим щригъэтIысхьэри, и тыкуэным къишащ Гуащэ. Абы щIыхьэхукIэ и нэпсыр увыIакъым Маринэ.

– КъызгуроIуэ ... – ерагъкIэ къыдришеят Маринэ, ауэ Гуащэ ар игъэпсэлъакъым.

– Маринэ, алейкIэ гугъу зумыгъэхь, а уи «къысхуэгъэгъум» сыхуэныкъуэкъым сэ. Зыгуэрым укъыхегъащIэ уэ... УкъыщIэкIуэн хуей хъуам къысхутепсэлъыхьи нэхъыфIщ.



Гуащэ хужыIэнутэкъым иджыпсту и щытыкIэр зыхуэдэр, ауэ зы гупсысэ и щхьэм щыкIэрахъуэрт: «Алыхьым и деж нэмысын псалъэ къызжьэдэмыкIарэт».

– Сэ сысымаджэщ. Уз мыхъужын къызоуз, – жи Маринэ, нэщхъейуэ.

Маринэ и псалъэр жыжьэ дыдэ къиIукIым хуэдэущ Гуащэ зэрызэхихыр, и псалъэхэми хуэдэгущ, зыри зыхищIэркъым, ауэ, езым и хабзэм зэрытету, макъ плъыфэншэкIэ жреIэ:

– Нобэ апхуэдизу медицинэм зиужьащи, сыт хуэдэ узри яхуогъэхъуж е узыр тIэкIу трагъэувыIэри, зэман кIыхькIэ яIыгъщ.

– Сыщыуат уи деж сыкъыщыкIуам щыгъуэ. Сэ уэ уэсщIам и ужькIэ, сытым щхьэкIэ уи гущIэгъу къэслъыхъуэрэ? Къысхуэгъэгъу, узгъэпIейтеящ. Дыщэнэ и хъыбар къысIэрывгъэхьэмэ...

– Зэ догуэт... Алыхь Iэмырым дыщыгугъынщ, Маринэ. Сэ зыгуэркIэ сыбдэIэпыкъуфын уи гугъэу зыкъысхуэбгъэзамэ, укъызэрысщыгугъыр къызжеIэ. СхузэфIэкIыр пхуэсщIэнщ.

– Германием е Израилым сыщагъэхъужыфыну къызжаIащ дохутырхэм, узыр иджыри хэтIэсакъым, ауэ ар сэ схузэфIэкIынукъым. ПщIэуэ къыщIэкIынщ, дэIэпыкъуэгъуншэу, си закъуэ сабиитI зэрыспIыр. Ауэ сэ мыбы сыкъэзыхьар ар бжесIэну аракъым, нэгъуэщIщ. Дыщэнэ есха лейм симыгъэкIуауэ къысщохъу. Къэзгъанэу сызэрежьэжар къысхуигъэгъуамэ, си псэр нэхъ тыншынут.

– Дыщэни ухуэзэнщ, Маринэ, иджыпстукIэ, хъунумэ, си закъуэу сыкъэгъанэ. Нэхъ иужьыIуэкIэ хъыбар уэзгъэщIэжынщ.

Гуащэ къехьэлъэкIат и тIуанэм зэрыхуэзари, зэрепсэлъари. Аслъэн къигъанэу зэрежьэжрэ езым и фэм икIа псор зыми хуиIуэтэфынутэкъым, лажьэ зыбгъэдэлъыр хэтми къыбжиIэфынутэкъым. Сыт пщIэн?.. ГъащIэщ. Тынштэкъэ цIыхум и гурыщIэхэм унафэ яхуищIыжыфу щытамэ. Сыт хуэдиз гъащIэ пхуэхъумэнут зэтемыкъутэу. Гуащэ нобэ зыхуейр зыщ: и гъащIэм апхуэдиз хьэргъэшыргъэрэ хьэзабрэ къыхэзылъхьахэмрэ езымрэ я гъуэгухэр зы щIыпIэ дежи щызэримыхьэлIэнырщ. Ауэ ар быдагъэкIэ Тхьэшхуэм игъэунэху хуэдэщ. «УкъызэмыкIуэлIащэрэт, Маринэ. Си гъащIэр зэтебгъэщащэри, ерагъкIэ зэщIэскъуэжащ. Иджы сэ уи Iуэху зытет сщIэуэ, дауэ сынобэкъуэну? Ар Дыщэнэ къысхуигъэгъуну? Сэ зыхуэзгъэгъужыфыну? СыбдэIэпыкъуфыну сэ? Зыри пхуэзмыщIэфмэ-щэ? ПхуэсщIэми, си унагъуэр зэтезыкъутаракъым зыхуэсщIэр, анэмэту Тхьэм къызидзылIа си сабийр аращ. Аслъэн сепсэлъэнщи, Маринэ здэкIуэну сымаджэщым къыхуагъэув уасэр еттынщ, Дыщэни хуэзгъэзэнщ. Абы и ужькIэ ар сцIыхунуи слъагъунуи сыхуейкъым. Тхьэм игъэхъуж, ауэ си гъащIэм къыхремыхьэ абы фIэкIа... Алыхьышхуэ, къысхуэгъэгъу, си гукъеуэр япэ изогъэщ. Хьэуэ-хьэуэ, Масирэт гуэныхькъэ? А ипхъу закъуэм щхьэкIэ дэсащ, щхьэкъэIэт имыIэу лажьэу. Мы гъащIэ джаурыр фIыцIэрэ хужь къудейуэ зэхэлъу щытамэ, ущIэгузэвэн щыIэжт? Алыхьым гущIэгъу къыхуищI: щIалащэ мыгъуэщ езы тхьэмыщкIэри»...



А гупсысэхэр иригъэкIуэтэкIри, Гуащэ Аслъэн деж псэлъащ:

– Аслъэн, дызэхуэмызэу хъунукъым, Iуэху къытлъыкъуэкIащ...

Гуащэ ар щигъэгъуэзащ Маринэ къыхуиIуэта псоми, икIи жиIащ зэгъусэу псори Дыщэнэ гурагъаIуэмэ зэрынэхъыфIыр. Хъыджэбз цIыкIум сыт хуэдизкIэ щабэу емыпсэлъами, къытехьэлъащ жраIар. Сабий акъыл зэмыпцIар абы хуэхьэзыртэкъым. Гуащэ и Iэр имыутIыпщу иIыгъыурэ, Iурихащ Дыщэнэ, езы Гуащи абы къыщхьэщымыкIыурэ нэху къытещхьащ. Дыщэнэ и нагъуэ дахитIыр къыщызэтрихам япэу зыIуплъар и Лацэщ, ар абы иджыри щхьэщыст.

– Мамэ, нэху щыху умыжеяуэ ара?

– Сыжеящ, си къупщхьэ гуащэ, сыжеящ. Мы уи нэгу тхьэIухудыр зэхэхи къысхуэгуфIэт. МахуэщIэм дыпежьэнщи, къытхуихьыр къеIытхынщ. Уэ абы куэдкIэ уигъэгуфIэну и мурадщ.

– Апхуэдэу сыкъыщыбгъэушхэм деж, е зыгуэр къысхубощэху, е зыщIыпIэ дыбогъакIуэ. Дэтхэнэра нобэ уи мурадыр? – къыхуогуфIэ анэм пхъур бзаджэу.

– ТIури. Хъуну, си пащтыхьыпхъу цIыкIу, апхуэдэу? – езыри щогуфIыкI Дыщэнэ.

Зэгъусэу пщэфIапIэм щыхьащи, зэпсэлъылIэурэ Iэнэр къытрагъэувэ, зэхуогуфIэ, зэдогушыIэ.

– ИIэ, Дыщэнэ, уи нэ бзаджэхэр къыздумыгъэджэгуу, жыIэ нэхъ узыхуейр.

– Сэ тезыр къыстефлъхьэу, зыгуэркIэ сызыхэвгъэхьэ хъуну, Дыщэнэ, нобэ? Сыт узыхуейр къыпхуэсщэхуну? – къыщIыхьащ Аслъэн, и джанэ Iэщхьэр дригъэджэрэзейуэрэ.

– Папэ, уэри унэкIуэну ди гъусэу? – и нэ цIыкIухэр къэцIуурат зэуэ, ауэ Гуащэ хуеплъэкIри къыщIигъуащ: – Хъуну, мамэ?

– Унафэр зейр уэракъэ нобэ, си псэ? – и щхьэм Iэ дилъэри, адэкIэ къыпищащ: – Аслъэн, сыт хуэдэ тезыр къыхэпхыр: мы пащтыхьыпхъу цIыкIум зыхуейр къыхуэпщэхунрэ зыхуейм дыпшэнрэ?

– ТIури. Хъуну, Гуащэ, апхуэдэу? – Гуащэрэ Дыщэнэрэ къыщиудри дыхьэшхащ.

– Папэ, ар дэ ди щэхущ, бжетIэнукъым дыщIэдыхьэшхар. Аракъэ, Лацэ? – зэрыгъэIуща нэхъей, зэанэзэпхъур зэхуэгуфIащ.

– Айфонщ уи хъуэпсапIэр, Дыщэнэ, аракъэ? – йоупщI адэр пхъум.

– Айфонщ, папэ, ар сыт щIэбгъэщIагъуэр? Ари иужь дыдэу къыдэкIам хуэдэщ сызыхуейр.

– Къыпхуэсщэхунщ, ауэ иджы етIуанэ тезырыр къызжеIэ, – зыхуегъазэ Аслъэн и пхъум.

– Пэж дыдэу, сэ сызыхуейр пщIэрэ, папэ?.. Айфон уасэр сэ си цIэкIэ Маринэ здэбгъэкIуэну сымаджэщым ептыну ахъшэм схухэлъхьэ. ИтIанэ сэ куэд щIауэ сыхуейт дэ щыри дызэгъусэу шхапIэм дыщIэсыну. «Налшык» рестораным дывгъакIуэ, абы адыгэ шхыныгъуэ куэд щагъэхьэзыр.

Адэмрэ анэмрэ Дыщэнэ зэуэ зыхуашият IэплIэ хуащIын мурадкIэ, ауэ Гуащэ Аслъэн япэ иригъэщри, езыр къыIукIуэтыжащ. Зэадэзэпхъур зытэлайкIэ щыму щытащ, быдэу IэплIэ зэхуащIауэ, итIанэ Дыщэнэ анэм и Iэр иубыдри, машинэмкIэ яунэтIащ зэгъусэу.

ШхапIэм здыщIэсхэм, Аслъэн и телефоныр къеуащ. Псэлъэн иуха нэужь, Гуащэрэ Дыщэнэрэ закъыхуигъэзащ:

– Германием щыIэ клиникэрат Маринэ и дохутырым нэхъ зытригъэчыныхьри, зыхуей документхэри ахъшэри абы ирагъэхьащ. Езы Маринэ махуэ зытIущкIэ ежьэнущ, зэрагъэхъужынур хьэкъыу и фIэщ мэхъу. ЗэрыжаIэмкIэ, узыр хэтIэсакъым.

– Алыхьым и шыкурщ. Дыщэнэ, плъагъурэ, ари зэфIэкIащ. Тхьэм дыхуелъэIунщ, си хъыджэбз тхьэIухуд, ар хъужыну, – жреIэ Гуащэ сабийм гуапэу.

– Дапщэ зи уасэр узыхуей телефоныр, си псэ? – йоупщI Аслъэн и пхъум.

– Сом минищэм нос.

Аслъэн и къэптал жыпым йоIэбэри, ахъшэ кърех, итIанэ Гуащэ гуроIуэри, Дыщэнэ и гъусэу щIокI...

ЕтIуанэ махуэм Масирэт къэпсэлъащ Гуащэ деж:

– Гуащэ, Алыхьым бын гуныкъуэгъуэ уимыгъэлъагъукIэ упсэуху, уи бынищми я гуфIэгъуэ куэди Алыхьым ухигъэт. Уэ дэ къытхуэпщIар сэ зэикI сщыгъупщэнукъым, си гъащIэр схьынущ, Тхьэм сыпхуелъэIуу.

Дыщэнэ къыбгъэдэтти, Гуащэ абы телефоныр IэщIилъхьэри, и анэшхуэм дигъэуэршэращ.

* * *

... Гуащэ и тыкуэным къыщIэкIыжауэ лъэсу здэкIуэжым, Маринэ хуэзащ и классэгъуу щыта Мурат. Уеблэмэ, пэщIэдзэ классхэм зэпартэгъуу щытат ахэр. Шеибжьэ ефэну, зэгъусэу шхапIэм щIыхьахэщ.

– Уфагъуэщ, Маринэ. Уузыншэ? Къысхуэгъэгъу, кхъыIэ, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, ауэ сыпхуогузавэри аращ сыныщIоупщIыр, – жиIащ Мурат, емыкIу къихьа и гугъэу.

– Сыузыншэкъым, Мурат, онкологие сымаджэщым сыкъыщIэкIыжа къудейщ. Израилым е Германием сымыкIуэмэ, мы сызыIыгъ узым сыкъелынукъым. Ауэ аракъым сэ сызыгъэгузавэр... ЩIалэ цIыкIуитI сиIэщ, сэ сымыпIуи, зы хъыджэбз сиIэщ. Хъыджэбзыр зыхуей хуэзыгъэзэн щыIэщ, ауэ щIалитIыр сэрыншэу дауэ хъуну? Я адэр зэи къащIэупщIэркъым абыхэм.

– Ар дауэ, Маринэ? – зэхихыр и фIэщ хъуртэкъым щIалэм. – КъыбдэIэпыкъун гуэр уимыIэу ара?

– Си гъащIэр гъатхэм и зы махуэм ещхьщ, Мурат. Удзыпэр хъуэпсэгъуэу щIым къыхопщри, губгъуэхэмрэ къуакIэбгыкIэхэмрэ еуфэбгъу, ахэр япэ удз гъэгъахэм ягъэщIэращIэ, дыгъэращи – дыхьэрэнщ, зытэлай докIри, уэшхыр кърекъутэх, итIанэ, аргуэрыжьщи, дунейм щIыIэр тепщэ щохъуж. Адыгэхэр журт IутIыжкIэ йоджэ абы. СщIэркъым дэтхэнэм сыпхутепсэлъыхьынуми, ауэ уз спкърытым куэдым сыкIэлъигъэплъыжащи, щыуагъэ си мащIэкъым. Сэри зи гуэныхь стелъ гуэрым кIуапIэ къызимыту къысщохъу.

– Iэу, уцIыху псынщIэу зэи гу плъыстакъым, ауэ сытым дежи ужыджэращ. Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэ къахуэухыркъым куэдым, Маринэ. Умыгузавэ. Уи гур умыухыж. Дэри зыгуэр тхузэфIокI, уи классэгъухэращ зи гугъу сщIыр. Дызэхыхьэнщи, дыбдэIэпыкъунщ.

СыкъызыгурыIуэн, си гу бампIэр зыхуэсIуэтэн къэзгъуэта, жыхуиIэ щIыкIэу, Маринэ и къекIуэкIыкIам Мурат щыгъуазэ ищIырт... Ар узым зыщIигъэгупсысыжат. Ихъуэжын хуей куэд хилъагъуэрт и гъащIэм, ауэ щыуагъэ нэхъыщхьэу къилъытэр Дыщэнэ къигъанэу зэрыдэкIуэжарат. ТIэу дэкIуат, зыдэкIуэхэр фIыуэ илъагъуу къыщыхъуу, ауэ зыми унагъуэ нэс диухуэфакъым, тIум язми насыпыфIэ дэхъуфакъым.

Щхьэусыгъуэшхуэ иIэт ар Аслъэн щIыбгъэдэкIыжам. Езым хуэдэ щымыIэу зызылъытэж Маринэ зы пщыхьэщхьэ гуэрым псалъэм къыдэкIуэу Гуащэ и гугъу ищIати, Аслъэн къаплъэным хуэдэу къыхуилъащ: «Гуащэ и цIэр уэ пхуэдэхэм къраIуэну яхуэфащэкъым. Ар уэ уэлъытауэ мелыIычщ». Маринэ асыхьэтым зихуапэри унэм къыщIэкIат. Iэпкълъэпкъым зригуашэу, щIыIэт дунейр, ауэ игъэзэжыну гукъыдэж лъэпкъ иIэтэкъым: Аслъэн Iуплъэфынутэкъым, фIэнэнут, армырми, я жьэр зэсакIэт. Дауи, игу имылъ кърипэсатэкъым абы. Ауэ езы Маринэ и закъуэт къуаншэр?.. Апхуэдэ псалъэ гуащIэхэр Аслъэн къызэрыжриIэфар Маринэ и акъылым къыхуигъэтIасэртэкъым.

Зытригъэун мурадкIэ ар псэлъат университетым къыщыдеджа и ныбжьэгъу Аннэ и деж. И Iуэху зыIутыр щыжриIэм, и унэ иригъэблэгъат. Маринэ абы и деж махуищкIэ щыIати, махуэ ещанэращ Аслъэн къыщыпсэлъар, Дыщэнэ цIыкIу щхьэусыгъуэ ищIри. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, езыми сабийр апхуэдизкIэ игу къэкIати, куэдрэ зримыгъэлъэIуу, къекIуэлIэжат. Ауэ а махуищыращ Маринэ и гъащIэр зыхъуэжари. Аннэ и щхьэгъусэ Олег адыгэт. Маринэ и щыIэгъуэм ирихьэлIэу, абы и къуэш нэхъыщIэ Артур къэкIуат. Ар мо цIыхубз дахэм къегуэкIуащ. КъыщепсэлъылIэм, Маринэ и Iуэху зытетыр хуиIуэтащ. ЩIалэ фызкъэмышэм адэ-анэм занщIэу сабийр къыпаубыдати, Маринэ Дыщэнэ цIыкIу къигъанэри, Артур дэкIуат. Ауэ, куэди дэмыкIыу, насыпыфIэ дыдэ хъуауэ зыкъэзылъытэж цIыхубзым тIуанэ къытрищIащ щхьэгъусэм. ЗэбгъэдэкIыжахэщ, ауэ хеящIэм къыхуигъэува ахъшэр мазэ къэс кърита фIэкIа, быным къыщIэупщIэжакъым ар. Гуащэ-тхьэмадэм сытым дежи зыкъыщIагъэкъуащ. Зэрысымаджэр щажриIэм, щIалитIри я деж яшащ. И анэ къыздигъэзэжам иджыри зыри жриIэфакъым, жриIэнми хунигъэсыркъым, увыIэгъуэ имыIэу, къреудэкI Гуащэрэ Аслъэнрэ я зэхуаку зэрыдыхьар.

«КъыгурыIуэркъым икIи къыгурыIуэнукъым гъащIэм зэрызихъуэжар, жиIэрт Маринэ. – Аслъэн сэ фIыуэ слъагъурт, хуэдэ щымыIэу къысщыхъуу, ауэ Гуащэ къыщхьэщыжу псалъэ гуауэ къыщызжиIа пщыхьэщхьэм псори зэтрикъутэжащ и IэкIэ. Залымыгъэ есхатэкъым, езырат и лъагъуныгъэр япэ къысхуэзыIуэтар. Си анэр я ныбжьэгъу благъэу зэрыщытми, Гуащэ бынитI дигъуэтауэ псалъэмакъыншэу зэрыдэпсэуми, а и бынхэм ягу еуэнкIэ зэрыхъунуми егупсысатэкъым, нэхъыжь пэтми. ПсомкIи игъэкъуэншар сэращ. Аслъэн хузиIа лъагъуныгъэм къытекIуакъым Артур зэрыслъэгъуар, ауэ япэ щхьэгъусэм хуэзгъэгъуфакъым апхуэдизу сызэригъэпудар. Гуащэ срилъытащ, абы нэхърэ сынэхъ икIэу къызжиIащ», – нэщхъейуэ, и гъащIэм топсэлъыхь Маринэ, Мурати йодаIуэ ныбжьэгъуфIу къилъытэу зыдеджа цIыхубзым къыжриIэхэм. Абы къыгурыIуэрт Маринэ и псэм телъ бэлыхьыр. ЩIалэм ар апхуэдизу зыхищIати, игу ирилъхьащ хузэфIэкI къимыгъанэу дэIэпыкъуну.

Маринэ узым къыщыхигъэзыхьхэм деж, хущхъуэ ефэрт е «дэIэпыкъуэгъу псынщIэ» кърижджэрт. Языныкъуэхэм деж, пIэми хэмызагъэу, щхьэгъубжэм дэплъу щытт. Иджыри къыздэсым ар хущIыхьатэкъым мы дунейм дахагъэу бгъэдэлъыр илъагъуну. Абы игъэщIагъуэрт гъатхэ щыгъын щызытIэгъа жыгыр зэрыгуакIуэри, абы къыбгъэдэкI хуабэри, дэрэжэгъуэ кърити.

... Месыр, плъагъурэ, апхуэдизкIэ жыг гъэгъахэм я теплъэр дахэщи, псэр егъэпIейтей. Ещхьщ ахэр бостей къуэлэнпщIэлэн щызытIагъэу зыплъыхьакIуэ ежьа пщащэ цIыкIухэм. Жьы зызыгъэхуэбжьам къыпигъэщэща гъэгъахэр джэрэзу щхьэгъубжэ зэIухамкIэ пэшым къыщIепхъэ. Ахэр зэмыфэгъущ: языныкъуэхэм тхьэмбылыфэ ящIолъадэ, адрейхэм – щIыхуфэ, хужьыфэ... Мэ гуакIуэ къапихыр пэшым щIэз хъуащи, щхьэр егъэуназэ. Сыт абы иджыри къэс гу

щIылъимытар? Сыту дахащэ мы дунейр!.. Дахэкъэ атIэ мо уафэр? Дыгъэ гуащIэм уи нэр щIесыкIри, хуиту удэплъеифыркъым, ауэ плъыжь хъурей абы къекIуэкIым къыбжиIэ хуэдэщ: «Псэу, Маринэ». Пшэ хужьхэм, къэрэндащ щIыхукIэ хэщIыхьа фIэкIа умыщIэну, мес, кхъухь къыхощ. Апхуэдэ кхъухькIэ дунейм и хъуреягъыр къызэхыдигъэкIухьыну къызжиIэрт дадэ. Хунэсакъым... ЖьакIэху хъужауэ, мо пшэхэм яхэслъагъуэ сурэтыр мыдадэу пIэрэ? Ар псэужатэмэ, и теплъэр апхуэдэнутэкъэ иджыпсту?

«Язалыхь, къыздэIэпыкъу, мы дуней дахэм гу щызгъахуэ...» – мыпхуэдэ тхьэлъэIу псалъэхэр иужьрей зэманым куэдрэ жиIэрт Маринэ.

ЕщIэж Аслъэн и гъусэу обсерваторием зэрыкIуауэ щытар. «Си Маринэ, унэкIуэну си гъусэу? Е, зыбгъафIэу, унэм укъыщIэнэну?» – зэхех Аслъэн и макъыр, ауэ абы еижкъым ар, зыми еижкъым. «Сыту егъэлеяуэ быркъуэшыркъуэт си гъащIэ гъуэгур. Ар къызгурыIуэн щхьэкIэ, Алыхьышхуэ, сымаджэ сыхъун хуеяуэ ара? Артур къысщIэупщIэххакъым, зи унагъуэ зэтескъута Гуащэ и гущIэгъум сыкъыхуэнащ. Сыпэлъэщакъым си щхьэр зыгъэутхъуа гурыщIэм, Аслъэни ар къыздиIыгъащ. ПщIыхьымрэ нахуапIэмрэ сфIызэхэзэрыхьауэ, сыпсэуащ илъэситхукIэ. ИлъэситIкIэ зыми дыкъащIакъым. Иужьрей илъэсым Аслъэн и нэм щIэслъагъуэ гукъеуэр дэнэкIэ сымыкIуэми къыскIэлъыкIуэрт. Зыри схуещIэжакъым а гукъеуэм, нэхъ мащIи схуэщIакъым. ФIыуэ сыкъилъагъууи жиIэрт, и лъагъуныгъэм и щыхьэту щIэх-щIэхыурэ дыщэхэкI тыгъэхэри къысхуищIырт, ауэ езыр хигъащIэрт и псэм телъ хьэлъэм. Уэс Iувым къришэха къудамэм ещхьт ар.

Артури сыхуеплъэкIынутэкъым, Аслъэн и хуабагъ гуэр зыхэсщIэжу щытамэ. ИтIанэ, махуэ къэс къызэбг си анэри схуэшэчыжыртэкъым. Абы и гыбзэр армырауэ пIэрэ зэран къысхуэхъуар? Е Гуащэ нэпс щIигъэкIарауэ пIэрэ? Дыщэнэ-щэ? Жэщ куэд сымыжейуэ схьащ абы сегупсысурэ. Дауэ къела а сабийр зэрыхыфIэздзам?! Алыхьышхуэ, къысхуэбгъэгъуфыну пIэрэ апхуэдиз гуэныхьыр? Сахуэпхъумэфыну пIэрэ мыдрей си бынитIым? ГъащIэ къызэзытар уэращ, сыпсэунуми хуитыр уэращ. СынолъэIу, уи гущIэгъум сыхыумыныну... Гуащэ ещхь дэнэ къипхын? Абы Дыщэнэ зэрипIам хуэдэу, си щIалитIыр, Алимрэ Залымрэ, хэт зыпIынур? Артур къыдэхуэркъым и унагъуэщIэм, сыкъызэрыкIуэжрэ къысщIэупщIакъым, ауэ и адэанэм цIыхугъэшхуэ яхэлъу къыщIэкIащ. Дыгъуасэ къэкIуахэщ, клиникэм естын хуей ахъшэри къахьащ, ауэ ахэр кIуэжа нэужь хъыбару къысIэрыхьащ Аслъэн клиникэм зэрызапищIар. Ар зи фIыщIэр, дауи, Гуащэщ, пэрыуакъым, къысхуригъэщIащ. Мурати си классэгъухэр зэщIигъэуIуэри къысщIигъэупщIащ, ахъши схузэхалъхьащ. Алыхьым дэIэпыкъуэгъу къысхуищI: узыр хэмытIэсауэ жаIэ дохутырхэм. Хэт ищIэрэ? Гугъэ сиIэщ иджыри».

– Маринэ, Дыщэнэ сымэ къэкIуащ, – Масирэт гуфIэжу къыщIыхьащ пэшым.

– Мыпхуэдэу сэ Аслъэн и пащхьэ сихьэфынукъым, тIэкIу сызыкIэлъыплъыжынщи сыныщIэкIынщ.

– Гузэвэгъуэрэ, Аслъэн иджы нэхъапэр? Дыщэнэ къэкIуащ, насыпыншэ.

И анэм ней-нейуэ хуеплъэкIри, щитIэгъэн щыгъын къыхихыу щIидзащ Маринэ. «Сыт мыгъуэр си Iэмал, узым хьэлыр ихъуэжу щытамэ, къэдабэм хуэдэу щабэу щытын хуеящ Маринэ. ИтIани, си бынщ, зыдэзмыщIу хъунукъым. Апхуэдэут сэ ар зэрызгъэсар? Лъыр зыщIыпIи пхуэхьынукъым, и адэ шыпхъужьым ещхьу щхьэзыфIэфIщ. Ипхъу цIыкIур, насып диIэщи, зыкIи екIуалIэркъым хьэлкIэ, теплъэкIи аращ. Зэщхьыр ар зыпI Лацэщ. Азалыхь, къыздрихари дымыщIэу, сабийр Гуащэ ЛацэкIэ еджэурэ, дэри абы дыкъытрина си гугъэмэ», – апхуэдэу и щхьэм хуэпсэлъэжурэ, Масирэт щIыхьэжащ хьэщIэхэр здыщIэсым.

Дыщэнэрэ Маринэрэ я закъуэу къызэхуагъанэри, хуиту зрагъэпсэлъащ. ИужькIэ Дыщэнэ гуфIэжу къыщIэлъэдэжри, и адэм зришэкIащ, елъэIуащ нэхъ псынщIэу Гуащэ и деж ишэжыну.

Куэбжэм нэс къадэкIуэта Маринэ Дыщэнэ IэплIэ хуищIыжри, иужькIэ и адэм и Iэблэр быдэу иубыдащ, псынщIэу ежьэжмэ нэхъ къищтэу. Машинэм ар иригъэтIысхьэжа нэужь, Аслъэн, зыгуэр къызыщыгъупщам ещхьу, пIащIэу игъэзэжащ. ПщIантIэкум ит Маринэ бгъэдыхьэри, абы и нэкIум къытелъэда и нэпсыр хуилъэщIурэ жриIащ: «Зыгуэр ухуей хъумэ, къэпсалъэ, сэ псори зэхуэзгъэхъунщ. Узэрыхъужынум шэч къытумыхьэ». ИгъащIэм зыхимыщIа гурыщIэ гуэр абдежым къыпкърыхьэу щIидзащ цIыхубзым. Ар зищIысыр и кIэм нэс къызыгурымыIуа Маринэ и щхьэгъусэу щытам жриIащ:

– ПщIэрэ, Аслъэн, иджыпсту сызэрыщытыр сэ езым къызгурыIуэжыркъым, ауэ нобэ хуабагъэу зыхэзбгъэщIар зэзгъэщхьыр адэм къыбгъэдэкI гурыщIэ IэфI зэикI зыхэзмыщIарщ. Армырауэ пIэрэ сэ уи деж къыщыслъыхъуар?..

– Си хуабагъэу нобэ зыхэпщIам зэреджэр цIыхугъэщ, Маринэ. Щхьэрыуам гъуэгу захуэм хуэзышэ лъагъуэ къелъыхъуэ. Сэри сыарщ. Тхьэм уи щIалэ дыгъитIым уахуихъумэ, – жиIэри, къыдэкIыжащ пщIантIэм. И бгъэм щызу хьэуа зыжьэдишэри, уафэмкIэ дэплъеящ. «ГъащIэр сыту телъыджэ!» – арат абы и теплъэм иджыпсту къыбжиIэр.

* * *

ГъэщIэгъуэнкъэ, Аслъэн зы щIэ гуэр къызыпэплъэ цIыхум ещхьт иджыпсту. ГъащIэм хэлъ пэж хьэлэмэт гуэр къызыгурыIуам хуэдэт. Куэд щIауэ имылъэгъуа и къуэм деж псэлъащ ар а махуэм. Лэжьыгъэм тепсэлъыхьыну Аслъэн зэрыхуэмейр къызыгурыIуа Ислъами адэм щысхьри, и къуэрылъху цIыкIухэм я гугъу къыхуищIащ. Андемыркъанрэ Темыркъанрэ зэтралъхуати, зэтезагъэхэртэкъым, гъэ-

щIэгъуэн куэд ядэплъагъурт абыхэм. Я нысэ цIыкIур яхуэбэшэчт быным, я жагъуэ имыщIу, я зэхуаку дэтт, Iеймрэ фIымрэ къагуригъаIуэрт. Ахэр зэзэмызэ Аслъэн и деж къашэрти, ягу зэщахуэхукIэ щагъэIэрт.

– Ислъам, лэжьыгъэм сэ иджыпсту сыпыIукIуэтынущ мащIэу, НалшыккIэ сыщыIэнущ. Си къалэнхэри уэ къыплъысыжыну къыщIэкIынщ. Хъунумэ, къыптемыхьэлъэнумэ, мыбыкIэ сыщыIэмэ нэхъ къэсщтэнут. ИтIанэ... куэд зэзгъэзэхуэжын хуейщ сэ, си къуэ... Уи анэм и гъащIэр гугъуащ си зэранкIэ, иджы ар къысхуигъэгъун щхьэкIэ сэ сытми сыхуэхьэзырщ.

– Сэ фи Iуэхум сыхэмыIэбэмэ нэхъыфIу къысщохъу.

Аслъэн зы махуи хущIегъуэжатэкъым и гъащIэр Гуащэ зэрырипхам. Апхуэдэ цIыхубз зэпIэзэрыт, бэшэч, щабэ, Iущ куэдрэ ущрихьэлIэркъым гъащIэм. Унагъуэм къазэрыхыхьэрэ мазэ нэхъ дэмыкIыу, Аслъэн и анэ Данэху и нысэм и жагъуэ ищIат. ЩIалэр укIытэри, анэм зыри жриIэфакъым, зэрыкъуаншэр илъагъуми, ауэ щхьэгъусэр тригъэун и гугъэу щедэхащIэм къыжриIэгъащ: «Ар анэщ, хуеймэ, къызэшхыдэнщ, хуеймэ, къызэдэхэщIэнщ. Сэращ абы и лъапсэм къэкIуари, зэтриухуауэ унагъуэм илъ щытыкIэм зыдэсщIын хуейщ, сымыкъиину. Дэ дызэпсалъэми, ди жагъуэ зэрыгъэхъункъым, уэ умыгузавэ». ИщIэрт и щхьэгъусэр зэрыакъылыфIэр, ауэ абы щыгъуэ Гуащэ къигъэлъэгъуа Iущагъым егъэлеяуэ щыгуфIыкIат. Аслъэн и унагъуэм ящыщу зэхэзыха щыIэтэкъым Гуащэ и зы псалъэ щIыIэ.

... Махуэ фагъуэм дунейр нэщхъей дэхъуащ, къызэрыхуэупсэ нэху мащIэри зэщхьыр кIэртIоф уэздыгъэм идз нэхурт. ЦIыхухэм зыхамыщIэ хуэдэт хуэмурэ къакIэщIэкIуасэ пщыхьэщхьэр, ауэ щхьэгъубжэ къаблэхэм я бжыгъэр хуэм-хуэмурэ нэхъыбэ зэрыхъум къыуигъащIэрт зэманыр здынэсар.

Гуащэ хэгупсысыхьауэ ирикIуэрт уэрамым...

«Сыту куэдрэ зысплъыхьа, Аслъэн, услъагъун си гугъэу: гъунэгъуми укъыщыслъыхъуащ, жыжьэми укъыщыслъыхъуащ. Зэзэмызэ быным уащIыгъуу укъыщыкIуэжми, укъэслъыхъуащ. Си пащхьэм уитт, ауэ укъызэхуэбылIэртэкъым. Иджыри аращ: псэкIэ укъызолъыхъуэ. Си гум идэркъым утезгъэкIуэтын. Уэри унасыпыншэщ. Укъызоплъ, сабий зэранщIакIуэм ещхьу, сэ япэ лъэбакъуэр сыбгъэчыну ухуейщ, ауэ ар сэ схузэфIэкIынукъым. Уи «къысхуэгъэгъум» сежьэркъым сэ, куэд щIащ сигу къутахуэхэр зэщIэскъуэжу зэрызэщIэсшхэжрэ, ауэ ар иджыри хъужакъым. Къэбгъэзэну сыпэплъакъым, зэи синожьакъым. Гумрэ псэмрэ зыпэлъэща лъагъуныгъэ щыIэ? Сыщысымаджэм, уи дежкIэ сынэплъащ, сыщыузыншэм, утезгъэкIуэтыну сыхэтащ, дэнэкIи къиIукI уи макъыр зэресшэхын Iэмал къэслъыхъуащ, ауэ згъуэтакъым. Иджы унэм ущIэсщ, укъекIуэлIэжауэ. Тенджызым и щIэм къыщагъуэта налкъуту укъэслъытэт сэ уэ, ауэ ... Си гум хьэлъэу телъщ уэрыншэу къэзгъэщIа илъэсхэр. А зэманым къриубыдэу къэзгуIамрэ нэпсу щIэзгъэкIамрэ дауэ сепцIыжыну, Аслъэн?»

Гуащэ игу къэкIыжащ я гъащIэм щыщ зы теплъэгъуэ... Аслъэнрэ абырэ зэрызэдэпсэурэ илъэсиблым нэблэгъат. Аслъэн къалащхьэм кIуэн хуейуэ къылъыкъуэкIати, абы и щыгъынхэр хузэрилъхьэурэ дэуэршэрырт Гуащэ. Зытепсэлъыхьышхуи щыIэтэкъым: махуэр зэригъэкIуар, сабийхэм гъэщIэгъуэну ящIа-жаIахэр. Зи гугъу ищIым елъытауэ, зэм къыпыгуфIыкIырт, зэми ину дыхьэшхырт, езы Аслъэни, шеибжьэ иIыгъыу, щхьэгъубжэм бгъэдэтт. Ар и щхьэгъусэм кIэлъыплъырт, зиущэхуауэ. Гуащэ зыкъигъазэри, Аслъэн и плъэкIэр къыщиубыдым, иIыгъ джанэр зэрызэхиушкIумпIэм гу лъимытэжу, етIысэхащ.

– Аслъэн, сыту дахащэу укъызэплъръэ, – хуэму къипсэлъащ абы.

– Сыту макъ къабзащэкIэ, макъ щабащэкIэ къэпIуатэрэ нобэ махуэр зэрыбгъэкIуар. ПщIэрэ, бжьыхьэр фIыуэ щIэслъагъур? Уэ узогъэщхьри аращ. Абы ещхьу, удахэщ. Тхьэмпэхэр къуэлэн хэхъукIарэ дыгъэм пэджэгужу, нэр дихьэхыу, жьы мащIэ къепщэм дэджэрэзу къещэщэхыу, псэм ар едэхащIэрэ тригъэсабырэу. Уэ си гъащIэм апхуэдэущ узэрыхэтыр.

Аслъэн щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIыжри Iэнэм бгъэдэтIысхьэжащ.

– УсэбзэкIэ укъызопсалъэ, Аслъэн.

– А уи нитIым лъагъуныгъэ щIэлъырщ апхуэдэу сызыгъэпсалъэр.

– Аслъэн, укъыкIэрыхунущ кхъухьлъатэм.

– Уэращ, Гуащэ, нэхъапэр си дежкIэ. Сытым щыщ адрей Iуэхухэр? Уэ зыпщызмыгъэнщIу сопсэу.

... Илъэс дапщэ дэкIа абы лъандэрэ, псы дапщэ ежэха?.. Хэт и гугъэнт зы цIыху гъащIэм къриубыдэу апхуэдиз бгъэв хъуну?..

... Ноби Аслъэн Москва лъэтэнущ. Щежьэм, зыкъигъазэри къыжриIащ:

– Уэ нэхърэ нэхъ лъапIэ, нэхъ япэ изгъэщ сиIэкъым, Гуащэ, сэ зыри. Сытым щыщ адрей Iуэхухэр? Уэ зыпщызмыгъэнщIыжу, сопсэу...





ТЭТРОКЪУЭ Астемыр

# МАЗЭМ КЪИКIА МЭЛЫХЪУЭ

*ТеплъэгъуиплIу зэхэлъ пьесэ*

## ХЭТХЭР:

Хьэжмэстафэ — иджырей адыгэ къулеижьщ.

Борэ — операцэ хьэлъэ къыпэплъэу, къалэ сымаджэщым щIэлъ щIалэщ, Хьэжмэстафэ и лэжьакIуэщ.

Маринэ — зи адэ-анэр аварием хэкIуадэу, сабийуэ къэна Борэ зыпIыжа адэ шыпхъущ, Хьэжмэстафэ и лэжьакIуэщ.

Данил — сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэщ.

Ритэ — дохутыр цIыхубз щIалэщ.

Марат — Хьэжмэстафэ и хадэр зезыхьэ щIалэщ.

Мазэм къикIа мэлыхъуэ — зыми ямыцIыху, зи къэкIуэкIэри къыщыкIуэну зэманри ямыщIэ цIыхухъущ.

Риммэ — сымаджэщым щIэлъырейщ, Хьэжмэстафэ и деж щылажьэу щытащ.

## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iуэхур щекIуэкIыр ехьэжьауэ къулейуэ псэу Хьэжмэстафэ и уардэунэм и хьэщIэщырщ. IуплъапIэ блыным унэлъащIэ къекIухэр кIэрытщ, сурэт лъапIэхэр фIэлъщ. ПлIанэпэм нэхъ и гъунэгъуу, шэнтиуитIым я кум журнал, газет зытелъ стIол цIыкIу дэтщ. Хьэжмэстафэ, ахъшэ пачкэхэм ириджэгуу, уэрэд къришу къыщIохьэж.

Х ь э ж м э с т а ф э. *Узыхэмызагъэр*
*Хэт жиIэн губзыгъэу,*
*Уэ къыпхуэмыхь фIыгъуэр*
*Къыхуэхьынкъым лIыгъэм.*
*ФIыщэу узолъагъур,*
*Си псэм хуэдэ ахъшэ!*
*Зэгуэуду фыгъуэр,*
*Насып къысхуэзышэ!*

*Ежьу:*
*Ахъшэ куэду зиIэм*
*Къещэху узыншагъэр,*
*Ахъшэ куэду зиIэм*
*ХьэIужажэр йожэ.*
*Сыт схузэфIэмыкIми,*
*Щхьэр пхузогъэлъахъшэ,*
*ФIыгъуэу щыIэр къызэрысщэху,*
*Ахъшэ, ахъшэ!*

*Си гъунэгъу тхьэмыщкIэм*
*Псымэр щIэтщ и унэм,*
*Жыыр щоджэгу гуфIакIэм,*
*ГуфIэ щIэмылъ и нэм.*
*И улахуэм пэплъэу,*
*Ар къысIуроплъыхь,*
*Ахъшэр  дэзгуэшыну,*
*Ди тхьэм къысхуимыхь!*

*Ежьу:*
*Ахъшэ куэду зиIэм*
*Къещэху узыншагъэр,*
*Ахъшэ куэду зиIэм*
*ХьэIужажэр йожэ.*
*Сыт схузэфIэмыкIми,*
*Щхьэр пхузогъэлъахъшэ,*
*ФIыгъуэу щыIэр къызэрысщэху,*
*Ахъшэ, ахъшэ!*



Сурэтхэм я зым и лъабжьэм щIэт сейфым Х ь э ж м э с т а ф э ахъшэхэр дилъхьауэ щыхуищIыжым ирихьэлIэу, М а р и н э къыщIохьэ, хъыдан къабзэ иIыгъыу, тас цIыкIу IэщIэту. Здэпсалъэм, стIолым, унэлъащIэм хэлъ бжэхэм, шэнтиуэ лъакъуэхэм толъэщIыхь.

М а р и н э. Сыту гукъыдэж дахэ уиӀэ! Уи Ӏуэхур тэмэму зэфӀэкӀа хуэдэщ...

Х ь э ж м э с т а ф э. Сыт Ӏуэху? *(Къэщтауэ.)* Куэд щӀа мыбдеж узэрыщытрэ?

М а р и н э. Моуэ иджыпсту сыкъыщӀыхьауэ ара щ. ЩӀыунэр тӀэкӀу зэлъыӀусхти, уи макъыр щызэхэсхым псынщӀэу сыкъыдэкӀуеижащ. Си пщӀыхьэпӀэ къыхэхуэнтэкъым апхуэдэу дахэу уэрэд жыпӀэу.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ уэ махуитхукӀэ узутӀыпщат...

М а р и н э. Си дэлъхумрэ абы и щхьэгъусэмрэ аварием щыхэкӀуадэм, я къуэ закъуэ Борэ сабийуэ къысхуэнэри, си быным хуэдэу селӀалӀэу къэзгъэхъуащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ аракъым бжесӀэр. Нобэ лэжьапӀэ укъыщӀэкӀуар сыт?

М а р и н э. Борэ зыхуей хуэзгъэзэнщ жысӀэм секъуурэ, унагъуи схуэмыщӀу сыкъэнащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэ цӀыхубзым сытыбзэкӀэ сынызэропсэлъэнур?



М а р и н э. ЩӀалэр операцэ тхуэзыщӀынури къигъуэтауэ жеӀэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм. Ауэ ар коммерческэщ, лъапӀэ мыгъуэщ — сом мин щищрэ плӀыщӀрэ и уасэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Ар зэкъым, тӀэукъым, пщӀэкъым къызэрызжепӀар. Уи унэ ущӀэсыжыну узутӀыпща пэтрэ нобэ укъыщӀэкӀуар сыт, зо?

М а р и н э. И адэ-анэр имыӀэжу, Борэ къыщысхуэнам, ар илъэситӀ фӀэкӀа хъуртэкъым...

Х ь э ж м э с т а ф э. Уа, уи тхьэкӀумитӀыр уи бзэгум халъхьэу ар нэхъ кӀыхь ящӀауэ ара, упсалъэ мыхъумэ, сэ жысӀэр щӀызэхыумыхыр? Уи мылэжьэгъуэу, сыномыджауэ, уи унэжь нэхъей, си унэм къыщыбущыхьу ущӀэтыну хэт апхуэдэ хуитыныгъэ къозытар?

М а р и н э. Илъэс тӀощӀым щӀигъуауэ сэ уи деж сыщолажьэ. Борэ дзэм къулыкъу щищӀэу къызэрыкӀуэжрэ илъэсипщӀым нэсащи, ари уи механикщ, уи сантехникщ, уи электрикщ, уи пхъащӀэщ, губгъуэ лэжьыгъэ къыкъуэкӀамэ, уи трактористщ. «Ухуей хъумэ, уэстыжынщ», — жыпӀэурэ, и улахуэм кӀэрыпчурэ зэтребгъэхьауэ, щӀалэм и щӀыхуэу сом мин щиплӀым нэс птелъу жеӀэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Ахъшэ... Ахъшэ... Псори хуейщ ахъшэ. Дауэ къыпщыхъурэ?! Псори ахъшэ хуейщ. Сэ зыращ зыри хуэмейр...

М а р и н э. ЩӀалэр дунейм ехыжмэ, уи деж Ӏулъ ахъшэ мыгъуэри сыту ищӀыжын абы? *(И нэпсыр къыфӀокӀуэ.)*

7 Заказ №206

Х ь э ж м э с т а ф э. Уа, щIыунэм лэныстэшхуэ кърыщыпIэщIэмылъэгъуауэ пIэрэ уэ?

М а р и н э. Борэ и узыр махуэ къэс нэхъ къытегуплIэурэ макIуэ. Операцэ ямыщIу мазэ дэкIмэ, щIалэм зыкIи сэбэп ухуэмыхъужыфыну жиIащ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм. *(Хьэжмэстафэ дежкIэ зрегъэзэкIри.)* Сыт хуэдэ лэныстэшхуэ зи гугъу пщIыр?

Х ь э ж м э с т а ф э. Iагъу! Ахъшэр къызэрыпызупщI лэныстэр кIуэда уфIэщIыркъэ. Згъуэтыжыркъым. Мэхь-мэхь… Мыбы щIэмылъу пIэрэ? *(Шэнтиуэхэм я лъабжьэм щIоплъэ.)* Мыбы къуэмылъу пIэрэ? *(Сурэтхэм я къуагъым къуоплъэ. Имыгъуэт хуэдэу зещI.)* Уэхьэхьей, лэныстэ, дэнэ уздэщыIэр? «Жьгъуах» жоуэ сом мин щищрэ плIыщIыр къыпызгъэхущ, Борэ операцэ езгъэщIри — ари хъужат, сэри си лъэм банэ хэхужат. *(Маринэ зыхуигъазэу.)* СиIэкъым ахъшэ. Зэхэпхрэ? СиIэкъым. Ахъшэ къысIэрыхьэжыну сыпоплъэ… Фи япэ зы цIыху измыгъэщу, щIыхуэр фэстыжынщ. Иджыпсту зыри сиIэкъым.

Куэбжэм зыгуэр ину къоуэ.



Хэт хъуну пIэрэ арикI?

М а р и н э. Иджы ещанэ къоуэ куэбжэм зыгуэр, сыдокIри — зыри щыткъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. ЖиIэнщ иджы жьыбгъэм цIыхуIэ къыпыкIауэ… Iэгум ищI макъыр зэхэпхыркъэ?

М а р и н э. Узым дауэ къыIэщIэсха хъуну Борэ? Ахъшэ къысхуэмыгъуэтурэ ар сIэщIэкIмэ, си гъащIэр кIыфI хъунущ. Абы и ужькIэ дауэ сызэрыпсэужынур? Тобэ! Тобэ! Сыт мы си щхьэм къихьэ делагъэхэр? Куэбжэм къеуэIауэ етIуанэу сыщыдэкIам, уи лъапсэм ибгъукIэ дэкI уэрам бгъузэ цIыкIум лIы мыцIыху гуэр дыхьащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. КIуэ, кIуэи плъэ, ахъшэ къытхуихьу зыгуэр къэкIуами пщIэркъым. ЛъэIуакIуэмэ, Iуху, къытригъазэу куэбжэр зэ къыттрикъутэжмэ, танэ хуэдиз хъу ди хьэр зэредутIыпщынур жеIэ.

М а р и н э сценэм йокI. Х ь э ж м э с т а ф э сейфым бгъэдохьэри, абы и бжэр Iуех, ахъшэхэр къыдех, йопэмри, делъхьэж,IункIыбзэр иретыж.
М а р а т къохьэ, лэныстэшхуэ иIыгъыу.

М а р а т. ЩхьэгъубжэмкIэ сыщыблэкIым, лэныстэ къэплъыхъуэу зэхэсхати, сыкъыщIыхьащ, зиусхьэн.

Х ь э ж м э с т а ф э *(ауан щIэлъу)*. Уэрат иджы сэ нобэ къысхуэтыр… Зыри сыхуейкъым.

Х ь э ж м э с т а ф э стIол цIыкIум бгъэдотIысхьэри, газет еджэ хуэдэу зещI.

М а р а т *(и щхьэ хуэпсэлъэжу)*. Насыпыр зэхуэмыдэущ цIыхухэм къазэрыгурыIуэр. *(Нэхъ ину.)* Сэ си дежкIэ насыпыр уи дэтхэнэ унафэри псынщIэу, гугъэзагъэу згъэзэщIэнырщ, зиусхьэн.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэри уэ, псалъэ дахэкIэ си щхьэр бгъэуназэу, ахъшэ сIэщIэбгъэкIыну аращ узэщэр. Уа, Iужажэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэ ирамыгъэкIуэкIыу пIэрэ?

М а р а т. СщIэркъым, зиусхьэн. КъэсщIэнщ, ухуеймэ. Щхьэ ущIэупщIэрэт?

Х ь э ж м э с т а ф э. Апхуэдэ зэхьэзэхуэ щыIамэ, япэ увыпIэри, етIуанэри, ещанэри уэ къэпхьынути аращ, Iужажэ. *(Ину мэдыхьэшх.)*

М а р а т. Арат укъыщIысхуейр, зиусхьэн?

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ уэ сыноджакъым икIи иджыпстукIэ сыпхуейкъым. Нобэ Iужажагъэ схэзагъэркъым. Зэ догуэт... Марат, щIэхъумэ лъэпкъ хэмылъу къызжеIэт Борэ теухуауэ сымаджэщым щыжаIэр.

М а р а т. Сэ уэ пцIы зэи пхуэзупсакъым, зиусхьэн. Сыт хуэдэ пэж нэхъ узыхуейр?



Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ сызыхуей пэжыр уэ бощIэ. Борэ и узыншагъэр дауэ щыт? А зэрыжаIэм хуэдэу, хьэдрыхэ гъуэгу тет, хьэмэрэ, операцэ лъапIэ хэмыту, и узыншагъэм къигъэзэжыну гугъэ щыIэ? Сыт дохутырхэм жаIэр?

М а р а т. Уз бзаджэ зэрыпкърытыр пэжу жаIэ псоми. ПIэхэнэу щыткъым, палатэм къыщIэкIыурэ зэзэмызэ сымаджэщ пщIантIэм хуэмурэ къыщекIухь. Гуп уэршэрхэм яхыхьэн и жагъуэщ. «Ихьыжын щыIэкъым», — жаIэу, дохутырхэри сымаджэхэри топсэлъыхь. Зы дохутыр хъыджэбз цIыкIу, хущхъуэхэр щIыбым къыкIэлъыщIихрэ иригъафэу, мастэ хиIуу, нэгъуэщI Iуэху имыIэм хуэдэу, зыкъыщимыгъэнщIу, гуфIэжу къеуэршэрылIэу ялъагъу. ХъумакIуэу сымаджэщым сыщыдэт махуэхэм сэри абы гу лъыстащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Борэ хъужыну гугъэ щымыIатэмэ, дохутыр хъыджэбз цIыкIум абы зыкIэригъэлIыхьынтэкъым, жыIи, а гупсысэр сымаджэщым щыIэ псоми ялъэгъэIэс. Борэ теухуауэ мыхьэнэ гуэр зиIэ зэхэпхмэ, къэпсалъи къызжеIэ. Ар лIэмэ, «мор мыхъуамэ, Борэ псэунут», жаIэу IэпэкIэ сагъэлъэгъуэну сыхуейкъым.

М а р а т. КъызгурыIуащ, зиусхьэн.

Х ь э ж м э с т а ф э. Борэ теухуауэ хъыбар пэж къыбжезыIэфыну къыпцыхъум сыхуэуб, «нэпсейщ» жыIэ, сэ сщIэрэ, «хьэбыршыбырщ» жыIэ, «бзаджэнаджэщ» жыIэ. КъыбгурыIуа?

М а р а т. КъызгурыIуащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сыт къыбгурыIуар?

М а р а т. Унэпсейщ, ухьэбыршыбырщ, убзаджэнаджэщ…

Х ь э ж м э с т а ф э. Ей, ей… Иумыгъэлейт. Псалъэмакъыр ядэпIыгъын щхьэкIэ, «садэуб» бжесIэу аращ сэ, уэ уи бампIэр къыстыбокъутэри.

М а р а т. Iагъу, Хьэжмэстафэ Коммунарович, апхуэдэ дауэ уигу къысхуэкIа?! Сэ уэ хьэм хуэдэу сызэрыпхуэпэжыр бощIэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. СощIэ, ауэ си зэфIэкIыр кIуэщIмэ, си нэгу щIэтщ, хьэм хуэдэу къысхуэпэжу жызыIэу, си Iэм къебзейуэ щытахэм я зэхуаку хьэзэрышхышхуэ къызэрыдэхъуэнур. Уэри абы уазэрыхэтынум шэч къытесхьэркъым. Ауэ сыт? ХэкIыпIэншагъэм уэ пхуэдэхэм я щхьэм Iэ дызегъалъэ. *(И ахъшалъэм доIэбэри, ахъшэ къыдех.)* Мыр сымаджэщым щIэлъхэмрэ щылажьэхэмрэ я Iурыцlэлъщ.

М а р а т. Iурыцlэлъым хуэбгъэувва уасэм жвачкэ къудей къыщIэкIынукъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Куэд жумыIэ, бэзэрым ущыщахуэмэ, аркъэ литррэ дэпшхын тIэкIурэ къыщыпхущIэгъэкIынущ.



М а р а т. Дохутыр нэхъыщхьэм коньякыфI фIэкIа ирифыркъым, зи щIыхьыр ин.

Х ь э ж м э с т а ф э. Жылэм зызрата аркъэм зригъасэ хъунукъэ абыикI. *(ГъумэтIымэурэ ахъшалъэм аргуэру ахъшэ къыдехри Марат ирет.)* Уэлэхьи, ар ирикъунмэ… ХьэщIэ диIэ сфIощI.

М а р а т. Сыт хьэщIэ?

Х ь э ж м э с т а ф э. ЗэплъэкIи, къэплъагъунщ.

Адыгэ фащэ щыгърэ и мэлыхъуэ башым «тесу», зылI щытщ, блыным фIэлъ сурэтхэм йоплъри.

Х ь э ж м э с т а ф э. Мыр сытым укъытхуиухь? Хэт ухъуну, дэнэ укъикIа?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Гъэмахуэм уэшх къошх, щIымахуэм уэс къос. Дунейр шэрхъыщи, мэкIэрахъуэ. Мазэм ит мэлыхъуэр сэращ. *(И IэгуитIыр гуфIэурэ зэщехъуэ.)*

Х ь э ж м э с т а ф э. Дауэ жыпIа?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Мазэм ит мэлыхъуэр сэращ. Ухуеймэ, «Мазэм къикIа мэлыхъуэ» жыIэ, сэркIэ тIури зыщ. Сыкъэзылъагъу цIыхухэм насып къахузохь, зэрыцIыхур зыщыгъупща щыIэмэ, закъызогъэщIэж.

Х ь э ж м э с т а ф э. ГурыIуэгъуэщ… ГурыIуэгъуэщ…

М а р а т. Суворову, Наполеону, Сталину зыкъызыщыхъужхэр щаIыгъ сымаджэщым укъимыкIуэсыкIыжауэ пIэрэ уэ?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Хьэуэ, сэ абыхэм сащыщкъым. Мазэм ит мэлыхъуэр сэращ. Сыкъэплъагъуркъэ, Iагъу!

Х ь э ж м э с т а ф э. Си сабиигъуэр сигу къэбгъэкIыжащ. *(ПыгуфIыкIыу, лIы мыцIыхур зэпеплъыхь...)* Телевизор унагъуэ зытIущым фIэкIа щамыIа зэманым цIыхухэр нэхъ зэкIэлъыкIуэу, зэрыIыгъыу, пщыхьэщхьэкIэ зэхэтIысхьэрэ, жэщыр ягъэкIэщIу, уэршэру зэхэсу щытащ.

Мазэгъуэ жэщ дахэм лIыгъэм, пэжыгъэм, цIыхугъэм теухуа хъыбархэр къэзыIуэтэж балигъхэм ябгъэдэс сабийхэм жейр къыттекIуэу къащыхъуамэ, абыхэм ящыщ зым зыкъытхуигъазэрт: «Мазэм ит мэлыхъуэр флъагъурэ?» — жиIэрти. Сабийхэм еттыну жэуапым пэмыплъэу, псалъэмакъыр къезыгъэжьам пищэжырт. Мазэм ит мэлыхъуэр къэзыухъуреихьхэм къахэплъагъукIын щхьэкIэ, уи зэхэщIыкIыр къабзэу, уи акъылыр жану, жыпIэнурамэ, балигъ гупсысэкIэ уиIэу, уи къежьапIэр, укъызыхэкIар пщIэжу, адыгагъэм, цIыхугъэм къикIыр къыбгурыIуэм и мызакъуэу, ар пхэлъу, ар пфIэмыкIуэду ущытын хуейт. Сыт балигъ гупсысэкIэм къикIыр? «ЦIыхугъэ хэлъщ» — жебгъэIэн щхьэкIэ сыт хуэдэу ущытын хуейт? Сабийхэм ди упщIэхэм гъащIэ зылъэгъуа нэхъыжьхэм жэуап кърату щIадзэрти, гупыр тезыгъэу псалъэмакъыр къызэщIэрыуэжырт.

СыщыцIыкIум сэ куэдрэ слъагъурт Мазэм ит мэлыхъуэр. Си ныбжьэгъухэм ар къызыхуэмылъагъу къахэкIамэ, ауан сщIырт. Сэ хьэкъыу си фIэщ хъурт ар IупщIу зэрыслъагъум насып къызэрысхудэкIуэнур. Балигъи сыкъэхъуащ, жылэм ямыIэ псэукIи сиIэ хъуащ, ауэ иджы дапщэрэ Мазэм сыдэмыплъеями, абы иту щыта мэлыхъуэр къысхуэлъагъужыркъым.

М а р а т. Сыт абы гъэщIэгъуэну хэлъыр?.. Балигъ укъэхъури, таурыхъыр уи фIэщ пхуэмыщIыж хъуати, Мазэм иту къыпфIэщI мэлыхъуэр кIуэдыжащ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. И ныбжьым емылъытауэ, зи акъылыр нэхум, зи лъэпкъым къуэпс быдэкIэ пыщIам, фIым зи гур хузэIухам сэ сыкъелъагъу. «ЗэфIэкI сиIэ хъуащи, балигъ гъащIэм сыхэзышахэм сыткIэ сахуеиж?» — жызыIэм сэ сыкъимылъагъуж мэхъу. Фи зэхэщIыкIыр къэзгъэушыну, шынэр зыхывэзгъэныну хьэщIапIэ «сыкъыфхуепсыхащ».

М а р а т. Уи лъакъуэубыдышым «тес», «укъемыпсых», гугъу зебгъэхьу. Уэ пхуэдэ хьэщIэ Хьэжмэстафэ хуэныкъуэкъым.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм баш къихуэнщ. ХьэщIэм насып къыдокIуэ, жи. ХуэныкъуэхуэмыныкъуэкIэ ар къыхахкъым. ХьэщIэр Тхьэм и лIыкIуэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э *(Марат жриIэу)*. Уэ зыми псалъэ къыуитакъым. *(Мазэм къикIа мэлыхъуэм дежкIэ зегъазэри.)* Сытщ жыпIа Мазэм къикIа хьэщIэ лъапIэр гъуэгу укъытезышар?

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. «Къеблагъи», «къепсыхи», «къэтIыси» къызжепIэнукъэ? ФIы зыщIам фIы игъуэтыжынщ, Iей зыщIам ар и джабэм къеуэжынщ. Мазэм хэIэжын зэрыщIидзэу, си дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цIыхухэм сахохьэри, Мазэр из зэрыхъужу, си мэлыхъуэ лэжьыгъэм сыпэрохьэж.

Х ь э ж м э с т а ф э. МывэупцIэр къысхудэбдзэурэ хьэщIэ зыкъысхуэпщIыну иужь уит сфIощI. Мазэм къикIа мэлыхъуэ пIа уи цIэр? *(Ар зэпиплъыхьурэ погуфIыкI.)* Ебгъэлейуэ къыпцыхъуркъэ? Мы уэ «шыкIэ» укъызыщIыхьа пэшым, щIыбым дызэрыдэта вакъэр нэхъ къабзэкIэ зэдмыхъуэкIауэ, дэ дыкъыщIагъэхьэркъым. ИтIани, сыт сщIэн? Си унэ укъыщыщIыхьакIэ, узихьэщIэ хуэдэу мэхъу. Ти-и-и, уи вакъэ зэщIэхуам къиплъ факъырэр зыхуейр шхын, хьэмэрэ ахъшэ?

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. ПсэлъэкIей — кIуэдыкIейщ. Си вакъэ гъуанэм къиплъ тхьэмыщкIэр сэбэп къыпхуэхъун и гугъэщи, аращ уи деж сыкъыщIэкIуар.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэрей, Лыхъу, сэ сыздэгугъэм уэ ущымыIэ. Сыту пIэрэ уэ фасикъыр сэбэп укъызэрысхуэхъуфынур? Уасэ щIэзмыту, уи чышымкIэ тIэкIу къызумыгъэжыхьынумэ, сщIэркъым. *(Мэдыхьэших.)*

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Ухуеймэ, къозгъэлъэтыхьыфынущ...

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэрей, уэ сэ слъагъур умыделэ дыдэ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Сыделэ дыдэкъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сытыт жыпIа сэбэп укъызэрысхуэхъуфынур?

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Ахъшэр къыздикIам мэкIуэж. Акъыл зиIэм имыIэ щыIэкъым. Сэ сынэпсейкъым, сыбдэгуэшэну сыхьэзырщ.

М а р а т. Сыт къивыр зищIысыр?! Зиусхьэн, мыбы и лъакъуэр щIым нэмысу, хьэмэрэ и щхьэр егъэзыхауэ зэрыщIэсхыжынур?

Х ь э ж м э с т а ф э. Зыуи щIэпхыжынукъым, Марат. «Зы тхьэмыщкIэ и унэм щIыхьати, къыщIидзыжащ», — жаIэу жылэр къысхуэбгъэпсэлъэну ара? Арыншами, къысхужамыIэр укIуэдыж. *(Ма-*

*зэм къикIа мэлыхъуэм зыхуигъазэу.)* УкъыщыкIуакIэ укъыздикIар, укъыщIэкIуар, укъэзыгъэкIуар къызжеIэ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Сэ Мазэм сыкъикIащ.

М а р а т. Жьэмцхьэм, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыхущ уэ къопсалъэр, жэуап тэмэму ет.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. ЦIыху мыгъасэ гъэсэнкIэ Iэзэщ. Сэ сыщхьэхуитщ, пщылIхэр псэлъэгъу сщIыркъым.

М а р а т. Уэ факъырэпэщмэнырат иджы сэ сыпщылIу жызымыIэжар. Сэ сыщхьэхуитщ!

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Зи щхьэм хуитыр и бзэми хуитщ. Ущхьэхуитт, укъепсын щхьэкIэ уи пщым и арэзыныгъэ къэплъыхъуэу, ухуемыплъэкIамэ.

М а р а т. Зиусхьэн, мыр сIэщIэукIэнущ. Хъунумэ...

Х ь э ж м э с т а ф э. КIуэи, уи Iуэху иужь ихьэж.

М а р а т. Сожэ, зиусхьэн, зыгуэркIэ укъысхуейм хъумэ, наджэ, сэ жыжьэ сыIукIынкъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Хъунщ, хъунщ, кIуэ... *(Мазэм къикIа мэлыхъуэм зыхуигъазэу.)* Уафэм укъызэрехуэхар занщIэу къызгурыIуат, ауэ Мазэм... *(ПогуфIыкI.)* Сытщ жыпIа укъытхуэзыхьар?



М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. ЦIыху къызолъыхъуэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уи Iуэху къикIауэ фIэкIа сщIэркъым. ЩIылъэм темыхуэжыр цIыхущ, псом хуэмыдэу, лъэIуакIуэхэр.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Сэ сызыхуейр цIыху дыдэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сыту пIэрэ цIыху дыдэр адрей мыцIыху дыдэхэм къазэрыщхьэщыкIыр?

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. ЦIыху дыдэхэр мэлажьэ-мэшхэж, зи щхьэм бадзэ тезымыхужыф я быныр хыфIадзэркъым, адэжь къуэпсхэр паупщIыркъым, я къежьапIэм щыгъуазэщ, зэрылIэжынур ящIэри, цIыхур я пIэ ирагъэувэ. Зыгуэр жаIэмэ, ар щIыжаIэм, здыжаIэм, зэрыжаIэм, зыжраIэм егупсысауэ мэпсалъэ. Я щхьэм пщIэ хуащIыжри, пэжыр мышынэу жаIэ, гугъэр...

Х ь э ж м э с т а ф э. Уий, мыр! КъэувыIэж, шыплIэ пулемёту укъызэролъэлъри. Уэрей, уэ сэ слъагъум куэд бощIэм.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Сэ сыщеджа еджапIэм ущеджамэ, уэри губзыгъэ ухъунт.

Х ь э ж м э с т а ф э. Губзыгъи?.. Сыт хуэдэ еджапIэу пIэрэ а зи гугъу пщIыр?

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. ГъащIэщ абы зэреджэр. Языныкъуэхэм абы и дерсхэм акъыл къыхах, адрейхэр, дапхуэдизрэ пхъэIэпэм теувэу абы и кIыр я натIэм къытемыхуами, Iущ мыхъуауэ,

жьы мэхъуж. Сэ гъащIэшхуэ къэзгъэщIам и мызакъуэу, абы дерси къыхэсхащ.

М а р и н э къыщIохьэж.

М а р и н э. Ди гъунэгъу уэрамитIми сыдэплъащ, зы унагъуэ къэзмыгъанэу сыдыхьащ, сызыхуэзэ псоми сеупщIащ… Зыми ялъэгъуакъым куэбжэм къеуар. ЩIыр зэгуэхуу, я кум дэхуами ярейщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Куэбжэр Iугъэзэщ IыкIауэ нэхъыбэрэ къэбжыхьамэ, ущылажьэ лъапсэм псы ирагъэжыхьыжауэ укърихьэлIэжыну къыщIэкIынт.

М а р и н э. Ар дауэ, на-а?..

Х ь э ж м э с т а ф э. Мис, зи «дауэр» лъакъуэубыдышым тесу къызбгъэдэтщ, цIыху къилъыхъуэу. Умылъэгъуа нэпцI зыпщIу, уэрмырауэ пIэрэ ар езыр къызэзутIыпщар?

М а р и н э. АIей, Джордж, илъэс дапщэ хъуауэ сыпхуэлажьэмэ, зэ пцIы пхуэзупсауэ пщIэжрэ? Марат пщIантIэм дэту слъэгъуати, хьэулей къыдигъэхьэнкъым, жысIэри, куэбжэм къеуар къэзубыдыну сыщIэпхъуащ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. ЦIыхум дунейр зэрилъагъур и нэмкIэщ. Ар езыр пцIыупсмэ, зэпсалъэхэм, Iуэху зыдищIэхэм къагъэпцIэну къыщохъу. ЦIыхугъэ зыхэлъу дунейм тетыр…

Х ь э ж м э с т а ф э. КIуэи, «къыдэхуа-ныдэхуа, ныкъуэшхфэкъуэшх», жыIи, Мазэм къикIа мэлыхъуэм гъуэмылэ гуэр хузэкIуэцIылъхьэ, и бзэр нэхъ иубыдынщ, нэхъ щабэ хъунщ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сэ зыри сыхуейкъым.

Абы жиIэм емыдаIуэу, М а р и н э йокI.

Х ь э ж м э с т а ф э. ГъащIэ кIыхь къыщыбгъэщIакIэ уэ, дауикI, жыпIэжын уи куэду къыщIэкIынщ. ПщIэн умыгъуэтуи, дауи, уи «шыр» си унэм къепхулIакъым.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Ар пэжщ, сэ куэд слъэгъуащ, куэди сощIэ. СощIэ лей зезыхьэр и щхьэкIэ е и бынкIэ зэрыпшынэр.

Х ь э ж м э с т а ф э. «Удин лэжьакIуэщ», — жысIэнуи, уи гупсысэкIэмрэ уи зыхуэпэкIэмрэ сфIэдыкъуакъуэщ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сэ зи гугъу сщIыр щIылъэ гъащIэрщ, Мазэм сыкъытету слъэгъуарщ. ТIум тIу хэплъхьэмэ, дапщэ зэрыхъур?

Х ь э ж м э с т а ф э. Экзамен сIыпх си гугъэщ… ПлIы.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. НтIэ, илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, тIум тIу хэплъхьэм къыщIэкIыу щытар плIыщ, ноби ара щ. Жьы мыхъуу, и пIэм нэгъуэщI къыпхуимыгъэувэу, гъащIэм апхуэдэ хабзэ куэд иIэщ. Илъэсищэ блэкIахэм къриплъэжи, цIыхушхуэ зыIэщIэукIа, куэдым лей ятезыгъэхьа къэрал унафэщI ирехъу, дзэзешэ ирехъу е къулеижь гуэру щрырет, и бын е и бын и быныж насыпыфIэ хъуауэ зы цIыхум и цIэ къысхуиIуэт. Я пхъашагъэкIэ уей-уей жезыгъэIахэм я къуэпс гъужу къокIуэкI — ар гъащIэм и хабзэщ. Iуащхьэм дэкIыу, къеплъыхын зэрыщIидзэу, зэрыцIыхур зыщыгъупщэр куэд мэхъу. Уэри уахэтщ абыхэм, узэрыбзаджэр уи нитIым къаIуатэу.

Х ь э ж м э с т а ф э. Хэт укъызэзутIыпщар? КъызэрызгурыIуэмкIэ, «мыр делэщи, абы жиIэм хуэмыхъуу къедэIуэнущ», — жари, згъэлажьэхэм къызжамыIэфыр уэ къызжыуагъэIэну укъызаутIыпщауэ ара щ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Делэм узыр къытекIуауэ ара щ, сэ сыузыншэ нэхъ лажьэ сиIэкъым. Умыгузавэ, сэ уэ зыми сыкъыпхуигъэкIуакъым. «Умыгузавэ» жысIэ щхьэкIэ, ущIэшынэн уи мащIэкъым. Уи щэху зэпхьэлIэн цIыху дунейм щытемыткIэ, абы нэхъ тхьэмыщкIагъэ сыт щыIэ? Нэпсми, гуауэми, гуIэгъуэми къыпфIэмыIуэхуу уебакъуэу, утегужьеикIауэ зэтеплъхьа уи мылъкум хэджэгухьу хэувэнур хэт ищIэн? ПщIэнтIэпскIэ къыумылэжьа мылъкур Iугъуэм хуэдэщ, Iыгъыгъуейщ. ЦIыху гъащIэхэр зэтепкъутэу, уи щхьэр щIэгуауэ умыжэу, къэувыIи, уи псэм теплъхьа бэлыхьхэр зэрызэтепхыжыным телажьэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Щыгъэт! Щыгъэт! Уэ уделэкъым — уэ уделэ бзаджэщ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Бейм кIапэшхуэ пытщи, емыкIу псори щIеуфэ. Уа, здэпхьынур дэнэми къыпхуэмыщIэ уи мылъкур хэплъхьамэ, сыкъыздикIа Мазэр сыт щыгъуи изу пхущымыгъэтыну пIэрэт?

Х ь э ж м э с т а ф э. Ар зыми хузэфIэмыкIынщ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Уэрей, убзаджэмэ уэ... Мы дунейм теткъым умыщIэ. *(И IэгуитIыр, макъ иригъэщIу, зэщехъуэ.)*

Х ь э ж м э с т а ф э. Апхуэдизу ущыIущкIэ сынодэIуэнщи, сеуэнщи, мылъкуу сиIэр къезгуэшэкIыжынщ. Ахъшэу сиIэм зыгуэр къыхуэзгупсысынт... Мыдрей мылъкур сщэжу зэман тезмыгъэкIуадэу, сIызыхын сымыгъуэтыну пIэрэ? Уэ сынолъэIумэ, си мылъкур схуэбгъэмэщIэнкъэ?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Акъылыр Iуэхум и лъапсэщ. КъэкIуэнур зейр цIыху Iущхэрщ. Сэ сызэрыпсэу илъэс минхэм къриубыдэу, икъукIэ цIыху къулей куэд дунейм ехыжащи, зы гъущI сом нэхъ мыхъуми хьэдрыхэ здэзыхьыфа абыхэм къахэкIакъым. Зыми яхузэфIэмыкIар уэри пхузэфIэкIыну си фIэщ хъуркъым. Къулейуэ ущытыныр хьарзынэщ, ауэ нэпсеягъэ егъэлеям уи нэр къыщипхъуауэ, къыпхуэлIыщIа цIыхум и лэжьапщIэр иумытыжыным, и гугъуехьым къыпэкIуар фIэпшхыным гуэныхьышхуэ пылъщ, зэрыцIыхугъэншагъэм и гугъу умыщIыххи.

Х ь э ж м э с т а ф э. Мис иджы къызгурыIуащ, мыкхъэмывэ, укъэзыгъэкIуар, усIэщIэмыукIэ щIыкIэ зыгъэкIуэд.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м *(щIэкIыжыну здежьам, къызэпсэлъэкIыурэ)*. ЦIыху здыдамыгъэхьэ пщIантIэри цIыху зыщIамыгъэхьэ унэри — бэнщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. ЗыгъэкIуэд, бзаджэнаджэ, афIэкIаи си нэгу зыкъыщIумыгъахуэ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э р йокIыж, М а р а т къолъадэ.



М а р а т. Сыт къэхъуар, зиусхьэн?

Х ь э ж м э с т а ф э. ДелэIуделафэр къысхуаIуэхуащ, «щIыхуэ зытумыгъэлъ», жари. Сагъэшынэу, си гуфIакIэм сыдагъапхъуэу, Борэ и ахъшэр ирызагъэтыжыну аращ я гугъэр. Сэ сыделэщ, зыри къызгурыIуэркъым, псори губзыгъэщ.

М а р а т. Апхуэдэу жумыIэ, зиусхьэн, уэ уи Iущагъырщ дэ жэщым мазэу, махуэм дыгъэу ди гъащIэ гъуэгур тхуэзыгъэнэхур.

М а р и н э къохьэж, ерыскъы зэрылъ пакет иIыгъыу.

М а р и н э. Дэнэ щыIэ уи гъусар?

Х ь э ж м э с т а ф э. КъыздикIам кIуэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, уи закъуэкъым уи Борэм хуэгузавэр.

М а р и н э. Сыту фIыт дыкъызыфIэIуэху зэрыщыIэр!

Х ь э ж м э с т а ф э. Уи дэлъхум и къуэм и щIыхуэ зэрыстелъыр псоми щIащIэн щыIэкъым.

М а р и н э. Сыт хуэдизу дымыгузавэми, Бори сэри щIыхуэ хъыбар къетхьэкIыу дыдэткъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Дэнэ-тIэ мо Мазэм къикIа делэIуделафэм Борэ и щIыхуэ стелъми-стемылъми щищIэр?

М а р а т. Зиусхьэн, гуэныхь къыумыхь, сымаджэщым апхуэдэ

хъыбар дэлъамэ, сэ зэхэзмыхыу къэнэнтэкъым. Марини Бори я бзэр быдэщ.

Хьэжмэстафэ. Фэ псори си нэщIыбагъкIэ фызэгурыIуащ.

Маринэ. АIIей, Джордж, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ?

Хьэжмэстафэ. «МахуитхукIэ фыкъэмыкIуэ», жысIэри, тIуми унафэ фхуэсщIатэкъэ?.. Унафэр щысщIам къыщынэжри, фи унэм фыщыдэсыжын хуей япэ махуэм тIури фыкъыдэкIащ. Абы къикIыр си псалъэм пщIэ имыIэу аращ, си унэм щысщIэнум сыхуимытыжу аращ. Ауэ фыщымыгугъ си унафэ фэзгъэщIыну.

Марат. Зиусхьэн, дэ зыкIи дызэгурыIуакъым. Уи унафэ дыхэIэбэн дэнэ къэна, уи псалъэр къыбжьэдэмыкI щIыкIэ догъэзащIэ.

Хьэжмэстафэ. Дауэ фызэрызэгурымыIуар? КъыдыхьэпIэ куэбжэм IункIыбзитI хэлъкъэ, я IункIыбзэIуххэр фэ фи зырызу фIыгъыу. Зэгъусэу фыкъыIухьэу, куэбжэр Iувмыхмэ, зым и IункIыбзэIухымкIэ куэбжэр Iуха хъунукъым, ар къарукIэ умыкъутэмэ. Пэж? Пэжщ. Дауэ-тIэ фэитIур фызэрызэрыгъуэтар?

Маринэ. Сэращ абыкIэ къуаншэр, Марат лажьэ иIэкъым. «Ахъшэ щIыхуэ пщэдей къызатыжыну сыпоплъэ», — жыпIати, унэм сыщIэсыфакъым. Борэ узым нэхъ зыкъригъащIэурэ макIуэ... Операцэ ямыщIмэ, щIалэм къыхуэнэжар зэрымащIэр дохутырхэм ябзыщIыркъым. Къэзгупсысынури сщIэнури сщIэркъым, Хьэжмэстафэ, зыздэздзыну лъэныкъуэр сымыщIэу сыкъэнащ. Уи адэ-анэр псэуху, я пхъум хуэдэу сыкъалъэгъуащ, абы я лъагъуныгъэм хьэтыр иIэмэ, ахъшэ щхьэкIэ си щIалэр сIэщIумыгъэкI.

Хьэжмэстафэ. «Ахъшэр къызэрызатыжу, фэстыжынщ», — жысIащи, фэстыжынщ. Сэ IэпэкIэ сыкърашэкIыу, абы сынэсакъым. Сэ сщIэн хуейр сщIэжынщ, фэ фи Iуэхур фэ фщIэж. Нобэрей махуэр фи зэранкIэ ффIэкIуэдащи, махуиплIкIэ тIуми си нэгу зыкъыщIэвмыгъахуэ. Иджы куэбжэр здыхуэфщIыжи, тIури фи унэ фыкIуэж. ФыщIэкI, фыщIэкI, зызвмыгъэлъагъуу!

Маринэрэ Маратрэ щIокIыж. Хьэжмэстафэ и телефоныр стIолыщхьэм трелъхьэ.

Хьэжмэстафэ. Телефонри згъэункIыфIащ. Хэт хуейми, зэгуэудыху кърепсалъэ иджы. *(И щхьэм хужиIэжу.)* Сом мин щищрэ плIыщIрэ хуейщ. Си сейфым и IункIыбзэIухым хуейкъэ? *(ЙокIукI-къокIукI.)* Си сурэт лъапсейхэм хуейкъэ? НэгъуэщI мылъку куэди сиIэщ сэ. Абыхэм хуэмейуэ пIэрэ? Мылъку хуэмейуэ мы дунеишхуэм тетыр хэт?! Мылъкуу зэхуэсхьэсам зыри хуэмеймэ, сыщымы-

жея жэщ мымащIи хэту, згъэкIуа си гъащIэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIэу аракъэ? НтIэ, апхуэдизу гугъу зыщIезгъэхьар хэт икIи сыт? Хьэуэ, ар пэжкъым. «Мыбы ахъшэр тыншу къыIэщIэкIынукъым», — жари, къызаутIыпщауэ аращ мо ажэгъафэр. Ажэгъафэ «шур»... Пэжу, си мылъкур хэт къызыхуэзгъэнэнур? Мы дунейм щызиIэр зы къуэти, Израилым щыIэщ, иджы ягъэхъужащ щыжысIэм, афиян зыхилъхьэу, мастэ зыхиIун щIидзэжрэ, аргуэру сымаджэщым щIэхуэу. «Лей зезыхьар и щхьэкIэ е и бынкIэ мэпшынэ...» Си бынкIэ сыпшынакъэ сэ? Иджы си щхьэкIэ сыпшынэн хуейуэ ара? Ажэгъафэ! «Iей зыщIэм ар и джабэм къоуэж... Губзыгъэм зэрылIэжынур ещIэри, цIыхур и пIэм ирегъэувэ...Уи мылъкум хэджэгухьу хэувэнур хэт?.. Хьэдрыхэ зы гъущI соми пхуэхьынукъым... ЦIыху зыщIамыгъэхьэ унэр бэнщ...» Си нэр щоункIыфIыкI. *(Шэнтиуэм йощатэ.)* Си Iэхэр къысхуэIэтыркъым. Сыкъэтэджыфыркъым. Си Iэпкълъэпкъыр бдзапцIэ хъуам хуэдэщ, хьэлъэщ, схуэгъэхъейркъым. Маринэ! Марат! Дэгу фыхъуа? Мыдэ фыкъакIуэ! Маринэ! Марат! Уахуей хъуамэ, зэуэ зэрыбзэхыр плъагъуркъэ мы псыдыуэхэр. Къарум сыкъибгынащ. Сыкъэтэджыфамэ, телефонкIэ «дэIэпыкъуэгъу псынщIэм» сыкъеджатэкъэ? Маринэ! Марат! Инсультмэ, сыкъэсыжащ. Мазэм къикIа мэлыхъуэ, уэ-хьэхьей! Гуауэкъэ си гъащIэр мыпхуэдэу кIуэдыкIейуэ сухмэ. 

Сценэр кIыфI мэхъури, нэху мэхъуж.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Сымаджэщ пщIантIэрщ. Зы лъэныкъуэмкIэ Хьэжмэстафэ и псэуалъэр, сэрей лъагэкIэ къещIэкIауэ, къыщытщ, мыдреймкIэ — жыгхэр, тетIысхьэпIитI. Зы тетIысхьэпIэм Риммэ тесщ, абы Маринэ бгъэдотIысхьэ, гитарэ иIыгъыу.

Риммэ. И насыпкъэ гитарэ къызыхуахьам! Узыр щхьэщыкIащ, щIэгузэвэн щыIэжкъым, гитарэр къащти, гъащIэ дахэм уэрэд хужыIэ.

Маринэ. Уэ зэрыжыпIэм хуэдэу щытамэ, куэд и уасэти ар. Си къуэр сымаджэ хьэлъэу мыбы щIэлъщ, нэхъыкIэжыращи, къыхуэнэжа щымыIэу жаIэ.

Риммэ. Хэт-тIэ мы гитарэр къызыхуэпхьар?

ТетIысхьэпIэ щIыбагъымкIэ хуэм зищIри къэувыIауэ, Марат зыгуэрхэм епэщэщ хуэдэурэ къакIэщIодэIухь.

Маринэ. Си къуэрщ къызыхуэсхьар. «Гитарэ къыщысхуахьакIэ, си Iуэху Iей дыдэ хъункъым», жиIэу егупсысу, и гукъыдэжым нэхъ зыкъиIэтыну пIэрэ?

Р и м м э. Узыр зыгъэхъужынур пщIэнукъым. Сыщысабийм щыгъуэ, сысымаджэу, мафIэм сису, ди гъунэгъу фызыжь Быбэ деж срахьэкIамэ, зыгуэрхэр къиIущэщурэ, Iупсыр къыIурыщэщу, къызэпщэрти, сыхъужауэ, сыджэгуу пщIантIэм сыдэувэжу щытащ.

М а р и н э зыри жимыIэу, гитарэр тетIысхьэпIэ щIыбагъымкIэ игъэуври, зриIуэнтIыхьащ. ТIури щэхуу тIэкIурэ щысащ.

М а р и н э. Махуэ хъарзынэ хуэдэщ нобэ.

Р и м м э. Уузыншэмэ, махуэ псори хъарзынэщ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э р блокI, и щхьэ хуэпсэлъэжу: «ТхьэмыщкIэр зи вакъэр зэщIэхуаракъым, тхьэмыщкIэр гугъэ зимыIэжырщ, тхьэмыщкIэр зи щхьэ зыхуэмыхъумэжырщ, тхьэмыщкIэр щIыхуэр зыхуэмытыж нэпсеижырщ».

Р и м м э. Зыгуэрым уи жагъуэ къищIа?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Дунейм зэ фIэкIа ущытемытынукIэ, цIыхуу тет, цIыхууи текIыж, къыпхуэгузавэхэмрэ уи щIэблэмрэ уэркIэ мыукIытэн хуэдэу.



М а р и н э р э Р и м м э р э къемыплъу, М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э р блокI.

М а р и н э. «Х ь э ж м э с т а ф э» жаIэу зыгуэрым и гугъу ящIу зэхэпха?

Р и м м э. Ар зымыцIыху мы къалэм дэс?

М а р и н э. Абырэ Мазэм къикIа мэлыхъуэу жызыIэ мо блэкIамрэ нобэ хуабжьу зэрызехьащ.

Р и м м э. Сыту фIыт Мазэм къикIа мэлыхъуэр къызэрыунэхуар!

М а р и н э. Сыт апхуэдэу щIыжыпIэр?

Р и м м э. Мазэм ит мэлыхъуэм и хъыбар зэи зэхыумыхауэ ара, на-а?

М а р и н э. Си анэ мыгъуэр жэщ мазэгъуэ куэдкIэ си ужь итащ, Мазэм ит мэлыхъуэр сигъэлъагъуну, ауэ абы и Iэпэр дапхуэдизрэ Мазэм хуимышиями мэлыхъуэр къысхуэлъэгъуакъым. «Ар зылъагъум насып къыхудокIуэ», — жиIэрт си анэм.

Р и м м э. Сэ си анэшхуэращ Мазэм ит мэлыхъуэм и хъыбар къысхуэзыIуэтауэ щытар. «ЦIыхухэм я Iуэху зэрекIакIуэу, Мазэм ит мэлыхъуэр щIылъэм къох, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Гъей щыщыIа илъэсхэм ар цIыхухэм къахыхьэурэ, я дамэхэр зэщIагъэкъуэну къыхуриджати, зэкъуэувахэр къелащ. Хэку зауэшхуэм и зэманми Мазэм къикIа мэлыхъуэм цIыхухэм гугъэ яритырт, хъыбарыфIкIэ

игъэгуфIэфынухэр имыгъэгуфIэу къанэртэкъым, Iэзэти, сымаджэхэр игъэхъужу, цIыхухэм яхэтт... ФIым хуэтлъэгъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI!» — жиIэрт нанэ.

М а р и н э. И сэбэп Тхьэм къыдигъэкI! Мы сымаджэщыр кIуапIэ зэрысхуэхъурэ куэд мыщIами, мо унэращ сыщылажьэри, сыщыдыхьэсыкъыщыдэкIыжкIэ, куэдрэ узолъагъу.

Р и м м э. Куэд щIащ сымаджэрилэ сызэрыхъурэ. Мыбы щIэхщIэхыурэ сыкъокIуэ, тIэкIу зызогъэхъужри, унэм сокIуэж. Аргуэру узыр къыстегуплIэн зэрыщIидзэу, сыкъокIуэри сыкъогъуэлъыж.

М а р и н э. Уи узыр гъэхъужыгъуейуэ къыщIэкIынщ.

Р и м м э. Ягъэхъужыфыну жаIэ, ауэ куэдрэ сыщIэлъыфыркъым.

М а р и н э. СымаджэщкIэ зыми ухуэупсэ хъунукъым — махуэ псом, жэщыр дэкIуэу, кIыхьу ущылъыну мыбдей щыт?!

Р и м м э. АбыкIэ ухъужынумэ, мазэ бжыгъэкIэ кIыхьу ухэлъ хъунти...

М а р и н э. НтIэ, сымаджэщым куэдрэ узэрыщIэмылъыфым нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэу ара?

Р и м м э. И щхьэр течауэ бжесIэнщи, щхьэусыгъуэр ахъшэкIэ сазэрыпэмылъэщырщ.

М а р и н э. Операцэ уащIынумэ, ахъшэшхуэ къыбжаIэ мыгъуэ хъунщ.

Р и м м э. Уи насыпщ, иужьрей илъэсхэм сымаджэщым ухуеин хъуауэ къыщIэкIынукъыми. А уэ уи гугъэ къэрал сымаджэщхэр щыIэжкъым, дахэ. Дохутырыр — ахъшэ, медсестрар — ахъшэ, хущхъуэр — ахъшэ... Зыбгъэхъужын щхьэкIэ, ахъшэ зыщIумыт щыIэу къысхуэгъуэтыт. Уи жыпым ахъшэ имылъыжмэ, къоIэзэн щагъэтынущ. Уеблэмэ медсестра дыдэми мастэ тэмэму къыпхиIужынукъым, е, къыпхиIуми, и адэм илъ ищIэжым хуэдэущ къызэрыпхущытынур, «си мыIуэху зезмыхуэу, си сымаджапIэ сисыжамэ, сыт хъунт», — жыуигъэIэу. Аращи, си ахъшэр яхурикъуху сыщIолъри, я гуэныхь сыхуейкъым, нэхъыфI сыхъуауэ, сыщIокIыж. Зэман докIри, аргуэрыжьщи, къытызогъэзэж. Уэ Хьэжмэстафэ и деж ущылажьэ хъунщ.

М а р и н э. И унэр, пэшхэр къабзэу зызохьэ, сыхуопщафIэ...

Р и м м э. Илъэс куэд щIа абы узэрыхуэлажьэрэ?

М а р и н э. ТIощIым щIегъу.

Р и м м э. УлахуэкIэ уи жагъуэ къищIкъэ?

М а р и н э. Дызыхуей псо мыгъуэри абы къытхуищIэн?.. Алыхьым и шыкуркIэ шхын щхьэкIэ сылъаIуэу, уэрамым сыдэткъым.

Зэпсалъэхэм М а р а т гъунэгъу закъыхуещI.

Р и м м э. Сэри Хьэжмэстафэ илъэс пщыкIутхум нэскIэ сыхуэлэжьащ. Мы сымаджэщым и тхьэмадэу щыщытами сыдэлэжьащ, иужькIэ къекIэрэхъуэкIыу ди зэхэтыкIэм зыщихъуэжми, Iуэху ирихьэжьахэм жыджэру сыдыхэтащ.

ЗэманкIэ Владивосток щылажьэу щыIэ си къуэмрэ сэрэ унэжь тIэкIур къыщыттщэхум сом мин щищ тхурикъуртэкъыми, «си улахуэм хэбгъэкIыжынщ», — жысIэри, Хьэжмэстафэ щIыхуэу къеIысхауэ щытащ. И гуэныхь сыхуейкъым, ведомосткIэ къыдит улахуэ нэхъ цIыкIум зэи къыхэмыIэбэу, кърызигъэтащ.

«Си щIыхуэ тыжыныр иджы зэфIэкIа хъунщ», — жысIа щхьэкIэ, къыкIэлъыкIуэ илъэсми, абы къыкIэлъыкIуэжми тхылъымпIэм Iэ щIэзмыдзу къызату щыта си етIуанэ улахуэр слъагъужакъым. Абы щыгъуэми, илъэсиблми, зы сом хэмыхъуауэ, мыдрей улахуэр зэрыжьгъейт. «Бухгалтерым зыгуэр зэхигъэзэрыхьа хъунщ», — жысIэри, Хьэжмэстафэ сепсэлъати: «Ахъшащхьэр къызэптыжа щхьэкIэ, щIыхуэм и щхьэкIэ къызэптыжынур иджыри зыкъомрэ къэблэжьыжын хуейщ», — къызжиIащ. Абдеж сыкъэгубжьри, нэгъуэщI лэжьапIэ сыкIуащ. Езыри къэгубжьри, илъэсиблым зы сом езмытыжам хуэдэу, и щIыхуэу сом мин щищ стелъу жиIэри, судым сритащ.

М а р и н э. Еууей мыгъуэ, тхьэмыщкIэ! АтIэ, дауэ хъуа судыр?

Р и м м э. Дауэ хъун? «Ахъшэ къыузэритамкIэ щыхьэт тхылъ щыIэщ, зэрептыжамкIэ тхылъымпIэ гуэри щыIэкъым», — жаIэри, щIэрыщIэу ахъшэр естыжыну къысхуагъэуващ.

М а р и н э. Иджыри къэс сигурэ си щхьэрэ зэтелъти, шынэ къэзбгъэщта сфIощI.

Р и м м э. Ар сытым щхьэкIэ, на-а?

М а р и н э. Си щIалэм и ахъшэ Хьэжмэстафэ и деж Iулъыщи, къеIыхыжыгъуей хъуащ. Иджыпсту жыпIар зэхэзмыхамэ, сыт хъунт... А уэ къыпщыщIам хуэдэ гуэр си къуэм къыщымыщIыну пIэрэ?

Р и м м э. Сэ дэнэ мыгъуэ щысщIэн? *(Щэхуу.)* А уэ пщIэр къокIуэ, итIанэ дызэхуэзэмэ, ди псалъэмакъым пытщэжынщ.

Р и м м э сымаджэщымкIэ еунэтI. М а р и н э къотэджри, Д а н и л егъэтIыс.

Д а н и л *(Маринэ жриIэу)*. КъэтIысыж.

М а р и н э. Ягъэ кIынкъым, сыщытынщ. Си щIалэ закъуэм и Iуэху дауэ щыту пIэрэ?

Д а н и л. Дауэ щытын? Махуэ къэс узыр нэхъ къытегуплIэурэ макIуэ. Зывгъэхьейкъым.

М а р и н э. Сыт мыгъуэр ди къару... Джордж утыкум дыкъримынэну жиIа щхьэкIэ, Iуэхур кIыхь тфIохъу.

Д а н и л. Іуэхур зэрыхэплъэгъуэр и кІэм нэс къывгурыІуауэ си фІэщ хъуркъым. ЦІыхухэм я гъащІэр яхъумэн щхьэкІэ, я унэ-лъапсэр ящэж, фэ «Хьэжмэстафэ дыкъигъэгугъащ», — жывоІэри, фызэхэсщ.

ТетІысхьэпІэм и щІыбагъым М а р а т къызэрыдэтщ, абыхэм я гупэмкІэ М а з э м к ъ и к І а м э л ы х ъ у э р блокІ.

М а з э м к ъ и к І а м э л ы х ъ у э м *(Данил зыхуигъазэу)*. Уа, мывэ пшхырэ кІэнфет пшхырэ дар нэхъыфІу пІэрэ?

Д а н и л. Сыт мыбы жиІэр! КІэнфет пшхыну зэрынэхъыфІыр псоми ящІэ.

М а з э м к ъ и к І а м э л ы х ъ у э м. Уэрей, фІыр бощІэм уэ... Іулъхьэ къеІыхыным бзаджэ уищІащ. Уэри уэ! *(И Іэпхъуамбапщэр Данил хуегъэсысри, блокІ, абы къыпидзыжыным пэмыплъэу.)*

Д а н и л. Марат!

М а з э м к ъ и к І а м э л ы х ъ у э м. Уэхьэхьей, цІыхухэ, ахъши бохъши жызмыІэу, мылъкум и нэхъ лъапІэр согуэш: напэ, цІыхугъэ, пэжыгъэ, жьэнахуагъэ, лІыгъэ. Фыкъызэхуэс, къыкІэрыхуу хэкІыжхэр кІыфІыгъэм хэтынущ.



Д а н и л. Сыт мыбы къивыр? Марат!

М а з э м к ъ и к І а м э л ы х ъ у э м. Іулъхьэ кІэ зи напэр зыщэжахэр лейуэ фыкъызбгъэдэмыхьэ, зыкІи сэбэп сыфхуэхъуфынукъым.

Д а н и л. Делэщ. Нэгъабэ сфІэкІуэда гъущІ сомыжьым и цІэкІэ соІуэ, делэкІэ. Марат, укъыткІэщІэдэІухьу, гъунэгъуу узэрыщытыр сощІэ, мыдэ къакІуэ.

М а р а т къыІуохьэ.

М а р а т. Укъызэджауэ къысфІэщІа, Данил Донич?

Д а н и л. КъыпфІэщІакъым, сыноджащ. КІуэи, мо мыкхъэмывэр сымаджэщ пщІантІэм дэху. Зэи къытримыгъэзэжын хуэдэуи, фІыуэ утхыпщІ.

М а р а т. Ар мыхъунщ, зи щІыхьыр ин.

Д а н и л. Си унафэр умыгъэзэщІэнумэ, сэ сщІэнур бощІэ.

М а р а т. СымыщІапІэр иІэ, ауэ зымахуэ уи унафэкІэ ар сутхыпщІыну и блыпкъитІыр субыдати: «ФхузэфІэкІамэ, пэж жызыІэу зы цІыху дунейм тевгъэтынтэкъым», — жари, сымаджэхэр къызэжэри, ерагъыущ си щхьэр псэууэ зэрахэсхар.

Д а н и л. Ухуеймэ, сыти къэгупсыс, ауэ а делэр афІэкІа мы пщІантІэм щызумыгъэлъагъу.

М а р а т. Жэрыжэкӏэ сокӏуэ.

М а р а т тетӏысхьэпӏэ щӏыбагъымкӏэ йокӏуэкӏыж, и пӏэм иту тепкӏэ-теуэ хуэдэу зещӏ, ӏукӏыжа къыфӏигъэщӏуи, хьэмбыӏуу мэтӏысыж, псалъэхэм якӏэщӏэдэӏухьу.

Д а н и л. Ди псалъэмакъыр зэпиудащ мобы.

М а р и н э. Уи операцэр сэбэп къыхуэхъуну сщӏамэ, щӏыхуэ-хьэхуэ жысӏэнти, сыщӏэпхъуэнт, си унэжьыр нэхъ лъапӏэщ жысӏэнтэкъым. Фи сэр Борэ хэӏэба нэужь, лажьэ-шхэжу ежьэжын мыгъуэу пӏэрэ ар?

Д а н и л. Уи къуэм мазэ е нэхъыбэ дыдэу мазитӏ ихьыжынми аращ. Мыдрейуэ, Ставрополь си цӏыхугъэ хирург къисшынурэ, абы сригъусэу операцэ тщӏынущи, уи къуэм ишх дунейм телъмэ, къелынщ, ишх темылъмэ, къысхуэгъэгъу, хирургхэр Алыхькъым.

М а р и н э. Сом мин щищрэ плӏыщӏрэ сэркӏэ ахъшэ цӏыкӏукъым. Гугъэ гуэри къызэвмыту, ар дауэ?..

Д а н и л. «Си къуэм хуэсщӏэфыну псори хуэсщӏакъым», — жыпӏэу, упсэухункӏэ уи гумрэ уи псэмрэ бэлыхь мыухым хыумыгъэтын щхьэкӏэщ операцэм ущӏыхуейр. Ди псалъэмакъыр щыдухынум пэплъэу, уи къуэр мо тетӏысхьэпӏэм тесщ. Фызэпсалъэ, фызэчэнджэщ, ауэ къэнэжа зэрыщымыӏэр зыщывмыгъэгъупщэ. Икъукӏэ гу гъэтӏылъа фиӏэщ!



Д а н и л йокӏыж, Б о р э къоӏэпхъуэри, М а р и н э къыбгъэдотӏысхьэ.

Б о р э. Сыт зыхуейр сыщызэгуигъэжынур къызыхуэмыгъэсыр?

М а р и н э. Ари мэгузавэ мыгъуэ.

Б о р э. Гу лъыстащ хуабжьу зэрыгузавэм. Махуэм тхуэ сыкъилъэгъуамэ, тхуэ къызбгъэдыхьэурэ, «операцэ зэрысщӏыну ахъшэр богъэгувэ» жиӏэурэ, сигу къегъэкӏыж. Сэ спихыну ахъшэмкӏэ зыгуэр къищэхуну мурад ищӏамэ, ар ӏэщӏэкӏынкӏэ шынагъэр къытегуплӏэу армырауэ пӏэрэ?

М а р и н э. Куэд жумыӏэ, кхъыӏэ... Нобэ Хьэжмэстафэ сыхуэзащ, ахъшэ хьэзыр имыӏэу жеӏэ. Ауэ къысхуэгузэващ.

Б о р э. Уэ нобэ укъигъэгугъамэ, сэ илъэс куэд щӏауэ сыкърешэкӏ, «зэрыжыпӏэу, щӏыхуэр уэстыжынущ», жери. Ауэ «сыхуэныкъуэщи, къызэтыж» зэрыжесӏэу, ахъшэм и пӏэкӏэ щхьэусыгъуэ къысхуегъуэт.

М а р и н э. Нтӏэ, сыт тщӏэнур, судым еттыну?

Б о р э. Суд ӏуэхур кӏыхьу екӏуэкӏ хабзэщ. Сэ ахъшэ сыщыхуейуэ жаӏэр иджыпстущ, нобэщ, пщэдейщ. Итӏанэ, судыр къэтхьыпауэ сощӏри, абы и ужькӏэ Хьэжмэстафэ и пщӏантӏэм ущигъэлэжьэжынукъым. Уи ныбжьыр здынэсам хэт уэ лэжьапӏэ укъэзыщтэжынур?

8 Заказ №206

М а ρ и н э. Мылажьэхэри лӀэркъым, дыкъелынщ.

Б о ρ э. НэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ къэтлъыхъуэм мынэхъыфӀу пӀэрэ, нанэ?

М а ρ и н э. Мы къомым дыхэмыту, ди фэтэрыр дыгъащи, зэфӀэкӀакъэ? СыщӀэсурэ сужэгъуащ мы унэжьыр, блынхэм саздыӀуплъэм, си гур къызэӀохьэ.

Б о ρ э. Уи жьыщхьэ бомжу уэрамым удэувэжынуи?

М а ρ и н э. Фэтэр зимыӀэ Ӏэджи дунейм тетщ, тхъэжу, жьыр къыщепщэр ямыщӀэу. Ахэр, щыхуей дыдэм зыкъаӀэтри, нэгъуэщӀ щӀыпӀэ мэӀэпхъуэ. Дунейр къызэхакӀухьурэ ешауэ къащыхъумэ, унэ къащэхури, ягу ирихьа щӀыпӀэ гуэрым къуэпс щаутӀыпщ. Сэ къысхуэнэжа тӀэкӀум, «газ уасэти, псы хуабэ уасэти» жызмыӀэу, фэтэр къасщтэу сыщӀэсыфынущ. Сыт сэ унэкӀэ сыбгъэщӀэжынур? Уэ ущӀалэщ, иджыри унэ Ӏэджэ къыпхуэщэхунущ. ПыкӀ абыхэм. ЦӀыхур зэщ зэрыпсэур. ЦӀыху хуэдэу псэун хуейщ. Мис, уи гитарэр къыпхуэсхьащ, уи нэгу зегъэужь.

Б о ρ э. Мы жыпӀэхэр сигу ирихьыркъым, «гуп зэрытезгъэун гукъыдэж сиӀэщ» жыпӀэнщ, гитарэр къыщысхуэпхьакӀэ. Сыбогъэшынэ. Ухэлъадэу, унэр умыщэ.



М а ρ и н э. Мо тетӀысхьэпӀэм къытетӀысхьа пщащэ дахэр уи дежкӀэ къэплъэрейщ. Армырауэ пӀэрэ нысэ схуэпщӀынур?.. Хъун хуэдэщ.

Б о ρ э. Уи нобэрей гукъыдэжыр къызыхэкӀыр къызгурыӀуэркъым. «Сыхъужащ» жысӀэнути, сыхъужакъым, «фадэ уефащ» жысӀэнути, зыӀуплъхьэркъым. Ухэлъадэу, унэр умыщэ… Мор си дохутырыращ. Хущхъуэрэ мастэрэ къыскӀэлъыщӀихауэ арагъэнщ абы.

М а ρ и н э. Хъунщ-тӀэ, зэран сыхъункъым, фи Ӏуэху зэфӀэкӀыху, аптекэм сыщӀэплъэнщи, къэзгъэзэжынщ. Ауэ «нысэ» жыхуэсӀам егупсыс. Дахэ цӀыкӀущ.

М а ρ и н э къотэджри йокӀ. Ρ и т э къохьэ, Б о ρ э мастэ хеӀу, хущхъуэ ирегъафэ.

Б о ρ э. Ритэ, фэрыщӀагъым дебакъуэу, хуиту дызэпсалъэ хъуну?

Ρ и т э. Сыт абы къикӀыр? СыпхуэфэрыщӀу къыпщыхъуу ара?

Б о ρ э. ПщӀэрэ, Ритэ, мазитӀ хъуауэ фи сымаджэщым сыщӀэлъщи, узым къишауэ, мыбы куэд къыщысцӀыхуащ. Абы къищынэмыщӀа, фи лэжьакӀуэу сэ Ӏуэхук Ӏэ сызыбгъэдэмыхьарэ къызбгъэдэмыхьауэ фиӀэр мащӀэщ. Дохутырхэм я нэхъыбэр къыщоплъкӀэ, къоузым нэхърэ уи гуфӀакӀэм ахъшэу дэлъыр зыхуэдизыр къащӀэным нэхъ тегузэвыхьу

къыпщохъу. Медсестрахэм мастэ къыщыпхаӀукӀэ игъэузынрэ имыгъэузынрэ зэлъытар ахъшэ ептарэ иумытарэщ.

Ритэ. Сыт, Борэ, сэ ар къыщӀызжепӀэр, ахъшэ къыппысхыну, зы Ӏуэху гуэр зэрысхъэ хуэдэу къыпщыхъуауэ ара?

Борэ. Къысхуэгъэгъу, си гупсысэхэр тэмэму схузэкӀэлъыгъакӀуэу къыщӀэкӀынкъым. Сэ иджыпсту уэ бжесӀэнур бжесӀэн хуейтэкъым. Ар лӀыгъэкъым, ар адыгагъэкъым. Зи лъакъуэ лъэныкъуэр мащэм итым «си гъащӀэм къэслъыхъуар уэрат, ауэ, къысхуэгъэгъу, гувауэ сыпӀущӀащ», — къыбжиӀэныр зэрыделагъэр сощӀэ.

Ритэ. «Лъакъуэ лъэныкъуэр мащэм итщ» зэрыжыпӀам нэмыщӀ, делагъэ жыпӀэу сэ зэхэсхакъым.

Борэ. СынолъэӀу сызэпумыудыну, уэ упсэлъэну иджыри зэман куэд уиӀэнущ.

Ритэ. ЛӀэну зызыгъэхьэзырым хуэдэу укъыщӀызэпсалъэр сщӀэркъым. Къэхъуар гурыӀуэгъуэу жыпӀэ хъуну?

Борэ. Сэ уэ хуабжьу фӀыщӀэ пхузощӀ. СощӀэр хущхъуэ лъапӀэхэр уафэм къызэремыхуэхыр… Ахэр уэ къысхубогъуэтри, зы сом щӀэзмыту къызыбот, медсестра къызбгъэдумыгъэхьэу, мастэ къысхыбоӀу. «Щыхум сыт жаӀэн?» — жумыӀэу, шхын хуабэ къыщысхуэпхьыр мащӀэкъым. Сыхуейкъым сэр щхьэкӀэ уэ нэпс щӀэбгъэкӀыну. Сэ ар къэзлэжьакъым. Сэр щхьэкӀэ щӀэбгъэкӀыну нэпсым сэ сриуасэкъым. Зэхэпхрэ?! Сриуасэкъым…

Ритэ. Лыгъэ зыхэгъэлъ, куэд жумыӀэу. И Ӏуэхухэр тӀэкӀунитӀэ мыгурыӀуэгъуэ хъуати, и цыр уащ…

Мазэм къикӀа мэлыхъуэр къохьэ.

Мазэм къикӀа мэлыхъуэм *(и щхьэ хужиӀэжу)*. Телъыджэщ мы дунейр! БгитӀ зэхуакум сыкъыщыхъуати, сыщыщӀыкӀум къысфӀэщӀырт къуэ кӀуэцӀым адэкӀэ дуней щымыӀэу. Ауэ дунейр инщ. Зы щӀыпӀэм дыгъэр къыщыкъуэкӀмэ, адреймкӀэ ар щыкъуохьэж. Зы щӀыпӀэм щымыӀэр адрейм щыӀэщ, зым щахузэфӀэмыкӀыр адрейм щахузэфӀокӀ.

Борэрэ Ритэрэ къотэдж.

Борэ. Къеблагъэ, нэхъыжьыфӀ!

Мазэм къикӀа мэлыхъуэм. Еблагъэ куэд ухъу! Хъуну сетӀысэх?

Борэ. Хъуагъэххэщ, къэтӀыс.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Фэ зэи зэхэфхакъэ «Мазэм мэлыхъуэ итщ» жаIэу?

Б о р э. Дызэрысабийрэ зэхыдох.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. НтIэ, мис ар сэращ. Дауэ къыфщыхъурэ уи закъуэпцIий «МазэкIэ» зэджэ дунейпсо уиIэну? Уэращ а дунейм и тетыр. Абы телъу хъуари зейр уэращ. Зыри къонықъуэкъунукъым, зыри къодыгъуэнукъым — псоми хуитыр уэращ.

Р и т э. ЗэрыжыпIэмкIэ, уэ укъулеижыщ.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м. Хьэуэ, сыкъулейкъым. Сыт хуэдэ мылъкуми пщIэ щигъуэтыр цIыхум уащыхэтым, уащыдэпсэум дежщ. Дунейм дыщэрэ дыжьыну тетыр уиIэми, уи закъуэмэ, цIыхухэм уахэмытмэ, ахэр къызэрыгуэкI гъущIыкIэжь мэхъу, дэ ярумыкъутэнумэ, нэгъуэщI мыхьэнэ ямыIэу. Мылъку дыдэр мис здэщыIэр *(Мазэм къикIа мэлыхъуэм и Iэпхъуамбапщэр и щхьэм хуеший.)* Ар лажьэмэ, зэи угужьеинукъым, къулейсызи ухъунукъым. Гужьеяр шэдыпс инами итхьэлэнущ. Дунейри гъащIэри зейр зи щхьэр зыгъэлажьэрщ, хэкIыпIэ къэзылъыхъуэрщ… Фи гитарэр згъэву хъуну?

Б о р э. Ар жызыIэнкъэ дэ къэтлъыхъуэр.

М а з э м  к ъ и к I а  м э л ы х ъ у э м *(гитарэр къещтэри, уэрэд жеIэ)*. 

*ЦIыхухэ, цIыхухэ, мы дунейр зей цIыхухэ,*
*Фи щхьэм пщIэ хуэфщIыжу, фи гъащIэр ефхьэкI.*
*КIуэдыжыну мылъкум фытегужьеикIыу,*
*ХьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу, фызэрымыукI.*

*Ежьу:*
*ГъащIэр зейр цIыху дахэрщ, гъащIэр зейр цIыхуфIхэрщ.*
*Фэ фызэрыIыгъмэ, сытми фатекIуэнщ.*
*ЦIыхугъэр фи ныпу, фызэрыубыдмэ,*
*ЩIылъэр, розэ дахэу, зэуэ къэгъэгъэнщ.*

*Сыт я нэхъ телъыджэу щIылъэм щыслъэгъуар сэ?*
*ЦIыхум нэхъ телъыджэ зы сымылъэгъуа.*
*МафIэми, борэнми, хы къэукъубеями*
*Абы фIэкIа зыри пэмыувыфа.*

*Ежьу:*
*ГъащIэр зейр цIыху дахэрщ, гъащIэр зейр цIыхуфIхэрщ.*
*Фэ фызэрыIыгъмэ, сытми фатекIуэнщ.*

*ЦӀыхугъэр фи ныпу, фызэрыубыдмэ,*
*ЩӀылъэр, розэ дахэу, зэуэ къэгъэгъэнщ.*

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iуэхур щекIуэкIыр Х ь э ж м э с т а ф э и пэшырщ. Ар, зимыгъэхъейуэ, шэнтиуэм ис-илъщ. Щыгъын хужь защIэкIэ зэщIэхуэпыкIауэ, зы гуп къыщIохьэ, уэрэд жаIэу, къафэу. Гупым уэрэд жыIэныр яух, къэфэнри нэхъ кIащхъэ мэхъу.

Х ь э ж м э с т а ф э. IункIыбзэ тIуащIэ зыхэлъ си куэбжэмрэ танэ хуэдиз хъу си хьэмрэ факъыблэкIыу, си пэшым дауэ фыкъыщIыхьа фэ гупыр?

М а р а т. Уэ усымаджэщ, зиусхьэн, утедгъэуну, уи узыр бдэдгъэпсынщIэн ди гугъэу, дыкъэкIуащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ аракъым жысIэр. УпщIи-уси щымыIэу, фыкъыщIэджэдар сыт?

Б о р э. Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ, жи… Гъунэгъум зыкъыпщIимыгъакъуэмэ, ар ущыхуейм умыгъуэтмэ, ар цIыхугъэ, ар…

Х ь э ж м э с т а ф э. Щхьэусыгъуэ фщIыуэ, кIуапIэ сыкъэвмыщI.

М а р и н э. Дэ сэбэп дыпхуэхъуну…

Х ь э ж м э с т а ф э. ФызэбгрыкI, полицэм сыкъемыджэ щIыкIэ!

Гупыр мэкIуэдыж. Сценэр кIыфI мэхъури нэху мэхъуж.

Х ь э ж м э с т а ф э. Ахъшэ уи куэдмэ, псори къожэнущ. Къожэр Iуэху, пхузыкIэрыгъэкIыжыркъым, псыдыуэм хуэдэу зыкъыпхаукIэри. Си Iи, си лъи схуэгъэхъейркъым, дауикI, инсульт къызэуащ. Сыхьэт дапщэ хъуауэ пIэрэ хьэмбылу гъэвам хуэдэу сызэрыщылъэр? Зы псы фалъэ… Iисраф дыдэ сымыхъу щIыкIэ, дохутырым къеджэн хуейщ. *(Телефоныр къищтэну иужь йохьэ, ауэ и Iэр хуэгъэхъейркъым.)* Телефонри сыту жыжьэу згъэтIылъат. КъыпIэщIалъхьамэ, урипсэлъэфынут? Сыту тхьэмыщкIэ сыхъуа… Телефон трубкэр зэрысIыгъын къару сиIэжкъым. Уэхьэхьей, цIыхухэ, фыкъызэрысын! Уэхьэхьей! Дэнэ фыздэкIуэдар? ПсэкIэ бауэу зы цIыху имытыжу ара мы лъапсэм… Марат, Маринэ, Борэ, Ритэ, Риммэ… Мазэм къикIа мэлыхъуэ, Данил, сынывоалъэIу, къэвгъэзэж. Уделэну Iуэхушхуэкъэ? СхузэфIэкI дунейм темытрэ пэт, щIопщакIуэ къэкIуа гупыр зэбгрысхуащ. ЩIопщакIуэ-дыгъуакIуэ! Сыти яфIэщ, псоми я гум илъыр зыщ — къодыгъуэнущ, уафыщIынущ.

Гупыр нэхум хэту къохьэж, джэгуу, къафэу. Х ь э ж м э с т а ф э кIыфIым хэтщ. Х ь э ж м э с т а ф э нэхур щхьэщыхьэмэ, гупыр кIыфIым хокIуадэ, плъагъуми, зэрыплъагъур фагъуэ дыдэущ.

Д а н и л. Плъэгъуа псэукIэ! Аракъэ жэнэт жыхуаIэр!

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Жэнэт жыхуаIэр насыпыфIэхэм я унэрщ, мыр бэным нэхъ ещхьщ.

Д а н и л. Уэзгъадэщ апхуэдэ бэн. Еплъыт мыбы хъугъуэфIыгъуэу щIэлъым! Мо блыным фIэлъ сурэтхэм мелуан ныкъуэ нэхърэ нэхъ мащIэкIэ къыуатын яхэткъым, и унагъуэ сейфым ахъшэрэ дыщэу щихъумэри мащIэ ффIэщIрэ, банкхэм щиIыгъ ахъшэхэм я бжыгъэм и гугъу умыщIыххэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Псы схуолIэ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм фыкъысхуеджэ. *(Абы жиIэхэр зыми зэхахкъым, нэф-дэгу хъуами ярейщ псори.)*

Х ь э ж м э с т а ф э щыпсалъэкIэ уэздыгъэм идз нэхукIэ ар къыхагъэщхьэхукI. ЩIопщакIуэхэр щыпсалъэкIэ, нэхур зытридзэр а гупырщ, Х ь э ж м э с т а ф э яхэмыту.



Д а н и л. Ди кIэн къикIауэ фIэкIа сщIэркъым. Джордж куэд щIауэ си щIыхуэ телъщи, зы сурэт къызощтэри... хьэуэ тIу къызощтэри, щIыхуэм пызогъэкIуэж. Сщэжынщи, си нэгу зезгъэужыну, зыплъыхьакIуэ Таити-Маити, жысIэнщи, зыщIыпIэ сыкIуэнщ. Нэгъабэ лъандэрэ зыгъэпсэхуакIуэ сыщыIакъым. Борэрэ Маринэрэ фи Iуэху къикIауэ фIэкIа сщIэркъым. Блыным фIэлъ ещанэ сурэтыр къывощтэ, сымаджэщым нысхувохьри, дэ абыкIэ Борэ и операцэр зэфIыдогъэкI.

Б о р э. Сэ Хьэжмэстафэ и деж дыгъуакIуэ сыкъэкIуакъым, си щIыхуэм сыкъыкIэлъыкIуауэ аращ.

Д а н и л. Мес, къеIыхыж. Щхьэ ущыт? Зыгъэхъей, иджыри тIэкIу упсэужыну ухуеймэ.

М а р и н э. Мы щIалэр гъуэгу пхэнж тепшэну иужь уимыт. Ди тхьэмыщкIагъэм дэр-дэру зыгуэрурэ дыкъыхэкIынщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Псы схуолIэ. Дохутыр!..

Д а н и л. Сымис, зиусхьэн, сыкъэсащ. Уэ зэрыпщIэщи, сэ сыдохутыр къызэрыгуэкIкъым, сыдохутыр нэхъыщхьэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэ удохутыркъым.

Д а н и л. АтIэ, сыхэту пIэрэ?

Х ь э ж м э с т а ф э. УжыпиIэбэщ.

Д а н и л. Тхьэм щхьэкIэ, фыкъысхуеплъыт ар жызыIэм! Уэрат иджы сэ «жыпиIэбэ» къысфIэзымыщыжар. Iулъхьэ еста нэужь, сымаджэщым щылажьэхэр мыарэзыуэ къыспэува щхьэкIэ къимыгъанэу, зи псалъэкIэ дохутыр нэхъыщхьэу сезыгъэувар хэту пIэрэт?

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ сыщыуат, си пIэкIэ уэ укъагъэнэну сыщылъэIуам.

Д а н и л. «Сыщыуат» жыпIэу, Iулъхьэу уэста ахъшэр къызэптыжауэ сщIэжыркъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Си щыуагъэм уасэшхуэIуэ щIэстыжын хуей хъуащ.

Д а н и л. Зи гугъу пщIыр уи фызыр операцэ щысщIам щыгъуэ къызэпта ахъшэрамэ, ар Iулъхьэу уэстам и зэхуэдитIи хъуртэкъым. Абы къищынэмыщIауэ, «къалэбгъум деж къыщыуата щIы кIапэм, зы соми щIумыту, унэ къекIу пхурезгъэщIыхьынщ», жыпIати, пщIы хъужащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Мыпхуэдиз ахъшэ къызэптмэ, уи щхьэгъусэр пхуэзгъэхъужынщ, жыпIэу, ахъшэ сIыпхакъэ?



Д а н и л. Сэ ар щIэсхъумэркъым, къызэптын хуеям тIэкIу щIигъуу къызэптащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. НтIэ, абы щыгъуэ бжесIатэкъэ: «Си щхьэгъусэр бгъэхъужмэ, щIы кIапэ къыуатам, сом къыпIызмыхыу, унэ пхуизгъэувэнщ», — жысIэри.

Д а н и л. ЖыпIат, ауэ уи псалъэм утезгъуэтэжакъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уи напэм къыхэщIыкIауэ, ди сэлэтхэм щыгъын ящыгъамэ, биишэм щIыщышынэн щыIэтэкъым. Си щхьэгъусэр операцэ здэпщIа стIолым псэууэ къытемыкIыжарэ пэт, мазитI дэбгъэкIри, зыкъысхуэбгъэзащ: «Унэ схуэбухуэну сыкъызэрыбгъэгугъар пщыгъупщэжа сфIощI», — жыпIэри. Уэ уцIыхукъым.

Д а н и л. Уэрат иджы ар жызымыIэжар. Мыпхуэдиз мылъку зэтеплъхьар пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къэблэжьауэ жумыIэ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Къэзлэжьащ. Къэздыгъуамэ, сагъэтIысынт. Сэ уэ пхуэдэу цIыху гъащIэм срисондэджэракъым. ПщIэрэ, Данил, а си мылъкур зэзгъэпэщын щхьэкIэ сэ сыт хуэдиз гугъуехьым сыпхрыкIами. Ахъшэ тщIын щхьэкIэ гъуэгу дытехьэн хуей хъурт. Жыжьэ дыкIуэрт. Си гъусахэм ящыщу мащIэ текIуэда а гъуэгум — е яукIащ, е лъэужьыншэу бзэхащ. Тыншу ахъшэ зыIэрызыгъэхьэну хуейхэр ноби мащIэкъым, къэрал зэхъуэкIыныгъэм и пэщIэдзэхэм ахэр хуабжьу бэгъуат. Хьэпшып уасэр къызэрытIэрыхьэжу, хэщIапIэ тщIа фэтэрым дымыгъэзэжу дыкъыщIэпхъуэжырт. ЖыпIэнурамэ, лъэбакъуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, ажалыр къыдэщэрт. Ауэ сыпсэуну

сыхуейт, дахэу сыпсэуну сыхуейти, абы къару къысхилъхьэрт... Псы схуолIэ.

Д а н и л нэхум хокI, Б о р э къыхохьэ.

Б о р э. СынодаIуэри, ущихъщ, жэнэтыбжэр зэрыIупхыну IункIыбзэр къыпIэщIалъхьэн фIэкIа къыпхуэмыту.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ щыуагъэ жыгъей гуэрхэри сIэщIэмыкIауэ жысIэркъым, сэри сыцIыхущ.

Б о р э. А уэ «жыгъей» жыхуэпIэхэм ящыщ зыщ си ахъшэр бубыдауэ къызэрызумытыжыр. Ауэ а «жыгъейм» елъытащ сэ сылIэнрэ сыпсэунрэ. Зы лэжьакIуэжь лIэкIэ сыт езы Хьэжмэстафэ фIэкIуэдыр?! ЗырикI.

Х ь э ж м э с т а ф э. Псы схуолIэ.

Б о р э. Уэ удгъэпэжу, си анэри сэри илъэс куэд хъуауэ дыпхуолажьэ. Абы къыпэкIуар сыт? Уэ сыбдзыну иужь уихьащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Хьэуэ, уэ Iуэхур зыIутыр къыбгурымыIуауэ аращ. Сэ си заводхэм ящыщ зым уэ акционеру ухэзгъэхьащ. Абы къыпэкIуэну ахъшэм уэ урипсэуфынущ, утхъэжу.

Б о р э. Сыту мыгъуэ утхьэмыщкIэ уэ лIыр. Акционеру зыщIыпIи сыхэбгъэхьакъым. «Къаруушнэ сызэрыхъуар къигъэсэбэпу, илъэс бжыгъэ хъуауэ згъэкIэрахъуэу сIыгъ и ахъшэр стрихыжынущ», — жыбоIэри, гузэвэгъуэр птелъщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Фэ унагъуэм фхуэсщIар къывгурымыIуамэ, хэт сэ сыкъызыгурыIуэнур? Зэманым и Iеигъуэм лэжьыгъэ фэстащ, щIакхъуэ Iыхьэ къывэзгъэлэжьащ. Иджы фи ныбэ из хъуауэ ара апхуэдэурэ укъыщIызэпсалъэр? Уэстыжыну, ахъшэ хьэзыр сызэримыIэр зэкъым уи анэм зэрыжесIар.

Б о р э. ЦIыхум и фэ къыпхудэх къыумыгъанэми, абы къилэжьар щептыжкIэ къузгъун узэрыхъур псоми ящIэ. Сэри ар пасэу къызгурыIуэри, зы мазэ къэмынэу, уи бухгалтерием, Iэ щIэдзыжауэ, щыхьэт тхылъ къеIысхащ, си щIыхуэу сыт хуэдиз къыптехуами иту. Сэ схуэдэу зи щIыхуэ птелъхэр гъусэ къэсщIрэ, судым уеттмэ, ар къызэрытхьынум шэч къытумыхьэ. Апхуэдэу зэрысщIынури хьэкъыу зыпхыгъэкI, сэ къикIуэтыпIэ сиIэжкъым. Ахъшэр пхуэмыхъуу къызэрыдэптыжынум и мызакъуэу, налог лэжьакIуэхэми уи пщэпкъыр яубыдынущ. Аращи, уэрэ сэрэ дызэгурымыIуэмэ, фIы гуэри къыппэплъэу слъагъуркъым. Уи акцэхэм я хьер улъагъу, пIэхэнэ узыщIа си ахъшэр сэ къызощтэж.

Б о р э гупым яхохьэж.

Х ь э ж м э с т а ф э. Марат! Си Iур гъущIащ. Псы схуолIэ. Марат.

М а р а т. Сыт ухуейт жыпIа?

Х ь э ж м э с т а ф э. Си зиусхьэныныр уи деж къыщызухауэ ара?

М а р а т. Зиусхьэн гуащIэншэ щыIэу плъэгъуа уэ, Хьэжмэстафэ? Иджыри къэскIэ узэрыпсэуа хабзэмкIэ дыгъужьым тхьэкIумэкIыхьыр и шхынщ. Уэ удыгъужьми, «зиусхьэнкIэ» къозыгъэджэ «дзэхэр» пIутыжкъыми, къыпхуэнар улъэIуэнырщ. Уи мылъкур ирикъуну-мэ, къызэлъэIу, ауэ зыщумыгъэгъупщэ: уи къарур зэрыкIуэщIрэ, сэ унэIут лъапIэ сыхъуащ.

Х ь э ж м э с т а ф э. Зы псы фалъэ къызэт...

М а р а т. Ахъшэу дапщэ къытеплъхьэнур Iэнэм?

Х ь э ж м э с т а ф э. Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ уэ! ТумэнипщI узот, псынщIэу къысхуэхь.

М а р а т. «ТумэнипщI», пIа? Жыгъейуэ уогупсысэ, Хьэжмэста-фэ, жыгъейуэ. Си Iуэхутхьэбзэм и уасэр зэрыдэуеяр бжесIати.



Х ь э ж м э с т а ф э. Зэпытрэ зэкIэсу кIуэн, сом щитI узот, псы фалъэ къысхуэхь.

М а р а т. Сэ уэ нэхърэ сынэхъ жумартщ, Хьэжмэстафэ, сом мин узот, псы фалъэ къысхуэхь.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сыт мы жыпIэ телъыджэр! Псы фалъэм сом мин уасэу хуагъэувауэ игъащIэм зэхэпха?

М а р а т. Хъунщ, псы фалъэм сом минищэ узот, уэ сэ къысхуэхь.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уи гъащIэм сом минищэ зэрыIыгъыу плъэ-гъуакъым, иджы дэнэ апхуэдиз ахъшэ къыздипхынур?

М а р а т. Сом мелуан узот, псы фалъэ къысхуэхь.

Х ь э ж м э с т а ф э. Си лъэр къызэдаIуэркъым, сыкъэтэджы-фынукъым, армыхъумэ, сэ езым мелуанкIэ зы псы фалъэткъым сыгуфIэжу къыпхуэсхьынур.

М а р а т. Сэ си Iэри си лъэри къызодаIуэ... Сыхьэзырщ ахъшэ мелуанкIэ псы фалъэ къыпхуэсхьыну.

Х ь э ж м э с т а ф э. Делэ ухъуа, хэт псы фалъэм ахъшэ мелуан щIэзытыр?

М а р а т. Ахъшэ мелуаныр зы мазэм е мазэ зыбжанэм пхузэгъэпэ-щыжынущ, Хьэжмэстафэ, ауэ махуитI-щыкIэ псы уемыфэмэ, мы ду-нейм ахъшэу тетыр уиIэми, сэбэп къыпхуэхъужыфын щыIэкъым. «И нэпсеягъэм текIуэдэжащ» жаIэу, уи сыным тратхэну уэсят къэгъанэ.

М а р а т гупым яхохьэж.

Х ь э ж м э с т а ф э. Ахъшэ мелуанкIэ псы фалъэ сригъэфэнут... Сыту акъылыншэ куэд щыIэ. НэгъуэщI зыри фыхуейкъэ? Мохьщ ар фэркIэ! Мохь! Зэхэфха?

Сценэм щIопщакIуэхэр итщ.

М а р а т. Аращи, зыхузэфIэкIхэм Хьэжмэстафэ и мылъкур гуэшын щIыдодзэ. Хэт сыт къищтэрэ?

Х ь э ж м э с т а ф э. Хабзэкъутэ фымыхъу, фыщIегъуэжынщ.

Д а н и л. Дызэрызэгурыlуащи, сурэтитIри, хьэуэ, сурэтищри сэ къызощтэ. *(Сурэтхэр блыным къыфIех.)* КъэфщтэжынуIамэ, фэри зывгъэхъей. Зи щхьэр зи жагъуэ сымаджэм зэман кIыхькIэ зыкъытебгъэхьэлъэ хъунукъым. *(Мэдыхьэших.)*

Х ь э ж м э с т а ф э. Си сурэтхэр къищтащ. Напэ зимыIэ.

Б о р э. Сэ нэгъуэщIым и мылъку сыхуейкъым, си ахъши зыми езгъэшхынукъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Еплъыт а щэху цIыкIум, дыгъуасэтэкъэ ар фалъэм ит псым хуэдэу Iэсэу щыщытар! Сейфыр Iуихащ! Ей-й!

Б о р э. Данил, мы сом мин щищрэ плIыщIыр операцэм щхьэкIэ фызот. *(Данил зыхуигъазэу.)* Нанэ, мы сом мин хыщIыр банкым хэлъхьэ, ахъшэ ухуей хъумэ, узыхуейм хуэдиз къыхэпхынщ, къанэм хэхъуэ къыпхуихьу лэжьэнущ. Мы сейфым иджыри хуэфIу дэлъщ дыщэхэкIрэ ахъшэрэ, ауэ ар Хьэжмэстафэ къыхуренэж.



М а р а т. Уи ахъшащхьэр къэпщтэжамэ, сэри сейфым хуит сыхуэщI. МыдэкIэ къэкIуатэт, Риммэ. Къэщтэж уи ахъшэу Хьэжмэстафэ пфIишхыну зи ужь итыр. Сом мин щитхур урикъуну?

Р и м м э. Апхуэдэу ящIэрэ? Зейр щымыту, дауэ ахъшэр къызэрысщтэнур?

М а р а т. Езыр уэ къоупщIа, суд пащхьэм лей къыщыптригъэхьэм?

Х ь э ж м э с т а ф э. Аракъэ бзаджэнаджэ хъужыр? Илъэс минкIэ удекIуэкIами, и кIэм нэс цIыхур къыпхуэцIыхунукъым. ЛъэкIэ зэ сыкъэувыжамэ, фхуэфI сыхъунт фэ гупым.

М а р а т. Хьэжмэстафэ мы дыщэхэкI къомыр дунейр къутэжыху къигъэсэбэпынукъым. СыцIыхуфI щIыкIэ цIыхубзхэр фыкъызэкIуэталIэ. Нэр зытеджылэ дыщэ лэрыпсхэр, Iэпщэхъухэр, тхьэгъухэр, Iэлъынхэр мы сейфым дэкIуэдэнущ.

Х ь э ж м э с т а ф э. ДэкIуэдэнукъым, фемыIусэ. КIуэдынур а фэ къафщтэращ. Сэ ахэр зыхуей хуэзгъэзэжынщ.

М а р а т. КъэкIуатэт, Маринэ, мы лэрыпс тхьэIухудыр уэ узогъэкIу.

М а р и н э. Си жыщхьэ ар сыту сщIыжын?.. Ет Ритэ, абы и щIалэгъуэщ, и дахэгъуэщ.

Р и м м э. Ритэ сыт хуэдэ фIыгъуэри къелэжь, сымаджэ хъуа уи къуэм гугъэ зэрыритыжам щхьэкIэ, ар фIыуэ зэрилъагъум щхьэкIэ. Ауэ мы пщIантIэм узэрыщылIыщIа илъэс къомым цIыхум уащыхыхьэкIэ зыкIэрыплъхьэн дыщэхэкI къыщумылэжьауэ ара уэ?

Д а н и л. Зыгуэрым къилэжьамэ, ар уэращ, къащтэ, куэд жумыIэу.

Марат дыщэхэкIхэр Рити, Римми, Марини яхуегуэш.

М а р а т. Мазэм къикIа мэлыхъуэ, уэ сыт къэпщтэнур?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сэ зыри сыхуейкъым, ахъшэри дыщэхэкIри сыкъыздикIам зыкIи къыщыпхуэгъэсэбэпынукъым.

М а р а т. Хъунщ-тIэ, сейфым къыдэнэжар сэ къызощтэри — щхьэж и унэ бжэн лъакъуэщ.

Сценэм псори йокIуэдыкIыж. Х ь э ж м э с т а ф э и закъуэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. ЦIыхухэ, цIыхухэ! Ауэ сытми Мазэм къикIа мэлыхъуэм къилъыхъуэртэкъым цIыху. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар къэгъуэтыгъуейщ. ЦIыхухэ!

Мазэм къикIа мэлыхъуэр къохьэ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. КъызэрыщIэкIымкIэ, си закъуэкъым цIыху къэзылъыхъуэр. Гъусэ къыщызгъуэтакIэ, дызэрегъэзэшынкъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Уэ зыращ мыбы цIыхуу щыслъагъур. Псы фалъэ къысхуэзышиин къахэмыкIыу, си мылъкур зэбграхри ежьэжащ. ИтIани, сэ сынэпсейуэ жаIэ абыхэм… Езыхэр хэт хъуну?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. ЦIыху гъусэ ухуейуэ ара?

Х ь э ж м э с т а ф э. Сыхуейщ. Хуабжьу сыхуэныкъуэщ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди Iуэхур икIэ щыхъуам и дежщ цIыхухэм дахэмытмэ, ахэр щIэгъэкъуэн къытхуэмыхъумэ, зыри дызэримыуасэр къыщыдгурыIуэр.

Х ь э ж м э с т а ф э. Сэ куэдым сегупсысащ. Сэ куэд къызгурыIуэжащ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Уи Iуэхур зэрыхэплъэгъуэр къыбгурыIуа, Хьэжмэстафэ?

Х ь э ж м э с т а ф э. Хэплъэгъуэщ. Дунейм сытыр си Iэмал, сытыр си хэкIыпIэ? СщIэнур сыт?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сыт пхуэщIэнур?

Х ь э ж м э с т а ф э. Си Iэ-си лъэр къыздэмыбзыжми, сэ мылъку си куэдщ. Мы зэбграхахэр зырикIщ, сэ иджыри къысхуэнам елъытауэ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Мылъкум я нэхъ лъапIэр къыпхуэгузавэ цIыху уиIэнырщ, Хьэжмэстафэ. УиIэ апхуэдэ цIыху?

Х ь э ж м э с т а ф э. Си щхьэгъусэр дунейм ехыжащ. Зы къуэ сиIэти, сызыхущымысхьа мылъкум делэ ищIауэ, наркотик зрихьэлIэу, мастэм тесщ. Израилым щыIэщ, «иджы хъужащ» щыжысIэм, мастэм тетIысхьэжрэ, сымаджэщым аргуэру ягъэгъуэлъыжу. Абы и щхьэр си дежкIэ щыIэкъым. Аращ, нэгъуэщI сиIэкъым. Згъэлажьэхэмрэ си цIыхугъэхэмрэ къызэрысхущытыр уэ уи нэгу щIэкIащ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Дунейм мылъкуу телъыр уиIэми, уи дзыхь зэбгъэзын, уи Iуэхур Iей хъуамэ, уи щхьэр зэпхьэлIэн уимыIэмэ, утхьэмыщкIэщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. СытхьэмыщкIэщ. Умышынэу пэжыр зэрыжыпIэм си гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ сригъэплъыжащ. Сэ уэ дзыхь пхузощI. Си мылъкум и зэхуэдитIыр, зэи сыщIэмынэцIыжыну, узот, мы щытыкIэ сызэрыхуам сыкъиш.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сэ ар схузэфIэкIынукъым.

Х ь э ж м э с т а ф э. Си мылъкум и зэхуэдитIыр пфIэмащIэмэ, арэзы узэрыхъунур жыIэ къудей, ар ууейщ. 

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Сэ зыри сыхуейкъым икIи сэбэпи сыпхуэхъуфынукъым. Ныщхьэбэ псэлъэгъу пщIа псоми хуэдэу, сэри мыбдеж сыщыт хуэдэу къыпщыхъуми, сыщыткъым. Уэ псори дыкъэбгупсысауэ, укъыдэпсалъэурэ зытебгъэууэ аращ. Уи мылъкуи ядыгъуакъым, абы мылъкукIэ уеджэ хъунумэ. Уи сейф IункIыбзэри уи жыпым зэрилъщ, уи сурэтхэри блыным зэрыфIэлъщ.

Х ь э ж м э с т а ф э. АтIэ, псори къысфIэщIауэ ара?

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м. Аращ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э р мэкIуэдыж.

Х ь э ж м э с т а ф э. ЦIыхухэ! Мыр сыт?! ЦIыху дунейм темыты-жу ара?! ЦIыхухэ!

Макъамэ къоIу, хуэмурэ мэужьыхыж. Даущыншэщ.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iуэхур щекIуэкIыр сымаджэщ пщIантIэрщ. Пшапэ зэхэуэгъуэщ. ТетIысхьэпIэм Р и м м э р э М а р и н э р э уэршэру тесщ.

Р и м м э. Зымахуэрей адыгэлI бжьыфIэшхуэр пщIэжрэ?

М а р и н э. Мазэм къикIа мэлыхъуэра зи гугъу пщIыр?

Р и м м э. И щхьэм хуэпсэлъэж хуэдэу, зыгуэр къыджиIати абы…

М а р и н э. «ТхьэмыщкIэр зи вакъэр зэщIэхуаракъым, тхьэмыщкIэр гугъэ зимыIэжырщ, тхьэмыщкIэр зи щхьэр зыхуэмыхъумэжырщ, тхьэмыщкIэр, мылъку бгъэдэлъми, щIыхуэр зыхуэмытыж нэпсеижьырщ».

Р и м м э. Хэбдзын хэмылъу, псалъэ пэжхэщ. ДыщIэшынэри дызыщышынэри дымыщIэу, дошынэ. Къэралым хабзэу илъыр ди телъхьэу зэрылажьэр тщIэ пэтми, хьэкъурт зыжьэдэлъым хуэдэу, дызэхэсщ. Жей Iувым дыхэтым хуэдэщ. «Дыкъэушмэ, нэхъыкIэж дыхуэзэнущ», — жыдоIэри, ди напIэр зэтыдокъузэ. Мазэм къикIа мэлыхъуэм дыкъигъэушыну къэкIуа хуэдэщ. Дэ ар ауан дощI, зэрыдэмыщхьым, «кърикIуэнур сыт?» жимыIэу, игу илъыр къызэриIуэтэфым щхьэкIэ.

М а р и н э. Вэсэмахуэ Хьэжмэстафэ и деж нэкIуат ар. Абыхэм я псалъэмакъым сэ срихьэлIакъым, ауэ зэрызехьа си гугъэщ. Тэмэму къызгурыIуамэ, «Борэ и ахъшэр щIумытыжыр сыт?» — жиIэри, ар Хьэжмэстафэ Iурыпхъуащ.

Р и м м э. Борэрэ Мазэм къикIа мэлыхъуэмрэ зэрыцIыхурэт-тIэ?

М а р и н э. СщIэркъым, ауэ Хьэжмэстафэ и нэр къысхузэригъэдзэкIащ, Борэ и щIыхуэ зэрыстелъыр псоми щIащIэн щыIэкъым, жери.

Р и м м э. Къэхъун-къэщIэнхэр къищIэу, Iэзэу жаIэ а лIыр.

М а р и н э. Ди гъунэгъу фызхэм жаIэу, сэри ар зэхэсхащ, ауэ и пэжыпIэр сщIэркъым.

Р и м м э. Узым я нэхъ хьэлъэр зыпкърытри абы и лъакъуэубыдым еIусэну фIэкIа хуейкъым, жаIэ, узыншагъэр и нэгум къищу, уэрамым дыхьэжын щхьэкIэ.

М а р и н э. Борэ ар езгъэплъамэ сыт хъунт, щыслъэгъуам зэрыIэзэр сщIакъым.

Р и м м э. Сэ сщIа? Ар зэрыIэзэр сщIамэ, зымахуэ дыщыбгъэдэсам, къызыфIэзмыгъэIуэхуурэ, и лъакъуэубыдым си Iэхэр дэслъэнтэкъэ.

М а р и н э. Мазэм къикIа мэлыхъуэр а зэра зэрыплъэгъуар?

Р и м м э. Абы и пэкIи иужькIи сэ ар зэи слъэгъуакъым. «Iэзэщ» щыжаIэм, «щыпсэур дэнэ?» жысIэри сыщIэупщIати, жаIэр зэтехуэркъым. Щыпсэууэ жыхуаIэ зы къуажэ къэзмыгъанэу, абыхэм дэс си цIыхугъэхэм телефонкIэ сепсэлъати, ар зэрыIэзэр я нэгу щIэкIауэ, ялъэгъуауэ, ауэ щыпсэур ямыщIэу жаIэри, иужькIэ мыри къыщIагъуж: «Езым зэрыжиIэмкIэ, Мазэм къикIа мэлыхъуэщ».

ТетIысхьэпIэ щIыбагъымкIэ къыдэту, цIыхубзитIым якIэщIэдэIухьа Марат къабгъэдохьэ.

М а р а т. «Мазэм сыкъикIащ» жызыIэу дэта факъырэра мыпхуэдизу фызытепсэлъыхьыр?

М а р и н э. Ар уэ «факъырэIус» жиIэу къолъэIуа?

М а р а т. Хьэуэ, сэ ар зыкIи къызэлъэIуакъым. Ауэ, моуэ хуэпосмотрифэу, зыгуэрурэ щытт ар.

Р и м м э. Уэращ тхьэ «хуэпосмотрифэр». Ар Iэзэщ. ЖыпиIэбэкъым, Iэзэщ. Зэхэпха?

М а р а т. Сэ сыт?.. Ар Iэзэмэ, си жагъуэ хъуну? «IэзэкIэ» фызэджэр зымахуэ фи гъусэу Борэ зэманыфIкIэ бгъэдэсащи, игъэхъужамэ, сыгуфIэнущ. Маринэ илъэс дапщэ хъуауэ сыдэлажьэрэ?! Абы иIэри имыIэри сэ сщIэркъэ! Борэ и операцэм тригъэкIуэдэну ахъшэр къыхуэнэжынщ, тхьэмыщкIэ.

Д а н и л къыIуохьэ. Нэхъ жьантIэу къащыхъумкIэ ягъэтIыс.

Д а н и л. Фыгуп дыгъэл хуэди... Зыгуэрым сыхэкIыжрэ?

М а р а т. УхэкIыж пэтащ. Iэзэ къэунэхуащ.

Д а н и л. Ар сыт хуэдэ Iэзэ?

Р и м м э. КъоIэзэн ипэ уи жыпым илъ ахъшэр зыхуэдизыр гурыгъуазэкIэ зымыбж Iэзэ.

Д а н и л. Иужьрей зэманым уэ куэдыIуэ жыпIэу къыпщыхъуркъэ? Бзухэм я закъуэщ ахъшэ щIумыту уэрэд жызыIэр. Ари уэрэд жаIэну гукъыдэж яIэу уарихьэлIэмэ. *(Мэдыхьэшри, къыбгъэдэтхэм яхуоплъэкI.)*

М а р а т. Мазэм къикIа мэлыхъуэращ мыбыхэм «Iэзэщ» жыхуаIэр.

Д а н и л. Дэнэ а тхьэмыщкIэр здэкIуэжар? СлъагъужыркъымиСыт мыгъуэр и Iэзэ абы!

Р и м м э. Ар тхьэмыщкIэкъым. ТхьэмыщкIэр, хабзэми бзыпхъэми ебакъуэу, зыхузэфIэкIхэм сыт хуеймИ зращIэ дэращ.

Д а н и л. Уэр нэмыщI мыбдеж псэлъэн щымысу ара? Уи жьэр тIэкIу гъэсабыр. Дыщыпсэу тIощIрэ езанэ лIэщIыгъуэм Мазэм мэлыхъуэ иту хэт зи фIэщ пхуэщIынур?

Р и м м э. Си фIэщ хъу къудейкъым, ныщхьэбэ Мазэр изу уэгум къихьэнущи, уэри нэ уиIэмэ, IупщIу къэплъагъунщ абы мэлыхъуэ зэритыр.

М а р а т. СщIэркъым, сэ ар зэи къысхуэлъэгъуакъым. Мэлыхъуэр хьэуа здэщымыIэ Мазэм итыпэу сощIри, дауэ ар зэрыпсэур? Псэупэу

сощӀри, ди ЩӀы хъурейм нэс дэлъ гъуэгуанэ кӀыхьыр дауэ абы къызэрызэпичынур?

Д а н и л. Ӏэмбатэ зэрымытым Ӏэтэ ибгъэувэну иужь уимыт, Марат. Уи Ӏэгу ижьыр зэрышха къудейм щхьэкӀэ, зи чэзур къэмыса улахуэр къыуатыну дапщэрэ уплъа? Гъуэгу утехьауэ, пэгун нэщӀкӀэ зыгуэр къыпӀущӀамэ, угъумэтӀымэу, дапщэрэ гъуэгу утета? Жэщым нур гуэр къэбламэ, ар гъуэбжэгъуэщ уи гугъэу, уи мурадхэр къыпхуищӀэну, Тхьэм дапщэрэ узэрелъэӀуар? Абыхэм ещхь гуэру аращ «Мазэм къикӀа мэлыхъуэ» зыфӀащари.

Р и м м э. ФӀым пэплъэныр цӀыху хьэлщ. А фӀым пэплъэныра-уэ къыщӀэкӀынущ, Мазэм кърищу, мэлыхъуэр мы ди щӀыгум къытезышари. ЦӀыхухэр езэшащ. Ахэр пэж, фӀэщхъуныгъэ хуейщ, насыпым поплъэхэ. Къулей хъуахэр зыщышынэ къэрал хабзэхэм лэжьэн щыщӀадзэжынум цӀыху цӀыкӀур поплъэ, къахуэмыгъэсу.

М а р и н э. Мазэм къикӀа мэлыхъуэр къагупсысауэ жыпӀэнура, Данил?

Д а н и л. Лъакъуэ щӀэту цӀыхухэм къащыхыхьэкӀэ, къагупсысащ. ФщӀэжмэ, Мазэм къикӀа мэлыхъуэм ещхь гуэр, фэ плащ кӀыхьышхуэ щыгъыу, ди къалэм дэту щытащ, — «Ленин дызыхуригъаджэр, утекӀ мыхъуу, бгъэзэщӀэн хуей унафэщ», — жиӀэу? НтӀэ, Мазэм къикӀа мэлыхъуэми хуэдэу, цӀыху еншэ гуэрт ар. Лажьэртэкъым, пщӀантӀэртэкъым, и мыӀуэхуи зэрихуэртэкъым. Усэ итхырт. КъыдэгушыӀэу, ахэр тхылъ щхьэхуэу къыхудэзыгъэкӀыну жызыӀэхэри щыӀэт. Апхуэдэурэ зыкъомрэ екӀуэкӀауэ, ар и Ӏыхьлы гуэрым игъэтӀысри, ткӀийуэ къыжриӀащ: «Сахь, мы уи сабииныр къэгъанэ, усэ птхыри хъуркъым, тхылъи къыпхудагъэкӀынукъым, къыбжаӀэри пцӀыщ», — жери. Сахь щыму заулрэ щысри, жэуап иритыжащ: «Уэ къызжепӀэ пэжым нэхъри абы къызжаӀэ пцӀыр куэдкӀэ нэхъыфӀщ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, сэ абы сропсэу», — жиӀэри. Языныкъуэхэм деж пэжым щхьэкӀэ ди псэр ттыну дыхьэзырщ, ауэ дыкъызэрагъапцӀэр нэхъ къыщытщти къохъу. Пэжым нэхъри гугъэ къозыт пцӀыр нэхъ къэзыщтэ щыӀэщ. Апхуэдэу къигъэщӀащ цӀыхур.

Р и м м э. Сахь сыт хуэдэ къуажэм щыщми пщӀэрэт?

Д а н и л. Ахьейми, сщӀэрэт.

Р и м м э. НтӀэ, Мазэм къикӀа мэлыхъуэр дэнэ здыщыщыр?.. Къытхуэнэжыр ар Мазэм къызэрикӀар ди фӀэщ тщӀыныращ.

Д а н и л. НтӀэ, сэ Дыгъэм сыкъикӀауэ бжесӀэнщи, уи фӀэщ щӀы.

Р и м м э. Си фӀэщ сщӀынущ, пэж къызжепӀэмэ, «къулыкъу къызатащи, «фий, цӀыхумэ», жыпӀэу укъысхуемыплъыхыу, си пӀэм уиувэрэ укъысхуэгузавэмэ, сэбэп укъысхуэмыхъуфми, гугъэ страхар къызэптыжмэ…

Д а н и л. Къэувыlэж, си щхьэр зэтепхуащ. Фэ арэзы фызыщlын дунейм теткъым. *(Маринэ зыхуигъазэу.)* Уэ таурыхъ уедаlуэу мыбдеж ущыскlэ уи lуэхур зэфlэкlынукъым, уи къуэр операцэ зэребгъэщlыну ахъшэр пщэдей фlэмыкlыу сиlэн хуейщ.

М а р и н э. Ар щхьэ пщэдей, мынобэу, мыпщэдеймыщкlэу, мыкъэбышкlэжу?

Д а н и л. Ставрополь къисшыну хирургым тхьэмахуитl ипэ иту хъыбар езгъэщlэн хуейщ. Зы сыхьэт пщlэншэу игъэкlуэдыну зэман зимыlэ lэщlагъэлl lэзэщ ар. Ахъшэр мыхьэзыру, сэ абы сыкъеджэнукъым.

М а р и н э. Унэр сощэ. Пщэдей ахъшэр къысхуахьыну сагурыlуащ.

Д а н и л. Мис ар къызгуроlуэ. Мис ар зи быным щхьэкlэ гузавэ цlыхум, и бынyр фlыуэ зэрилъагъум шэч къызытумыхьэн цlыхум и псалъэщ. Апхуэдэ цlыхухэракъэ «жэнэтыбжэр яхузэlухащ» жыхуаlэр. Апхуэдэ цlыхухэракъэ мы дунеижьыр зэтезыlыгъэр!..

Б о р э къохьэ.



Б о р э. Зэ догуэт, нанэ… Сыт хуэдэ унэ пщэну зыбгъэхьэзырыр?

М а р и н э. Сыт, унэ куэд диlэу ара дэ? Дызыщlэс унэр.

Б о р э. Уэ дэнэ ущыпсэун уи гугъэр? Уэрамыр армырауэ пlэрэ?

М а р и н э. Унэ зимыlэхэри лlэркъым.

Д а н и л. Акъыл гъэтlыса, акъыл зэтес зиlэ цlыхубзым и псалъэщ. Нэмыс щыlэжкъым, нэхъыжьым пщlэ хуащlыжыркъым. Уэ дэнэ укъикlа, уи анэм упэпсэлъэжыну?

Б о р э. Сэ уэ сынопсалъэркъым, сызэпсалъэр си анэращ. Унэр уэзгъэщэнукъым, нанэ.

Д а н и л. Еплъыт абы жиlэм!.. Ар щlалэщ, ар делэщ, уемыдаlуэ абы.

Б о р э. Иджыри зэ бжызоlэ: «Сэ сызэпсалъэр си анэрщ, сыщlепсалъэр си унэрщ. Унэхъыжьми, зэран умыхъу, ущыпсэу унэр пщэныр lуэху джэгукъым».

Данил къотэджри, къызэпсэлъэкlыурэ йокl: «Еплъыт а мыгъасэм и псэлъэкlэм, и лъакъуэ лъэныкъуэр мащэм итщ, итlани псэуныгъэм йогупсыс. Нэмыс щыlэжкъым, насып дэнэ къикlын!»

Б о р э. Нанэ, сылlарамэ, узыщlэсын уимыlэу, уэрамым укъыдэзнэнукъым. Ар зы. А псалъэмакъым зэи къытедмыгъэзэжыну дызэгурыгъаlуэ. Етlуанэрауэ, Данил дзыхь хуэсщlу, сэ зызэгуез-

гъэгъэжынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы нэхърэ нэхъ дохутыр Iэзэ, ди къэралым и гугъу умыщIыххи, ди республикэми исщ. Ещанэу, мы дунейр къутэжыхункIэ къызимытыжыну и гугъэ си щIыхуэр Джордж къытезмыхыжауэ, сэ хирургым и стIолым сытегъуэлъхьэнукъым.

М а р а т. Хьэжмэстафэ уи щIыхуэр къыуимытыжыфурэ, уи узыр хэтIэсэнщ.

М а р и н э. Сэри аращ сызэрегупсысыр.

Б о р э. ХэтIэсэныр пэжмэ, Ритэ къызжиIэнт. Сэ абы жиIэр си фIэщ мэхъу. Юрист Iэзэ гуэрым абы сыхуигъэзати, судыр къысхуэхьыну жиIащ. Римми, Марати, нэгъуэщI лей зытехьахэри дызэкъуэувэмэ, ди Iуэхур нэхъ псынщIэжу зэфIэкIынущ. Хэт налог лэжьакIуэр IейкIэ зи ужь иувэну хуейр?

М а р а т. Сэ Хьэжмэстафэ сыпэуву, суд Iуэху сыхыхьэнукъым.

Р и м м э. Ухэмыхьэ. Уэрыншэуи, дэ куэд дохъу, делэм хуэдэу, пэкIэ нобэр къыздэсым Хьэжмэстафэ дыкъришэкIахэр.



Д а н и л къохьэж.

Д а н и л. ФыщIызэбгрымыкIыр сыт фэ гупыр? Фыкъызэрыгъэделэжауэ, фыубэу куэдрэ фызэхэсыну? Властым къызита къулыкъур къызогъэсэбэпри, унафэ фхузощI сымаджэхэр я палатэхэм щIыхьэжыну, щIэупщIакIуэхэр я унэ кIуэжыну.

Б о р э. Гъуэлъыжыгъуэ зэманыр къэсакъым.

Д а н и л. Гъуэлъыжыгъуэр къэсами-къэмысами, абы и унафэ зыщIыр сэращ.

М а р а т. ДауикI, уэращ, зиусхьэн.

Б о р э. Дуней дахэм дытетынуми дытемытынуми, дылIэнуми дыпсэунуми абыи и унафэр зыщIыр уэращ.

Д а н и л. Сэращ.

Р и т э къохьэ, зыщIыпIэ къикIыжауэ.

Р и т э. Сыту фIыт дыпсэунрэ дылIэнрэ уэ зэрыпIэщIэмылъыр. Арыншамэ, дызэрыпсэуну илъэс бжыгъэр ахъшэу уэттам къыщIэкIымкIэ къыпыббжыкIыу ущысынт.

Д а н и л. Мыр сыт, гъуэгумыгъуэм емыжьэн, уэри къыпщыщIар? Мазэм къикIа мэлыхъуэм делэ узкIэ псори фыкъиуцIэлауэ ара? Уи лэжьапIэр пфIэкIуэдынкIэ зэрыхъунур зыщумыгъэгъупщэ.

М а р и н э. Мазэм къикIа мэлыхъуэм делэ лажьэ иIэкъым.

9 Заказ №206

Р и м м э. Абы дэ дызэрыцIыхур дигу къигъэкIыжащ.

Б о р э. Сыт хуэдэу зэманыр мыгугъуми, цIыхум и щхьэм пщIэ зэрыхуищIыжын хуейр хьэкъыу тпхигъэкIащ Мазэм къикIа мэлыхъуэм.

Р и т э. Мазэм къикIа мэлыхъуэм гугъэ къытхилъхьэжащ — ахъшэкIэ псори пхущIэхъумэнукъым. Иджы сэ шэч къытезмыхьэжу сощIэ ди сымаджэщым деж Урысейр зэрыщимыухыр.

Д а н и л. Делэ фыхъуащ фэ, Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, делэ фыхъуакIэ. Фэ фыхэт илъэс бжыгъэкIэ и пIэм иува псэукIэр зэвгъэдзэкIыну?

Р и т э. ДыцIыхущ. Зи щхьэр мылэжьэж фщIауэ фи гугъэ цIыхухэм сащыщщ сэри. Къэралри хабзэхэри уи деж зэрыщимыухыр хьэкъ сщыхъуа нэужькIэ, Борэ и узыр зыгъэхъужыфын дохутыр интернеткIэ къэслъыхъуэу щIэздзащ.

Д а н и л. Си нэщIыбагъкIэ Iуэху блэжьын щIэбдзауэ ара? Сэ иджыри мы сымаджэщым сридохутыр нэхъыщхьэщ.

Р и т э. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыри уридохутыр нэхъыщхьэщ. Ауэ сэ шэч къытесхьэркъым а къулыкъум и пщIэр хэбутэу афIэкIа къызэрыпхуамыдэнум. Хабзэм тету псэуну хуейхэм ди зэманыр ди бжэм къытоуIуэ Мазэм къикIа мэлыхъуэм и IэмкIэ.

Д а н и л. Абы игу къэкIхэм еплъыт! Бжэм къытеуIуэ зэманыр къэмыс щIыкIэ лэжьапIэм узэрыIузгъэкIыфынур зыщумыгъэгъупщэт.

Р и т э. Куэду фIыщ, уэ гъащIэ зумытахэри мэпсэу, мэлажьэ, мэшхэж. Сэ си гур зыхуэгъу цIыху етIуанэм и гъащIэр уэ тыхь пхуэсщIынукъым, си щIалагъэр, псэуныгъэм хэсщIыкI зэрыщымыIэр къэбгъэсэбэпу, япэр сIэщIэпхами. Уэ, дауи, сэ сыкъэпцIыхужыркъым. Дауи, сыкъэпцIыхужын? Уэ цIыху гъащIэр нэгъабэ пфIэкIуэда гъущI сомым пэпщIыркъым.

Ди адэмрэ ди анэмрэ пасэу дунейм ехыжри, си дэлъху нэхъыжьымрэ сэрэ зеиншэу дыкъэнат. Ди унагъуэм зыгуэр къытебжам хуэдэт. Си дэлъху нэхъыжьыр, илъэс пщыкIубгъум мазэ бжыгъэкIэ фIэкIа хэмыхьауэ, машинэ зэжьэхэуэм хэхуэри, дыркъуэ хьэлъэхэр телъу, дохутыр нэхъыщхьэу уэ уздэщыIэ мы сымаджэщым къыщIэхуат. Факъырэм хуэдэу, си Iыхьлыи, си благъи, си мыIыхьлыи, си мыблагъи сайлъэIуурэ, сэ тхьэмахуитIкIэ сом минищэ зэзгъэпэщащ, си дэлъхум тэмэму феIэзэн, операцэ фщIын щхьэкIэ. Фи гуэныхь сыхуейкъым, операци фщIащ, ахъшэ фэстари фухыхукIэ феIэзащ. Ауэ иужькIэ абы фыбгъэдэмыхьэж хъуащ. Зэгуэр Москва къикIыу хирург Iэзэ къэкIуауэ зэхэсхри, абы селъэIуащ си дэлъхум схуеплъыну. Си хьэтыр къилъэгъуащ, еплъащ, икIи ар щылажьэ сымаджэщым икIэщIыпIэкIэ сшэн хуейуэ жиIащ, игъэхъужынуи сыкъигъэгугъащ.

МазитIкIэ къэзжыхьащ, ахъшэ зэхуэсхьэсу… Сытми, си дэлъхур сшащ, сыкъэзыгъэгугъа профессорым деж. Жэщищ-махуищкIэ сымаджэщым къыщеплъа нэужь, профессорым сриджэри къызжиIащ щIалэм и тэмакъым халъхьа трубкэр мазитI ипэкIэ зэрахъуэкIын хуейуэ зэрыщытар. «Къэхъунур сщIамэ, сыныщыкIуам щыгъуэ си ахъшэкIэ хузэсхъуэкIынт ар. Къысхуэвгъэгъу, ауэ сэ адэкIэ абы сэбэп сыхуэхъуфынукъым», — жиIэри, гъащIэ зылъэгъуа лIышхуэм и нэпсыр къыфIыщIэхуащ…

Д а н и л. Уи дэлъхури сэ згъэлIауэ къыщIебгъэдзыжащ.

Р и т э. Хэт-тIэ зыгъэлIар? Гъуни нэзи зимыIэ уи нэпсеягъэрщ. Си дэлъхум тэмэму фыкIэлъыплъамэ, ефщIэн хуейр и чэзум ефщIамэ, хъужынут, псэунут, лъэпкъыр игъэбэгъуэнут. Уэ пхуэмыдэу, къэралым хуэпэжу псэуну ягъэсат ар.

Д а н и л. Къэралым срибийуи жумыIэ иджы.

Р и т э. Урибийщ, ущIыхугъэншэщ. *(И щIыбыр Данил хуегъазэ.)* Арати, интернеткIэ сылъыхъуэурэ, «Борэ и узыфэм хуэдэ зиIэхэр схуогъэхъуж» къызжезыIэн дохутыр Ставрополь и сымаджэщхэм ящыщ зым къыщызгъуэтащ.



М а р и н э. НтIэ, сыт къыбжиIар?

Р и т э. «Къысхуэши, сеплъынщ», — жиIати, — «Сшэрэ, хуэмыгъэхъужыну къыжриIэмэ» жысIэри, селъэIуащ, лейуэ едмышажьэу, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэмэ къыджиIэну. «И анализхэр къысхуегъэхьи, сеплъынщ», — къыщызжиIэм, анализхэм щхьэкIэ мыбдеж щыт Данил селъэIуащ. Ауэ сызытригъэхьакъым. Ахъшэр IэщIэкIынкIэ зэрыхъунур гурыгъуазэкIэ къищIа хъунт.

ЩымыхъукIэ, сытыт сщIэнур? Зэрыхъум хуэдэу сщIащ. Къысхуэдыгъур къэздыгъури, копие трезгъэхащ, къысхуэмыдыгъур щIэрыщIэу анализ езгъэщIыжащ.

Д а н и л. Къэбухащ уэ мы сымаджэщым узэрыщылэжьэнур.

Р и т э. Уи къулыкъумрэ уи хэхъуэмрэ фIэкIа къыщыпфIэмыIуэху мы сымаджэщым зызыгъэхъужыну къакIуэхэм я бжыгъэм кIэричу, щIэкIуэсыкIыжхэм къахэхъуэу, иужьрей илъэсхэр макIуэ. IуэхущIапIэр зыхуэбгъэкIуар къызыгурыIуа сымаджэхэм хаша лъагъуэм срикIуэмэ, си IэщIагъэмкIэ лэжьапIэншэ, дауикI, сыхъункъым. Сэр щхьэкIэ угузавэ хуэдэу зумыщI…

Арати, анализхэр иризгъэкъури, тхылъымпIэхэр пощткIэ Иван Петрович Смирнов дохутырышхуэм хуезгъэхьащ. Телефоныр нобэ къозу. Трубкэр къасщтэмэ, Иван Петровичщ. «Къашэ», — жи. — «Пхуэгъэхъужыну?» — жызоIэ. — «Абы шэч лъэпкъ къытумыхьэ».

Д а н и л. Мы сымаджэщым узэрыщылэжьэнур къэбухащ уэ.

Р и м м э. ЗэхэпщIыхь къомыр уи унафэщIхэм я деж нэдгъэсмэ, уэрмырауэ пIэрэ зи къулыкъум кърагъэпсыхынур?

Д а н и л. Мазэм къикIа мэлыхъуэм делэ узкIэ къицIэлащ мыхэр.

М а р и н э. ИнтернеткIэ къэбгъуэта хирургым сом мин дапщэкIэ Борэ операцэ зэрищIынур?

Р и т э. «Фи лэжьыгъэм ахъшэ дапщэ текIуэдэнур?», — жысIэу сеупщIати: — «Дэ дыкъэрал сымаджэщщ, фхуэтщIэну Iуэхутхьэбзэм зы соми текIуэдэнукъым», — къызжиIащ Иван Петрович.

ГуфIэгъуэ зэрыгъэкIий макъ, Iэгуауэ макъ къоIу.

М а р и н э. Мес ар, феплъыт?

М а р а т. Хэт?

Р и м м э. Мазэм мэлыхъуэр итщ.

Д а н и л. Сыт мыбы жиIэ делагъэр. Сэ зыри слъагъуркъым.

Б о р э. Дауэ зэрумылъагъур? Итщ Мазэм мэлыхъуэ.

М а р а т. Ит си гугъэщ, еплъыIуэт, Данил.

Д а н и л. Сыт мыбы щхьэ ягъэузыр.

Р и м м э. Ари Алыхьым и шыкурщ — ди лъэр щIэзыуд, дызыфыщIхэм я мызакъуэу, дыкъэзыгъэуш, къару къытхэзылъхьэж гуэри щыIэщ. 

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м жиIа уэрэдым и макъамэр щэхуу къоIу.

М а р и н э. Дапщэщ Борэ Ставрополь щышэн хуейр?

Р и т э. ПщэдеймыщкIэ.

Б о р э. Сэ семыжьэ щIыкIэ, иджыри зы Iуэху зэфIэзмыгъэкIыу хъунукъым. Хьэжмэстафэ судым зэрестынур жесIэнущ. Махуищ мэхъу ар пщIантIэм къыдэкIыу зэрызмылъагъурэ. КъыдэмыкIрэ-къыдэмыплъу дэсщ.

Б о р э Х ь э ж м э с т а ф э и куэбжэм хуеунэтI. Д а н и л сценэм и адрей лъэныкъуэмкIэ гъумэтIымэурэ макIуэ. Б о р э и ужь иту йожьэ М а р и н и, Р и т и, Р и м м и, М а р а т и.

Б о р э IэгукIэ куэбжэм йоуэ, йоуэ.

М а з э м к ъ и к I а м э л ы х ъ у э м и уэрэд гупым жаIэм нэхъ ину Iун щIедзэ. Сценэр хуэмурэ кIыфI мэхъу.

*ЦIыхухэ, цIыхухэ, мы дунейр зей цIыхухэ,*
*Фи щхьэм пщIэ хуэфщIыжу, фи гъащIэр ефхьэкI.*
*КIуэдыжыну мылъкум фытегужьеикIыу,*
*ХьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу, фызэрымыукI.*

*Ежьу:*
*ГъащIэр зейр цIыху дахэрщ, гъащIэр зейр цIыхуфIхэрщ.*
*Фэ фызэрыIыгъмэ, сытми фатекIуэнщ.*
*ЦIыхугъэр фи ныпу, фызэрыубыдмэ,*
*ЩIылъэр, розэ дахэу, зэуэ къэгъэгъэнщ.*

*Сыт я нэхъ телъыджэу щIылъэм щыслъэгъуар сэ?*
*ЦIыхум нэхъ телъыджэ зы сымылъэгъуа.*
*МафIэми, борэнми, хы къэукъубеями*
*Абы фIэкIа зыри пэмыувыфа.*

*Ежьу:*
*ГъащIэр зейр цIыху дахэрщ, гъащIэр зейр цIыхуфIхэрщ.*
*Фэ фызэрыIыгъмэ, сытми фатекIуэнщ.*
*ЦIыхугъэр фи ныпу, фызэрыубыдмэ,*
*ЩIылъэр, розэ  дахэу, зэуэ къэгъэгъэнщ.*



*Мазэм  ит  мэлыхъуэр жэщкIэ сыкъэфлъыхъуэ,*
*Фи гур  быдэ хъуамэ, нэхъ щабэ сщIыжынщ.*
*Зэхэзэрыхьамэ фи Iуэху, зыри мыхъуу,*
*Фи лъэр жан фхуэсщIыжу сыкъэунэхунщ.*

*Ежьу:*
*ГъащIэр зейр цIыху дахэрщ, гъащIэр зейр цIыхуфIхэрщ.*
*Фэ фызэрыIыгъмэ, сытми фатекIуэнщ.*
*ЦIыхугъэр фи ныпу, фызэрыубыдмэ,*
*ЩIылъэр, роз  дахэу, зэуэ къэгъэгъэнщ.*

*Iупхъуэ*

# БАЛЪКЪЫПС ЕФА УСАКIУЭ ПСЭ ПIАЩIЭ



Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу, бзэм и хъумапIэу икIи и зыужьыпIэу нобэ диIэ литературэ убгъуар, дауикI, зы жэщ-махуэм зэфIэувакъым, езыр-езыруи къэунэхуакъым. Ар ухуакIуэхэм унэ блынхэр чырбыш зырызурэ зэрызэтрагъэсым хуэдэу, ди усакIуэ-тхакIуэ зэчиифIэхэм къагъэщIащ. А Iуэхум псори зэхуэдэу хэлэжьыхьынкIэ Iэмал иIакъым, ауэ дэтхэнэ зыри и гуащIэ, и къэухь, Ухыгъэм къыхуиуха гъащIэ пIалъэ къызэрихькIэ абы хэлIыфIыхьащ. Зы щIэныгъэ е публицистикэ тхыгъэм (ар статья е тхылъ щхьэхуэ ирехъу) къриубыдэу литературэм и тхыдэм ущыхэплъэжкIэ, абы хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм языхэзми щхьэтечауэ укъытеувыIэфыркъым: нэхъыбэ зыхузэфIэкIахэм я гугъу пщIыхукIэ, «мащIэрэ IэфIу» лэжьахэм я цIэр пIэщIоху икIи ижьрейхэр, «классик»-кIэ дызэджэхэм я ныбжь къатридзэ щIыкIэу, апхуэдэ тхакIуэшхуэхэм я «къуагъым» къыкъуонэ. Ауэ щыхъукIи, лIэщIыгъуэм щIигъукIэ гугъусыгъуурэ къэгъуэгурыкIуэу, иджырей лъэхъэнэм ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрызыгъэхьа ди литературэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми хэувэфа дэтхэнэ зыми хуэфащэ пщIэрэ гулъытэрэ игъуэтыжын хуейщ. Апхуэдэу зи цIэр «къэдгъэпсэужыну» игъуэ хъуахэм ящыщщ усакIуэ Шэру Хьэсэн.



Шэру Хьэсэн (Хьэсен) Уэлий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм 1923 гъэм августым и 18-м къыщалъхуащ. 1933 гъэм курыт еджапIэм щIэтIысхьащ. А илъэсхэм ар ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм дихьэхауэ щIиджыкIыу, и усэхэм нэмыщI, поэмэхэмрэ усэу тха «Къамботрэ Лацэрэ» романымрэ гукIэ ищIэу къекIуэкIащ. УсакIуэшхуэм и фIыгъэкIэ езы Хьэсэни усэным гу хуищIат икIи IэдакъэщIэкIхэр газетхэм къытехуэу хуежьат. Уеблэмэ ар зэгуэрым Алий хуэзауэ щытащ. ТхакIуэ, публицист Къамбий Зуфар и зы тхыгъэм къызэрыхэщыжымкIэ, Шэру Хьэсэни езы Зуфари я къуажэгъу Аслъэн КIыцэ мыр игу къигъэкIыжыгъащ: «Зы тхьэмахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым Нэхъупщ (Шэру Нэхъупщ. – ***Хь.Л.***) зыкъытхуигъэзащ Шэру Хьэсэнрэ сэрэ икIи «Пщэдджыжь Алий деж сыкIуэнущ си тхыгъэщIэхэр езгъэлъагъунуи, си гъусэу, фыхуеймэ, фынакIуэ», – къыджиIащ. Арати, теддзэри Налшык дыкIуащ. Сэ зэи сщыгъупщэжынкъым Алий дызэрыригъэблэгъауэ щытар. Ар гулъытэ хэлъу къедэIуащ Нэхъупщ къызэджа усэщIэхэм, хилъэгъуа ныкъусаныгъэхэри къыжриIащ. Дыкъы-

щежьэжым щыми езым и тхыгъэхэр зэрыт тхылъ зырыз къыдитащ, псалъэ гуапэхэр тхутритхэри» («Адыгэ псалъэ» газет, 2000 гъэ, октябрым и 27-м). Мыбдежым къыщыгъэлъэгъуэжа зэIущIэр къыщыхъуар блэкIа лIэщIыгъуэм и 30–40 гъэхэм я зэблэхъугъуэр арауэ хуэбгъэфащэ хъунущ. А зэманым Шэру Хь. и ныбжьыр илъэс 17–18-м иту арат. Абы иужькIэ пIалъэ кIыхь дэмыкIыу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, ЩоджэнцIыкIу Алии, Шэру Нэхъупщи, Шэру Хьэсэни фронтым кIуахэщ. Абыхэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар иужьрейм (Шэру Хьэсэн) и закъуэщ.

1941 гъэм къыщыщIэдзауэ Шэру Хь. и еджэнри и литературэ лэжьыгъэри зэпигъэун хуей хъуащ. Зауэ IэнатIэм зэрыIухьэу, ар япэ щIыкIэ парашют-десант дзэм, къыкIэлъыкIуэу лъэсыдзэм хэтащ. УсакIуэм и къуажэгъу икIи фIыуэ зыцIыхуу щыта Мэремкъул Ларисэ зэритхыжымкIэ, зауэ зэманым ар гъэрыпIэ ихуэгъащ, иужькIэ Донецк шахтэм щылэжьащ. Гугъуехь псори къызэринэкIыу Шэрум и хэкум къыщигъэзэжар 1953 гъэм и ужькIэщ. Абдежым къыщегъэжьауэ ар, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрыту, езыр къыщыхъуа жылэм щылэжьащ, арщхьэкIэ къуажэдэсхэм нэхъыбэу ягу къызэринэжар Къармэхьэблэ радиоузелым и лэжьакIуэущ. КъищынэмыщIауэ, «Си къуажэгъухэр» фIэщыгъэм щIэту усакIуэм 1961 гъэм къыдигъэкIа япэ тхылъым и пэщIэдзэ напэкIуэцIхэм зэритымкIэ, а зэманым ар къуажэ клубым и унафэщIу щытащ. Дауэрэ и Iуэхур къемыкIуэкIами, Шэру Хь. зыцIыхуахэм нобэр къыздэсым яIуэтэж ар сыт хуэдэ лэжьыгъэри зыхуей хуэзэу игъэзащIэу, псэемыблэжу, щхьэхрэ ешрэ зымыщIэ цIыху гуащIафIэу къызэрыгъуэгурыкIуар. УсакIуэр 1987 гъэм майм и 21-м дунейм ехыжащ.

Шэру Хьэсэн и тхыгъэу дызэрыт лъэхъэнэм къэсахэр мащIэщ, абы и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуауэ щыIэ хъыбархэмрэ ахэр щIэзыгъэбыдэ тхылъымпIэ кIапэхэмрэ нэхъ мащIэжщ. УсакIуэм и къекIуэкIыкIам иджыри зэIубз мыхъуауэ Iуэхугъуэ гуэрхэм уащрохьэлIэ, мызыгъуэгукIэ тхузэхэмыгъэкIыу упщIэ жэуапыншэ куэд къоув. Псалъэм папщIэ, абы зауэ гъуэгуанэр зэрикIуар, гъэрыпIэ зэрихуа щIыкIэр икIи щихуа щIыпIэр, гъэр щыхъуа илъэсымрэ щхьэхуит къыщыхъужамрэ зыщIыпIэ дежи къыщетхэкIыжакъым, ауэ иужьрей зэманым зы хъыбар гъэщIэгъуэн дрихьэлIащ. Урысей Федерацэм Дзэ къулыкъухэмкIэ и министерствэм и дэфтэр хъумапIэм («ЦАМО – Центральный архив Министерства обороны» жыхуаIэм) щIэлъ зы тхылъымпIэм зэритымкIэ, «Шэру Хьэсен Уэлий и къуэм Хэку зауэшхуэм и ордену II нагъыщэ зиIэр хуагъэфэщащ. Щыхуагъэфэщар (дата представления к награде): 06.11.1985. Зи жэрдэмкIэ хуагъэфэщар (инициатор): СССР-м дзэ къулыкъухэмкIэ и министр» (ЦАМО. Юбилейная картотека награждений, шкаф 61, ящик 48. Номер документа 182). Архив дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуар мыращ, ауэ орденым щIыгъуу Шэрум кърата тхылъым зэритымкIэ, ар 1985 гъэм мартым и 11-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэм ипкъ иткIэ къыхуагъэфэщащ. Дауэ мыхъуами, а дамыгъэр

абы 1985 гъэм кърататащ (орденымрэ абы щIыгъу тхылъымрэ усакIуэм и къуэш бын Шэру Нинэ ихъумауэ унагъуэ архивым хэлъщ). Зэрынэрылъагъуущи, Шэру Хь. зауэм и мафIэ лыгъэм зэрыхэтам пэкIуэ пщIэрэ щIыхьрэ щигъуэтыжар ар зэриухрэ илъэс 40 дэкIыжа нэужькIэщ, ауэ апхуэдэу хэкIэсами, икIэм-икIэжым, ар гулъытэншэ зэрамыщIар гуапэ пщымыхъуу къанэркъым.

Зи гугъу тщIа орденым нэмыщI, усакIуэм и щIэинхэм хэлъу хъума хъуащ «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» («За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.»), «СССР-м лэжьыгъэмкIэ и ветеран» («Ветеран труда СССР») медалхэри. Мыбыхэм тхылъ гуэри ящIыгъужкъым, ауэ ахэри Шэрум кърататауэ худогъэфащэ, сыту жыпIэмэ къыщIратын щхьэусыгъуэ щыIащи – зауэм хэтащ, шахтэм щылэжьащ, зауэ нэужьми и гуащIэ еблэжакъым.

Шэру Хьэсэн и творчествэр кууэ зэпкърыхыным иужь дихьэн ипэ къихуэу, абы и цIэм и тхыкIэми щхьэхуэу дыкъытемыувыIэу хъунукъым. Ар и паспортым зэритам дыщыгъуазэкъым, ауэ усакIуэр зыцIыхуахэр, ныбжьэгъухэр, благъэ-Iыхьлыхэр зэреджэу щытари, ищхьэкIэ дызыхэплъа дэфтэрымрэ абы кърата орденым щIыгъу тхылъымрэ зэритри, езым и IэкIэ итхыжа уэсятхэм къызэрыщигъэлъэгъуари *ХьэсЕнщ*. АрщхьэкIэ Шэрум и цIэр и усэ тхылъитIым зэрытетыр *ХьэсЭнщ*. Архив дэфтэрхэм къызэрыщыкIуэр тегъэщIапIэ тщIыуэ, дэри япэрей тхыкIэр нэхъ пэжу худогъэфащэ, ауэ мы тхыгъэм щызэхэдубла къэхутэныгъэм и кIуэцIкIэ нэхъыщхьэр усакIуэм лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр аращи, абы и цIэр и тхылъхэм зэрытетым хуэдэу дотх. 

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, Шэру Хьэсэн и IэдакъэщIэкIхэр газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэу, («Заря коммунизма» район газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, н.), апхуэдэуи радиокIэ къату щытащ. Зи цIэ къитIуа «Си къуажэгъухэр» япэ тхылъым нэмыщI, абы «ЛъагапIэ» зыфIища и етIуанэ усэ тхылъри 1976 гъэм дунейм къытехьащ. ТхылъитIым зэхэту усэ щэ никъуэм нэсрэ зы поэмэрэ («Хъыбарыншэм и хъыбар») итщ.

Шэрум и ещанэ тхылъри къыдэкIыным хуигъэхьэзырауэ щытащ, ауэ хунэсакъым. 1986 гъэм абы итхыжа уэсятхэм (тIу мэхъу – августым и 30-м, октябрым и 15-м) зэритымкIэ, усэрэ поэмэу зэхэт ещанэ сборникым и Iэрытхыр Налшык тхылъ тедзапIэм щIэлъащ (и цIэр къыхимыгъэщами, зи гугъу ищIыр и япэ тхылъитIыр къыщыдэкIа «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр арауэ къыщIэкIынущ). АрщхьэкIэ ещанэ тхылъыр дунейм къытехьакъым, абы и Iэрытхри иужькIэ ягъуэтыжакъым.

Шэрум и уэсятхэм усэ 23-м я цIэ урысыбзэкIэ къыщреIуэ, ахэр езыхэр (уэсятхэр) зэрызэхигъэувар урысыбзэщи, ауэ усэхэр зэриттхар адыгэбзэу (къэбэрдей-шэрджэсыбзэу) къыщIэкIынущ. Абыхэм нэмыщI, усакIуэм и уэсятхэм къыщигъэлъэгъуащ: «Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ» («Алхат и Саихат»), «Анэмрэ пхъумрэ» («Мать и дочь»)

поэмэхэр; «ЩIакхъуэм теухуа хъыбарыжьыр» е «ЩIакхъуэм теухуа балладэр» («Легенда о хлебе», «Баллада о хлебе» – уэсятитIым зэтемыхуэу къыщокIуэ: япэм деж поэмэу, етIуанэм – балладэу); «Зэкъуэшхэр/Зэшхэр» («Братья»), «Астемыррэ Екатеринэрэ» («Астемир и Екатерина») рассказхэр. Иужьрей тхыгъэм и жанрри уэсятхэм щызэщхьэщокI: япэм деж ар хъыбару, «къэхъуа-къэщIауэ» (урысыбзэкIэ «быль» жыхуаIэм хуэдэу), етIуанэм – рассказу итщ. Езы тхыгъэхэр ди деж къызэрымысыжам къыхэкIкIэ, ахэр зэрытха жанрхэр нобэкIэ тхузэхэгъэкIыжынукъым, ауэ абыхэм я цIэ къыщипIуэкIэ зытетын хуейр усакIуэм иужьрейуэ къызеригъэлъэгъуаращ – «ЩIакхъуэм теухуа *балладэр*», «Астемыррэ Екатеринэрэ» *рассказыр* жиIэу.

Шэру Хьэсэн и литературэ щIэиныр мащIэми, купщIафIэщ, гупсысэ куухэмрэ IущыгъэхэмкIэ гъэнщIащ. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIыу ди зэманым къэсахэм мотив зэмылIэужьыгъуэхэм, ухуэкIэ-гъэпсыкIэ гъэщIэгъуэнхэм, бзэм и Iэмал щIэщыгъуэхэм, образ къызэрымыкIуэхэм уащрохьэлIэ. Абыхэм яхэтщ лъагъуныгъэ усэхэр, философие гупсысэхэр зи лъабжьэхэр, щIыуэпсым и теплъэ зэхуэмыдэхэр къызыхэщхэр, гъэсэныгъэ-ущиинныгъэ мыхьэнэ зыщIэлъхэр, нэгъуэщIхэри.

Гухэлъ къабзэкIэ гъэнщIахэщ, псалъэм папщIэ, «Гуауэр уи гум имыхуж», «Сыт зищIысыр лъагъуныгъэр?..», «Пшагъуэ Iувым зиIэтащи...», «Шыгъуэ фэкъум сыкъепсыхри...», «Уэ укъызэщыутэм...», «Iэлъын», «Пшапэ борэным», «Лэт» усэхэр. Иужьрейуэ къэдгъэлъэгъуа тхыгъэр и купщIэкIи и ухуэкIэкIи нэхъыфIу зэгъэпэщахэм икIи нэхъ гукъинэжхэм ящыщщ. Ар лирикэ лIыхъужьым лъагъуныгъэ зыхуищIа пщащэм – Лэт – хуэгъэзауэ гъэпсащ:

*Жэщ борэныр схуэхъущIэу*
*СыIутщ куэбжэм умыщIэу.*
*Уэ жей IэфIым ухэтщи, Лэт,*
*Уэ щыбгъафIэр уи пщIыхьым*
*Сэрмырамэ, гущIыхьэ*
*Къысщыхъунущ ныжэбэ, Лэт.*
**(«Лэт»)**

Мис мыпхуэдэ сатырих строфауэрэ плIы усэм къыщокIуэ. Къэтхьа едзыгъуэм деж зэрыщынэрылъагъущи, строфахэм хэт сатырхэр *AAbCCb* рифмэ ухуэкIэм тетщ (цIыхубз рифмэхэр хьэрфышхуэкIэ, цIыхухъу рифмэхэр хьэрф цIыкIукIэ къэгъэлъэгъуащ). Япэ сатырымрэ етIуанэмрэ, еплIанэмрэ етхуанэмрэ кIэух рифмэ зэгуэгъу къулейхэмкIэ зэпхащ *(схуэхъущIэу ↔ умыщIэу, пщIыхьым ↔ гущIыхьэ),* ещанэ сатырымрэ еханэмрэ къытезыгъэзэж (тавтологическэ) икIи къызэщIэзыкъуэ рифмэкIэ зэподжэж («Лэт» цIэм къытригъэзэжурэ къэхъуауэ).

Дызыхэплъэ усэм и художественнэ лъапIагъэхэм ящыщщ ар ди литературэм нэхъ кIащхъэу фIэкIа къыщамыгъэсэбэп анапестым и

жыпхъэмкIэ зэрытхари. Зи гугъу тщIыр тхыгъэм и иужьрей строфам деж нэхъ IупщIу щыболъагъу:

*Си насы̀пу гугъа̀пIэм*
*Къызэтѐпхтэм уи на̀пIэр,*
*УвыIэ̀нут борэ̀ныр, Лэ̀т.*
*Псы мыл гъу̀джэр выжы̀нут,*
*Балий жы̀гхэр гъэгъэ̀нут,*
*Гъатхэ ды̀гъэ уафIэ̀щIу, Лэ̀т.*
**(«Лэт»)**

UU – | UU – | U
UU – | UU – | U
UU – | UU – | U –
UU – | UU – | U
UU – | UU – | U
UU – | UU – | U –

Мыбдежым къыщыхьа сатыр къэскIэ анапест стопауэ тIурытI хэтщ. Ещанэ сатырымрэ еханэмрэ я кIэуххэм ямб стопа (е амфибрахий стопа иримыкъу) зырыз япытщ. А щхьэхуэныгъэ псори (рифмэ ухуэкIэр, жыпхъэр, усакIуэм и бзэр) зэхыхьэжри, усэм ритмикэ шэщIа щIалъхьащ, укъыщеджэкIэ макъамэ гуакIуэу зэхэпхыу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тхыгъэр уэрэдыпкъым хуэдэу гъэпса хъуащ. 139

Шэру Хь. и творчествэ псоми и IэдакъэщIэкIхэм язэхэзми убгъуауэ утепсэлъыхьыфынущ. Хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, пейзаж лирикэр усакIуэм и ехъулIэныгъэ нэсщ. ЩIыуэпсым теухуауэ абы и къалэмыпэ къыпыкIа усэхэр зыхэбгъэгъуэщэн щыIэкъым: дунейм и теплъэ дахэу абыхэм къыхэщхэр сурэтым хуэдэу уи нэгум къыщIоувэ. Абы щыгъуэми усакIуэм нэхъыбэрэ зи гугъу ищIыр щIымахуэрщ, уаерщ, борэнырщ, жьапщэрщ. Мис щапхъэ зыбжанэ:

*Жьыбгъэр губгъуэшхуэм*
*Щыетауэ,*
*Гъуэгум тель уэсыр*
*ЗэщIепхъанкIэ,*
*Гъуэгу гъунэ жыгхэр*
*Игъэщтауэ,*
*Дия къудамэр*
*НыщIеупскIэ.*
**(«Пшапэ борэным»)**

*Жьыбгъэу жьыбгъэ бгъакъэ,*
*Щхьэ уикIа уэ хъийм?*
*Дунейр зэщIопхъанкIэ*
*Жэщ кIыхьым, уфийу.*
**(«Жьыбгъэ»)**

*Жъыбгъэ борэныр къэгубжьауэ,*
*ЩхъэгъубжэIупIэм къытотIыркъэ.*
*БжэIупэм жыгыр щыдияуэ,*
*ГущIыхъэ макъкIэ зэщIоскъыскъэ.*

**(«Уэри гъатхэпэу къэбгъэзэжтэм»)**

Апхуэдэу Шэрум и усыгъэм къыхэщ лирикэ лIыхъужьыр нэхъыбэрэ щIымахуэмрэ щIыIэмрэ тепсэлъыхьми, езыр «гъатхэхуэплъэщ», хуабагъэрэ гуапагъэрэ щIэхъуэпс зэпытщ:

*Хышхуэр мэщэнауэ,*
*Дыгъэр погуфIыкI.*
*Хуабэм щышынауэ,*
*Уэсыр щIым тоткIукI.*
*Бзыгъэ хъуащи уафэр,*
*ЩIылъэр мэбэуэж.*
*КъэщхъуэнтIащи тафэр,*
*Бзухэр зэподжэж.*

**(«Хышхуэр мэщэнауэ...»)**



Мы пычыгъуэхэр къызыхэтха усэхэми Шэру Хь. и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу нэгъуэщI куэдми лъэпкъым и гъащIэм гуэхыпIэ имыIэу епха икIи езы усакIуэм и щхьэзакъуэ хъэтIыр зыгъэнахуэ образ телъыджэхэм уащрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, «ЩIымахуэ» усэм мыпхуэдэу хэтщ: *«Шхууэ пцIащ къуршыпсыр»* жиIэу. Япэрауэ, мыр лъэпкъ нэщэнэ (национальная символика) зыхэлъ образщ, сыту жыпIэмэ щIыIэм игъэщта е ныкъуэгъэщт ищIа къуршыпсыр шхум езыгъэпщэфынур бгырыс лъэпкъым, нэхъ щхьэтечауэ жыпIэмэ, адыгэм къахэкIа цIыхурщ – зи тхыдэр, хабзэр, анэдэлъхубзэр фIыуэ зыщIэжырщ. ЕтIуанэрауэ, мыр жыIэкIэ щIэщыгъуэщ, усакIуэм и ехъулIэныгъэхэм ящыщу къэлъытапхъэщ.

Апхуэдэу Шэру Хь. и псалъэ къэскIэ купщIафIэщ, щIагъыбзэ ящIэлъщ, языхэзми къалэн пыухыкIа ягъэзащIэу, лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэр е хэхауэ лъэхъэнэ гуэр ягъэнахуэу, и усэхэм къыщокIуэ. Псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «ЩIымахуэ» усэм дыкъыщоджэ: *«ЗэщIисаеу щIыпIэр, / Гъуэжькуийр мэщэнауэ, / Ди щхъэгъубжэIупIэр / Хъуащ бэрэбанауэ»*. Дызэрыщыгъуазэщи, ди зэманым щхьэгъубжэIупIэ щыIэжкъым, ауэ ар блэкIам и нэпкъыжьэ зытелъ образу, бзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ езы псалъэм уеплъмэ, «историзм» жыхуаIэм хуэдэу тхыгъэм хъума щыхъуащ.

Бзэм и художественнэ Iэмалхэм ящыщу Шэру Хь. и IэдакъэщIэкIхэм нэхъыбэрэ къыщигъэсэбэпар къэгъэпсэуныгъэрщ («олицетворение»-кIэ зэджэрщ). Апхуэдэу, ищхьэкIэ дызыхэплъа усэм деж жыгейр псэ зыIутым хуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ:

*Iумыл щыгъэр щхъыщхъыу,*
*Жыгейр жьым щIодэIу.*

*Лъахъшэу зыхуигъэщхъыу,*
*Гъатхэм ныщIолъэIу.*
**(«ЩIымахуэ»)**

НэгъуэщI усэхэм дежи къэгъэпсэуныгъэм и къэгъэсэбэпыкIэ къызэрымыкIуэхэм уащрохьэлIэ, мис мыпхуэдэу: *«Къалъху махуэшхуэм и жьы къабзэм / Си тхылъымпIэр кърекъухь»* («МахуэщIэ»); *«Гъыбзэр жьым кърешэ»* («ЩIымахуэ»); *«ЩIы дияри мэгызыр...»* («Лэт»); *«Дыгъэр нуру погуфIыкI»* («Пшагъуэ Iувым зиIэтащи...»); *«ПщIантIэм, къысхуэхъущIэу, / Щыетащ борэныр. <...> Iумыл трищIауэ, / Уаем псейр щогызыр»* («Уэ укъызэщыутэм...»); *«Хуэщхъэхынэу, бгыщхьэм мазэр, / ФIэмыфI щIыкIэу, къыщхъэдох»* («Вагъуэиж»). Мы щапхъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, усакIуэм адыгэбзэусэбзэ къулей Iурылъащ.

ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа лъагъуныгъэ, пейзаж мотивхэм нэмыщI, Шэру Хь. и усыгъэм нэгъуэщI лирикэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ IупщIу къыхощхьэхукI. Апхуэдэхэщ: хэкупсэ («Гъуэгу», «Джэнал», «Си къуажэгъухэр», «Балъкъ»); *философие* («Бгъэмрэ цIыхумрэ», «Псым бдзэжьейхэр хэмысатэм...», «Сэтэней», «Вагъуэиж», «Щхьэж и псэукIэ», «ЛъагапIэ», «Бгы къыгуэуа», «ЗимыпщIэнтIэпскIэ шхэм», «Насып»); *жылагъуэ* (совет зэманым и идеологиекIэ псыхьахэр: «Нур мыужьыхыж», «Уи ныпыр доIэт», «Киров»); *зауэ* («Фэеплъ сын пащхьэм», «ЩIэблэм», «Хъыбарыншэм и хъыбар») лирикэр; *хабзэ-нэмысым, гъэсэныгъэ-ущиинығъэм тещIыхьа дидактикэ усыгъэр* («Гу», «Тракторист», «УнитI нэрыбгэ», «Зигъэзыжу автобускIэ...», «Нэмысым теухуауэ», «Лела цIыкIу»); *цIыху щхьэхуэхэм яхуэгъэзахэр* («послание» жыхуаIэхэр: «ЕгъэджакIуэ» – Къамбий Мухьэб хуитхар, «Нэгумэ Шорэ»); *ауанрэ гушыIэрэ зыщIэлъ лирикэр* («Нанэ хъыджэбзу щытакъэ?», «Щэху», «ХьэгъуэлIыгъуэм...», «ЛутI тхьэмахуэр зэригъакIуэр», «Япэ лъэбакъуэ»).

Мы къедбжэкIа къудейхэри зэрыщыхьэтщи, Шэру Хь. и усыгъэм къызэщIиубыдэ тхыгъэхэр я бжыгъэкIэ куэд мыхъуми, абы къыщызэщIэкъуа Iуэхугъуэхэм я бгъуагърэ куагъкIэ къуэпс лъэщ идзат. УсакIуэм псэкIэ куэд зэригъэзахуэрт, гъащIэм хуэнабдзэгубдзаплъэт, цIыхухэм яхуэгукъабзэт, къэзыухъуреихь дахагъэм хуэнэхъуеиншэт. Псом хуэмыдэу абы фIыуэ илъагъурт и хэку цIыкIур («малая родина» жыхуаIэр) – къыщыхъуа жылэр, и къуажэгъухэр, Балъкъыпсыр, Балъкъ аузыр, и сабиигъуэр щыкIуа бгылъэ щIыпIэхэр. «ЛъагапIэ» зыфIища усэм абы щитхыгъащ:

*... Уэ укъыщалъхуащ бгы лъапэм.*
*Къыхэхыф тэмэму гъуэгур!*
*Пхэлъмэ лIыгъэ, къабзэм уи гур –*
*Унэсынщ насып лъагапIэм.*
**(«ЛъагапIэ»)**

Мыбдежми къызэрыхэщщи, усакIуэм и хэкупсэ лирикэм гугъэфIкIэ гъэнщIа *«насып», «къабзэ/къабзагъэ», «нэхущ», «лъагапIэ», «хъуэпсапIэ», «уэрэд», «макъамэ»* псалъэхэр куэдрэ къыхохуэ. «Балъкъ» усэм деж я щIыналъэм щежэх псым хуэгъэзауэ жеIэ:

*... НасыпыфIэу сэ нэхущым*
*Уи уэрэдым сыдоуш.*
<...>
*Си хъуэпсапIэщ, уэщхъыркъабзэу,*
*Емызэшу Iуэху зесхъэн,*
*Уи даущ макъамэ къабзэр*
*Си уэрэдхэм ящIэслъхьэн.*
**(«Балъкъ»)**

Хэкупсэ лирикэм и зы унэтIыныгъэу Шэру Хьэсэн и къуажэгъуxэу Нэгумэ Шорэрэ Къамбий Мухьэбрэ усэ яхуигъэпсауэ щытащ. Апхуэдэ тхыгъэхэм зэрыщыхабзэу, зи гугъу ищI лъэпкъылI цIэрыIуэхэм IуэхуфIу зэрахьамрэ дуней тетыкIэ екIуу яIамрэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм къыщигъэлъэгъуащ. Зэ еплъыгъуэкIэ, псори къызэрыгуэкIщ, арщхьэкIэ «Нэгумэ Шорэ» зыфIища усэм и ухуэкIэр къызэрымыкIуэщ. Тхыгъэр сатырищ строфауэрэ (терцетурэ) 8-уэ зэхэтщ. Строфа зэкIэлъыкIуэхэр, *AAb AAb, ABc ABc* ухуэкIэхэм тету, тIурытIыххэурэ рифмэ къулейхэмкIэ зэпыщIахэщ:

*Уи лъэхъэнэр* ***пшагъуэт.***
*Пащтыхьыжь* ***залымыгъэр***
*Урысейм и* <u>*гъуэзт.*</u>

*Ди деж* ***щыгуIэгъуэт,***
*Хэтти жэщ* ***кIыфIыгъэм,***
*Лъэпкъыр* <u>*ныдэгызт.*</u>
**(«Нэгумэ Шорэ»)**

Мыбдежым терцетхэм я япэ сатыр тIурытIыр зы рифмэкIэ, я ещанэ сатырхэр нэгъуэщI рифмэкIэ зэпыщIахэщ. Мыпхуэдэ гъэпсыкIэм ди литературэм куэдрэ ущрихьэлIэркъым. Ар усакIуэр усэм и теорием хъарзынэу щыгъуазэу зэрыщытам и щыхьэтщ.

Шэру Хьэсэн и творчествэм езыр зыхэта Хэку зауэшхуэм теухуа лирикэми щIыпIэ щхьэхуэ щеубыд. «Фэеплъ сын пащхьэм», «ЩIэблэм» жыхуиIэ усэхэмрэ «Хъыбарыншэм и хъыбар» поэмэмрэ абы зауэ гущIэгъуншэм цIыхухэм насыпыншагъэу къахуихьар, ди къэралым хэщIыныгъэшхуэу игъуэтар къыщигъэлъэгъуэжащ.

Зи цIэ къитIуа усэхэм, поэмэми хуэдэу, сюжет пыухыкIа яIэщ. Япэ тхыгъэм къыхэщ анэм, зауэлI мыцIыхум и фэеплъ сыным щхьэщыту, нэпс щIегъэкI, зауэм кIуэуэ къэзымыгъэзэжа къуэм пэплъэурэ «абы и щхьэцыр дэтхъуащ зэманым». Абы лъандэрэ илъэсипщIым щIигъу

дэкIыжащ, ауэ а пIалъэр усакIуэм зэIухауэ къигъэлъагъуэркъым, атIэ щIагъыбзэкIэ къеIуатэ:

*КIуат и къуэр зауэм илъэс пщыкIуийуэ,*
*Хъуащ илъэс щэщIи къимыгъэзэж.*
*– Дэнэ ущыIэ, си Хъэсэнбий, уэ? –*
*Маджэ, и макъым зы къимыкIыж.*
**(«Фэеплъ сын пащхьэм»)**

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зауэм зы унагъуэм, зы цIыху пыухыкIам и гум гуауэу кърилъхьар усакIуэм зи гугъу тщIы тхыгъэм къыщритхэкIыжамэ, «ЩIэблэм» зыфIища усэм деж а мафIэ лыгъейм къэрал псом зэраныгъэу, укIыгъэу къыхуихьар къыщигъэлъэгъуэжащ. Абы къызэрыхэщымкIэ, лирикэ лIыхъужьым щIэблэм захуегъазэри, нобэкIэ зыхэпсэукI мамыр гъащIэр яхъумэну, текIуэныгъэшхуэр къахуэзыхьахэр зыщамыгъэгъупщэну, абыхэм я фэеплъ сынхэм щхьэщэ хуащIыну яжреIэ. Абы къыдэкIуэу, езы зауэ зэманри цIыхухэм гугъуехь-бэлыхьу ягъэвахэри пэжагъэрэ психологие куагъэрэ хэлъу тхыгъэм къыщыIуэтэжащ:

*... Ар зэман бзаджэт. Ди лъахэр*
*Фашист шырыкъум дэгызт.*
*Лажьэншэ цIыхуу яукIхэм*
*Ялъ бахъэр щIылъэм и гъуэзт.*

*Гущэкъу уэрэду сабийхэм*
*Зэхахыр топхэм я гъуагъуэт.*
*ДэнэкIи щыплъагъур ди бийхэм*
*Кърадзых бомбэм и Iугъуэт.*

*ГуIэрт анэфIхэр мардэншэу,*
*ЩыIэт адэфIхэр зэуапIэм.*
*Къанэрт сабийхэр адэншэу,*
*Шхын щхъэкIэ бэгырт я напIэр.*
**(«ЩIэблэм»)**



Зауэр уи нэгу щIэмыкIами, абы гузэвэгъуэу къишар зэхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу гъэпсащ мы сатырхэр. Ар усакIуэм и Iэзагъэм и зы нэщэнэу, и лирикэм нэмыщI, лиро-эпикэми (поэмэхэм) къыпкъырыщащ.

«Хъыбарыншэм и хъыбар» поэмэр зауэм теухуауэ ди лъэпкъ усыгъэм къыхыхьа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. И фIэщыгъэ къудейм и деж къыщегъэжьауэ, ар и купщIэкIи, и зэхэлъыкIэкIи, и къэIуэтэкIэкIи зэпэщу, сыт и лъэныкъуэкIи зэрыт жанрым изагъэу гъэпса тхыгъэ гъэщIэгъуэнщ. Поэмэр Iыхьитхуу зэхэтщ, зызыужь сюжетрэ образ системэ пыухыкIарэ иIэу.

Тхыгъэм зауэм и ублапIэ дыдэу – июнь мазэу – къыщIедзэ. Дзэ къулыкъу езыхьэкIыу мэз лъапэм деж шэтыр къалэ щызыу-хуауэ щIэс гупым зауэр къызэрыхьеямкIэ хъыбар къаIэрохьэ. Тхыгъэм лIыхъужь нэхъыщхьэу къыхэщыж Алий фIыуэ илъагъу пщащэм письмо хуитхыну тхылъымпIэ напэрэ къалэмрэ къигъэхьэзырауэ здэщысым, телефонкIэ къыжраIа хъыбар жагъуэм зи ужь ит Iуэхури IэщIегъэхужри къыщолъэт. Псори зэхэзежэ мэхъу, куэд дэмыкIыу «ди зауэлIхэм яIыгъ Iуащхьэр бий пехотэм къеувыхь». Поэмэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэхэм деж ди сэлэтхэм (Хабибулин, пулеметчик Данилин Лев, лейтенант Алий, Сидоренкэ Игнат сымэ) бэнэныгъэ лъэщ зэрырагъэкIуэкIыр икIи я хэкум и хуитыныгъэм псэуасэ зэрыщIатыр къыхощ. Псом хуэмыдэу гущIыхьэу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ зи закъуэ дыдэу къэна Алий и кIуэдыкIэ хъуар:

*Хъуащ гъусэншэ. Лейтенантым*
*Бий бгъэрыкIуэр зэпеплъыхь.*
*ЕпIэщIэкIыу бий пехотэм*
*Лейтенантыр къеувыхь.*

*Алий Iэлу зыкъеIэтри,*
*Гранат закъуэр бийм хедзэж.*
*И кIэрахъуэр кърепхъуэтри,*
*Шэ къинамкIэ зеукIыж...*

**(«Хъыбарыншэм и хъыбар»)**



Поэмэм и еплIанэ Iыхьэм деж, тхыгъэм и психологие кууагъыр щIигъэбыдэу, зэгуэрым Алий и анэ Iэнисэт хуитхауэ щыта письмор къыхохьэ. Хъыбарыншэ хъуа къуэм хуэзэшыхукIэ, гуауэм ихь анэм ар щIеджыкIыж. Письмом итт:

*«СыфIщ, сыузыншэщ,*
*СэркIэ, анэ,*
*ЗумыгъэIэ зы гухэщI.*
*ГущIэгъуншэу бий емынэр*
*ТщIынщ мыгувэу лъапсэ нэщI.*

*Мис итIанэ лIыхъужь куэдым*
*Хэту уи къуэр нэкIуэжынщ.*
*И анэфIу и псэм хуэдэм*
*IэплIэ гуапэ пхуищIыжынщ».*

**(«Хъыбарыншэм и хъыбар»)**

Апхуэдэурэ мы тхыгъэмкIэ Iэнисэт и гур игъэфIми, куэд дэмыкIыу, абы и къуэр хъыбарыншэу зэрыкIуэдар зэрыт письмо щимэр къыIэрохьэ.

Поэмэм и етхуанэ Iыхьэм зауэ нэужь лъэхъэнэу, ар ди къэралым и текIуэныгъэшхуэкIэ иухауэ, псэууэ къэна зауэлIхэм хэкум къагъэзэжу къыщыгъэлъэгъуащ. Ауэ Алий зэрылъэужьыншэщ, анэр къуэм пэплъэ зэпытщ:

*Iэнисэт и щхъэцыр уэсу*
*Пэплъэныгъэм къыдотхъух.*
*Гугъэ жылэр гум щыхисэу,*
*Гуауэ хъэлъэр ирекъух.*

**(«Хъыбарыншэм и хъыбар»)**

Апхуэдэу тхыгъэр хэкIыпIэншэрэ гугъапIэншэу еух. УсакIуэм и поэмэм гупсысэ нэхъыщхьэу щIилъхьаращи, зауэм зи псэр щинахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэж (Iэнисэт хуэдэхэр) мылIэ-мыкIуэду дуней къытринащ. А тхыдэ къэхъугъэшхуэр илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ щIэныгъэлIхэм яджыж, къищынэмыщIауэ, дызыхэплъа тхыгъэмрэ ар зи IэдакъэщIэкI усакIуэмрэ хуэдэхэм я фIыгъэкIэ Хэку зауэшхуэм и пэж гуауэмрэ хэкIуэдахэм я фэеплъымрэ ди литературэми хъума щыхъуащ.

Гупсысэу къыщыIэтахэм я кууагъкIэ Шэру Хьэсэн и зауэ лирикэм пэбгъэувыну къозэгъ абы и философие усыгъэри. Иужьрейм хиубыдэ тхыгъэхэр IущыгъэкIэ гъэнщIахэщ, абыхэм усакIуэм иIа дуней лъагъукIэ къызэрымыкIуэр къапкърыщащ икIи, философие лирикэ лIэужьыгъуэм зэрыщыхабзэу, ущие мыхьэнэ ящIэлъу, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ яхэухуэнауэ гъэпсахэщ. Апхуэдэхэр бзэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, щIагъыбзэхэмкIэ, образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ псыхьахэщ. Псалъэм папщIэ, къедбжэкIа псом тещIыхьауэ нэхъ нэщIыса хъуахэм ящыщщ «Щхьэж и псэукIэ» усэр. Ар езыр кIэщIщ (зэрыхъур строфаитI къудейщ), ауэ купщIэшхуэ хэлъу гъэпсащ: 

*Тхъэрыкъуэр еншэщи, мэбагъуэ,*
*Ар пэмыIэщIэ гущIэгъу.*
*ПсэупIэу иIэщ унагъуэр,*
*Ар хэти фIыуэ елъагъу.*

*Къашыргъэр лышхщи, мэзеуэ,*
*Къуалэбзу куэдми ар щешэ,*
*Бзухэм щыфIыкIыу джэд еуэм,*
*Абы къытохуэ фочышэ.*

**(«Щхьэж и псэукIэ»)**

Мыбдежым аллегорие Iэмалыр гъэщIэгъуэну къыщыгъэсэбэпащ. Бзухэм я гугъу ищI хуэдэурэ, абыхэм я образымкIэ усакIуэм цIыхухэм

я хьэл-щэнхэр, я зэхущытыкIэхэр, жылагъуэ зэхэтыкIэр къигъэлъэгъуащ. ГъащIэм сыт щыгъуи зэрыщыхабзэщи, зыгуэр зылъэкIхэм зи къарурэ зэфIэкIрэ нэхъ мащIэхэр тегушхуэгъуафIэ ящI, ауэ хэт нэхъри нэхъ лъэщыж Ухыгъэм щхьэж и пIэ ирегъэувэж. Аращ усэм и кIэух сатыритIым щIагъыбзэу щIэлъыр: адыгэ псалъэжьхэмкIэ жыпIэмэ – «ЩыкIыр насып укIыжщ», «Зи Iыхьэр зыфIэмащIэм хьэм фIешх», «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ».

Усэм и гъэпсыкIэми гъэщIэгъуэнагъ хыболъагъуэ – и ритмикэ ухуэкIэкIэ, итIанэ псалъэ щхьэхуэхэм (мэзеуэ) я къэгъэсэбэпыкIэкIэ ар IуэрыIуатэ усэхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ пэблагъэщ. Тхыгъэм хэт сатырхэр рифмэ къулейхэмкIэ зэпыщIащ: *мэбагъуэ ↔ унагъуэр, гущIэгъу ↔ елъагъу, мэзеуэ ↔ еуэм, щешэ ↔ фочышэ.*

Куэд дыдэ мыхъуми, Шэру Хь. и усыгъэм гушыIэмрэ ауанымрэ хэухуэнащ. Ахэр зи лъабжьэ усэхэм дыхьэшхэнри, дыхьэгъри, ущиери щызэщIэлъщ. Псалъэм папщIэ, «Щэху» усэм колхоз Iэтащхьэм («предколхоз» жиIэу тхыгъэм къыщокIуэ – «председатель колхоза» къикIыу) и образ гурымыхь къыхощ. АрщхьэкIэ абы и теплъэр е и хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр къигъэлъагъуэу усакIуэм зы псалъи итхкъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ и персонажым хущIэбжэркъым. Лирикэ лIыхъужьым и шыфэлIыфэр наIуэ къыщыхъур абы и щхьэгъусэм дригъэкIуэкI псалъэмакъырщ. *«КъыкIэрохур си колхозыр, / <...> / Сыт Iэмалу сэ злэжьыну?»,* – жиIэу щыщIэупщIкIэ, щхьэгъусэм жэуап гъэщIэгъуэн къретыж:

> *– Уи къулыкъум уэ утекIым,*
> *Iуэхур тэрэзынущ...*
> *ЖеIэр фызым. – Уи зэфIэкIым*
> *Аращ езэгъынур!*
> **(«Щэху»)**

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, ауанымрэ гушыIэмрэ я лъабжьэу Шэру Хь. и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр цIыху щхьэхынэхэм, лэжьыгъэм зыпыIузыдзхэм, зи къулыкъум хуэмыфащэхэм, фадафэхэм, хабзэм ебакъуэхэм, гъэсэныгъэ зыхэмылъхэм я щIэнэкIалъэу гъэпсащ. Абы къикIыращи, усэхэм ящIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр ауан зыхуэфащэхэм я дагъуэхэр егъэлъагъужыным, апхуэдэ щIыкIэкIи ахэр гъуэгу захуэ тешэжыным хуэунэтIащ.

УсакIуэр е тхакIуэр нэхъыбэрэ тхэхукIэ, абы и къалэмым зиукъэбз, и Iэзагъэм хигъахъуэ зэпытурэ екIуэкI хабзэщ. ИщхьэкIи зэрыщыжытIащи, Шэру Хьэсэн нэхъ иужьрейуэ и Iэдакъэ къыщIэкIа, и усакIуэ хъэтIыр нэгъэсауэ щызэфIэува тхыгъэ нэхъыфIхэр ди деж къэсыжакъым, ахэр лъэужьыншэу кIуэдащ. Абы и ещанэ тхылъым хигъэхьауэ уэсятхэм къыщигъэлъэгъуэжа усыгъэхэм ящыщу дунейм къытехьар «Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ» поэмэм и закъуэщ. Ари езым зэ-



10 Заказ №206

ритха дыдэм хуэдэу къытIэрыхьакъым, атIэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тету дызрихьэлIар Мэремкъул Ларисэ урысыбзэкIэ зэридзэкIа тхыгъэрщ. Абы щыгъуэми зэдзэкIакIуэм поэмэм и фIэщыгъэр ихъумакъым, атIэ «Лъагъуныгъэм теухуауэ иджыри зы хъыбар» («Еще одна легенда о любви») жиIэу фIищащ.

УрысыбзэкIэ дызыхэплъам тепщIыхьмэ, «Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ» поэмэм лъабжьэ хуэхъуар зи хъыбархэр дуней псом щызэлъащIысауэ фIыуэ зэрылъэгъуахэу Ромеорэ Джульеттэрэ, Лейларэ Меджнунрэ, Тахиррэ Зухрарэ (Зохрарэ), адыгэ литературэм деж – ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм къыхэщыж Къамботрэ Лацэрэ, Мадинэрэ Зауррэ хуэдэу лъагъуныгъэ куу зэхуэзыщIа ныбжьыщIитIым – Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ – я Iуэхур къызэрекIуэкIарщ. КъедбжэкIахэми хуэдэу, абыхэм я насыпыр гъащIэм щахуэгъэувакъым, ауэ я зэхуаку къыдэхъуа гухэлъ къабзэм я псэр щIатащ. Поэмэм и кIэухым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ я кIуэдыпIэ хъуар Iуащхьэмахуэ и щыгурщ икIи абы нэхъ къыхэгъэбелджылыкIауэ къытещ IуащхьитIыр а ныбжьыщIитIым я хьэдащхьэр аращ.

«Алъхьэтрэ СэIихьэтрэ» поэмэм и фIагъхэр псалъэуха зыбжанэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, Iэмал имыIэу абы къэхутэныгъэ щхьэхуэкIэ къытедгъэзэжынущ, ауэ мыбдежым къыхэгъэщыпхъэращи, ар лъэпкъ лиро-эпикэм и хэлъхьэныгъэ нэсщ. УрысыбзэкIэ нэхъ мыхъуми, а тхыгъэр зыхъума икIи дунейм къытезыгъэхьэжа Мэремкъул Ларисэ фIыщIэ гуапэ хуэфащэщ.

Шэру Хьэсэн и усыгъэм нэIуасэ зыщыхуэпщIкIэ, езыр игъащIэ лъандэрэ пцIыхуауэ, уи уэршэрэгъуу щытауэ къыпфIощI, абы къыщиIэта гупсысэхэмрэ ахэр къызэриIуэта бзэмрэ апхуэдизкIэ хуабэщи, гуапэщи, гъащIэм щыщщи. Антуан де Сент-Экзюпери и «Пащтыхьыкъуэ цIыкIу» тхыгъэ цIэрыIуэм щитхыгъат: «Уэ ущыпсэур уи IуэхущIафэхэращ, атIэ уи Iэпкълъэпкъыр аракъым» («Ты живешь в своих поступках, а не в теле»), – жиIэу. Мы Iущыгъэр усакIуэм е тхакIуэм ехьэлIауэ къэбгъэлъагъуэмэ, ар щыпсэур и IэдакъэщIэкIхэрщ, ахэр абы и псэм и гъуджэщ икIи езыр сыт хуэдэ цIыхуу дунейм тетами е тетми и тхыгъэхэм наIуэу къапкърощ. И усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыщыхьэтщи, Шэру Хьэсэн зэхэщIэ куу зиIэ лирик нэст, усакIуэ псэ пIащIэт, гу къабзэт, Дзэлыкъуэ щIыналъэм къыщыхъуахэм я псалъэкIэ жыпIэмэ – «Балъкъыпс ефат».



**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

*Усэхэр* ШЭРУ Хьэсэн

## СИ КЪУАЖЭГЪУХЭР

Альпинистхэщ си къуажэгъухэр,
ГъащIэфI гъуэгум щемызэш,
Бгым дэкIыныр зымыужэгъухэщ,
Щыгу нэхупIэм бэр хуагъэш.

Къытехьами Iуву пшагъуэ,
Гъуэгум гъуащэу, зикI, темыкI.
Борэн ябгэ къатегъуагъуэм,
Къэдзыхэжи къахэмыкI.

Си къуажэгъухэр нэху лъагапIэм
НэсыфынкIэ мэхъу си фIэщ,
Ар къарухэм я хэкIыпIэ
Схуохъури, сэри садолъэщ.
1957



## ГУАУЭР УИ ГУМ ИМЫХУЖ

Гъатхэ пасэр уэгъуу щытым,
Удзхэр щIэхыу мэгъуэлэж.
ХэмыкIасэу уэшх ягъуэтым,
ЩIэрыщIэжу мэгъэгъэж.

Уэгум пшэр текIуэтым, мазэр
Дэ аргуэру долъагъуж,
Гугъуехь хьэлъэ ущыхуэзэр,
Зыбгъэпсэхумэ, пщогъупщэж.

Псыр мыл джанэм исеямэ,
Гъатхэ хуабэм досэхыж.
ФIыуэ плъагъум къуипэсамэ,
Гуауэр уи гум имыхуж.

## УЭ УКЪЫЗЭЩЫУТЭМ…

СщIэркъым уэ дахащэм
ЩIэбгъэбыдэр уи бжэр,
Сэ ныжэбэ жэщым
СыIутщ уи щхьэгъубжэм.

Мазэр къысхуехьэхым,
Саугъэт пхуэсщIынут,
Уи бжэр къызэIупхым,
Сэ сыныщIыхьэнут.

Ауэ сыкъыумыщIэу,
Уожей нэ къуэлэныр,
ПщIантIэм, къысхуэхъущIэу,
Щыетащ борэныр.

Iумыл трищIауэ,
Уаем псейр щогызыр,
Сэри сыпIыщIауэ,
МащIэу сокIэзызыр.

СфIощI укъызэщыутэм,
Жьыбгъэр теужыну,
Уэ сызэхэпщIыкIтэм,
Дунейр уэфI хъужыну.



## ВАГЪУЭИЖ

Хэгувами, май жыг щхьэкIэм
Бзум щыжаIэ я уэрэд,
Уафэ джабэм нур зэмыщхькIэ
Вагъуэ минхэр къыщолыд.

Хуэщхьэхынэу бгыщхьэм мазэр
ФIэмыфI щIыкIэу къыщхьэдох,

Балъкъ аузым щхьэщыт гъуэзыр
Акъужь гуакIуэм ныщхьэщех.

Зэуэзэпсэу вагъуэижым
КIэух хъуаскIэр кърепхъых,
Мис апхуэдэу бэм яхэжым
ЩIыхьыр гъащIэм ныщеух.

## УЭРИ ГЪАТХЭПЭУ КЪЭБГЪЭЗЭЖТЭМ...

Жьыбгъэ борэныр къэгубжьауэ,
Щхьэгъубжэ1упIэм къытотIыркъэ.
БжэIупэм жыгыр щыдияуэ,
ГущIыхьэ макъкIэ зэщIоскъыскъэ.

Iумылыр джанэу щитIэгъауэ,
Жыгыпкъыр уаем зэщIекъузэ,
Джафэ тхьэмпэншэу къигъэнауэ,
Залым къарукIэ трекъузэ.

Ауэ, сэ сощIэ, гъатхэр къэсым,
А Iумыл джанэр щихыжынщ,
НыдэщIэращIэу май дыгъэпсым,
Къудамэу тетыр гъэгъэжынщ.

Уэри гъатхэпэу къэбгъэзэжтэм,
БампIэу къысхуэпхьхэр сэхыжынт,
Губжьыр щыбнэжу укъызэкIужтэм,
Май жыг гъэгъауэ зызбжыжынт.



## БАЛЪКЪ

Балъкъыжь уэру зи даущым
ЩIэжьыуэжу гъуэгу хэзыш,
НасыпыфIэу сэ нэхущым
Уи уэрэдым сыдоуш.

Ухуопlащlэ уэ Тэрч иным
Уи псыпыхухэр нэпхъэсын.
Сытогушхуэ уи толъкъуным
Шагъдий папщlэу сышэсын.

Си хъуэпсапlэщ уэщхьыркъабзэу
Емызэшу lуэху зесхьэн,
Уи дауш макъамэ къабзэр
Си уэрэдхэм ящlэслъхьэн.

## ЛЪАГАПIЭ

Гъуэгущ, уебакъуэмэ бжэщхьэlум,
Къуршми мэзми ар пхрокl.
Ди щlыналъэм и гущlыlум
Гъуэгу мин lэджэ щызэблокl.

Ауэ зэщхьу гъуэгуитl щыlэ?
Зым удишми бгым и щыгум,
Урешалlэ зым щыхупlэм —
Адэкlэ кlуэ уэ, лlыгъэ уиlэм.

... Уэ укъыщалъхуащ бгы лъапэм.
Къыхэхыф тэмэму гъуэгур!
Пхэлъмэ лlыгъэ, къабзэм уи гур —
Унэсынщ насып лъагапlэм.

## ЖЬЫБГЪЭ

Жьыбгъэу жьыбгъэ бгъакъэ,
Щхьэ уикlа уэ хъийм?
Дунейр зэщlопхъанкlэ
Жэщ кlыхьым, уфийу.

Жыгхэр боудынышlэ,
Я щхьэр щlым хокухь.
Уэнжакъым ухъущlэу
Уэ къыщыбожыхь.

Жьыбгъэ, тесабырэ!
Анэр гъэгъуэлъыж.
ІэфІу жей сабийри
Къыумыгъэушыж.

## ЩІЫМАХУЭ

Пкъохэм фІэщІа кІапсэм
Бзухэм зыщагъэш.
Шхууэ пцІащ къуршыпсыр,
Гъыбзэр жьым кърешь.

ЗэщІисаеу щІыпІэр,
Гъуэжькуийр мэщэнауэ,
Ди щхьэгъубжэІупІэр
Хъуащ бэрэбанауэ.



Жьыбгъэм ихь шыц уэсыр,
Мыл бетону, мэж.
ІурыщІащ къуршыпсыр,
Трилъхьащ лъэмыж.

Іумыл щыгъэр щхъыщхъыу,
Жыгейр жьым щІодэІу.
Лъахъшэу зыхуигъэщхъыу,
Гъатхэм нышІолъэІу.

## БГЫ КЪЫГУЭУА

Іэуэлъауэ иныр щызэхэсхым,
ЩтэІэщтаблэу зэуэ сызоплъэкІ,
Къыр хьэдзэшхуэр къуакІэм ныщыдэхуэм,
Сабэ Іувыр гъуэзу зэренэкІ.

Сэ соплъыжыр бгы гуэуа лъэужьым,
Щыхъуащ къуакІэ куум

Къыр хьэдзэр щыкъуей…
Зи Хэку-анэм епцIыжыну хуежьэм
Ещхьу хъуащ а къырыр кIуэдыкIей.

## НАСЫП

Уэ сыплъыхъуэу сынолъатэ уэгум,
Пшэ адрыщIым сыныщыпхуэмызэ.
Сыкъохьэжри псэм и щIасэ щIыгум,
Уи лъыхъуэным къыщытызогъазэ.

Уи хэщIапIэр дэнэ, си хъуэпсапIэ? –
Сэ си упщIэм жэуап пщимыгъуэт.
Зызодзыхри хышхуэм и куупIэм,
Уэ абыкI укъыщызмыгъуэт.

… УкъысхуокIуэ зыри хэзмыщIыкIыу,
Си псэупIэм щэхуу укъыщIохьэ.
УсфIожьэжыр си гум упымыкIыу,
СыпкIэлъыжэу щытми, сыпщIэмыхьэ.

# ГЪУАЗДЖЭМ КЪЫХУИГЪЭЩIА БАХЪУЭ БЕТIАЛ



ТхакIуэ, усакIуэ, артист, уэрэдус, сурэтыщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бахъуэ БетIал ТIрашэ и къуэр Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1935 гъэм дыгъэгъазэм (декабрь) и 12-м къыщалъхуащ. Гугъу ехьу къэтэджащ ар. Пасэу адэ-анэншэу къанэри, и анэшхуэм ипIыжащ. Къуажэ курыт еджапIэм щIэсу гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ дихьэхащ БетIал. Сабийхэм папщIэ школым къыщызэIуаха театрым хыхьауэ щытащ ар; роль игъэзащIэхэр гукъинэжт, и джэгукIэр, артист хьэзырым хуэдэу, адрей сабийхэм къахэлыдыкIырт. Абы къищынэмыщIауэ, и япэ усэ цIыкIухэр, спектакль ягъэувхэм я сценариехэр итхыу хуожьэ. ЩIалэм и зэчийм егъэджакIуэхэр щыгъуазэт икIи хуагъэдахэрт, ауэ и анэшхуэм игу ирихьыртэкъым школым зэман куэд пщIэншэу зэрыщигъакIуэр. БетIал мэкъумэшым елIалIэу, унагъуэм хьэрычэт кърихьэу, щIэгъэкъуэн къыхуэхъуу игъэпсэунути, IэщIагъэ хуэмыхъунум зэман лей тримыгъэкIуэдэну иущийрт. АрщхьэкIэ хэлъ зэчийм БетIал иригъэтIысэхыртэкъым, и псэр театрым ихьэхуат. Къуажэ еджапIэм пэщIэдзэ щIэныгъэр щызригъэгъуэтащ, классиблыр къиухыху щеджащ.

БалигъыпIэм щиувэм, Бахъуэр 1954 гъэм дзэм къулыкъу хуищIэну къэралым иреджэ. А пIалъэр ирихьэкIа нэужь, Латвием и Елгавэ къалэм дэт машзаводым щылэжьэну къыщонэ. Лэжьыгъэ IэнатIэм зэрыIутым хуэдэурэ, илъэситIкIэ заочнэу йоджэжри, классибгъур къеухыж. ИужькIэ БетIал Москва дэт ЦIыхубэ университетым («Рисунок и живопись» къудамэр) и илъэситI курсыр къеух.

1957 гъэм щIалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, фIыуэ илъагъу и хэкум къегъэзэжри, Шэджэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм лэжьэн щыщIедзэ. А IэнатIэм зэрыпэрытым хуэдэурэ, БетIал КъБАССР-м пшынауэхэмрэ хормейстерхэмрэ щагъэхьэзыр и курсыр къеухыж. А зэманым хуэзэу, игу зыхьэхуа Мариерэ абырэ унагъуэ дахэ зэдаухуэри, сабиитI зэдагъуэт. Ахэр къызэраIэтынум, зэрырагъэджэнум яужь иту мэпсэухэр.

1959 гъэм къыщыщIэдзауэ Бахъуэм и зэфIэкIым хегъахъуэ, абы и Iэдакъэ къыщIокI усэхэр, рассказхэр, повестхэр, ауанхэр, уэрэдхэр.

1960 гъэм Бахъуэ БетIал Бахъсэн къалэ ЩэнхабзэмкIэ и унэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэм художникыу щылэжьэну мэув. ИужькIэ абы къыщызэрагъэпэща агитбригадэм и художественнэ унафэщI ящI, уэрэджыIакIуэхэм ядолажьэ, программэщIэхэр егъэ-

хьэзыр. А зэманым Москва зэпеуэхэр щекIуэкIырт, агитбригадэхэм гулъытэ хуащIу. Къэралым и къалащхьэм къикIри, щэнхабзэм и лэжьакIуэ Рубб Александр республикэм къэкIуат, зэхьэзэхуэхэр къипщытэну, щэнхабзэмкIэ яIэ зэфIэкIым еплъыну, къыхэжаныкIахэр зригъэцIыхуну. Апхуэдэу республикэ зэпеуэхэм хэплъа нэужь, Зеикъуэм и агитбригадэр Москва ягъэкIуэну унафэ ящI. УтемыукIытыхьу къалащхьэм зыкъыщигъэлъэгъуэн папщIэ, гупым дэлэжьэну Къашыргъэ Билал, Бахъуэ БетIал, концертмейстеру лажьэ Къуэдз Iэбубэчыр сымэ Зеикъуэ ягъакIуэ. МазэкIэ ягъэхьэзыращ программэр. 1964 гъэм ахэр Москва яшэ. Агитбригадэм хэтт Къашыргъэ Билал, Бахъуэ БетIал, Щомахуэ Хьэсэнбий, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къуэдз Iэбубэчыр, Согуэ Данил, Соблыр Людмилэ, Щомахуэ Юрэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд сымэ.

Гъуазджэм и лэжьакIуэхэм я унэшхуэм щекIуэкIа концертым щыIуащ Гъубжокъуэ Лиуанрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?» уэрэдыр. И зы едзыгъуэри урысыбзэкIэ зэрадзэкIри, псалъэхэм я мыхьэнэр къагурыIуауэ, пшыхьым кърихьэлIахэм абы Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. Агитбригадэм къигъэзэжауэ щытащ япэ увыпIэр къиихьауэ.

Бахъуэ БетIал апхуэдизкIэ IэкIуэлъакIуэт, зэчиифIэти, ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща театр цIыкIум игъэув спектаклхэм я декорацэхэр езым къигупсысырт, игъэхьэзырырт. Абы къищынэмыщIауэ, спектаклхэм хэт макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ зытхри БетIалт. А спектаклхэм езыри щоджэгу, роль игъэзащIэр къуажэдэсхэм ягу къинэжрэ, «етIуанэ гъуэгуи тлъэгъуарэт» жаIэу. Апхуэдэу БетIал и цIэр фIыкIэ мэIу, цIэрыIуэ мэхъу. 1962 гъэм республикэм щекIуэкI зэпеуэм театрым къыщигъэлъэгъуауэ щытащ КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. Зэхьэзэхуэ нэужьым а IуэхущIапIэм къыфIащащ «ЦIыхубэ театр» цIэ лъапIэр.

Бахъуэ БетIал а театрым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. ЗэманкIэ абы Ерчэн Леонид унафэщIу, Бахъуэр режиссёру щылэжьащ. А театрырат БетIал *«ПсэкIэ къазэуа насыпыр»*, *«Ди хьэблэм къыщыхъуахэр»* пьесэхэр зыхуитхар. Бахъуэм роль игъэзащIэхэр апхуэдизкIэ къехъулIэрти, цIыхубэ театрым щагъэувa спектакль 25-м роль нэхъыщхьэу хэтхэр Ерчэн Леонид къыхуигъэфэщауэ щытащ абы. Ар щыджэгуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и *«Мадинэ»*, *«Къамботрэ Лацэрэ»*, Хугаев Георгий и *«Си щхъэгъусэм и щхъэгъусэ»*, *«Щыкъу анэ»*, Сулейманов Абдул-Вагаб и *«Алэкъейрэ ТIалэкъейрэ»* (ТIалэкъей и ролыр игъэзэщIащ), Мольер Жан-Батист и *«ЗалымыгъэкIэ ягъэIэза»* (Сканарель и ролыр), Къамбий Джэфар и *«Iей пщIауэ, фIы ущымыгугъ»* спектаклхэм, нэгъуэщIхэми. Бахъсэн театрым псэ хэзылъхьэ Бахъуэ БетIал гушыIэр и Iэпэгъут, ар и дуней тетыкIами, и тхыгъэхэми IупщIу къыхэщырт. Псом хуэмыдэу и гушыIэ пьесэхэм. Театрырати, цIыхухэм фIыуэ къацIыхуат, ялъэгъуати, залым щIэзу къызэхуэсырт, IэплIэешэкIкIэ къуажэхэм ирагъэблагъэрт.

1969 гъэм БетIал, и унагъуэр и гъусэу, Бахъсэн къалэ мэIэпхъуэ икIи куейм и щэнхабзэр къеIэт, радиом къит и уэрэдхэмкIэ жылэдэсхэр игъэгуфIэрэ «дыдейщ» жаIэу. 1982 гъэ пщIондэ БетIал районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм сурэтыщIу щылэжьащ. И къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу куэд пщэрылъ зыщищIыжырт, зы Iуэхуи уэим ищIыртэкъым.

1982 – 1990 гъэхэм Бахъуэр методисту ирагъэблагъэ Бахъсэн районым и агитационно-художественнэ бригадэм. БетIал еш имыщIэу матхэ, махуэшхуэхэм хуэгъэза сценариехэм нэмыщIкIэ, интермедиехэр, гушыIэ кIэщIхэр, ауанхэр агитбригадэм хуетх. БетIал и гупыр районым щекIуэкI зэхуэсхэм, махуэшхуэхэм къыхолыдыкI, утыкур ягъэбжьыфIэу, жылэдэсхэм гукъыдэж ирату. Методист лэжьыгъэм къыдэкIуэу, театр лэжьыгъэм нэхъ кууэ хищIыкIын папщIэ, Бахъуэ БетIал КъБКъУ-м щыIа театр курсхэм 1987 гъэм щоджэ, и щIэныгъэм хегъахъуэ.

Бахъуэм и гурылъ-гурыщIэхэр пасэу дунейм къытехьэу хуежьащ усэу, макъамэ дахэу. Абы и тхыгъэхэм къыхощ адыгэ хэкум, лъэпкъым, хабзэм, анэдэлъхубзэм пищI зэрыщымыIэр. БетIал и гу хуабагъымрэ цIыхум хуиIа лъагъуныгъэмрэ белджылыуэ къыбгурагъаIуэ *«Сыщалъхуа щIыналъэ», «Жей, си анэ», «Си бзэу си лъэпкъыцIэ»* усэхэм, нэгъуэщIхэми. Щхьэпэщ икIи щапхъэщ Бахъуэ БетIал и IэдакъэщIэкIхэр. Иджы и тхыгъэхэр газетхэм къытрадзэрт, усэхэмрэ уэрэдхэмрэ радиомкIэ къатырт, телевиденэм къигъэлъагъуэрт. Илъэс зэхуэмыдэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ БетIал и IэдакъэщIэкIхэр зэрыт тхылъхэр. Апхуэдэу 1986 гъэм дунейм къытехьащ гушыIэ кIэщIхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса, «Анэл» зыфIища тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ рассказхэмрэ повестрэ зэрыт «Нэпсрэ насыпрэ» жыхуиIэр (1995). Усэхэмрэ уэрэдхэмрэ яхухэха «Адыгэ пщащэр къофэ» тхылъыр 2001 гъэм дунейм къытехьащ. Дэтхэнэ зыми цIыхухэр щыгуфIыкIащ, абыхэм ярыт IэдакъэщIэкIхэм псэ яхэтти, гу къабзэ-псэ хьэлэлым къиIукIти.

1990 гъэм щыщIэдзауэ, щэнхабзэмкIэ къудамэм и методисту райисполкомым щылэжьащ Бахъуэр. А илъэсхэм дунейм къытехьащ гупсысэ куу зыщIэлъ и рассказхэр, повестхэр. Зи сабиигъуэр зауэ зэман илъэс хьэлъэхэм хиубыда БетIал и тхыгъэхэри нэхъыбэу зытеухуар а лъэхъэнэм ишэча хьэзабымрэ къуажэдэсхэм ягъэва бэлыхьымрэт. Псалъэм папщIэ, *«Нэпсрэ насыпрэ»* зыфIища повестым и япэ напэкIуэцIым тетщ: *«Си анэшхуэ Бахъуэ Ужьэ фэеплъ хузощI»*. Мы повестым IупщIу уи нэгу къыщIегъэувэж ар зэхьэлIа зэман гугъур.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къэпщытакIуэ гупым и унафэщI Тхьэзэплъ Хьэсэн гуапэ дыдэу хущытт Бахъуэм и творчествэм. Абы и лъэIукIэ, и щытхъу псалъэкIэ Бахъуэ БетIал 1997 гъэм Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. ИкъукIэ зыщыгуфIыкIа тхылъымпIэр и дуней ехыжыгъуэм хуэзами, цIыхубэм Бахъуэ БетIал и творчествэм хуищIа лъагъуныгъэм ар

псэуху, и гъуэгур нэху хуищIу, дамэ къытригъакIэу, и гур игъэпIейтейуэ щытащ.

Куэдым хуэIэижьт БетIал. И гупсысэхэм куэдри къыщыхигъэщу щытащ мы псалъэхэр: «ЦIыхур къыщIигъэщIыр гъащIэ мащIэр игъэдэхэн хуейуэ аращ, мыхьэнэншэу гъащIэр умыгъакIуэу, ар бгъэщIэращIэу упсэупхъэщ». А гупсысэм тету езыри псэуащ, лэжьащ. ТхыгъэфIхэм я мызакъуэу, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым хуэIэижьт ар: сурэтыщI Iэзэт, хьэпшып хьэлэмэтхэр пхъэм къыхищIыкIырт, и IэкIэ ищIа лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр *(шушу, пхъэцIыч, мандолинэ, бэрэбанэ)* БетIал и фэеплъу, и унагъуэм нобэми щызэрахьэ.

Бахъуэ БетIал IуэхущIафэ дахэу къигъэнахэм ящыщщ и уэрэд цIэрыIуэхэр. Ахэр лъэпкъым и Iэпэгъуу дунейм тетщ, адыгэм псэ хуэхъуащ, жьыми щIэми я дзапэ уэрэдщ. Езы БетIали уэрэдыр и гъащIэ гъусэт, и гукъыдэжт, и Шыхулъагъуэт. «Мэзым сыкIуами, бдзэжьеящэ сыщыIэми, – жиIэрт абы, – зы дахагъэ гуэр сымылъагъуныр Iэмал зимыIэщ, нэкIэ мыхъуми псэкIэ зыхэпщIэу. Ар щхьэм къохьэ усэу е макъамэ гуэру. КъызэхъулIэрэ ар цIыхубэм ирахьэжьэмэ, гъащIэм и IэфIагъ зыхэсщIэу и дахагъэм сыхешэ».

Бахъуэ БетIал уэрэд тхыным гукъыдэж кърриту зэрыхуежьам я фIыщIэ хэлът Бахъсэн ЩэнхабзэмкIэ и унэм и агитбригадэм къыдыхэтхэм. Абыхэм къуажэ куэдым зыкъыщагъэлъагъуэрт, республикэм и утыкушхуэхэр ягъэбжьыфIэрт, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэми IэплIэешэкIкIэ ирагъэблагъэрт. Сценэм и Iупхъуэр зэIукIыу БетIал утыкум къызэрихьэу, зы псалъи жимыIэ щIыкIэ, цIыхухэр Iэгуауэшхуэкlэ къыпежьэрт. Арат езыгъэкIуэкIыр концертхэр. И гушыIэхэмкIэ, монологхэмкIэ игъэщIэращIэрт программэр. Концерт щыкIуэкIэ, пшынауэхэм ящыщ зыгуэркIэ сымаджэ хъуамэ, гупым езыр яхэтIысхьэрти, пшынэр къищтэрт, шушу Iэмэпсымэрауи е мандолинэуи щрети, дэтхэнэми еуэфырт. ЖыпIэнурамэ, оркестрыр игъэщIэращIэрт, псэ хилъхьэрт.

Бахъуэ БетIал и уэрэдхэр ди гъунэгъу республикэхэми щагъэзащIэ, псом хуэмыдэу Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэми ахэр фIыуэ ялъагъу.



БетIал и уэрэдхэр 100-м щIегъу. Ахэр теухуащ хэкум, зауэ екIуэкIам, хабзэм, анэм, гуфIэгъуэ махуэхэм, хьэгъуэлIыгъуэр зыгъэдахэ нэщэнэхэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Уэрэд итхахэм я нэхъыбэм псалъэ щIэзылъхьэжари езы БетIалщ, макъамэм къыдэкIуэу, усэ итхахэр купщIафIэщ, гум къонэ. Апхуэдэщ *«Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «Бахъсэн папщIэ уэрэд», «Унэ идошэ», «Умыгъ, нанэ», «Ущыуамэ, къэгъэзэжи ечэнджэщ уи напэм», «Уи жейм щыбгъафIэр хэт?», «Си гум укъихьащ», «Пшынищым сэ сагъэджэгу», «ЩIымахуэ розэ»,* нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу уэрэдусым къехъулIащ композитор цIэрыIуэхэм я гъусэу итха уэрэдхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, Тхьэбысым Умаррэ БетIалрэ зэдатха *«Адыгэ нысэр*

*унэм идошэ»* уэрэдыр щамыгъэзащIэу зы джэгу, зы унэишэ къанэркъым. Абы гуфIэгъуэр нэхъ Iэтауэ уи нэгу къыщIегъэхьэ, «Уэридадэм» и пIэкIэ бгъэзащIэ мэхъу. Е Тхьэбысымым макъамэ зыщIилъхьа *«Хэт зэптар си гъатхэр?»* уэрэдыр-щэ?! ЗэкIупсщ и псалъэри, макъамэри, зыгъэзэщIари. БетIал игу къызэригъэкIыжамкIэ: «Уэрэдым и псалъэхэр «Ленин гъуэгу» газетым къытрадзати, ар Тхьэбысым Умар къилъагъури, макъамэ щIилъхьащ. Ар Калабековэ Иринэ жиIэу радиом щрагъэтхат икIи а уэрэдым и фIыгъэкIэ дызэрыцIыхуауэ щытащ Тхьэбысымымрэ сэрэ. Апхуэдэу дунейм къытехьащ иджыри зы уэрэд, псэм хыхьэу, гур игъэпIейтейуэ».

Ауэ япэ зригъэцIыхуу БетIал зыдэтхар композитор Iэзэ Къардэн Хьэсэнщ. БетIалрэ Хьэсэнрэ зэдатхауэ уэрэд 15-м нэс дунейм къытехьащ. Апхуэдэхэщ *«Адыгэ пщащэр къофэ», «Ленэ дахэкIей», «Хэт усIэщIиха?»,* нэгъуэщIхэри.

Бахъуэ БетIал и усэхэм макъамэ щIэзылъхьахэм ящыщщ Къэбэрдейм и композитор цIэрыIуэхэу Согуэ Данил, Даур Аслъэн, Къэбэрдокъуэ Борис, Жылау Арсен сыми.

Уэрэдусым усакIуэ куэд и ныбжьэгъут, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр е къратт е езыр щIэлъэIурти, макъамэ щIилъхьэрт. Апхуэдэ уэрэд куэд БетIал цIыхубэм я пащхьэм ирилъхьащ, Къэжэр Петр, Джэдгъэф Борис, КIэщт Мухьэз, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Хьэх Заурбий сымэ я псалъэхэр щIэлъу. Уэрэдусым пшынэр фIыуэ илъагъуу, езыри еуэу зэрыщытар арагъэнщ «пшынэ» псалъэм куэдрэ и уэрэдхэм (псалъэм папщIэ, *«Пшынищым сэ сагъэджэгу», «Унэ идошэ», «Адыгэм ипхъу», «Махуэшхуэ джэгу», «Къафэ, адыгэ хэку»,* нэгъуэщIхэми) уащIыщрихьэлIэр. Абы нэмыщIуи, ди пшынауэ цIэрыIуэхэу Къуэдз Iэбубэчыррэ Сэхъу Хьэсэнрэ зыгъэсари, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу гъуэгу езыгъэгъуэтари Бахъуэ БетIалщ.



1995 гъэм и декабрь мазэм, илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу, щэнхабзэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэм папщIэ, Бахъсэн районым и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ Бахъуэ БетIал и творчествэм теухуауэ пшыхь ин ирагъэкIуэкIауэ щытащ. И цIэр щаIэта, пщIэ ин щыхуащIа а пшыхьым кърихьэлIат БетIал дэлажьэу и уэрэдхэр зыгъэзащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр: Мэремыкъуэ Хъусен, ПащIэ Ленэ, Шумахуэ ХьэзрэIил, Къашыргъэ Мухьэмэд, Сокъур Ольгэ, пшынауэхэу Къуэдз Iэбубэчыррэ Сэхъу Хьэсэнрэ, нэгъуэщIхэри. Абы щыгъуэ районым и тхьэмадэу щыта Берд Хьэзрэталий зи махуэр зыхуагъэлъапIэм ЩIыхь тхылъ хуигъэфэщат.

Зи гъащIэ псор лъэпкъ щэнхабзэм епхауэ зыхьа, лъэужь дахэ къэзыгъэна, зи цIэр цIыхубэм гуапэу ягу къинэжа Бахъуэ БетIал, и ныбжьыр илъэс 62-м иту, 1997 гъэм июным и 10-м дунейм ехыжащ.

**ЗЭРАМЫЩIЭ Заретэ,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

*Уэрэдхэр*

БАХЪУЭ БетӀал

## ЕЧЭНДЖЭЩ УИ НАПЭМ

*Пс. Бахъуэ БетӀал ейщ.*

Напэм, щӀыхьым я къежьапӀэр и жьэгу пащхьэрщ уядэм,
ИутӀыпщу уянэм Ӏэпэр, пчы лъэбакъуэрщ япэу.
Гъуэгум зы кӀэух имыӀэ, иӀэкъым щӀэдзапӀэ,
Ущыуамэ, къэувыӀи, ечэнджэщ уи напэм.

Уи ныбжьэгъурщ, уи гъунэгъурщ уэ уи щӀыхь-уи напэр,
Уи гум уи бзэр и Ӏэпэгъуу гъащӀэм хэплъхьэрщ япэу.
Гъуэгум зы кӀэух имыӀэ, иӀэкъым щӀэдзапӀэ,
Ущыуамэ, къэувыӀи, ечэнджэщ уи напэм.

Напэр ди пэрыт нэхъыжьу, дешэ насып гъуазэу,
Гуп дахыхьэм гуфӀэгъуэбжьэщ, арщ ди дыгъэ-мазэр.
Гъуэгум зы кӀэух имыӀэ, иӀэкъым щӀэдзапӀэ,
Ущыуамэ, къэувыӀи, ечэнджэщ уи напэм.

ДыщыцӀыкӀуи, жьы дыщыхъуи напэм и щӀалэгъуэщ,
Ар уиӀэхукӀэ умыщыгъуэ — уэри уи щӀалэгъуэщ.
Гъуэгум зы кӀэух имыӀэ, иӀэкъым щӀэдзапӀэ,
Ущыуамэ, къэувыӀи, ечэнджэщ уи напэм.



## ЩӀЫМАХУЭ РОЗЭ

*Пс. Бахъуэ БетӀал ейщ.*

Уэсым щыгъэгъа удз сымылъэгъуа,
Налшык уэсыр бгъэткӀуу розэр хэт ущӀэгъэгъар?
Ӏумыл шылэхъар жыгхэм ятепхъуащ,
Ауэ къуалэбзу бзэрабзэу нобэ сэркӀэ майщ.

Узищыпэлъагъущ, бжьыхьэ бжьом и фэгъу,
Си унэцӀэр уи нэ фӀыцӀэм сфӀощӀ щыбгъэпщкӀу и къуагъ.
ДыщызэӀуплъам щӀы дияр къэплъащ, —
Дыгъэр зыгъэхуабэ хъуаскӀэр дигухэм къилъэлъащ.

Укъэзыгъэщ1ар зыхуэгумэщ1ар
Сэрмырамэ, щхьэ щ1ымахуэу розэм сып1ущ1а?
Паркыр пщогуф1ык1, псэр къэфэнут удж,
Уигу пымык1ыу п1ыгъ си гъащ1эм и пшынэбзэр уэрщ.

## УНЭ ИДОШЭ

Пс. Бахъуэ Бет1ал ейщ.

Ижьк1э си лъэпкъым, уэй жи, и хабзэр, уэй,
Ноби щ1эблэщ1эм, уэй жи, и набдзэщ, уэй.
Ди уэредадэм пшэбэр зэрехуэ,
Пщащэхэр мэусэ, уэй,
Унэ идошэ мазэ пхъурылъхур,
Гъатхэбзэм и щапхъэщ, уэй.

Ежьу: Ей жи, насыпым и нэхущ вагъуэр,
Ей жи, ди нысэр идошэ, уэй.



Ди Лашын хахуэ, уэй жи, хъыбарти, уэй,
Ар нэрылъагъущи, уэй жи, ди уеткъэ, уэй,
Губгъуэр и 1эпщэм къыдок1эрахъуэ,
Бэвыгъэр хуохъуахъуэ, уэй,
Шэуэ къигъажэр псышхуэм и щапхъэщ,
Гъущ1ышри добзабзэ, уэй.

Ежьу.

Жэщым и къарэр, уэй жи, и щхьэцкъэ, уэй,
И нэбзий гуапэр, уэй жи, къауцкъэ, уэй,
Мэрэмэжьейри нэхъри къокъуалъэ,
Дадэхэр зэщ1оплъэ, уэй,
Пшынэм и макъым къуажэр допсалъэ,
Щ1алэф1хэр мэлъатэ, уэй.

Ежьу.

Щхьэщыт вагъуэбэр, уэй жи, и быну, уэй,
Быну игъасэр, уэй жи, ещхьыну, уэй,

Жылэр теунэу, налкъут унагъуэу,
Ди нэмыс гъэлъагъуэр, уэй,
Гуащэ-тхьэмадэм я гъащIэ дыгъэр
Лэгъунэм щIыдошэ, уэй.
Ежьу.

## ПШЫНИЩЫМ СЭ САГЪЭДЖЭГУ

Пс., макъ. Бахъуэ БетIал ейщ.

Гъатхэбзэ IэджэкIэ си цIэр къилъэлъурэ,
Уой-рэ, уорира, уей,
Уи пшынэ фIыцIэмэ си лъэр долъатэри,
Уой-рэ, уорира, уей,
Фэеплъ пхуэсщIауэрэ си пкъым щызэшыр,
Си псэу псалъэншэуэ гухэлъ зыгъэшыр,
Уэ носшэкIауэрэ сыкъыбдофэкI(ы)ри, уей!



Ежьу: Уи плъэгъуэм къафэр къегъэщI, —
Утыкур Iэбжьэ къысфIощI.
Уи нитIу пшынитIым уи пшынэр ещанэу
Пшынищым сэ сагъэджэгу.

Уи нэбжьыц кIыхьхэмкIэ жьы сщIумыгъэхутэмэ,
Уойрэ, уорирэ, уей.
Уи нур дахагъэмэ сэ силыпщIынтэкъэ,
Уойрэ, уорирэ, уей.
Къэрэгъул хъыжьэуэ адыгэ пшынэр,
Дяку димыгъыхьэуэ фэрыщIхэм я нэр,
Накъыгъэ гъагъэкIэ дызэхуоплъэкI(ы)ри, уей.

Ежьу.

Дыгъэм и лIыкIуэуэ ди лъагъуныгъэри,
Уойрэ, уорирэ, уей.
Шууей Iэгуауэхэм жьышхуэ йохъуэкI(ы)ри,
Уойрэ, уорирэ, уей.
КъуэкIыпIэ уафэуэ къабзэ уи нэкIум,

Сыхьэт къеуэкIэуэ еубзэ си гур,
ЩIыгур псэлъэхукIэрэ фэеплъ пхузощI(ы)ри, уей!

Ежьу.

Пэжыгъэу схэлъымкIэ псыхьа си лъэгухэмэ,
Уойрэ, уорирэ, уей.
ХъуаскIэу щIэлъэлъымкIэ гъатхэр пхуогъагъэри,
Уойрэ, уорирэ, уей.
Гугъэу пхузиIэри фIылъагъуныгъэщ,
ГъащIэр зи тыгъэуэ си гъуэгу уэздыгъэ,
Жьыгъэ дымыщIэуэ къеуэнщ дигу къабзэхэр, уей.

Ежьу.



*Усэхэр* КЪАСКЪУЛ Галинэ



## САБИИГЪУЭ

Дысымэджэну дэ зэман димыӀэт,
Гупышхуэ дыхъуу Ӏэжьэ дыкъежэхт,
Гъэмахуэ хъуамэ, губгъуэм дыщылажьэрт,
Уэрэд зэгъусэу жытӀэрт, зыдгъэпсэхут.
Псыежэх цӀыкӀум лъапцӀэу дыхэувэрт,
Амуи Андэгури куэду тшхырт.
Уэшх къешхмэ, дыкъыщӀэжти, депӀэщӀэкӀыу,
Джэджьейхэр анэм дэ дыщӀэдгъэхьэжт.
Дысымэджэну дэ зэман димыӀэт,
Ди хадэхэм щытщӀэни дэ щыдгъуэтт.
КъэттӀыжт кӀэртӀофыр икӀи къэтщыпыжырт,
Уи мыӀэрыси кхъужьи къыпытчыжт.
Зэпеуэ куэдым дэ уэрэд щыжытӀэрт,
УдзыпцӀэм топыр тфӀэфӀу къыщетхуэкӀт.
Ягу адэ-анэм зэи зэдмыгъабгъэт,
ЖыӀэщӀэу жаӀэ псори зэфӀэдгъэкӀт.
Ныбжьэгъуу диӀэм яхуэтщӀырт гулъытэ,
Хуабагъыу тхэлъыр гуапэу къедгуэшэкӀт.

Дэ нэхърэ мынэхъыкIэу нобэрейхэм
Я сабиигъуэр дахэу урекIуэкI.

## ГЪАЩIЭР БЛОКI

Мы дунейм иIэжщ езым и хабзэ,
Уэшхыр къошхри, къещIыж лэгъупыкъу.
Бжьыхьэр къэсмэ, тхьэмпэр пощэщыжыр,
Зимыхъуэжу цIыхури емыкIуэкI.

Илъэс къэс, къыщалъхуа махуэр къэсмэ,
ЦIыхубзынэр мэхъур нэхъ нэщхъей,
Гъуджэм иплъэу, и гъатхэ блэкIахэм
КIэлъоджэж, зэхахыжын нэхъей.

Iэмалыншэщ цIыхур — гъащIэ гъуэгуу
Къритхам и натIэ темыкIыф.
Фемыдауэу гъащIэм хабзэ иIэм,
Зи чэзум фыдекIуу фыпсэуф.

ПщIэр, нэмысыр — ар мыухыж фIыгъуэщ,
ФыцIыху щыпкъэщ, хабзэ зефхьэфам.
Фи насыпщ, быныфIхэр фхуэгъэсамэ,
Фи насыпщ, ныбжьэгъу фхуэгъэпэжам.

Мышынагъуэ ныбжьыр дэнэ нэсми,
Адэ-анэм я гур фхъумэфам,
Фи щхьэгъусэм и пщIэр ину фIэту,
Лъэпкъым фыхуэфащэу фыпсэуам.

## ГУКЪЭКIЫЖ

УдзыпцIэ дахэр зи тепIэн ди бгышхуэм
Сыдэжмэ, сфIэщIт нэсыну Iэр уафэшхуэм,
Къызэплъ къысфIэщIт гуэрэну пшэ Iэрамэр,
МыпIащIэу тхыпхъэ дахэхэр зыщIыфыр,
Къудамэхэр яхъуэжу лъатэ бзухэм,
Я хабзэр къысхуэмыщIэу гугъу сыдехьырт,
ЗгъэщIагъуэрт сэ жыг хадэм ипщ бжьэ цIыкIухэр,
Гъэгъам епщIауэ фо къызэрыпахыр.

Сэ сеплът уафэгум иту гъуэгу пхышам, —
Кхъухьлъатэм къигъэнауэ лъагъуэ захуэм.
Сэ сыкIэлъыплът си адэм и Iуэху щIэкIэм.
Бынунэм теубгъуауэ гъащIэр зыхьым,
Зыщымысхьыжу щIэгъэкъуэн хуэхъу ди анэм.
Сэ згъэIут езым зызгъэсэжауэ пшынэ макъыр,
ГуфIэгъуэр зиIэ хьэблэр зыщIэдэIур,
СагъафIэт адэ-анэм, лIыжь-фызыжьхэм
IэфIыкIэ къысхурахырт я кхъуэщыным.
ЩIакхъуэхьэ сэ сахуэкIуэрт ди тыкуэным,
ЗэщIэскъуэрт унэр къабзэу, вакъэ стхьэщIт,
СыгуфIэрт, адэ-анэм «жыIэдаIуэщ» жаIэм,
Иджыри сыхуэныкъуэщ сэ а псалъэ гуапэм.
Сэ згъэзэжынт, слъэкIамэ, а зэманым,
Зэ слъагъужынт зэгъусэу си адэ-анэр.

## ГУГЪЭ

КъысхухэфщIыкI мо уэс къесам цIыхуфI,
ИкIи ар сывгъэцIыху, Iэмал имыIэу.
Бдзэжьейр зэрыхуэныкъуэм хуэдэу псым,
Си гъащIэр сохь хуабагъэ сыхуэныкъуэу.

КъысхухэфщIыкI ди пщIантIэм дэлъ уэс хужьым
Ныбжьэгъу, къару къысхилъхьэу сыIуплъам.
Ныбжьэгъу зимыIэм жьы къыщопщэр и гум,
МэпIыщIэ и Iэр, хуэныкъуэу сэлам.

КъысхухэфщIыкI мо уэсым унэ ин —
Гукъеуэу сиIэр абы щызгъэпщкIунщ.
ДывгъакIуэ, япэм хуэдэу, мо мэз лъапэм
Сурэти зытедвгъэх дызэхуэгуапэу.

КъыхыдощIыкIыр гъащIэм гугъэ дахэ,
АрщхьэкIэ къыдэхъулIэркъым нэхъыбэр…
Гъатхэпэр къэсри, уэсыр псыхьэлыгъуэу,
Ди пащхьэм щежэхащ дыкIэлъыIэбэу.

## ЛЪЭIУ

Жэщ щэхум сэ зы лъэIу пхузиIэщ,
Хъуххэнум, уи гущIэгъум дыхыумын.

Уо, Алыхь лъапIэу зи зэфIэкIыр ин!
ГугъапIэу уэр фIэкIа нэгъуэщI димыIэ.
Сэ сынолъэIу, насыпкIэ къытхуэупсэ,
Лажьэншэу щIым щумыгъэгуIэ зы псэ,
Мыгъуащэу цIыхур и гъуэгу иригъакIуэ,
Дахагъэ нэсыр е-щыкIам тегъакIуэ.
Ди щIэблэм нэху яхуэщI, солъэIу, я лъагъуэр,
ЗэтегъэувыІэIэ зауэр, фIыр гъэбагъуэ.
Ди анэхэр я жьыщхьэ умыгъагъ,
Къыттеубгъуауэ адэхэр щыгъэт,
Къытхуэгузавэхэу зи гъащIэр зыхьхэм
Дапщэщи дыхуэныкъуэщ я гуапагъ.
ЩреIу ди лъахэм адыгэ пшынэ макъ,
Утыкум щIэми жьыми зыщыдгъазэу,
Ди губгъуэхэр дахащэу къэгъэгъауэ,
Мэ IэфIхэм ди щхьэхэр егъэгъэуназэ.
Десащи лIыгъэр, напэр дгъэнэхъапэу,
ХьэщIагъэр етхыфынущ хэти гуапэу.
Сабийхэм зэхэдгъэх я дыхьэшх макъ,
Аращ балигъхэр дэ дыщIэпсэужыр,
Иджыри, ди Тхьэ, сиIэщ сэ зы лъэIу,
Мы ди бзэр ди псэм хэту дыкъэгъанэ.



## ЖЬАУЭ

Уэшх иныр къешхт, дэ тIур дызэфIэнат,
Ди гъащIэ гъуэгур зэблэкIауэ жытIэу,
Псалъэ дыдж гуэрхэр зэддзри дежьэжат,
ДызэпыкIыныр нэхъ тэмэму тлъытэу.
Пагагъ мышыум къыщхьэрипхъуауэ си нэр,
СыщIыхьэжащ сэ, сыгубжьауэ унэм.
Сыдоплъ щхьэгъубжэм! Уэшхыр хъуащ нэхъ ин,
ИкIи сигу къокI, уэ жьауэ умыIыгъ.
Си нэгум а дакъикъэм укъыщIохьэ
Уэшх щIыIэр къыптещащэу псыф ухъуауэ,
Уи вакъэхэми псыр изыбзэ хъуауэ.
Си нэпс къежэхыр уэшхым щIихъумауэ,
СыныщIэпхъуащ уи деж, ныпхуэсхьу жьауэ.
Уэшхым уиуфэнщIу си гум имыдэн.
Хьэуэ, щымыIэ сэ уэ пхуэзгъэдэн.

## ХЪЫДЖЭБЗ ЦӀЫКӀУ

Хъыджэбз цIыкIуу сыщытамэ,
Зэман лъэпкъ блэзмыгъэкIынт,
Сыдэплъейуэ, сыдэпкIейуэ,
ГъащIэр джэгуу сымыхьынт.
ХуэзжьыщIынт и джанэр си адэм,
Унэ лъэгур къэслъэсынт,
Къабзэ дыдэу сыпхъэнкIэнти,
Анэм Iуэхухэр щхьэщысхынт.
Сэ стхьэщIынт хьэкъущыкъуу диIэр,
СыпщэфIэфу зезгъэсэнт,
Псори IэфIу сэ згъэшхэнти,
Адэ-анэр згъэгуфIэнт.
Зезгъэсэнт сэ сыдыжэфу,
Къабзэу вакъэхэр стхьэщIынт,
Псалъэ гуапэ яжесIэнти,
Псоми я гур хэзгъэхъуэнт.
Хъыджэбз цIыкIуу сыщытамэ,
Сыкъэфэфу зезгъэсэнт,
Нэмыс, хабзэм сэ сытету,
Щапхъэ сыхъуу сыпсэунт.





ІЭПЩЭ Анзор

## УНЭБЗУ

Тесщ бжэщхьэІум унэбзу,
ПщІантІэр зэпеплъыхьри,
ЗеутхыпщІыр унэбзум,
Уи ни, уи пи ихьу.

И ныбжьэгъухэм зэ яхоплъэ,
Зэм къеплъыхьыр унэр,
Сыту пІэрэ и гум илъыр,
Сыт зэхъуапсэр и нэр?

Къыздишауэ зэми гъусэ,
Я кІэр ягъэсысу,
Я пэ цІыкІухэмкІэ теуІуэу,
Бзухэр зэдоусэ.

Бзу цІыкІуитІым къыздрашыр
Уэрэд макъ жыгъырукІэ...
Гъатхэу, щІылъэр къыщыушым
Щогугъ псори фІыкІэ...

Бжьыхьэр къэсмэ, адрей бзухэр
Жыжьэ лъэтэжынущ.
Ауэ сэ си унэбзухэр
БжэщхьэIум тесынущ.
28.05.2021

## ПСЭ ДАХАГЪЭ

Дунейм пщащэ дахэ щымымащIэ,
Узэплъынур къыпхуэмыщIэу къохъу.
Ауэ гур зылъыхъуэм, зыкъыуигъащIэу,
ГъащIэм ущыIумыщIэнкIи мэхъу.

Дахэм и дахагъэр зэман Iуэхущи,
Игъуэ нэсмэ, ари кIуэдыжынщ.
Ауэ псэ дахагъэр мыкIуэд нэхущи,
Псэр щыIэху, дахагъэри щыIэнщ.

Уи къэшэгъуэ хъуауэ уащыхэплъэм,
ТхьэIухудым зыдумыгъэхьэх.
И гупсысэр дахэм ууейм техуэм,
ЗумыIэжьэу а пщащэр къыхэх.

«Къуэшрокъуэр пIащIэри унакъым», —
Бетэмалу ущыуэнкIэ мэхъу.
НасыпыфIэу гъащIэр щепхьэкIынур
УрихьэлIэу щытмэщ псэм и гуэгъу.
2022

* * *

Сэ слъэгъуат зы пщащи,
Ещхьыркъабзэт гуащэм.
И теплъэм хуэдабзэу,
И гуи, и пси къабзэу.
08.12.2022

* * *

Си пшынэ макъыр
ЖэщкIэ жыжьэ мэIур.

Уэ пхуэгъэпсауэ куэдрэ
Ар мэудж.
Уджым дыхэту
Нэгум укъыщIохьэ,
Хьэ банэ макъым
Жэщыр ещIыр дыдж.
Си пшынэ макъыр
ЖэщкIэ зэрощэщыр,
Мэщащэ, гугъэу
Уэ къэпщыпыжын.
Уи шыкIэпшынэр
Дежьууэ си пшынэм,
Сыхуейщ си гъащIэм
УкъеуджэкIын.
12.05.2023

* * *



Уи деж сызышэ, зэшыр здэзыгуэш
Си лъагъуэ Iушэр хуэму хокIуэдэжыр.
Дэ ди псэхэр зы чысэ щилъа жэщ
Си нэгум къыщIэхьэжыр, сыпхуэзэшу.

Гъэгъа уэ пфIэфIт… мы си псэр къыбдэгъагъэрт,
Уэ гъэр сыпщIати, слъагъутэкъым нэгъуэщI.
КъызжепIэ закъуэм икIи сыбдэгъынут…
Ауэ сэракъым, гъусэ пщIар нэгъуэщIщ.
11.04.2023

* * *

Уафэм, мафIэ плъыфэу,
Фащэ щитIэгъауэ,
Гъатхэр гъагъэу щикIым,
КIасэу уэших хэшхауэ,

Уфэфэжу пшагъуэр
Жьапщэм дэджэрэзу,
Уи щхьэр дэуназэу,
Зэми зумыщIэжу.

Псы къыпыхуу къелъэм
Щапхъэ къытрихыу,
Пшэми уафэ щIагъым
Тхыпхъэ щызэхилъхьэу.

Дауэ сытетхыхьми,
Нэм ямылъэгъуамэ,
А дахагъэ псори
Уи фIэщ хъункъым, ауэ

ЩыIэщи хэкIыпIэ,
ИумыгъэтIылъэкIыу,
ХьэтIохъущыкъуей жылэм
Къеблагъэ гъатхэкIэу!
01.06.2024

* * *

Иджы уи теплъэр слъагъужащ.
Тхьэмпэ гъужахэм сапхрыкIыу,
Си пащхьэ уэ укъихутащ,
СфIэщIащ сыхэту псысэ.

Иджы мы си гур псэхужащ,
Уэ укъилъагъури асыхьэтым.
Мы си Iэпкълъэпкъыр Iэнкун хъуащ,
ЗыкъимыщIэжурэ мы си щхьэм.

Апхуэдэкъабзэу бзэхыжащ,
Уи теплъэр хэкIуэдэжри пшагъуэм.
Аргуэру щыму сыкъэнащ,
Аргуэру схужыIакъым псалъэ.

ЗимыгъэнщIауэ си псэм уэркIэ,
Жьы хуримыкъуу къэбгъэнащ.
Тхьэмпэ гъужахэм сапхрыкIыу,
Си лъагъуныгъэр лъэлъэжащ...
06.11.2023

* * *

Зы дуней сопщIыхьыр жэщкIэ,
Си гурылъхэр къыщытIэпIу.

Гум и щэхур къыщыунэхукIэ,
Си нэхунэм псэр ихьэхуу.

Зы дуней сопщIыхьыр жэщкIэ,
Си гурылъхэр къыщыгъагъэу.
Уи пщэдейм упэплъэ щхьэкIэ,
Нобэр блумыгъэкI мыгъагъэу.

БлумыгъэкI мыгъагъэу гъатхэр,
Бжьыхьи пщIыхьи блумыгъэкI.
Сэ, щIымахуэми, си гъащIэр
Гъагъэ защIэу изохьэкI.
11.04.2024

* * *

УзищIыс дыдэр,
Уи псэр сыгъэлъагъу.
*Мыкъуэжь А.*



КъыщIэплъи си нэм, уи псэр сыгъэлъагъу.
Лъагъуэ зырызым тетми ди гъащIэр,
ЩIэращIэщ сэркIэ, уэ ущызолъагъури.
Дунейр чэзумэ, ари мэхъу зы гъащIэ.

Си пщIыхьхэм хэт хъыринэм ущожей,
Си жейр къыстепхри, сыпщыгъупщэжауэ.
Сэ уафэм уэ сыпIуплъэу сыдоплъей,
Къэлъеймэ вагъуэ, уи фэеплъ сщыхъуауэ.
26.06.2024

* * *

КъысхуокIуэ пщIыхькIэ куэдрэ, сыкъэщтэжу,
А уи нэхэр — дунейр зыщIэслъэгъуар.
Зыкъомрэ сыIэнкунщ, зыкъэзмыщIэжу,
А нэ дахитIырщ сызытекIуэдар.
Нэхунэр нэгу щIэмыкIыу нэху къыстощхьэ,
Дыгъэпсыр уи данэпсым къыщыкъуокI.
АмкIыщ уэрэдщи, си гухэлъыр, уощIэ,
Нэхущым къиIущэщым къыхоIукI.

Аращ си лъагъуныгъэр зыхэпхъари,
Дапхуэдэу сщIыми, уи псэм нэсхьэсынщ.
Ерыщхэм я гухэлъхэр ямыIуатэ,
ЖамыIэу псалъэ, уэрэд пхуаусынщ.
11.07.2024

* * *

Махуэгъэпс псэхужу къожьэу,
Жьапщэ щIыIэм ущихъумэу,
Лъэрыгъыпс къуидзауэ пфIэщIу,
Акъужь щабэ пхуигъэтIыгъуэу,
Уэ хэщIапIэ уиIэщ гъащIэм
Ущыгъагъэу, гугъэ щыпщIу,
Махуэгъэпсым дыгъэ тепсэу
Зылъэгъуарщ иплъэфыр гущIэм.
2024

* * *

Си насыпым сыхуэмейуэ аркъым,
Ауэ си гупсысэм щIэщхъу къыхощ:
Укъыхыхьэм уэ пщэдей си гъащIэм
Лъагъуныгъэм сисыжыну сфIощI.

Жыжьэу сыпщIэхъуэпсым нэхъ къызощтэ,
СыкъыумыщIэу сыпкIэлъыплъ зэпытщ,
Пыт къудейуэ щытми сэ мы си псэр,
Уи зэ плъэгъуэр псэхэлъхьэж хуэхъунщ.

СфIощI си лъагъуэм и гъуэгуанэр жыжьэ,
Ауэ ноби гъащIэм дерс хэсхащ:
Хъуамэ уи насыпым ущышынэ,
А нэ дахэр уи къэшэнращ.
05.06.2024

## АДЫГЭ ПСЭЛЪАФЭХЭР*

### Е

**ЕРЭХЪУРЭ ХЪУНРЭ.** Зыри къызэрымыкI, зыри къэзымышэ гъэгугъэныгъэ; зыгуэр зэрагъэгугъэ, къызэрырашэкI псалъэ мыпэж. *Дэнэ кIуэми [Чэмал] къапихыр ерэхъурэ хъунрэт.*

**ЕРЭЧ ЕУЭН.** 1. Фэ гъэтэджар гъэщэбэн. *Джэдыгупхъэ фищым ерэч еуащ, хъэзырщ.*

2. Зыгуэр убэрэжьын, къун. *Бажэм щакIуэхъэхэр ерэч еуащ.*

**ЕР КЪИГЪЭКIЫН.** Мыхьэнэншэ гуэрым бэлыхь къихын, Iуэхур куу щIын. *Ер къыумыгъэкI мы псалъитIым.*

**ЕР КЪИКIЫН.** Iуэхур куу хъун, зыгуэрым бэлыхь, къаугъэ къикIын. *Ер вы бжъакъуэм къокI.*

**ЕРЫСКЪЫ КЪЭIЭТЫН.** Шхыныгъуэ гуэрхэр Iуэхугъуэ гуэрхэм (гуфIэгъуэм, гузэвэгъуэм с.ху.) хуэгъэхьэзырын, хуэпщэфIын. [Мурид:] Т*хьэр арэзы къыпхухъу, Хьэбидэт, дунейм ехыжа лIыжьым дежкIэ псапэщ икIи гуапэщ ерыскъы къэпIэтар.*

**ЕРЫСКЪЫМ ЕМЫЛЪЭПЭУЭН.** Ерыскъыр, шхыныр Iумпэм мыщIын, абыхэм пщIэ хуэщIын. *Сыт хуэдэ ерыскъы къамыIэтами елъэпэуэн хуейкъым.*



**ЕРЫЩ (ХУ)ЕКIУЭН.** Зытетым темыкIын, зыхуейр ныкъуакъуэурэ пхигъэкIын. *Нарт щауэщIитIыр ерыщ екIуэри, аргуэру къыкIэлъыкIуащ.*

**ЕСЫКIЭ IЭДЖЭ ЩIЭН.** Бзаджэу, хыхьэхэкI иIэу щытын, хьилагъ хэлъын. *Нобэрей гъащIэм удекIун папщIэ есыкIэ Iэджэ пщIэн хуейщ.*

**ЕХЬЭКI ИМЫIЭУ (ХЭМЫЛЪУ).** *Еплъ* **ехьэкI-нехьэкI хэмылъу.** *[Къарней Сэлисэт хуетх:] – Iуэхур зыIутыр, ехъэкI хэмылъу, иджыри бжезмыIэу хъунукъым...*

**ЕХЬЭКI-НЕХЬЭКI ХЭМЫЛЪУ.** Зэрыщыт дыдэм хуэдэу, и щхьэр течауэ, щIэмыхъумаIауэ. *[Мэрян Iэминат жриIэу:] – Сэ ехъэкI-нехъэкI хэмылъу бжызоIэ сигу илъыр.*

### Ж

**ЖАГЪЫН КЪЭЩТЭН.** Шым зригъанэу, хьэлъэ пхуемыкъуу хъун. – *Си шитIым жагъын къевмыгъащтэ, дахэу зефхуэ, – унафэ къахуищIащ лIым.*

**[И] ЖАГЪЫН КЪИКIЫН.** Хуабжьу къытехьэн, къэгубжьын. *Апхуэдизу хэутэн хъуа лIым и жагъын къикIыу и хъыджэбз цIыкIум зы бэлыхь кърищIэнкIэ хуэдзыхьщIыгъуэджэт.*

**[И] ЖАГЪУЭ [И] ЩIАСЭМИ.** Дауэ мыхъуами, фIэфIми фIэмыфIми, сыт хуэдэу къыщымыхъуами. [Джэдум:] – *Си жагъуэ си щIасэми, щхъэхуиту сежьащ.*

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2024 гъэм и етIуанэ-етхуанэ, нэгъабэрейм и япэ, етIуанэ, еплIанэ номерхэм итщ.

**[И] ЖАГЪУЭ ХЪУН.** Зыгуэр гуауэ, щхьэкIуэ щыхъун, губгъэн ищIын. *И анэм жиIар Ленэм и жагъуэ хъури, и гум занщIэу ежэлIащ.*

**[И] ЖЭМ ТIЭУ ЛЪХУЭН.** Насып къеуэлIэн, и насыпым къихьын. *ЩIалэ насыпыфIэм, и жэм тIэу лъхуащ, къыхужаIэрт.*

**ЖЭМ УАНЭ ТЕЛЪ ХУЭДЭ.** Къемызэгъыу, емыкIурэ емыщхьу щыт гуэрым хужаIэ. *Жэм уанэ телъ хуэдэ, хъыбжэбз гъукIэт иджы сымылъагъужар, – жеIэ анэм.*

**ЖЭНЭТЫМ ИСЫН.** Зыми хуэмыныкъуэу, тхъэжу псэун. *Схъащ си щIалэгъуэр сытхъэжу, зэманыр кIуащ, жэнэтым сис хуэдэу.*

**ЖЭРДЭМ ХЭЛЪХЬЭН.** Iуэхур зэфIэкIын папщIэ зыгуэр щIэн; хьэрычэт хэлъхьэн. – *Iуэхум жэрдэм хыумылъхьэм зэфIэкIынукъым,* – *жиIащ председателым.*

**ЖЭЩ-МАХУЭ ЖИМЫIЭУ (ИМЫIЭУ).** Сыт щыгъуи, зэпымычу, сыт хуэдэ зэманми. *Зи хадэ псы зымышам и махуэ мыгъуэу, жэщ-махуэ жамыIэу псоми бел яIыгъыу хадэм итт.*

**ЖЭЩ МЭКЪУАУЭ.** Iуэху щIэкIэ зымыщIэ, Iуэхур и чэзум зымыщIэ цIыху. *Ди гъунэгъур и гъащIэм жэщ мэкъуауэщ, сыт щыгъуи Iуэхум пхэнжу бгъэдохьэ.*

**ЖЭЩ ФIЮХЪУ АПЩИЙ!** Жэщу зыгуэрым щыхуэзэм, щыщIыхьэм, щеблагъэм деж жаIэ фIэхъусщ.

**ЖЭЩЫРГЪЭН ИУВЭН (ИХЬЭН).** Шыр зэфIэту жеин. *Вагъуэзэшиблыр къыщIэкIа нэужь шыр жэщыргъэн йоувэри, дыгъэр къэплъу хуежьэху мэжей.*

**ЖЭЩЫРЫДЭ-МАХУЭРЫДЫХЬЭШХ.** *Еплъ* **жэщ мэкъуауэ.**

**ЖЭЩЫРЫПЩ ИХЫН.** ЗыщIыпIэ жэщ щыгъэкIуэн, жэщыр щигъэкIын. *КъурIэным бгъэдэсу ар мэIущащэ, жэщырыпщ щрихынум ар щIогупсыс.*

**ЖЕЙМ ИХЬЫН.** Хуабжьу жей хуэныкъуэн, хуэлIэн. *Жэщищ-махуищкIэ зызымыгъэпсэхуу къэкIуа сэлэтхэр жейм ихьырт.*

**ЖЕЙР КЪЫТЕУЭН.** Зыгуэрым и нэхэр фIызэтехьэу, жей хуэлIэу хъун. *Ерыскъы и ныбэ зэрынэсу, жейр къытеуэри, щIаккхъуэ IэмыщIиз къэнар зэриIыгъыу Iурихащ [Рае].*

**ЖЫЖЬЭ ПЛЪЭН.** Зыгуэрым и екIуэкIыкIэнур, къэхъунур къэщIэн, абы елъытауэ Iуэхур щIэн. *[Щамел:] Шэч хэлъкъым, си мюридыр жыжьэ маплъэ, армыхъумэ, мыбыхэм [авархэм] запищIэнтэкъым.*

**ЖЫЖЬЭРЭ ГЪУНЭГЪУУ.** ЗыуикI, зы лъэныкъуэкIи, сыткIи (зэмыкIуэлIэн, зэбгъэдэмыхьэн, н.къ.). *Абы жиIэр пэжым жыжьэрэ гъунэгъуу екIуалIэртэкъым.*

**ЖЫЛАГЪУИБЛЫМ ЗЭЛЪАЩIЫСЫН.** Псори щыгъуазэ хъун, псом я дей нэсын, псоми ящIэ хъун. *Дэст къуажэм зы фыз, абы зэхихым, жылагъуиблым зэлъащIысащ жыхуаIэуи, хъыбарыпцIыр абы и деж нагъэсащ.*

*КъыкIэлъыкIуэнущ*
**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

**Нэгъабэрей еханэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Унэнум. **6.** Бзаджэм. **9.** Шыфэ. **11.** Махуэ. **12.** Шыр. **13.** Iугъуэ. **15.** Мэл. **17.** Мывэр. **20.** Нэфым. **21.** ЩIэщыгъуэр. **24.** Фэндыжь. **25.** Зэрыгъум. **29.** Нэхъыжьыр. **32.** Егъэудж. **33.** МэгуфIэ. **35.** Бжьэ. **38.** ЦIэщ. **39.** Къан. **41.** КIапэ. **42.** Уафэ. **43.** Хуэмыхум. **44.** КIуэдкъым.

*Къехыу:* **1.** Унафэ. **2.** АуаныщI. **3.** Узэгугъур. **4.** Бэгъуам. **7.** Пшэрмэ. **8.** Чэнжмэ. **10.** Игъуэтыр. **14.** Пэж. **16.** Мэгъу. **18.** Хэмыхьэу. **19.** ЗэхэкIыр. **22.** Анэ. **23.** ФIыр. **26.** Ныбжьэгъу. **27.** ЩепткIэ. **28.** Яух. **30.** Куэд. **31.** Джэгугъуэм. **34.** Гъэмахуэ. **36.** ЩIабгъэр. **37.** УпщIэж. **40.** Насып.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 4.02.26. Выход в свет 24.02.26
Формат 70х108 $^1/_{16.}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3 Тираж 1830 экз. Заказ №206
Подписная цена на 2 месяца 106р. 2к.
Подписная цена на 6 месяцев 318р. 6к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

**«Iуащхьэмахуэ» журналым ИнтернеткIэ Iэ тевдзэну фыхуеймэ, мы QR-кодыр къэвгъэсэбэп хъунущ.**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-94-71 (жэуап зыхь секретарь, оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

КУЛИЕВ Къайсын
1.11.1917 – 4.06.1985

## ПСЫЕЖЭХЫМ ПЩАЩЭМ ЗЫЩЕГЪЭПСКІ

Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскI.
Дыгъэр гуапэу абы къыхуоплъэкI:

Дыщэ Iэпэр дамэм трилъхьау
КъыхуогуфIэ, и пIэм ижыхьау.

КъауцыпIэу, псым хъыджэбзыр хэлъщ.
Жыг къудамэ ныбжьыр къыбгъэдэлъщ.

Губгъуэм ит удз цIыкIухэм заущэху,
Псым Iулъ мывэм я гум загъэпсэху.

Псыежэхым пщащэр ныхосыхь, –
ЛIэжкъым зыри, щымыIэж бэлыхь.

Дунейм жьапщи уаи темытыж,
Лъахэу хъуами лъэхъуэщ имытыж.

ЩIы хъурейм зы зауи щемыкIуэкI...
Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскI.

*ЗэзыдзэкIар* **ТХЬЭГЪЭЗИТ Зуберщ**